ББК: 84.4 (Авар.)
РЕДКОЛЛЕГИЯ

ХIАМЗАТОВА ПАТIИМАТ
СИРАЖУДИН ХIАЙБУЛАЕВ
МУХIАММАД САИДОВ
САГIИД ГIАЛИХАНОВ
МАКЪСУД ЗАЙНУЛГIАБИДОВ

**ХIамзатов Расул**

Г – 18 Данде гьарурал асарал. – Махачкала: ГУП. Даг. кн. изд-во 2003. – 568 с. Собрание сочинений т.9.

Дагъистаналъул халкъияв поэт, Пачалихъияб, Ленинилаб, Горькил, Шолоховасул ва халкъаздагьоркьосел премиязул лауреат, Социалистияб ЗахIматалъул БахIарчи Расул ХIамзатовасул данде гьарурал асаразул 9 аб. томалде жанире рачун руго цересел тIахьазде инчIел кучIдулги, кIиабилеб нухалда басмаялде бахъулеб «Меседил цIваялъул хIакъалъулъ» поэмаги, кIикъоабилел соназдасан байбихьун жакъасел къоязде щвезегIан магIарул мацIалде руссинарурал батIи-батIиял халкъазул цIар рагIарал устарзабазул: А. Пушкинил, М. Лермонтовасул, Н. Некрасовасул, А. Блокил, С. Есенинил, В Маяковскиясул ва цогидазулги кучIдулгун поэмаби.

© Гамзатов Р.Г., 2003 г.

БАТІИ-БАТІИЯЛ ТІАХЬАЗДАСА ШИГІРАБИ,
ПОЭМАБИ, ТАРЖАМАБИ

**1944 – 1996**

## МАХІАЧИЛ ЖАВАБ

Цо гІалимчи – доктор, хьуцІилъ къверкъ гІадин,
Къвакъвадана жакъа МахІачил рахъалъ.
БахІарчияс тараб чарамул хвалчен
Ххамил бугилан ккун, кІалъана гьесде.

Гьеб хабар рагІигун, хабалъа вахъун,
Михъал кьурулаго вачІана МахІач.
Кьалул фронталда чанги рекІараб
Чол кьолода квер чІван кІалъана ревком.

– Ле, йолдаш! Щай дуца цІалкІулел ругел
ЦІуял хъачагъазул некІсиял гьерсал?
АскІор гІодор чІараз кІал букъичІого,
Гьел бакънал тІамизе кин гьусарав мун ?!

Кинаб заман щвараб Дагъистаналде –
Жидерго васазул хабал мерхьунеб?
Мун гІадав гІалимчи гІезеян гуро
ГІумру кьун букІараб кьалда гІолилаз.

Дуда ккун батила, дун чІван вугилан, –
ЧІаго вуго МахІач дудаса нусцІул.
Мун хІапаро гІадин вукІина ракьулъ, –
Дун бокьулеб чода вукІина даим.

Гьаб дир бетІералъухъ Тарковскияс
Таргьа цІураб гІарац кьолеб букІана.
Жакъа гьеб босизе къасдищ дур ккараб? –
Къаникь вуго князь Тегераналда.

Мун дове туркахъе, Казимбекихъе
Квер босизе щванин рагІун букІана, –
Дунгун вагъулелъул ричун росарал
Досул гьерсихъаби хисана дуца.

Гьев мунго гІадинан, кІалдиб полоп бан,

КIалъана дидехун ХIоцоса имам...
Университеталъ гьаб трибуна
Щив Узун-хIажие хIалал гьабураб?

Гьедин гIемераб ццин киса босараб,
Бичераховасул ирсцин гурищ гьеб? –
Досда дир хвалченги чуги бихьана
Дица Петровск цIунулеб мехалъ.

Дун, нахъасан речIчIун, чIвана тушбабаз, –
ЧIваниги вахъана цIидасан тIаде.
Дуцаги нахъасан речIчIулеб буго, –
КигIан речIчIаниги, чIаго вуго дун.

ТIокIав киданиги гIодов ккеларо
БагIарав комиссар Дагъистаналъул.
КвачIид чIун буго чу полказда цебе –
Цо бер къапиларо нусабго соналъ.

*1968*

**ДАГЪИСТАН**

Радал ункъабго хIетIе
ГьитIинаб лъимералъул
Добе-гьаниб хъерщола,
ХъвагIадула, ахIдола.

Дурги гьедин букIана
НакIкIил соназ, Дагъистан;
Мун квералгин квачIал чIван,
КигIан мехалъ хъурщараб?

Хадуб къо бачIарабго,
Къуват чорхолъ речIчIигун, –
Чиясул кIиго хIетIе, –
Гъос бетIер борхун ккола.

Дурги – кIиябго хIетIе,
ХIал бихьараб Дагъистан.
Дурги – борхараб бетIер,
БатIиязе къуличIеб.

Къасимех, хасел щвейгун,
Херлъанилан инсанин,
Ансадерил гIансица
ЛъабхIатIилав гьавула.

Дагьистан лъабхIатIилаб
Кидаго букIинаро, –
Дуй гIанса хIажат гьечIо,
Мун мисал буго дие.

Мун кIиго хIетIе бугеб,
Мун кIиго кваркьи бугеб! –
Лъабго букIайин абе
НекIсияб маргьудалъ нух.

Лъаб-лъаб рукIайин абе
Цо-цо пандрида чIваби, –
Дир кочIой кIиго гIола:
Пищкъу – цо, Дагъистан – цо.

## ЦО КАФЕЯЛДА ККАРАБ ГАРГАР

– Лъай-хъваялъе квер баче.
– Квер гьечIо, рагъда тана.
– КечIгIаги ахIе дий цо.
– Дир щекъер унтун буго.

– Щайха мун рокъов чIечIев?
– Жакъа квачалеб буго.
Рокъоб кинаб чIаголъи,
ЧIужу гьечIеб мехалда?

– ЧIужу кие дур арай?
– Цоги чиясе ана.
– Цогиясул рукIинчIищ
Жиндирго хъизан, лъимал?
– РукIана, ратIалъана,
Гьел батIиявгун руго...

– Эбел-эмен гьечIищ дур?
– Херлъана, хвана, ана...

– Цогиял вацал, чагIи?
– Вацал дора хутIана.
ВацгIал рикIкIаде ана.
Васал дир гьанже гьечIо.

– Яцал?
– Яц йиго цохIо,
Цо-цо дихъ балагьулей.
Долъулги лъимал руго,
Долъулги хIалтIи буго.

– Лъицаха мун хьихьулев?
– Дагьаб пенсия буго.
Цо-кIиго гьудул вуго,
Дир инсул гьалбал руго.

– Дагьаб жо гьекъеларищ?
– ГIаракъи хира буго...
– ГIайибал щал гьелъие? –
НагIана батаяб рагъ.

* * *

Дихъе Канадаялда
РекIайилан чу кьуна,
Кьилиялда квер лъуна, –
МугIрул ракIалде щвана,
МугIрул ракIалде щвана.

Чу цебе-нахъе ана,
Дихъ гIенеккизе гьечIин.
Дица гьумер лъухьана, –
МугIрул ракIалде щвана,
МугIрул ракIалде щвана.

Дун Кавказияв вукIин
Киналиго бичIчIана,
Квелъ бан чоде вахана, –
МугIрул ракIалде щвана.
МугIрул ракIалде щвана.

Дагъистаналъул кучIдул

Чол кьолода ахIана.
Дун цIакъ рикIкIада вуго, –
МугIрул ракIалде щвана.
МугIрул ракIалде щвана.

## ЦО МИСАЛ

Росдал цо гIагарлъиялъ
ХIукму гьабун рагIула,
ХIалтIул герой жидерго
Кьолболъа чи гьавизе.

Киназго жидер пиша
Гьасул ишилан тола,
Жидерго кверзул пинкьал
Гьасул ругин абула.

Гьедин щуябго план
ЦохIо лъагIелалъ тIубан,
ТIалхIатие, БахIарчи
Вугин абун, ЦIва кьела...

Гьелъул пикру гьабуна,
Къого кочIохъан вихьун,
Къец бан кучIдул цIалулел,
Цо цIолбол совхозалда;

Щибас бщцун лъикIаб кечI
ЦохIоясе танани,
Цо поэт вугин гьазул
Абизе бегьилилан.

Гьедин дица бицингун,
Цо летчикас абуна, –
Къого вертолеталъул
Цоцин ТУ лъугьинарин.

## ИНДИРА ГАНДИ

Жеги гIакълуялде вачIунев гьечIо, –
ГIаданлъи векалъул биялъ лъалъана.
ГIасилъидул гIащтIи, нахъе къай гьечIищ? –
Къо байбихьудаго тIерхьун араб бакъ.

Гъажалде рехараб ххамалъул къотIел,
Хаслихълъи ихдалаб гьалдолеб улка,
Премьер министр Гьиндустаналъул
Пикрабазда радал хIалтIуде ана.

Гьалъий суалалгун къачIан рукIана
КъватIир улкабазул корреспондентал, –
Щибго гьикъилалде, къокъ жаваб кьуна,
Кьвагьараб яргъица чIванин Индира.

ЧIвана дунял бакьулъ, микьабго гулла, –
Габур-гъумер берцин, – гьелъул каранда,
Ругъназулъ Индия! Щуго континент,
КинабгIаги гIалам тIаде къулана.

Къадруяй, йорхатай Тагорил гагу,
Гималазул гIаздалъ щущалеб рохьо...
Щиб жо бихьинчилъи, щиб жо гьанже яхI, –
Эбел чIвалел лъимал, огь, Ганга, бице!

Гьадинаб бихьанищ дуда, Азия,
Унго, цо балагье дурго зобазухъ.
Балагъизе берал дур хутIун ругищ? –
Хирияй госпожа! СукIулеб лага.

ЧIвана чIужугIадан, огь, кинай гIадан,
ГIаламалъ бер тIаса босулароан.
Гьадинаб гьайбатаб пальмаялъул гъветI
КъотIичIо, Индия, киданиги дур.

Хъазмил гIарададул лафетаялда
Лага тIупун буго тIугьдузул гохIилъ...
АнцIила кIиго къо, къуларал бутIрул,
Восток, дур жавгьарул жаназаялде.

АнцIила кIиго къо, къварилъиялъул
Къисабалъе арал Индирал санал.
АнцIила кIийида гьел лъугIуларо, –
ХъахIлъулеб каралъул букIараб канлъи.

Алахабадалъул хурдул щурщула,
Щубалъ гIицIал хIатIал гъолъул чурарал.
Индиялъ жиндирго надалда чIвараб
ЧIухIараб тIанкIалъул тIугьдуз бицуна.

Бакъараб, бакъвараб бакъул Калкутта,
Бакъан гьанже гIадин дур бесдаллъанищ?
Бомбей, мун буссараб океаналъул
Бугебищ цо чвахи гьаб би чурулеб?

Буддазул мадрасал, дой жийго Будда,
Женевалъул гIелмул гьоцIо цIцIураб на,
Гъежги кьуризабун, кьодухъ эхетун,
Азиялъул рукIкIен, Европалъул кун.

Камилай госпожа, дир кечIалъул яц,
Дида кIоченаро дур кверзул хинлъи.
Дур машгьурав эмен гьавурал къояз
Гьоболлъухъ кочIохъай дуца ахIана.

Мунги, ПатIиматги, цоги гIаданги
Цадахъ азбаралда ахикь рукIана;
Дунги цо гъаларал гъутIбузул рагIдукь
Дирго пиша цояб гIелгун вукIана.

Гьенир расандулел гIисинал лъимал,
Лъабго сон, анцIго сон, анцIила ункъо.
Индиялъул васал, ясал-бесдалал,
БукIинеб улкадул кьурдиги кечIги.

Кьуркьудулел кверал, керен, гъеж, кьунсрул,
Кверазда, хIатIазда курхьаби, рахсал...
Гьиндустан, арабги букIинисебги
РекIелъ гъалатI гьечIел цIадираби дур...

Гьелъул божи-къасдгун боржун араб хинчI
ХIеренаб логода микьабго гулла...
...Гьадаб рогьалида интервью боссе
Корреспондентазе рес щвечIо духъа.
Дозул суалазе мухIканаб жаваб
Дур жаназалъ кьуна...
Гьеб гIела даим!

**ЧИНГИЗ АЙТМАТОВАСУХЪЕ**
**БЕЙРУТАЛДАСАН КАГЪАТ**

...Чингиз, рекIелъ бугищ, гьеб кIочонебищ,
КIиязго тIоцебе тирараб Бейрут.
БукIараб гIемер бакъ, къалъ-къалъун ралъад,
Щибаб къо, къватI, сордо – нилъей макънатIис.

Мерседесал, ясал, сверулел берал,
Бечедал Кувейтал – кепалъул къучби.
Дов СагIудиялъул гIарабгун цадахъ
ГIодой чIарай унго, огь, синьорита!

Банкал, казинаби, киналго чунтби
Гьенире чIехьолел ругин кколаан.
Бокалал, багIараб чогърод релъунел, –
Релълъине дол кIутIби сунда гьарилел?

Жавгьар-якъуталъул тукабазул кьер,
Туристкабаз кверда борцунеб тIагIел
Берцинабги буго, рекъонги буго,
Гьикъула багьа гьаз – гьакIкIан уна кIал.

Гьенир рукIанщинал цо эмигрантал,
Авар бикагицин дандчIвана дида,
Жий Персиялдаса ячIанин абун, –
Яхъана дунгун гьей факстрот кьурдизе.

Цересел тIадчагIи гьегьал ракьазул
Гьанире тIурарал, жалго рачIарал,
Рокъоб рахIат гьечIеб къираллъудаса,
Къвалакь ханумалгун, Бейрутго лъикIин...

Чингиз, кIочон танищ дуда цо мадам, –
Цадахъ нилъ гьоболлъухъ гьелъул рагъида.
БитIун оператив гьабулеб мехалъ,
Парижалдаса яс ячIана тIаде.

Эбелалъ дандбана нилъергун пикру,
Жий гьарулев вугин цо Кувейтшайих;
Гьев цIакъ кутакалда бечедав вугин.
Амма Бейрут кинан жинца телаян.

...Западги Востокги, Парижгун Москва,

Гьаниб гIадин цолъун, дида бихьичIо.
Доб мехалъ буссурбай, христианал,
Бицунеб мацI гIадин, цого рукIана.

Цадахъ киналниги партиял хIалтIун,
ХIукумат Карамил щула букIана.
Цинги ягьудияз яги гIарабаз
Парз, мацI букIаниги хунжрул рахъичIо...

Доб эрмениязул клуб лъаларищ? –
КучIдул ахIулел куц апарагаца.
Цогияб жо щайзе, доб нилъер Hotel, –
Гьенибги букIана цо гIураб Бейрут.

Хадуб Ливаналъул гIаздалал тIогьал,
ГIагараб Дагъистан дихъе бачIана.
Ворхатав Джамбулат, гьесул минаби,
Гьалбадерий релъун кьолел чахъаби....

Чингиз, сонал ана доб мехалдаса,
Дун щвана цIидасан гьаб Бейруталде,
Мумин Биссиугин къаси нижеда
Иссик-Кулги мунги ракIалде щвана.

Нижер бадиб гуреб гьаб Бейрут гьечIо,
Бералги кIкIуйдуца кIвекIулел руго.
Огь, дир чIвараб байрам, чIунтараб талихI,
ЧIинтIараб, мерхьараб чилъи, берцинлъи.

Гьабищха Европа, Гьабищха Восток,
Гьабищ къоабилеб векалъул ахир?!
Айтматов, дир гьудул, гьечIо доб шагьар, –
ШигIраби чIваразул молода руго.

ГьечIо нилъер Hotel, гьечIо дой мадам,
ГьечIо доб рагъиги, буго гIицIго рагъ.
Гьелъ хIукму гьабуна росазе кьезе
Нартихъ Кувейталъе дой ясгун эбел.

БагIараб чагъиралъ рельарал кIутIби –
Би къулчIулел руго, чIвана гьаниб бакъ.
Гогьмаби гогьлъарал гордабазухъ лъун
Руго пулеметал, гьел гьимуларо.

Щибаб машиналда щу-щу автомат,

Щибаб рачлихъ тунчул, гранатаби.
Дирги щибаб гали кIиябго рахъалъ
КIиго палестинас цIунулеб буго.

Цебехун машина, нахъа машина,
Рагъухъаби щибаб къватI-къватIалъ цадахъ.
КъватIазда сангарал, сверун рагъгун къал, –
РахIму тун, цоцаде руго кьвагьдолел.

Кьижараб питна хех борчIун кколеб куц,
Кинида унтараб лъимер гIадинан, –
Сейфюль Малюковас бицараб гуро,
Яги киноялда бихьараб гуро.

Бихьана дида гьеб дирго беразда,
Балагьалда хадуб цогиги балагь.
Эмигрантацаги туристацаги
Тун буго гьаб шагьар, руссен букIараб.

Улбул цин гIодула васал, вацал чIван,
Цингиги чIварал гьел кин рукъилилан.
Улбул цин гIодула рукъзал чIунтанин,
Цинги къварилъула къотIноб бакI гьечIин.

КечI ахIулеб буго гIицIго банкаца;
Бидухъги долларал чвахулел руго.
Лъукъараб, бикъараб, бида бецIцIараб,
Цояца бичараб, цояз босараб,

Букъ-букъараб лага, бухьараб бетIер, –
Буго Палестина подвалалъуй гъун.
Гьазухъа бахъичIеб щибго хутIичIо,
Хал гьабун вуго дун гьезул ругъназухъ.

Кида гьел регъелел тIухьидул, цIадул,
Цинги гьедарулеб гьересиялъул?!

Гьаб Хиросималда, Орадоралда
Лъукъарал гьимулел рихьана дида,
Палестинаялъул речIалел тIугьдул
РачIун лъималаца гьезий кьуралго...

Лъимал – гьитIинаб халкъ, ватIан лъаларел,
Яги эбел гьечIел, я эмен гьечIел;

Дун гьезухъе щвана, гьалдана дир ракI,
Гьазул гьулак бугин Палестинайин.
Дун гьезухъе щвана, гьалдана дир ракI
Жидер гьулак бугин Палестинайин.

Гьезул къадазда ран гьелъул суратал,
Къандалъалабазда угьун гьелъул цIар.
Къокъал макьабазулъ гьезда бихьулеб
Гьеб буго жегиги жалго щвечIеб ракь.

Гьезул цохIо сарин даим ахIулеб
Нижер доре руссинин, доре руссинин.

Дун тIуркIана, Чингиз, щуго сон барав
Цо васас абураб рагIи рагIигун, –
Нижее ясикIай къваригIун гьечIин,
Жидехъе кьейила кьвагьизе бомба...

Гьел васазул цояв къаси вахъун ун,
Къисас, къисасилан ахIдон рагIула.
Лъабабилеб къоялъ цо гуллий щапун,
Шагьар рагIалалда ватун рагIула...

Лъукъарал, ракъарал, цо бох камурал,
Керен кьун эбелалъ хахизе щвечIел
Дида дун хвезегIан кIочон теларо
ГIиссинал бесдалал Палестиналъул.

ГьечIо, гьечIо, гъечIо цебесеб Бейрут,
Цевего чIван вуго гьобол Джамбулат.
ГьечIо приемал посолас кьолел,
Кьер батIияб буго жибго ралъдалги.

Щиб жо квеш букIараб гьаб киналъулъго,
Киб сабаб батилеб гьаб балагьалъе.
Унго лъималазе ирсалъе толеб
ЦохIо тушманлъийищ бугеб векалъул!

Лъимал гIолел руго ГIизраилалъул,
Лъимал гIолел руго ГIарабиязул, –
Унго гIоларебищ гIакълу ракълие
Бакъ гIадин цIидасан Бейрут кенчIезе?!

Гьеле гьел пикрабаз кIвекIула керен

Каранде дандкъала къваридал лъимал:
«Нужелъа тIагIаги умумузул ццин,
Ракьалда гIун бугин гIадамазул би».

Цодагьалъ сасана гьаб сардилъ кьвагьи,
Салам бице дуца дур лъималазда.
Гьаб дица бицараб мухIкан гьабизе
ПатIиматги дида цадахъ йикIана.

## МАГIАРУЛАЗУЛ КАКАЛ

1

Берцинал ясазул цIадал раги,
ЦIа гIадал бихьиназул рохьал цIеги, –
Дагъистан, амин!
ГьитIинал кIодолъаги,
КIудиял херлъугеги, –
Дагъистан, амин!
Гьалбал гъечIеб къо – нилъ гьечIеб къо,
Гьел рокьичIезул бокьобе гIазу баги, –
Дагъистан, амин!
Мадугьал какулесул каву бекаги,
Мадугьал гIодов чIечIеб гъасда цIа сваги,
Дагъистан, амин!
Квенги рукъги цIорон бегьула, –
Гьудуллъи цIорозе тоге!
Гьединазул чуги хваги, чиги хваги,
Машинаги хваги, –
Дагъистан, амин!

2

Хъулухъалъе гIоло хъатир толев
Хъулухъ гьечIого хутIаги, –
амин!
Дагьаб боцIуца гIорцIун живго гIакъилин ккарав,
Бищунго кIудияв гIабдалас гуккаги, –
амин!
ЦIогьодизе лъани, цIодорлъанин ккарас,
Каранда хьарщиги бан, хIамида тIад гIаксалда рекIун,
Базар сверизе ккаги, –
амин!
Цониги залимав хIакимасе хIелун кечI, шигIру хъварав,

ШигIру лъугIараб къоялъ хIакимги нахъе рехун,
Нахъаса гъванща хъасулев хутIаги, –
амин!
Бичун васасе тохтирлъиялъул диплом босарав,
Унтараб мехалъ дару гьабизе гьесухъе ккаги, –
амин!
Къварилъиялде ккарав хIакъир гьавун,
гьаваялдасан кIалъарав,
Гьенисаги вортун хIелхIедилев хутIаги, –
амин!
ГьечIеб бахIарчилъиялъул бицун чIухIдарулев,
БахIриги хадуб лъугьун, лъутулев вихьаги, –
амин!

ХIалихьатав мацIихъанасда
ГIорцIеналъ кIалзулъ мал баги, –
амин!
Жиндирго хIухьелалъул багьа кIудияв
Даим кIалъазе ккаги, –
амин!
КIалъан чIезе лъаларесул кIалдиса
Киналго цаби рортаги, –
амин!

3
Якьад эбел йигин, эбел кIочарав
КIочон таги лъималазда, –
амин!
Жиндирго цIар хисаравги, цIар гьечIого хутIаги,
Жиндирго ватIанги хисун, батIиязул чода рекIаравги,
Чодул малакье ккаги, –
амин!
Лъадуца веццизе гьудул какулев,
Лъадуца вухулев хутIаги, –
амин!
Лъади какулевги, квачалъ михъида цIер чIвалел сардаз
Чияр гордухъ, хIориниб къверкъ гIадин,
Къур-къур бачунев хутIаги, – къур-къур, –
амин!
Жиндиргоги йокьулелъулги бицун веццардулевги,
Чури бухIараб бахIри гIадин, хIапделев хутIаги, – хIап-хIап: –
амин!

4
БотIрода рекъечIеб тIагъурги гьороца аги,

ТIагърил багьа гьечIеб бетIерги мокърукь тункун бекаги, –
амин!
Черхалда рекъечIеб чухъаги тIутIун аги,
Чухъил багьаял гьечIел чорхол лугбазул гIучIалги,
ГIодов речIчIун, гъураги, –
амин!
Бакъаналда рекъечIел ргIаби абулесулги кIал цIороги,
РагIабазда рекъоларел бакънал рачунезулги гьаракь къаги, –
амин!
ТIогьолги, харилги, хурулги къимат гьабичIесул
МичIица чехьги бухаги, зазица мугъги бухаги, –
амин!
ХIорги иццги чамгIал гьабурас
Чуриги гьекъезе ккаги, гьесул малги щалайдул цIеги, –
амин!

5

Бюрократасул киналго кагътал
Кабинетгун цадахъ рухIаги, –
амин!
Гьесул телефоназул кварал
КиналгIаги тIун ун, алло, алло
Бачунев хутIаги, –
амин!
Гьесул ццидалаб амру
Цониги тIубагеги, –
амин!
Гьесул машинаялъул мотор
Митингалде щвезе верст хутIарабго хун,
Мехтарав шоферасде ахIделев хутIаги, –
амин!
Гьев собраниязде самолеталда гIедегIараб мехалъ,
Гьава кьерхун аэродромазда хутIаги. –
амин!
Докладазе регламент къокъльаги,
Къочардизе регламент халалъаги, –
амин!

6

ЛъикIал чагIи лъикI таги,
Квешал чагIи квеш таги;
ХIалихьатал чагIазул
Чохьол унти къотIугеги, –
амин!

ЯхI сахазул черхги сах хутIаги,
ЯхIалда ругънал ругезул гьел хех регъаги!
ЯхI хабалъ букъаразда
ХвезегIан унти гьечIеб,
Паракъатаб сагIат бихьугеги! –
амин!
Нилъ рокьулелги
Нилъей бокьухъе таги;
Нилъей рокьулелги
Нилъей бокьухъе таги, –
амин!
Нилъ рокьуларелги
Нилъей бокьухъе таги,
Нилъей рокьуларелги
Нилъей бокьухъе таги, –
амин!

7

ЛъикIаб гурони пикру
БотIролъе бачIунгеги;
Лебалаб гурони къасд
РекIелъе бачIунгеги, –
амин!
Рохалил гуреб бакъан
ГIундузда рагIугеги;
Берцинаб гуреб сурат
Беразда бихьугеги, –
амин!
БачIунеб ругьел лъикIаб батаги,
БачIунеб къо лъикIаб батаги;
ДандчIвалев чи лъикIав ватаги, –
ДандчIвачIелги лъикIал рукIа, –
амин!
Квешаб макьу гъереси батаги,
Гьуинаб макьу битIун ккаги;
Киназего сапар битIаги,
Жакъа битIичIезе метер битIаги, –
амин!

8

Мун гьоболлъухъ ахIани, гьенив инчIого чIоге,
Гьобол пашман гьавизе, гьеб бегьулеб иш гурин, –
амин!
Гьоболлъухъ инчIониги, берталъе ахIанани,
АхIи хвезе гьабуге, гьеб рохел гIахьал гьабе, –

амин!
Берталъе инчIониги, чиясе вас гьавуни,
Гьесда баркизе ворта, гьеб талихI гIахьал гьабе, –
амин!
ТалихI гьоркьоб таниги, къварилъи гьоркьоб тоге
Къо ккун унтаразухъе вортизе мун кватIуге, –
амин!
Гьениве кватIаниги, мун чиясул зонохъе
Зияраталъ кватIуге, кив мун вукIананиги.
Гьел ракIалъул тIадкъаял тIуразе гьаричIони,
ТIубарав магIарулав мун вукIинчIо, мун гьечIо, –
амин!

9

Дица гьарулеб буго
КиналгIаги тIугьдузда,
Дир йокьулелъул рокъоб
Нуж ракъвагеян абун.

Дица гьарулеб буго
Гьал гIищкъул шигIрабазда,
Нуж щурулел кIутIбузда
Дир салам бицейилан.

Дица гъарулеб буго
Нухаздагин гIоразда,
ГIадамал хиял ккарал
Кавабахъе рачеян.

Дица гьарулеб буго
Къояздагин сардазда,
ЦIуне гьавунщинав чи,
Гьесул яхI, бахIарчилъи.

Гьесул кини – гьаб дунял,
Дагъистан, ЦIада росу...
РачIунге нуж хIинкъигун,
ХIиллагун, къварилъигун.

10

Кьураб лълъарги ккараб къоги борхизе
Къуват гьечIого хутIугеги!
ЧIахъаги гIадамал, чIахъаги гIумру!

Гьал нилъер какал киналгIаги тIураги!

ТIокIаб рагъ бихьугеги, лъагеги
Я лъималазда, я улбузда, –
 амин, амйн, амин...

## КАРЬЕРИСТАЗУЛ КАК

ТIадегIанав аллагь!
ГьечIо цо мун гурони цогидав Аллагь,
ГьечIо цо мун гурони цоги дун къулизе кколев чи.
Дун къулулев вуго, накабазда квералги лъун,
Дун ворхулев вуго, эхеде квералги ритIун:

– ХIалтIи дагьаб, хIакимлъи цIикIкIараб,
Замаз кинабго ишги гьабун, дица кеп босулеб,
Лълъарги рачIчIги чияе кканиги,
Чахъдал къулагIи дир къавулъа камулареб,
Ччунги ххунги босеян дир столалда
Кинабго рекъезабун сокIкIунеб,
Нусги кодоб ккун, тIалъиялъухъ
ТIатул гургадухъ гIадин, дун балагьулеб,
Хъулухъ кье дие, хъулухъ кье дие.

БетIер гьечIониги тIагъур гIолеб,
Лага гьечIониги пиджак гIолеб,
Дунго гьечIониги дир рагIад гIолеб,
ГIакълу къваригIунареб, ияхI къваригIунареб;
Кьурдун босулеб, кьижун босулеб,
Щибго гьабичIого план тIубалеб,
ТIаде премияги кьолеб,
Почетный доскаялда цIарги хъвалеб,
Хъулухъ кье дие, хъулухъ кье дие.

Дица цо пиштIарабго, футболистал гIадин,
Киналго доре-гьанир рортанхъулеб,
Дун цо чинхъаравго, дир чунтби цIолеб,
Дихъе вачIунев кIигояв кIалтIа цоцалъ тенколеб,

Дихъе очередь щолареб,
Очередь гьечIого кинабго дие щолеб,
Дие шигIраби поэтаца хъвалеб,
Дие диссертация помощниказ хъвалеб
Хъулухъ кье дие, хъулухъ кье дие.

Радал ворчIилалде бачIун кIалтIа
КIиго машина балагьун чIолеб,
Вегун вукIаниги кIалдиб багIар гIеч бортулеб,
КIутI-кIутI – коньяказул ящикал,
КIутI-кIутI – ччугIа, икра, кубачиязул тIагIел, –
КIутI-кIутI – гьаб кIутIи кьотIулареб,
Гьаб бакъан тIагIунареб
Хъулухъ кье дие, хъулухъ кье дие

Царгъал, гъансал, чунтби, машинаялъул богажникал
Кидаго чIороголъулареб, даим цIураб;
Дица бикъанагIан дир къадру гьабулеб,
Дица гьекъанагIан дир гIакъил гьавулеб:
Дица кигIан хъирмал хъураниги, дие хъат чIвалеб,
Багьа хиралъанагIан дун вохулеб,
Тукен чIобоголъанагIан дир чIахъен чIаголъулеб,
ХIарщулъ гамущ гIадин, дун гевергулеб
Хъулухъ кье дие, хъулухъ кье дие.

Дица рукъалда цIа гъуниги,
Гьеб бихьичIин кииазго абулеб;
Диде цо рагIи абизе гьесарав
Гьерсихъан, мацIихъанин хъамулеб;
Дир васас чи чIвани, гьесда бахIарчиян абулеб;
Ясалъе диплом босун рокъобе бачIунеб,
Дир гIагарлъиялъул гIайиб, такъсир
Дир подхалимаз, дица хадур хвасар гьарилин ккун,
Жидедего тIаде босулеб
Хъулухъ кье дие, хъулухъ кье дие,

ГIанкIазе кьолеб, гIунхрузе кьолеб,
ГарцIазе кьолеб, нацIазе кьолеб,
БацIазе кьолеб, гIурцIмазе кьолеб,
ГIункIкIазе кьолеб, кутузе кьолеб,
Кизилюрталда, Хасавюрталда кьолеб –
Дирги буго гьезулго гIамал,
Дица гIемераб жо гьарулеб гьечIо,
Цо бегьулеб хъулухъ кье дие, хъулухъ кье дие.

ТIадегIаиав Аллагь, Мун зодов, дун гIодов.
Дица дуе гIадин, дие киназго
Как балеб хъулухъ кье дие.
КьечIони, гьаз хъапас базе гурин дида,
Хъанда гIадин хIапдезе дун тIамуге,

ТIадегIанав Аллагь! Амин.

## ГЬЕРСИХЪАБАЗУЛ КЕЧI

Рокъоса къватIиб уна,
КъватIиса рокъой уна,
АнцI-анцI векал рахуна,
Нусго улка сверула:
Байбихьанищ, гьереси
Гьекъел гIадаб жо буго,
ГIумруялъ гьелъул гьури
Сасараб сагIат гьечIо.

БетIер кIичIун бицуна,
КIал гьетIарун бицуна,
КIиябго гъежги кьурун
Бадив вуссун бицуна.
Бихьанилан гьедула,
РагIанилан гIодула,
Бюро погодаялъги
Гьез гIадин гуккуларо.
НуцIида кIулал гьечIеб,
КIалтIа хъаравул гьечIеб,
Вай гьереси, гьереси, –
Пулеб куц, машааллагь!

Аллагьасул цIар бахъун
Эбел-инсуй бицуна,
Эбелалъул цIар бахъун
Гьудулалъе бицуна.
ГIолохъабаз михъ кьурун,
Кеп щун, релъун бицуна,
Берцинал руччабазул
МагIил гараз бицуна.
Бицуна магазиназ,
Базарца кинигин;
Бицуна кабинетаз,
Буфетаца кинигин;
Бицуна газетчагIаз,
Чанахъабаз кинигин,
Чагъиралда гъорлъ жубан
Бугеб щинаб лъин унго!

Бицанщинаб кинабго
БитӀун букӀараб ани,
НекӀого меседил цӀад
Балаан дунялалде.

Бицатабгун тӀеренаб
ТӀогьилабгун чарчараб.
Вай гьереси, гьереси, –
Пулеб куц, машаалагь!

Пахьул месед гьабула,
Меседил пахь гьабула.
АнцӀул росасе арай
ЯсгӀаданлъун гьаюла.
Ярагъ кодой босичӀез
Кавказ цӀунун батула,
ЦӀаялъул бухӀи лъачӀез
Берлин босун батула.
Кверда пинкь бахъинчӀого
План тӀубан батула.

Щивасул имгӀал МахӀмуд,
Щивасул эмен МахӀач,
Историялъул сагӀтал
Цере-нахъе рачуна.
Цебе гьунар гьабичӀев
Пенсионер дандчӀвачӀо;
ГъалбацӀ чӀвачӀев, ччукӀичӀев
Чанахъан ватуларо,
Чу бекерун бергьинчӀев,
РекӀарав къанагӀатав.
Мемуаразул тӀанчал
Щибго намуслъуларо.
Бресталда чӀваракьа,
Рейхстагалда таракьа...

Кетулъун лъухьардулеб,
Борохьлъун кӀичӀардулеб,
Вай гьереси, гьереси, –
Пулеб куц, машаалагь!

Абула, рачӀ къокъаб жо
Бугин гьересийилан,
ГьелъулгӀан халатаб рачӀ,
РачӀа борцине, гьечӀо.

Абула, лъалкI къокъаб жо
Бугин гьересийилан,
Гьелъул гIадал галаби
Гулливерилги гьечIо.
Абула, кьучI гьечIеб жо
Бугин гьересийилан, –
КьучI гьечIого гьарурал
Гьундул кинал хъурмазул?!
ЦIогьазул къайицадахъ,
Къарумлъидул дирижер,
Киналго биязеги
Балагьазеги гIилла...

Бицуна, гьаб бицуна,
Гьалъ цаби тIехIунарин,
Вай гьереси, гьереси, –
Пулеб куц, машаалагь!

ЦохIо хIила тIатани,
ТIаде цIияб ургъула.
ЦIвацин, каранда бараб,
Цо-цо гьерсил батула.
Бицуна политиказ
Гьегьал трибуназда;
Бицуна къадизабаз,
Къуръаналда кверги лъун.

Берцинлъи, рокьи, ияхI
Ракьалда чIвалеб тушман,
ТалихIгун рохелалъе
Хабал рухъулеб газа.
Гьакълил компаниязул
Кидагосеб тамада,
Карьеристазул паспорт,
Ришватазул, гьоркьохъан.
ПонцIорабгин гьодораб
ЛълъамиябгинтIокIкIараб,
Вай гьереси, гьереси, –
Пулеб куц гIаламалда!

Дидагоги абуна
Аваразул цо херас
Оцол багьаяб бугин
Цо-цо гьересийилан.
Оцол багьа лъаларо,

Амма дида рихьана
Базаркъоялъ цо кепкихъ
Гьеб хъурулел бихьинал.
Дун гьезухъ балагьана,
ГIасрудахъ балагьана,
ГIаламалда кканщинаб
Гьелъул хIисаб гьабуна.
ГIодой риччарал мугIрул,
Зодоб аза-азар цIва,
Заназда умумузул
Нилъерго гIадал цIарал.
Дица бетIер къулула
РитIарал бахIарзазе.
Дица кодой рачуна
Гьереси гьечIел лъимал.
Дир черх асир гьабула
СихIру гьечIеб кочIоца,
Гьурал кигIан пуниги,
ГIамал ккураб улкаялъ.
Дида гьереси гIадаб
Пасатаб жо лъаларо,
Гьеб бицунев гIадинав
Къадарав чи дандчIвачIо.
КIикIулел руго кинал,
Унеб буго нилъер век...
Огь инжитаб гьереси, –
Пулеб куц, каваби къай!

## АРШИН МАЛА-ЛАН

Гьел гьадингоял харбал,
Гьезда дун божуларо,
Рес гьечIо улкаялда
Квеш батизе дармил иш.
Гьедин букIараб ани,
Институтал лъугIарал
Артистал, сцена тун,
Рортилароан гьенир.
Отелло – буфеталда,
Дездемона – тукада,
Тирулев базаразда –

Нилъер Аршин Мала-лан

Аршин Мала-лан,
Аршин Мала-лан...
– Агъча бар? – Бар, бар!
– Намус бар? – Йохъ, йохъ!

Гьаб чIобогояб чIанда.
ЧIалгIине заман щвечIищ?
Йохъ, квеш батизе гьечIо
Гьабулеб низам, закон
Гьедин букIарабани,
Дармил факультеталда
Гьадин кIудияб конкурс
Кибго гьечIеб букIинищ?
Ялъуни пенсиялде
ХIадурлъулел хIакимаз
ХIалтIизе бигьаяб бакI
РикIардизе бищилищ?

Аршин Мала-лан,
Аршин Мала-лан...
– ГIарац бугищ? – Буго, буго!
– Намус бугищ? – ГьечIо, гьечIо!
Гьеб щайзе къваригIараб?!
Гьарчие бер щибизе?
БацIие кечI щибизе?
Сундул гъудалъ бицинеб
Гъадароялъул гуреб?!
Данде чIвана учитель,
Инсухъе диплом кьунин,
Дихъе квасул пункт щванин,
Гьеб гIадаб гIелму гьечIин.
Цо-цо гIалимзабиги
Общепиталъул кIалтIа
Рихьула кIетIарулел:
КIутI-кIутI, къунцI-къунцI,
КIутI-кIутI, тухь-тухь.

Аршин Мала-лан,
Аршин Мала-лан...
– ГIарац бугищ?
– Циганазул чехь гIадин,
Чванта зваргъелеб буго.
– Намус бугищ ? – Гьа-гьа-гьа,

Гьеб щайзе къваригIараб?
Намус гьечIо, гьечIо, гьечIо!

## ЦО РИЩВАТАЛ РОСУЛЕВ СУДИЯСУЛ КЕЧI

Дихъе бачIараб дело
Дица цо цIалуларо,
ЩIайи кигIандай бугеб? –
Квераз гьанкIезабула.

Гьарай, гьарай, гьарай,
Гьалъухъ дий щибдай щвела? –
Щуго дий дагьаб буго,
АнцIазарго, хех давай!

Делоялъул тIанчазде
Дица бер тIамуларо,
ТIаде мегIерги къулун,
МахI сунтIун балагъула.

Вай, гьарарай, гьарарай,
Гьазухъ дий щибдай щвела? –
Шушби дие кIваричIо,
Давай гIурччинал кагътал.

Законазул кодексал,
Сакъис гIадин, чIамила,
СанагIатаб рахъалде
Резинка гIадин цIала.

Вай, гьарарай, гьарарай,
Гьалъухъ дий щибдай щвела? –
Шагьабазул гурони
Дида гIарз бичIчIуларо.

Дие къваригIанани,
КъвачIа гIадин пенцIела.
Гьедин гурин кканани,
Кварги бичун чучила.

Вай, гьарарай, гьарарай,
Гьалъухъ дий щибдай щвела? –

Гъаз бикъаралъул бащдаб
Дир рокъой ккелародай?

Дие гьав гIайибияв
ГIадамасул кIалъай щай,
Гьев чвантил кIал рагьизе
КIухIаллъулев ватани?

Вай, гьарарай, гьарарай,
Гьалъухъ дий щибдай щвела? –
АнцIго сон дагьаб буго,
АнцIазарго кьечIесе.

Суалал кьолеб мехалъ,
Кьолеб жавабалдаса
Дица магIна босула
Беразул ишаналъул.

Вай, гьарарай, гьарарай,
Гьалъухъ дий щибдай щвела? –
Виччанте туснахъалда
Туризе пакъир – къарум.

Нужеца абулеб щиб? –
Ахир хъапас щвелилан,
Хъубав ришватчийилан,
Дир гьаб гъванщиде базе.

Вай, гьарарай, гьарарай,
Дица гьабилеб щиб жо? –
Хъизан, лъимал, щванщинал
Шапакъатал кин кьелел?
Вай, гьарарай, гьарарай...

**ЦО «ГIАКЪИЛ» РАКIАЛДЕ ЩУН**

Гьанже гъаб гIумруялъул
ГIадамахъ хал гьабигун,
«Алжан кьун таги пакъир»,
Цо «гIакъил» цеве чIола...

Гьес абулеб букIана.

Нилъейго санагIатаб
СихIру-хIилла ургъани,
Щибго хIакъ букIунарин.

Цоги гъос абулаан:
Ургъун тIадчIун бицани,
ТIубараб оцол багъа
Цоцо гьерсил букIунин.

Бищунго гIаламалда
ГIадамазе хирияб
Цин гIагарлъи бугила,
Цинги гIарац бугила.

Амма гьеб гIагарлъиги
ГIарцуца нахъе цулин;
ГIакълу кечIалда гьечIии, –
Гьаб чвантиниб букIунин.

Нахъеги абулаан:
Гучаб пачалихъ бугин,
КигIан бикъананиги
Щибго мукъсанлъуларин...

Щив гIакъил вачIаниги
ХIал рекъезе гьабейин,
Политикадул ралъдал
РагIалда вукIайила.

Цоял цоязде гъусе,
Цинги гьел рекъезаре,
Кьалде щал рахъаниги,
Нахъа рокъов вукIайин...

...Гьанже гьаб гIасрудахъги
ГIадамахъги хал гьабун,
«Алжан кьун таги пакъир»,
Дов «ГIакъил» цеве чIола.

ГIумрудул хIасилалда
Гьасий чIвараб зонода
Дица гьикъулеб буго,
Гьав щив чи вукIаравин.

Дие жаваб гьабуна:

Живго гІакъилин ккарав,
АхІмакъги вукІанила,
ХІалихьатги вукІанин.

## КЪВАРИЛЪИ ККАРАБ ЦО РОСУЛЪЕ ЩВЕДАЛ ХЪВАРАБ

МугІрул росулъе щвана,
ГІор щун къварилъи ккараб, –
Къали кьабун, зурма пун,
«Гьарс» бачунеб буго халкъ.

Риххарал ригьзал руго
Полпилал карачелалъ, –
КечІ ахІулел гьал руго
Пандур хъван, жергъен кІутІун.

Гьелда гІажаиблъарав
Дие жаваб гьабуна;
Жидей ккараб балагь гьаб
Бицинецин жо гурин.

Росулъ бищуц ягъзинав
ГІарзачиясул мина
ГІуруца хъамун анин,
Гьелъий хъат чІвалел ругин.

ХъантІарав, барахщарав,
БоцІуда хадув чІарав,
Цо чвантиласул гъансал
Чвахиялъ росун анин.

Росулъ данде кканани,
КиналгІаги хІинкъулей,
КІал чамгІалай цо гІадан
ГІурулъ чвердезе кканин.

Жий хвасар гьаейилан,
ТІокІай кІалъазе гьечІин,
КІиябго кверги борхун,
Гьей гьардезе тІамунин.

**ОЛИМПИАДАЯЛДА**

Олимпиадаялда
Цида бер кIутIарабго,
Дида цеве тIамуна
Цо магIарул кочIохъан.

Гьелъул бакIал галабаз
Горсвери гьабурабго,
Пархан ракIалде щвана
Цоги магIарул шагIир.

Гьеб хадуб магIуги тIун,
ГIодизе лъугъарабго,
Дица пикру гьабуна
Цогияв поэтасул...

Гьеб ци релълъиичIев поэт
ЦIакъ дагь гурони гьечIо,
Гьелъул куцги квачIалги
Руго гIемер кучIдузул.

* * *

Дир бицунге, бицунге,
Бицунеб битIун гьечIо, –
Цояз зодой ворхула,
Цояз гIодой рехула.

Дир гIурхъи-мухъ лъидаго
МухIканго лъалеб гьечIо, –
Цояз тахида лъола,
Цояз лъелъ бетIер ччула.

Дир бицунге, бицунге,
Бицунеб битIун гьечIо,
Реццги понцIораб буго,
Каки чIимигIаб буго.

Гьаб каранда жаниб дир
Цогияб бухIи буго,
Ццин, гьеб гьитIин гьабуге,
Рокьи кIодо гьабуге.

Амма мекъи ккеларо,
Дир рахъалъан абуни,
Гьаб улкаги гIумруги
Дий гIащикъго бокьулин.

Цо гIаданалъе гIоло
Хвезе хIадурав вугин;
ХIажаталъуб кьураб лълъар,
Загьру букIа, къулчIилин.

## ГIОЛОХЪАБИ ЩИБИЗЕ РАГЪАЗДА ХОЛЕЛ РУГЕЛ

*ГIабасил МахIамадие*

Ракьалъе гIолареб квер,
Рокьуе гIолареб ригь, –
ГIолохъаби щибизе
Рагъазда холел, унго ?!

КочIое гIолареб мех,
ГIищкъудай гIолареб их, –
ГIолохъаби щибизе
Рагьазда холел, унго?!

Къочардун къеч буссинчIел,
Къвал базе сардал гIечIел
ГIолохъаби щай, унго,
Рагъазда холел ругел?

Улбул нухде балагьун, –
Ясал гIурде балагьун, –
ГIолохъаби щибизе
Рагъазда холел ругел?

Лъимер гьечIел, чIалгIарал,
ЧIобогоял гьулакал, –

Гьал гIолохъаби щайзе
Рагъазда холел ругел?

Рекьулаго хурзал тун,
Хадуб мина балагьун, –
ГIолохъаби щибизе
Рагъазда холел ругел?

Гьаб азарил саназул
Суалалъе жаваб кье, –
ГIолохъаби щибизе
Рагъазда холел ругел?

Гьеб гьунар – лебаллъийищ,
Гьеб цIарищ, гьеб гIакълуйищ,
ГIолохъаби щибизе
Рагъазда холел ругел.

Лебаллъи – гьале гIакълу,
ГIакълуги гIищкъу буго.
ГIолохъабазе щайзе
Ракеталгун бомбаби?!

* * *

МугIрул данде чIваралго,
Дихъе бачIунареб кечI,
АхIи хвезе гьабураб
Гьобол гIадаб жо буго.

Къодал гIасру гьабизе,
ГIасрудал къо гьабизе
КъваригIиндал гьечIеб кечI
КватIараб тIимугъ буго.

Рокьи дида лъарабго
Макьида сванхолеб кечI, –
Гьелдаса сурукъаб жо
Жеги дида лъаларо.

## ПЕРЕУЧЕТ

Гьеб рагIи гIурус мацI лъаларесдаги
Лъалеб буго гьанже, гIемер данде чIван.
ХIалтIул къоялъ руго къарал кавaби
Киве вачIаниги переучетин.

Тукаде вилълъана гьаб-добин абун,
Данде жаваб кьуна переучетин.
Жакъа клубалда киноги гьечIин,
Кассиралъ абуна переучетин.

Аптекалде щвана дару босизе,
Данде жаваб кьуна переучетин.
Библиотекалде тIехь босзе ана,
ТIамач седон буго переучетин.

Ашбазалде щвана кваназейилан.
КвергIан кIулал руго переучетин.
– Переучет сонги гурищ букIараб? –
– Жакъа санитарный къойин абула.

Рокъове вуссана ццин бахъарав чи,
Цинги гIумруялъе счетал реххана,
Арал щинал дирги камилал ихал,
Ишалгин шигIраби гьоркьор хутIарал.

Мун щиб гьабулеван гьикъула дида,
Переучет бугин абула дица.
Нахъисеб къоялъги сарин хъвачIони,
Санитарный къойин биччала гьоркьоб.

Гьедин творческий къоялин жидер
Тирулел рукIуна писательзаби.

## РАКIАЛДЕЩВЕЯЛДАСАН

Каранда бигъараб, гъежде рехараб,
Мугъзаде даларааб кIазил рагIалал...
КIияздаго гьоркьоб цо гIасияб гъал,
ГIодоб цвизе гурин цо нахъ балагье.

Гьей нахъ балагьана, бащадаб кIичIун
МацI бихьизабуна, бацIица гIадин.
Дица нахъегIан къан, дир кочIол чIорал
Каранда речIчIана... Щвеладай гIужда?

## ХАСИЯТАЛЪУЛ РАСПИСАНИЕ

Цо къоялъ гьав вачIана,
Гьал дир кучIдул реццана...
Жиндирго китабалъе
Рецензия гьарана.

Дихъан гьеб бажаричIо,
Дун гьелъие кватIана,
Гьасда дир асаразулъ
Нусго гъалатI батана.

Цин гьав дида хурхана
Хирияв вац, гьудулин,
Гьедулила нолъ макьилъ
Мун вихьун вукIанила.

Хадуб дир саламалъе
Жаваб кьечIого уна,
Кьурун вуссун «дун щиван»
Цогиязда гьикъула.

Дида гIемер гьеб бихьун
Дица гьасда гьарана:
Гьеб дур хасияталъул
Расписание кьейин.

ТIад хурхун гьимулебги
Гьеб хвенех букIкIунебги
Хисулеб дур гьавадул
Гьабе цо календарин.

Амма гIищкъу ккечIого,
Копой вачIунев лоти,
Жиндирго «Волгаги» хун,
Нуха хутIун лъикI гурищ?

**РИШВАТЧИЯСУЛ КЕЧI**

Ришват, ришват абула,
Ришват гуро дир пиша,
Дирго бокьулеб боцIи
КъунцIи буго дир хIалтIи.

БикъичIони, кьечIони
Кьурула кIиябго гIин;
ГIор бахине гьабула, –
Дудаса пайда гьечIин.

Проверка гьабула,
Комиссия битIула,
Цинги выговор кьола,
Кьолеб жо кватIанани.

ХIакимасул надалда
Иту тIамизе сабаб
Цогияб ургъун гьечIо,
Гьаб чванта гуронани.

Дида абулеб буго
Бесдалазе кьоларин, –
Кьезе гьезул эменищ
Мунан ахIдола чIужу.

Дида абулеб буго
Гъоркь ругезе кьоларин, –
Гъозухъа дий бахъараб
Нахъейищ дица кьелеб?

Дунго вукIана мискин, –
«АхIмакъилан» абуна;
Викъарун бечелъана,
Гьанже чилъун рикIкIана.

Дирги букIана хъулухъ,
Дир лъаялда рекъараб, –
ЛъачIо хадуб гурони
Габур киб бицалъулеб;

Кин квартира щолеб,
ЩуцIул цIияб хисулеб;
Щибго гIелму гьечIого,
ГIалимзаби рахъунеб;

ГАИялъ, милициялъ
Цо рагIи абуларел;
Цере рахъун честь кколел,
«Волгаялда» сверулел;

Кинан дица росилел
Васазе дубленкаби;
Гьез такъсир гьабурабго,
Кинан тархъан гьарилел...

ЦохIо харжалда божун,
Халат бажарулебищ, –
Кьураб жо гIолев гьудул
Гьанже киса ватилев?

Воре, воре, абуге,
Ришват кьогеян абун, –
Ришват кинан кьелареб
Кьурун бахъулеб мехалъ?

Гьаре, зигарде, кIалъай,
КIвараб музыка баче, –
Сундего кIвар кьоларин,
Кьолел мугьахъ гурони.

Гьеб гIадинаб эмехвад
БукIунаро, пиштIун те, –
Дие сахлъи кьегийин
Кьурдулел рукIа лъимал.

Амма кIочонге кьурул
РагIалги букIунеблъи,
Гьениса роpтун хадуб
Бохдулги рекулеблъи.

* * *

Гьал цо дир саназул сапар лъугIигун,
Цо салулъ лъалхъеян абила дида,
Амма дида лъала гьитIинал соназ
Дунго васандараб сали бугеб бакI.

Гьал дир сариназул къоял аралго
Къаникь тIупилилан бицуна дида.
Дир хабада чIвазе гамачI гьабизе,
Гуро, ЦIада гIадал гьечIо кьураби.

**БАХIАРАЛ РУЧЧАБАЗ**
**МАШГЬУРАЛ РОСАЗДЕ**

Гьудулзаби, гьудулзаби,
Нужеца гьабураб щиб? –
Гьеб дида бичIчIуларо
АзарцIул бицаниги.
Унтараб мехалъ чуцин
Чияс рехун толаро, –
Чи щив, лъукъ-лъукъараб хъаз
Хъазалъ жибго толаро.

Гьез жидерго тIанчIазул
ТIалаб гьабун толеб куц...
Гьикъе, бицина хIораз,
ХIорил рагIалда хурдуз...
Нужеца жалго тана
Нужер лъимазул улбул,
Нужер ургъелал гьарун,
Унти ккарал, херлъарал.

Каралъул кьер хисарал,
Нодо рукIкIабаз цIурал...
ЦIа свана гъозул гьасда,
ЦIа свана гъозул рекIелъ.
Нужеца нахъе цуна,
Нуж гъаримго рукIадго,
РикIкIадисеб рогьалилъ
Нужер гъежда лъураб квер.

Рехун тана кинабго:
Ккараб, лъараб, букIараб;
Нужей гьарурал лъимал,
Гьезие бачараб ахх;
Гьел кIудиял гIураб куц,
КIикIарабщинаб гьулак,
Доб букIараб язихълъи,
ЗахIматал рагъул санал.

Нужее цIар щварабго,
ШигIраби машгьурлъигун,
КIудияб улкаялъул
Орденаз керен цIейгун,
Дагьаб цIвакараб тайпа,
ЦIорол бокалал гIадин,
Нужер берзукь кенчIана,
КечI нужеца хисана.

Лъеберго-кIикъого сон
Цадахъ нужеда барал,
Гьезда кодор рукIарал
Кварал тIуна нужеца.
Нужехъе кечI бачIингун,
СихI тун, шурун кIалъачIел,
Нужер щакъитIелалъуб
Щакъи бакъвазе течIел –

Унти гьезул гIайибищ,
Херлъи гьезул гIайибищ?
Кин гьезул хIасраталъе
Гьедин хIилла гьабураб?

Гьудулзаби, гьудулзаби,
Нужеца гьабураб щиб? –
Гьеб дида бичIчIуларо,
АзарцIул бицаниги.
Нужер улбул умумуз
Гьедин рехун таралищ? –

Кинаб мисал ирсалъе
Васазе толеб бугеб:
Гьай-гьай кIутIбибагIар лъикI,
Релъарал гьел тIелхалгун,
ТIолго приемазда
Гьим-гьизе гьале жиян...

Театралъул ложа,
Креслабазда жанир
Гьел кутузул бераца
Балагье балетазухъ.
Югалъул бакъ, курортал,
КенчӀолеб буго ралъад,
Кверални цоцахъе кьун,
Цо салуда те лъалкӀал.

РикӀкӀадисел сапарал,
Гьалбал корреспонденталъ, –
Гьале, лъай-хъвай гьабейин
Жиндир лъадиялъулгун...
Нужер цо унго чӀухӀи
Гьел цӀиял бахӀаралгун! –
Гьел дахӀабаз кинабго
Кибго бихьизабизе.

Амма дол хъачӀал, согӀал
Саназул гьудулзаби,
Гьезул рахъалъ гьикъигун,
Нужер гьумер букӀкӀуна, –
Жидеца дозий танин
Рукъги къайиги тӀолго,
ТӀокӀаб къваригӀараб жо
Жидедаса щиб бугеб!

Щибго гьечӀо. Доз нужей
ТалихӀ гьарулеб буго:
ЩӀа свараб чӀаголъидухъ,
ЧӀунтараб хъизаналъухъ;
Нужеца дозий кьураб
Унтигун херлъиялъухъ,
Хасел тӀаде щварабго
Рокъоса тӀурараалъухъ.

Гьудулзаби, гьудулзаби,
Нужеца гьабураб щиб? –
Гьелда бахиллъиларо,
Гьелда дун урхъиларо.
Хвалда цебесеб сагӀат,
Цо къуват кьея дихъе,
Къочизе лъадул кверда,
Шолохов кинигинан.

## КИДА ДУНЯЛ ГВАНГЪИЛЕБ?

*(ТалихI къоларесул кечI)*

Рузманалъ цIад банани,
Щамат къоялъ бакъ щола;
Щаматалъги буго цIад, –
Кида дунял гвангъилеб?

Сапаралда вукIана,
Кьоял риххун ратана,
Нух гьанжеги битIичIо, –
Кида дунял гвангъилеб?

Цо чIужу йиччан тана,
ЩIияй лъикIай ятилин, –
ЩIияйги гьей кеторуз,
Кида дунял гвангъилеб?

Цо хъулухъ тана дица,
ЩIияб пайдаяб бокьун;
Гьенисанги кеп щвечIо, –
Кида дунял гвангъилеб?

Цояб налъи бецIичIо,
Цоги налъи гьабуна, –
КIиязго дир квер ккуна,
Кида дунял гвангъилеб?

Цо институт тун ана,
Цогиялъув лъугьинин;
Гьеб лъугIулеб карщ гуро, –
Кида дунял гвангъилеб?

Ццидакь эхеде туни,
Михъал риччун ратула;
Вахъун эхебе туни,
Мегеж биччун батула.

ХIамида рекIаниги,

Пилалда рекIаниги,
Гьабзаз кколел дир хIатIал, –
Кида дунял гвангъилеб?

ХIатIаз гьанив витIула,
БетIералъ дове цIала;
Данде кколарел кучIдул, –
Кида дунял гвангъилеб?

Гьединан ихал ана,
Гьедин хасел сверана,
Херлъун бусаде ккана, –
Хваяб гвангъичIеб дунял.

## А МУН ТОХТИРАСУХЪЕ

Рогьел бачIун вохичIищ,
Их гвангъигун вохичIищ?
Горду дур мадугьалалъ
Рагьарабго вохичIищ?
Дуде гьимулеб гьумер,
Гьелдаса мун вохичIищ?
Гьагъав чи, гьунар гьабун,
Вуссун вуго, вохичIищ?

А мун тохтирасухъе,
А мун тохтирасухъе:
Яги мун унтун вуго,
Яги мун ахIмакъ вуго.

Берцинай яс – вохичIищ,
Борхараб лълъар – вохичIищ?
Гьобол вачIун вохичIищ,
Гьудул дандчIван вохичIищ?
КечI, музыка – вохичIищ,
Нухал, иццал – вохичIищ?
ЛъикIаб, цIияб хабар щун,
Щибниги мун вохичIищ?

А мун тохтирасухъе,
А мун тохтирасухъе:

Яги мун унтун вуго,
Яги мун ахIмакъ вуго.

Чу бергьана – вохичIищ
Чи сахлъана – вохичIищ?
Хур бекьана – вохичIищ,
Кьо лъугIана – вохичIищ?
Къец, дагIба, рагъ гьечIеб ракь
Рокьи гурищ – вохичIищ?
КIудияб рекъелалъул
ГIакълу бихьун вохичIищ?

А мун тохтирасухъе,
А мун тохтирасухъе! –
Яги мун унтун вуго,
Яги мун ахIмакъ вуго.

* * *

Дир цохIо гьари дуде, –
Метер дир доклад буго,
Съездалда гьабизе
Гьелъие хIукму буго.

Унтун вугин бюллетень
Босизеги бегьула, –
Рес гьечIо, щекъералда
Щуябго килищ буго.

Бегьула цогиязги
Хъвазе дий доклад – пикру,
Гьедин гьабулеб буго
Гьаб ракьалда гIемераз.

Амма цогияз хъвараб
Дицаго цIализегIан,
Дица хъвараб цогияз
ЦIализе бокьун буго...

Дир дуде гьари буго,
Докладалъул бакIалда
Дуде гьарурал кучIдул

ЦIалеян абе дида.

* * *

Дие дурго хIал бице,
Дир бицине гьабуге, –
Дир бакънал рикъун руго,
Илхъилъа чуял гIадин;
Хъачагъаца хъамулел
Самолетал кинигин:
Сонисеб жергъен чIвалеб
Жакъасеб къо кинигин.

Дие мугIрузул бице,
Дие ясазул бице,
Гьаб дунялалъул бице,
Бецлъун вугин – канлъи кье.
Дир чирахъ сунеб буго –
Дие саназул бице,
Сон мун кив вукIаравин,
КинабгIаги дий бице.

Дида дир хIал гъикъуге,
Дир гьоркьохъеб хIал буго,
Анкьида гьоркьоб бугеб
АрбагI, хамиз киниги.
КочIохъабазда гьоркьов
Дир гьудул Муса гIадин,
Халкъиял поэтазулъ
Гьалмагъ ЯхIяев гIадин.

## ЦО ВЕЦЦАРУХЪАНАСДЕ

Бицана, рагIана, бичIчIана, лъана,
КъулчIана, гIорцIана, гIела, чIалгIана...
ЧIучIунеб семичка, чIамулеб сакъис, –
Дур гIунгутIи гьечIо, мун витIун вуго.

Щибго дагIба гьечIо, щибго цции гьечIо, –

Цогиял киналго квешал гIадамал;
ГIадатги цIунарав, гIамалги ккурав
ГIаламалда гьанже цохIо мун вуго.

Дир дуде букIараб кIал рагьичIеб гъвел –
ЦIакъ кIудияб такъсир, мукIурав вуго;
МунгIан гIакъилавги бахIарчиявги
Чи гьечIо, гьелда дун разияв вуго.

Дуе лъицаниги кумек гьабичIо,
КинабгIаги махщел дурго букIана.
ГIелмуялъе – Сократ, рагъуе – Шамил...
Щив цойги рехселев, – гьевги мун вуго.

Мун мекъи гьарулел, – гьел ахIмакъзаби,
Дуда релъулезул – лъимадул гIакълу;
ГIундул кьуре гьезул, – гьел жалго чIолин,
Гьанже дун кинигин, квералги рорхун.

Нагагь данде чIани, гьеб дурго чIанда
ЧIаме дуца гъозий, гъол сородила.
Гьебги гIечIонани, росе цIалеян,
Гьел дурго тIахьал кье, – гьел тIурун ине...

Бицана, рагIана, бичIчIана, лъана,
КъулчIана, гIорцIана, гIела, чIалгIана;
ЧIамучIлъун агъалзул хIоболъе щвана, –
ХIалхьи босе дагьалъ, свакан гьечIищ мун ?

## СБЕРКАССАЯЛДЕ

Сберкассаялда гьаб гIарац лъоге,
ГIагараб хазина – дир замана лъе:
Дир гьеб гIемер гьечIо, щибаб секунт ккун,
Сарин гьунаралъе гурони кьоге!

Гьадинги дир ихал чанги рикъана,
Бакъан чIвалел гьаркьаз, гьегьал митингаз.
Меседил лахIзатал учузго кьуна
Къецазе, рецазе, ЦДЛалъе...

Гьерсилал монетал гIадин рихьула

ГӀадада рортарал дирго минутал.
Огь, дир заманалъул рихъарал хулжал,
Хириял мехазул рагьарал чунтби!

Замана, дур бутӀа буго дир гӀумру,
ГӀемерисел санал нуха хӀутӀана.
Гьарула, кӀвахӀгин свак дилъ свине гьабе –
ГьабичӀеб гӀемераб иш хутӀун бутин.

Йокьулей гьудулгун дун данде чӀвазе,
Гьелде кечӀ ахӀизе дур касса къаге,
Къиматаб хӀалтӀуе, лъикӀаб ишалъе,
Барахщуге, бищун шавкъал сагӀтал кье!

## БОКАЛАЛДЕ

Бокал – пандур гӀадаб жо,
Гьелда квер кӀутӀарабго,
КӀалъала дунги кечӀги
Дур берцинлъидул бицун.

Бокал – ханжар гӀадаб жо,
Бокал гьекъолеб мехалъ,
Гьужумалде вахъарас
Бика хъамун ятула.

Бокалги гьекъечӀого,
Гьудуласе рецц гьаби –
Гьеб цӀекӀаб хабар буго,
ЦӀезе ккола кӀиясго.

Бокал гьебги гьечӀого
Гьоболасулгин накъит
Бакъ щолареб их буго, –
Воре, рекъараб тӀун те.

ТӀурасул квер чӀахъаги,
Кьурасул квер чӀахъаги
Кодобе босарасул
Кверги кӀалги чӀахъаги!

## ПЕРЕВОДЧИКАЛ

Дица баркала кьола
Кидаго летчиказе
Гьаб камилаб дуниял
Дие маян кьуралъухъ.

Кьурул росулъ гIурав дун,
Дагъисталалъул поэт
Парижги Токиоги
Тиризе вачаралъухъ.

Гьел рукIинчIелани дун
ВукIинаан доб кIкIалахъ,
Дир кIудияб магIарде
Вахине нух цIехолев.

Летчиказдаса цIикIкIен
Баркала буго нужей,
Дунялалъул поэтал
Перевод гьарулезе.

МагIарул шагIирасе
РикIкIадисел ракьазул
Рокьи, бакъан, берцинлъи
«Ма» – ян абун кьуралъухъ.

Гьел рукIинчIелани дун
ХутIилаан доб кIкIалахъ
Дир хирияб магIарде
Вахине нух цIехолев

## РАЧIА ХIЕЛЕКО ККВЕЗЕ

РачIа хIелеко кквезе,
РачIа хIелеко кквезе, –
ХIасратаб сагIат чIвазе
ТIохде бахун ахIдолеб.

РачIа ккун гьеб хIулизе,
РачIа ккун гьеб хIулизе,
ТIеметIи – бетIер къотIун,
РачIа къисас босизе.

РачIа гьеб хьагиниб лъун,
ЛъикIаб хIалалъ белъине;
Гьанже кIалъаян абун,
КIалги гьикъун, кваназе.

РачIа гьелъул хIулидал
ЦIун къандалъоги гъабун,
Гьелда тIад цадахъ бутIрул
Цолъун нилъер рукIине.

* * *

– Дир гъудул, бицинищ дуй,
Дуе гуреб бицинчIо?
Балъго гьабизе тIокIаб?
Кинго дида кIоларо.

– Щийха гьой? – Бицинаро.
– Киса гьой? – Бицинаро.
– Гьолъул миллат, гьолъул цIар?
– ЦIар бицине бегьулищ?

– Кидаха гьеб бицинеб?
– Кидаго бицинаро.
– Щиха дуца бицинеб?
– Бицина, гьанив вачIа,
ГIинчIван сверухъ валагье.

Дун аскIове вачIана,
ГIинчIван гIенеккун вуго...

– Гъудул, рокьи ккана дир
Гьаб ракьалда кIудияб,
Гьеб рагIичIилан абе,
Дуда гуреб лъалареб.
– Гьеб дунялалда лъала
Лъеберазарго соналъ.

– Кин, кисанилан бице
Дуца дида, дир гьудул?

– Дунял бижилароан
Яги букIинароан,
Гьеб жо букIинчIебани, –
Дур гIадаб дирги буго.

– Дир гIадаб лъилго гьечIо,
Дунялалда букIинчIо.
Гьедин букIани дунял
НекIого хисилаан,
Ялъуни гьеб хвелаан,
Ялъуни бахъинаан.

## РОРЧIАМИ КIАЛЪАЛЕБ БУГО

Векалъул ахирияб
Ункъил бутIаялдасан,
ХутIараб гIумруялъул
Киналго соназдасан,
Кереналда кверги лъун,
БачIараб щинаб къоялъ
«БорчIами», – ян абула
Дица дуниялалда.

БорчIами, кьижараб кечI,
Кьурул сида бугеб хIинчI.
БорчIами, сун букIараб,
РекIараб цIа дир гъасда.

Дица, микрофон гIадин,
Кодоб ккун буго дир ракI,
Кинабго дунялалда
Абулеб буго дица:
РорчIами, лъарал, иццал,
Ихдал мокьрол гъотIол тIегь.
РорчIами, кини-рущен,
Кверал кье дихъе, лъимал.

ГъабсагIат гьава буго –
Гьаниб бакъ, доба гIазу.

ГIоди, релъи, зигар, кечI –
Кинабго жубан буго.

РорчIами, талихIалде
Рагьарал тIолго гордал.
РорчIами, ритIухълъуде
ГьетI-гьетIун унел нухал.

РорчIами, ЦIада росу,
Москва, Париж, Мехико...
Дир гьайбатал руччаби,
Гьудулзаби – поэтал;

Дир мадутьал, дир гьобол,
Дир гьаркьалги бакъналги...
Къо бачIана – рорчIами,
Дир пашманлъи, дир рохел.

## МАХIАМИЛ РОКЬИ

ВукIана тIадмагIарухъ
Росабазда рагIарав,
Цо щоларей ясалъухъ
ХIасрат ккарав МахIама.

ТIоцебе гьесул хIасрат
Цо Ханумихъ букIана.
Я хвелин, гьей ячинин
БукIана борчун рачел.

МахIама чанго нухалъ,
Чодул мугъ бацIулаго,
Анасил МахIмудихъе
ХъахIаб росулъе щвана.

Гьас гIинде щурулаан,
Жиндирго гIищкъул бицун,
Цо меседу соролеб
Сарин хъвайин дир рахъалъ.

ГIащикъас гьоболасул
Гьариги къабул гьабун,

Гьангин ракьа соролеб
Сарин хъванин бицуна.

Ханумица МахIамий
КочIохъ баркала кьуна:
Дуцаги гьадин хъвайин,
Гьеб мехалъ дун дур йигин;

МахIмуд цо гьаркьидасан
Гьал росабазда лъалин;
Мун гьерсихъан вугилан,
Гьай цогидасе ана.

Амма МахIамил рекIелъ
РекIараб цIа цIилъана.
Гьав ЦIадай дир инсухъе
ВачIана унти бицун.

Инсуца гьоболасул
Гьари къабул гьабуна –
Цо Фарида еццараб
Берцинаб сарин хъвана.

МахIамил гIемер мехалъ
Щибго хабар букIинчIо.
Хадуб цIехараб мехалъ
ЦIавуцIахъдун хъасдана.

ЦохIо цо кIалтIу рагьун
КIалъазецин виччачIин,
КIиго рагIи дурго хъван
ВачIайин хъамунила.

Хадуб лъабабилеб нух,
Лъади къваригIун пакъир
Ана Заловасухъе,
Цо Зугьраде кечI хъвайин.

– Щибха гьесул кучIдуца
Кумек гьабичIищ дуе?
– Киса, гьаб чIанда щибан,
ЧIвазе дагьалъ хутIана.

Дир катица гьарулин
Гьадинал сариналин,

Сванхиялда кьижана
Ункъо мухъ цIалилалде...

Гьедин тирулел руго
Гьаб ракьалда МахIамал –
Жидерго гьаркьал гьечIел,
Жидерго куркьбал гьечIел.

## ПАЛУГЬАН-ПОЭТАСУЛ КЪИСА

Жеги байбихьудаго
Гьасул кучIдул гьимана:
Гьанирхун ругезеги
Дорехун ругезеги.

Гьаб палугьанлъи щибан
Гьалмагъзабаз цIехейгун,
Жиндие цин цебе цIар
ХIажат бугин абуна.

Хадуб дица гьарилин
Унго-унгоял кучIдул,
Кквезе цо бакI щварабго
Балагьилин кIалъана.

Балагьана, мех ана,
Гьасий лъикIаб цIар щвана, –
Эбелалъ кьураб хисун,
Халтурщик-палугьанин.

БакI камунги хутIичIо,
КучIдузул хьуцIилъ къана,
Къаркъала бихьуларо,
КIал буго къвакъвадулеб:

Жегиги къо бачIинин,
Къаси сордо бачIинин...
Къо бачIана, къо ана,
Къоябго сон свериана.
Гьав хьуцIилъе тIерхьарав
ТокIав къватIив ваккичIо.

## КIИГО ШАГIИРАСУЛ ХВЕЛ

КIиго гьудул вукIана,
КIиго поэт вукIана.
Цоясул пайда ккечIо,
Гьев хъитIнивго хутIана.

Цогияв, дагь хъантIарав,
Гьаваялде вахана.
Гьасул цIар улкаялъул
ИгIланалъ чIахIа хъвана.

Гьасулъ чIегIерлъун ракIгун
НекIсияв гьесул гьудул
Гьалдолеб жахIтаялъул
ГIасияб цциналъ чIвана.

Цогиявин абуни,
Машгьурлъи хIехьечIого,
Гьаб мехтараб рохелалъ
Рехун арав тIагIана.

ТIокIаб гьелдаса нахъе
Гьабилан жо хутIичIо,
Жакъа дица бицараб
Гьаб бицен тун цогияб.

## КIИГО МАДУГЬАЛ

РукIанила, рукIинчIила,
Ругила гьабсагIатги
ЦохIого пишаялъул
КIиго поэт – мадугьал.

Гьел лъикIал гьудулзаби
РукIине бегьулаан,

Цого пиша букIиналъ
Гьоркьоб къед бицалъана.

Цоясул тIехь бахъана –
Цоясул макьу хвана.
Хадусесул бахъана –
Гьасулги хIалхьи хвана.

Гьедин издателазул
Иргадал бухулеб цIер
Исана щуго нухалъ
Хисанилан рагIана.

Цоясул кечI ахIани,
ЧIолеб цояб радио.
Цогиясул ахIани,
Бекун цIадаб лъолеб гьеб.

Цояв телевизоралъ
Вихьизе гьавун хадуб,
«Хванин гьабин» абула
Инсуца лъималазда.

Цогияв вихьанани,
«Борхьихъ балагьейилан»
БукIуна рокъоб гьаракь
Гьесул мадугьаласул.

Кибниги лъицаниги
Мадугьал вецщанани,
Живго вац вукIаниги,
Гьевгун кIалъазе гьечIо.

Цоясул кочIол рахъалъ
ЛъикIаб рагIи абунин,
Лъадигун ватIалъарав
ЛъагIелалъ рекъоларо.

Хадуб критиказде
Жулги цIалги хьвагIула,
Цоясул цIар рехсани,
Цогияв кIочонани.

КIиялго рехсанани,
Гьеб мехалъги рагъула,

Зазги тIегьги цадахъищ
Цо бакIалда лъолебан.

КIиязулго рахъалъан
Цо рагIи абичIони,
Щибасул, жив кIочанин,
КIудияб ццин букIуна.

КIиялго каканани,
Критикал, хвана гьел, –
Поэтаз гьаб Дагъистан
Гьаргьазабила тIолго.

РукIанила, рукIинчIила,
Ругила гьабсагIатги
ЦохIого пишаялъул
КIиго поэт – мадугьал.

КIиялго гьал – гьоркьохъеб
Гьунаралъул гIадамал,
Пайда щиб цояв дова,
Цояв гьанив гьечIелъул!

## ЗАХIМАТАБ ТАМИХI

Художникасул ккана
Цо кутакал гъалатIал,
Газеталда какана,
Критиказ чухIана.

Жидер ццин загьир гьабун,
Ораторал кIалъана,
Гьаниб цохIо лъикIаб жо
Хехго мукIурлъи бугин.

Цояс гьадин абуна,
Цояс додин абуна,
Гьасие тарбиялъе
ТамихI, гIадлу ургъана:

«Художникалъа вахъе,
Хъулухъалдаса рехе;
Хъваралги рахъаралги
Асаразда печать чІвай.

Литфонд, поликлиника...
Гьениса махІрум гьаве,
Гьаб улка тун бокьараб
Ракьалде айин абе...»

Дара-дара, дарара,
ДагІбадана киналго.
Цинги гьоркьосан вахъун
Цо пуланас абуна:

«Дида лъала бищунго
ЗахІматаб тамихІ гьасий.
Гьев пакъирасда тІад къай
Рокъоб ремонт гьабизе.

Гьелдаса квешаб гІазаб
Кинабги букІинаро.
Дир гІекколеб рукъалда
Гьикъе божичІонани».

## ЦЦИНГИ РОХЕЛГИ

ВукІана кІиго шагІир
ЦохІого гІумруялъул.
Цоясул игІланаз цІун
ЦІар кибго тІибитІана.

Цогияв гьоркь хутІана
Хадув валагьун ццидакь.
Гьесда хІехьезе кІвечІо
Гьеб хІал, жахІдаялъ хвана.

Цогиясги баччичІо
Дагьабниги машгьурлъи,
Цодагьаб мехалдасан
Гьев рохалица хвана.

Ракъиги бегъуларел,
ГІорцІиги хІехьоларел –
ХІикматиял гІадамал,
ГІажаибаб дуниял...

## КЪО-МЕХ ЛЪИКІ, ЧАГЪИР

Лъеберго соналъ дургун
Дир гъудуллъи букІана,
Гьанже мун рехун тезе
ЗахІмалъун буго дие.

Чанги къечарал соназ
Къайицадахъ букІараб,
Къо лъикІ, гьекъел, гьанже нилъ
РатІалъизе ккун руго.

Дуде дир гІайиб гьечІо,
ГІайибав дунго вуго.
ГІемер рохел, къварилъи
Дуда цадахъ ана дир.

Дица мун какиларо
Киданиги гІумруядъ;
ГІезегІан кеп букІана
Дуда аскІоб, къо-мех лъикІ.

Мун боржом, нарзаназухъ
Босулеб лъин букІинчІо, –
Лъадигун чан нухалда
Мун сабаблъун вагъарав?!

Гьаб цо чайдахъ мун хиси,
Херай кІодоги ячун,
Йиччан дирго бахІарай
Йокьулей тей ккола гьеб.

Дие цІакъ рокьулаан
Дур кьералги, дур махІги,
Данде тункулеб мехалъ
Бокалазул гьаракьги.

Гьел кIутIбузда хъвалелъул
Цадахъ гIодой йикIарай
ГIолохъанай ясалъул
Дангъвадул багIарлъиги.

Дие цIакъ бокьулаан,
Гьобол-гьудул вачIингун,
Гьурмадаса бахъулеб
Дур пардавазул хъахIлъи.

Амма мун, шишаялъул
Чохьониб кинигинан,
Чагъир, дир ургьиб гьанже
Рекъолеб гьечIо кинго.

Дуца чIухIизавурав, –
Цогидал гIадамазда
Ццидалабгин гIадалаб
ГIемер абун батана.

Сардаца мунгун вукIун,
Къо тIаде щвараб мехалъ,
Къан унтараб бетIергун
Ватула ничалъ чIвалев.

Сонисел гъалатIазухъ
Жакъа гIундул кьурулеб,
ГIумру гьабизе къуват
Дир къаркъаладул гьечIо.

Гьелъин, некIсияб гьудул,
Дица гьарулеб дуда,
Гьанже хаслихълъи щванин,
Дида тIасалъугьаян.

Мун гьечIого гIезегIан
ЧIалгIун букIина дида, –
ЧIалгIараб намусго лъикI
Гьерсилаб кепалдаса!

Гьанже ракьалде балеб
ЦIидасан гIазу буго.
ГIолил поэтал руго
Цадахъ вилълъаян дида.

Дица абулеб буго
Ургъалида, пашманго:
Айилан нуж, къо лъикIин,
ЛъикI букIа, дир чагъирин.

## ГЬЕКЪОЛДУХЪАБАЗ КЪАСИ АХIУЛЕБ КЕЧI

ЧIахъаги бокалазул
Музыка, гьудулзаби!
Гьазул зирарал гьаркьал! –
Ракьги зобги цолъула,
Гьайт-вайт, гьайт-вайт!

ЧIахъаги шампаналъул
Шушбузул кьвагьи, васал!
Кьурабазда гъугъазе
Риччай нилъер салютал!

Кьвах-кьвах, салют,
Кьвах-кьвах, салют!
ЧIахъаги гьаб гьаналъ цIа,
ЦIибил чIинтIун бахъараб!
ЧIахъаги магIарда цIад! –
ЦIани доре щун руго.
Дерхъаб, сахлъи,
Сахлъи, дерхъаб!

ЧIахъаги гIанчIаб рокьи,
Микьир гIадай цо гIадан!
КIал-мацI гьаб лъиналъ хулун,
Хадуб букIинеб лазат!
Зир-зир, зир-зир!

ЧIахъаги гьаб гьудуллъи,
Цоцазул би жубараб!
Цоцалъ тункун бокалаз
Даим мухIкан гьабураб!
Воре, тIе, тIва!
Воре, тIе, тIва!

**ГЬЕКЪОЛЕСУЛ РОГЬАЛИЛ КЕЧІ**

Вай, ракI кIвекIулеб буго,
БетIер кьвагьулеб буго!
Дида сверухъ гьал шушби
Щибулел, нахъе росе?!
Вай, вай, вай, вай!

Бокалалъуб кинигин,
Гьаб дир черхалда жаниб
Чагъир рекъолеб гьечIо.
Вай дир гьумер, бахче гьаб!
Цо пайда щиб, пайда щиб!...

Дун вукIана гьекъолев
Рохалий, талихIалъе.
Гьекъон батана дирго
ТалихIгин рохел чIвазе.
Унго, унго, унго, цо!..

Дица бокал борхана,
Воре босе сахлъиян.
Сахлъи гьанже киб бугеб? –
Шишадул тIинда буго.
Огь, огь, огь, огь!..

Дица лълъарал рорхана
Гьудуллъиялъул рахъалъ.
Гьудулзаби кир ругел? –
Киналго тIагIун руго.
Вай дунял, дунял, дунял!..

Дица чагъир гьекъана,
Чагъиралъ дун гьекъана.
Гьекъана гьелъ дир гIакълу,
Бикъана дир гIаданлъи.
Агь, агь, агь!..

Юргъан тIаде бачуна
Нечеялъ къо бихьизе.
НуцIил кIалтIа дир лъимал,

Лъадул тIелхазулъ магIу.
Вай эбел, эбел, эбел!..

## ДАРАНЧИЯСУЛ КЕЧI

Щибасул буго макьу,
Дир макьу – бича-хиси.
Щибасул буго рокьи,
Дир рокьи – хиси-боси.

Дир как – учузго боси.
Дир кечI – хираго бичи.
Хайир, хайир кисанго! –
Гьеб дир даимаб лозунг.

Дарара, даран, даран,
Дарара, даран, даран!
Хвалил унти кканиги,
Дий цохIо дару – даран!

Цебе чабхъад унаан,
Чияр ракьал рахъизе.
Чи хвечIого, гьадинго
Дица бахъанщинаб бакI!

Бакуги, Тбилисиги,
Ташкентги, Бухараги,..
Огь, шагьасул Тегеран,
Щолебани цо дихъе!

Дарара, даран, даран,
Дарара, даран,даран!
БатIияб щибго гьечIо,
Цо даран, даран, даран!

Хъулухъ, махщел абула,
Пиша – гьунар абула.
Политика кинабго
Дармил базаралъ буго.

Бице, борце, цIай, къотIе!..
Гьаб «рагъда» къезе чIоге!

ХарцІе, бацІе, къунцІ-къунцІе,
Хъаме, хъарсе, хъарс-хъарсе!..

Дарара, даран, даран,
Дарара, даран, даран!
Давай ахираб багъа,
Давай квер, ккана къотІи.

Даран гъукъун бугилан,
Мех-мехалда кІалъала.
«КІудияб театр» къай, –
Дир театр жибго те!

Гъаб буго дир эрмитаж,
Гъаб – дир академия.
Инаан космосалде,
Доба даран батани.

Дарара, даран, даран,
Дарара, даран, даран!
Цоялъухъ анцІго босе,
АнцІгоялъухъ цо босе!

Дараналь мина бала,
Лъади, хъизан гъабула,
Лъабго дий бокьаниги,
АнцІго дий бокьаниги.

Жанив лъуни туснахъги
Дие тукен букІина.
Базабахъ ххамил тупалъ
Гурони хвезе гьечІо.

## КІИГОЯВГИ ЛЪАБАБИЛЕВГИ

КІиго шагІир вукІана
Даим цоцалъ рагъулел,
Цоцада къого соналъ
Саламгикьун кІалъачІел.

Вахъана лъабабилев
ЛъикІав кІудияв шагІир.

КIиялго гьал рахъана
Гьесул мукъулукъ кквезе.

## ЯХI ГЬЕЧIЕЗУЛ КЕЧI

ЯхIалъ чехь гIорцIуларо,
Чадица гуронани;
ЯхIалъ черх хинлъуларо,
Чухъица гуронани.
ЯхIалдаса рухIни щиб,
Цо шагьи гIарцулго лъикI.
ГIарцухъ щиб босилеб!
ЯхIалъухъ щиб босилеб!

ЯхI МахIамадие те,
Дихъе цо тукен биччай!
Нич Мусал ГIисал букIа,
Дий квер базе база кье!
Кинабго хъамун, хъарсун,
Хъвала акт пожар ккани;
Бищун хъантIараб гIункIцин
ГIажаиблъун хутIила.

ЯхIалъухъ цIар босула, –
ЦIар гьечIого тIувала.
ЦIунизе напсалдаса
Нусго нухалъ бетIер лъикI.
ЯхI тезегIан, чехь бихъун,
Хвезе лъикIан рукIуна, –
Чехьалъе нусалдаса
Нус-нус грамалго лъикI.

ЯхI бугел хIалтIизе те, –
Дие цо хIакимлъи кье!
Цо жо щолеб бакI ккани,
Щибго батIалъи гьечIо.
ЯхI бугез дунял цIуне, –
Дица дунго цIунила.
ГIаздакь дун цIороларо,
ЦIадакь дун виччиларо.

Биччанте доба-гьаниб
Диде гӀайибал чӀвазе.
ГӀайибал къватӀахъ руго, –
Дир къед борхатаб буго.
Биччанте бокьараца
Бокьараб рогьо базе,
ЯхӀ гьечӀезе гьеб буго
Гьадаб тӀохде балеб цӀад.

Дикъе Потребсоюз кье,
Гьеб гьечӀони ГАИ кье!
Гуронани Заготскот
Ялъуни заготсырье.
Ресторанал, трестал...
Те, гьаве базаркомлъун,
Цо музыка букӀина
Киданиги букӀинчӀеб.

Абула, инсудаса
Намуслъуларищилан,
Гьезего гьечӀеб намус
Боссе дун киве инев?
Абула, лъимал гӀейгун
Щиб дуца гьабилебан;
Гьеб буго лъалареб жо,
Жаваб кьезе тӀамуге!
Гьаве дун квасул чилъун,
Гьаве дун кванил чилъун,
Курортторгалде витӀе,
ЧугӀил хъаравуллъун те!

Дир цӀали гьазие щай? –
Пиво чагъир, совхоз кье!
Прокурор туснахъал...
Те гьеб чӀанда, виччай дун!
Бокьарал кучӀдул ахӀе,
Дир как гьале нужее,
Амин!

## ЦЦИДАЛАЙ ЧӀУЖУЯЛЪУЛ КЕЧӀ

БетӀер гьечӀ, тӀагъур кӀодо,

КӀалъан вихьея цоги;
Дир ццин гьелегьарабин,
Гьанже кквезе вукӀа мун.

ЧӀобогояб къаркъала,
Къанагъдея нахъеги,
Гьанже дир къо бачӀана,
ВорчӀиларо дихъа мун.

Дир къимат бичӀчӀичӀев мун
Дир къисасалъ зурила.
Дир лъикӀлъи лъачӀев дуда
Дица михир бачина.

Гьел дур михъал цӀацӀала,
Гьумер, хвенех хачала,
Хадуб рухӀарал гъуцӀдуз
ЦӀан дур берал рахъила.

БотӀрода тӀад чамгӀалаб
Чурул цӀураб хьаг лъела,
Чехьалъул цӀину бихъун,
ЦӀакдал лакай гьабила.

ТӀогьол къимат гьабичӀин,
Гьанже зазлъун хӀенсела,
Рас баккулеб щинаб бакӀ
РукӀкӀабаца бикӀила.

Сундего ячӀинаро
РечӀчӀулеб кьабулелде,
Кьуру биххизе гьабун,
Рехила дуда тӀаде.

Киб бакӀалда щваниги
Щибго балагьиларо.
Дир ражибух бихьанищ? –
Вухила, чухӀила мун.

Дий щибго ургъел гьечӀо
АхӀулеб-абулелъул.
Дир ахтудал, дир хӀацӀул
ХӀоринив гъанкъила мун.

Дир хьандей, дир нагӀана

РагIигун вукIина мун.
Гьаб ине бакI тIагIараб
Инжитлъиялъ чIинтIулев.

Дица тIамизе вуго
Мун, тIарсиниб лъимги тIун,
Лъималазулги дирги
Даим ретIел чуризе.

ВитIила мун гIеретIгун
ГIурухъе лъим босизе,
Вуссун гIодов чIеларев, –
ГIака бечIчIизе кколеб!

Дица, дун рослъунги чIун,
Мун лъадилъун гьавила.
Гьал дир малъахъ хал гьабе,
Хучдул гIадал бегIерал!

Мун цохIо шуранани,
Гьаз дур щекъер къан кквела.
Гьал дир цабзахъ хал гьабе,
Хунжрул гIадал рекIарал!

Нагагь мун данде чIани,
Дун тIохазде яхина –
Юхулей йигин дуца
Дун хвасар гьаейилан.

ТIад бугеб партал тIутIун,
Гьумер хачан, черх чIва-чIван,
Дун чIвалей йигин росас,
ЧIичIидила, ахIдела.

Лъади инжит гьаюлей
Феодаласе гIадлу
ГьечIищ кибгоян абун,
Канцелярал рухила.

Руччабзе ихтияр
Кагътидайищ бугебан,
Кkве гьав зулмучиясул
Заралилан гIодила.

Щвела судиязухъе,

СихIираб магIу тIела,
НекIсияб гIадат цIунун,
ЦIада лъолей йигин дун.

Ина милициялде,
Дица гьезда абила;
Унтулареб бакI гьечIин
БакIал зараз черхалда.

Дица стол бухила,
Гьелда тIад цIер бекила,
Прокурор, киб бугеб
Квешлъиялъе тамихIан.

Дунго дица чIвалалде
ЧIезаве дир росилан,
Дица унтараб гIарза
Обкомалде битIила.

Руччабазул ишазе
Добе цо хасаб отдел,
Хизриева ПатIимат...
Гьелъ бетIила дур бетIер.

Гьелда къокълъун чIеларо,
ЦКаялде кьела тел, –
Руччабазул гIарзабахъ
Доба гIин лъикI тIамула.

Дица хъвала: некIсиял
Заралал гIадатазде
ГIураб куцалъ рагъ гьечIин
Гьаб Дагъистаналдайин.

Дун чIеларо щибунги,
Щвела ООНалдецин...
Гьебмехалда вихьила,
Огь, бихьинчи, дида мун.

Дове-гьанив ахIила,
Комиссиял рукIина;
Докладазда какила,
Газетазда рехсела.

Босун духъа партбилет

Бюроялъ нахъе лъела,
Дур гьечIебги тIад жубан,
ТIолго халкъалъ бицина.

Рокъоса къватIив гъела,
Лъимал цадахъ ритIила;
Цогиясе дунго ун,
Алиментал рахъила.

Гьаб нилъер боцIиялъул
ЦохIо нацI дуй теларо;
Дицаго мацI бахъила,
Нахъе жо цIуниларо.

Цинги дуде семила
Киналго собраниялъ,
Щибго жо къавулъ течIев,
Къарумав хIалихьатин.

Ццинги хIилаги цолъун
ХIалтIудаса хъамила;
Цогияй ячанани,
Гьейги гьарчица чIвала.

Гьеб кинабго тIубайгун
ТIела, лълъар цIезе гьабун,
БетIер гьечI, тIагъур кIодо,
КIалъан вихье цойилан.

Цингиги гьеб гьекъела,
Къисас босарай дица
Дир ццидал къуват лъачIеб
Дур къаркъаладул рахъалъ.

Руччабазул ццидаца
ЦохIо мунали гурин,
МугIрул гьетIизарула,
Гьеб лъазе ккола, ахIмакъ!

Нижер гьерсазул къуват,
Къисасалъул гIасилъи! –
ГIалам мутIигIаб буго,
ГьетI-гьетIуге мун, вахьна!

# ГЬУРА-ГЬУРА, ГЬАРА-ГЬАРАЙ

*(Цидалал жахIдачагIазул кечI)*

РагIанищ дир мадугьал,
Гьумайил гIака хвараб?..
Гьура-гьура!
Дур гьудул ПатIиматил
Рукъалда пожар ккараб?
Гьура-гьура!
Касал яс гIинкълъун йиго,
ГIалил яс рекълъун йиго.
Гьура-гьура!...
Дур яцалъул ясалъе
Гьей росасе иналде,
Босанщинаб цIарагIги
ЦIогьаз бикъун ун буго.
Гьура-гьура!...
РагIанищ ГIалибегил
ГIиял бацIахъе ккарал?...
Гьура-гьура!...
ГIусман чодаса вортун
ЛъикIго чухI-чухIун вуго.
Гьура-гьура!...
Гьиматил цIияб Волга
Бегун чIинтI-чIинтIун буго,
Гьура-гьура!...
Сон ратIалъун рагIула
БатIалги Супайнатги.
Гьура-гьура!

Хъулухъалдаса хъетан,
Хъамун рагIула ГIумар.
ГIемераб растараталъ
Муса судалде ккана;
СагIал диссертация
Вакалъ нахъе чIван буго;
ХIажи институталде
Исанаги восичIо...
Гьура-гьура!...

ЧIухIун вукIана поэт,
Гьесул тIехь критиказ

ТIамач гьоркьоб течIего
Щущазе гьабун буго.
Цоги нилъер росулъа
ГIисаев лъалищ дуда?
Гьесдасан гIарзал рачIун,
Комиссия рагIула.
Гьура-гьура!...

Ваба-ваба, вабаба,
Вара-вара, варара!
Гьара-гьара, гьарара,
Гьура-гьура вай гьура!
Цоги хабар рагIана
Халкъалъ росулъ бицунеб;
Жахдагун цциналъ нилъер
Цаби чIикIун ругилан.

Гьел рахъизе гъуцIбиян,
МацI букъизе рукIкIбиян,
НекIого мех щванилан,
Клубалда бицана.
Риччанте гьел рачIине,
РачIаралго гьимила;
Гьезда нилъ лъазе гьечIо,
Ва гьара - ра, гьара-рай!

## ЦО ГЬОБОЛАСДЕ

Дуца каву рагьана,
Кутакалда вохана.
Дур квер босараб мехалъ,
Дагьавги цIакъ вохана.

Хадур гIодор чIаралго,
Хадуб хабар бицингун,
Гъасда цIа кенчIараб куц,
РекIей кеп букIараб куц!

Хадуб балагьун, лъалхъун,
Дуца даптар рагьигун,
Дагьаб ургъел речIчIана,

Унтараб гIарз батилин.

Амма гIарзал кIочана, –
ГIарз-мацI гьадингояб жо,
Гьале, гIенекке цоян
Дуца кучIдул цIалигун...

ЛъикIав хирияв гьобол,
Дуца гьабураб хIалтIи!
Гьумералде данде ккун,
Мугъ берцин бихьана дур.

## КIАЛДИБ БОРТА, БАГIАРГIЕЧ

Дир хазина – хиялал,
Хурзал, ахал – анищал.
Дида хIалтIи лъалаларо,
ХIалтIуда дун лъаларо.
ХIалтIани дун хIалтIула
ХIарччида нахъа кIвахI тун, –
КIалдиб борта, багIар гIеч!

Гьаб ракь багъараниги,
Дун вагъаризе гьечIо;
Гьал рукъзал реганиги,
Вегарав кьуриларо.
Щиб кьвагьи гьабуниги,
Кьижарав ворчIиларо, –
КIалдиб борта, багIар гIеч!
КIалдиб борта багIар гIеч!

Дий рагIад къваригIуна, –
Хъутаналда бакъ буго.
Дие бакъ къваригIуна, –
МагIарда гIазу буго.
ГIодов вегун, кьижунги
Нуж гIадин, свакала дун, –
КIалдиб борта, багIар гIеч,
КIалдиб борта, багIар гIеч!

ГьабичIесе гьечIилан
ХIинчI магъилъ ахIданиги,

Дир квералъе лъикIаб бакI,
Лъала, чвантиниб буго.
Нужеца гъабизе те,
Гьелъул бицине дун те! –
КIалдиб борта, багIар гIеч!

## ЦО ДРАМАТУРГАСУЛ ПЬЕСА БИХЬАРАБ МЕХАЛЪ

Востокалда паранжалъ
Гъумер, берал рахчарай
Гьай гIадан щийдайилан
Щурщула гIолохъаби.

Щибго кьелин, цодагьалъ
Гъумер рагьеян абун,
Гьай йихьизе хьулалда
Хьвадула гIащикъзаби.

ЦIакъго гьал хадур чIедал,
Цо херлъарай кIодоца,
КIалги жирун, майилан
Пардаво рагьун буго.

Риххун ккун, гIолохъаби
Рахъ-рахъалъ тIурун руго,
ТIокIаб согIаб сурукълъи
Жидеда бихьичIилан.

Гьединабго хIал буго
Гьаб дур пьесалъулги,
Пардав рагьаралдаса
Къаси театралда.

СагIтиде къулун руго
Пардав кида къалебан,
Къватир кIанцIизе нуцIби
Кида рагьулелилан.

## РАКIАЛДЕЩВЕЯЛ

I

Дир букIана цо рокьи,
ЦIакъ цебесеб байбихьул;
БукIана тIереneб лъар,
Лъин гьекъезе хIинкъараб,
Гьанже дун вугеб гIищкъул
ГIоралдаса тIун араб,
ГIумруялъ хисизабун
Цогиязухъе ккараб.

Гьеб гьитIинго букIараб
РакIалдаса анищан,
Дида цо-цо гьикъула
Цересел сухъмахъаца.
Дида гьел цере чIола
Басмаялде рахъичIел,
Амма рихъун рехичIел
Цо-цо мухъал кинигин.

Дир букIана гьеб рокьи,
ГIужде щвелалде лъараб,
Гьегьал гIолохъабазе
ГIад-хочIалъе жиб ккараб,
ГIараниб ЦIолокь рагIал,
ЦIадай кIи рикьулеб нух,
Хундерил клубалда
Къаси кино «Чапаев.»

Хъаладул ганчIазда хъван:
Дойги дунги плюсин,
Цоцалъ тенколел ясал,
Гьеб иксалъул захIмалъи.
Жеги хъвачIеб тIехьалъул
ЦебeрагIи гIадинан,
Дица цадахъ босана
Дарсда кьечIеб масъала.

Дир букIана цо рокьи,
ЦохIониги къвал бачIеб...
Цо нухалда ккана къец,
Къана дир тIокIкIараб ищц.
Дой яс дида кIалъана,
Жий кIалухъ рехсогеян...
...КIикъого хасел ана,

Херлъана дойги дунги.

Амма букIананиги
ТIоцебе лъараб асар,
Лъимер гIадин, угьдула
Гьаб дир каранда жаниб;
МугIрузда тIад кунчIула,
КIкIалахъ жаниб тIерхьуна,
Жакъа дой данде чIвайдал,
Дагьаб хIалцин хисула.

II

Доб Гъуниб борхалъи, Гъуниб борхалъи,
Бигьародул гъутIби, тIугьдузул сиял.
Чвахулел лъаразул лъин гьекъолеб моцI,
АнцIила анкьиде сверулел сонал.

Сардил мех,ЧIарада – авар театр,
Дун актер гьениса духъе вачIана,
Цо рагIи абизе, цо балагьизе,
Цинги добго нухалъ ЧIараде ине.

Гъуниб майданалда, мугIрул ахада,
Рахарал минаби, кватIарав гьобол,
Сберкассаялда аскIоб гьабураб
ГьитIинаб рукъалъул къваридаб горду.

Гордухъ дир сас рагIун, гьеб къирун ана,
Къватие ячIана хIикмалъарай мун,
Гъажалде рехараб гIадатияб шал,
Щай, кисайин абун цIехолел берал.

Дида берал гуреб гьумер бихьичIо,
Гьеб дур квер лъухьана. Берцинаб Гъуниб!
Мун, дагьай хIинкъадго, я бокьичIого,
Гъоб гъоркьегIан бугеб кьурде йилълъана.

Гьеб кьуру нилъеда лъалеб букIана,
Дун вукIана гьанив цо къоялъ цеве,
Дица сценаялда фашистал какун,
КечI цIалун букIана Испаниялъул.

Доб мехалъ дур берал, дур босараб квер
БукIана балъголъи лъазе хIасратаб.
Дун вуссана гьанив гьудул Закугун,

Пардаво рагьизе гьеб асаралъул.

Мун балагьана, сон букIараб жоян,
БукIанин махсара, гIайиб чIвагеян,
Жидер тIалиялда гьал гIадамаца
ГIадамалъ артистал рикIкIунарилан.

Огь борхатаб тIалъи, тIадегIанаб ракь!
Ракьулъ рукъаразул занал кисанго.
ЦIваби балагьула, гьеле гьединин,
Гьал гьутIби кIалъала, жеги мун васин.

Дун вуцIцIухIун чIана, квер нахъе цуна,
Цебеса тIерхьунеб доб шал бихьана.
Дунялалъул бакьулъ анцIила анкьилъ
Рокьуца гуккарав дунги хутIана.

Дун дур гIолохъанав актер, театр,
Телебищ дица мун гьанже кидаго?
Телебищ сцена, авар росабалъ
Доб Испаниялде цIалулел кучIдул?

БукIана сардилъ мех, доб борхалъуда
ХутIана дир рокьи, дой нахъе ана.
ГьитIинго лъукъараб къваридаб ракIгун,
Сверана дуниял дица кисанго.

Гьоркьоб араб щинаб кIудияб гIумру,
Рокьулги рагьулги ругьнаца цIураб;
Амма щибаб нухалъ, Гьуниб борхалъи,
Дида гьаргьар бала дуда бер чIвайдал.

Гьениб чвахиязде гьетIараб мехалъ,
Гьумерал рихьула батIи-батIиял...
Сберкассаялда аскIоб гьабураб .
ГьитIинаб рукъалъул горду къан буго.

Амма улкаялда, киве щваниги,
КечI цIалула дица бугеб рухIалда
Дирго рокьиялде, Испаниялде,
АнцIила анкьида байбихьана доб.

III

Айтберов Гъазияв,

Цояб бер дагь сверарав.
Сукайнат рекIелъ йиго,
БукIараб иилъер концерт.

ГIарани школалда,
Клубалъул горсверулъ
Гулишатги, Сакиги,
Ццин бахъарав ГIусманги.

Цинги гIахьвалазул ракь,
ТIадмагъилъ доб богIол хур.
ТIаргъинибе бортизе
КъачIан бугеб гIадаб моцI.

Мунги-дунги сверана...
Сукайнат чидай ана.
Цо гIахьвалай ячине
ГIемерав кватичIо мун.

Доб букIана июнь моцI,
Айтберов Гъазияв.
Мун рагъда гуро чIварав,
Рагъалъ чIвана, дир гьудул.

Дун лъугьана магIарухъ
Дагьав рагIарав инсан.
Дой Сукайнат цо нухалъ
Хунзахъ йихьана дида:

Тукадаса цо кило
Конфетазул босулей,
Ясалъе алгебрадал
Ахираб тIехь цIехолей.

ГIахьвахъе тIокIав щвечIо,
ТIадмагъилъе ваккичIо.
ТIаргъиниб моцI бортичIо,
Айтберов Гъазияв.

**РОКЬУЛГИ ТАЛИХIАЛЪУЛГИ МИНИСТР,**
**КУВЕЙТАЛЪУЛ ХЪВАДАРУХЪАН АЛЬ ЛЕЙЛАЕ**

**КЬОЛЕБ ТIЕХЬАЛДА ХЪВАРАБ**

Госпожа Аль Лейла, къаси дур рокъоб
БукIараб къалъи дилъ хутIила даим.
Дун ВатIаналдаса рикIкIад вукIана,
Дуца гьеб аскIобе бачана дихъе.

Госпожа Аль Лейла, рагIарай, лъалей
Цо-цо къирал йиго къватIиб бакIазда.
Курхьиналда бараб жавгьар кинигин,
КенчIола мусудул министерзабалъ.

Амма букIаниги расхалатахъе
Министерзабазул портфель дагь щола;
Дир букIа, дур букIа – киналго бакIалъ
Гьал кабинетчIаги руччаби гуро.

Нагагь цо-цояхъе культура кьола, –
КочIолги кьурдулги иш нужей гIолин;
ГIадлу-низамалъе, рагъул ишазе
Бихьиназул гIакълу къваригIунилан.

КъватIисел ишазе, оборонадай
Улкабаца божи нужее течIо.
Нижер милиция, нужер полица, –
Погонал гъуждузда гъозда ран руго...

Гьенир ругел щинал бальгоял накIкIал,
Дун гьезда щибниги рекIекълъун гьечIо.
РукIа кабинетал гьел господазул, –
Дун министеразул росулъа гьечIо.

Дун кочIохъан вуго, кочIол улкадул
Буго цо хIукумат ХIасратин абун.
ХIаким гьечIониги.дун асир вуго,
ГIищкъул намусалъул, рокьул чиналъул.

Дица честь къасиги радалги ккола
Ралел къвалазегун берзул къвакидай.
Рокьул хIукуматалъ хIукму гьабуни,
Гьаб бетIер къотIизе къабулав вуго.

Дун гьаб гIищкъуялъул колониялъун
Кидаго вукIине къачIарав вуго.
Берцинал ясазул полказе даим

Окупациялъе думалъ кьела черх.

Дида лъала, гьечIо гьез бахъулареб
Хъалаги, шагьарги, щулалъул гохIги.
Гьез кIалалъ щурулеб цо-кIиго рагIулъ
Руго кIулал тIолго тIабигIаталъул.

Гьел дир къисматалъул министерзаби,
Къаси макьилъги дун гьелгун вукIуна.
Гьеб дир ХIасраталъул хIукуматалъе
ХIадурав фанатик гьаб гIумруялъ дун.

Гьениб хIалтIулесе – хIинкъи гьукъараб,
Гьереси лъалареб, карьера гьечIеб.
Гьениб кабинетахъ гьари, гьа гуреб,
Приказал,хIукмаби, докладал гьечIо.

Дир ХIукуматалда – кечI, бакъан, бокал, –
Критикал руго унтарал чагIи.
Гьениб – бахIарчилъи, гьунар, берцинлъи,
Бецлъани бецлъула цо-цо талихIалъ.

Гьениб пашманлъицин гьайбатаб буго,
Балъголъи – цо рохел, къаси мех жеги
ХIалтIул къоял гьечIо, къаси мех жеги
Къалъизе гьабула рекIел цIаяца.

Гьенир орденалгун указал гьечIо,
Бюрократизмаги щибан лъаларо.
Бихьиналълъ сурукъаб, руччабазулъ гьелъ
Нич-намус, чIурхIун щиб, тIубан бухIула.

Гьаб дир ХIасраталул хIукуматалда
КигIан унтаниги бюллетень гьечIо.
Кидаго бахIараб, пенсия гьечIеб,
ГьечIо дий, хирияй гьадинаб улка.

Гьанир хабал гьечIо, хвел букIунаро,
Гьаб рекIараб чирахъ даим сунаро.
Гьаб дир ХIукуматалъ цIунун хутIана
Хиросима гIадин бухIичIеб дунял.

...Госпожа Аль Лейла, инкар гьабуге,
Гьари къабул гьабе Дагъистаналъул:
Къаси дица тола талихIгун рокьул

Даим хисуларей министрлъун мун.

* * *

*Михаил Луконинние*

Жакъа, Михаил Кузьмич,
Кагътазулъ хъерщолаго,
Дур нскIсияб тел батун,
Токалъ цIунцIрахана черх.

Москва Песчаналъул къватI,
Мунги дур гьве Ташикги...
ТалихIал сардал, къоял
Цере рачIана дида.

Къаси Курский вокзал, –
Дуца нуха регIана
Дурго магIарул гьудул
Гьаб МахIачхъалаялде.

Мун тана, перрон тана,
Поезд ана, мех ана.
КIиго сордо рогьана,
Гьелчана берзукь Каспий.

Вокзаланда рещтIингун,
Дица кверал росигун,
Кинаб хабар гьикъигун,–
Дихъе хехаб тел кьуна.

ЦIалана: нахъ вуссайин,
Расул мун хехгойила,
Дуда хадув чIалгIарав
Михаил Луконинан...

Гьагъабго поездалда,
Гьагъабго вагоналда,
Гьоркьоб сордо бахъичIо,
Сапаралъ вахъана дун.

Гьадабго вокзалалда,
Доваса иичIев гIадин,

ДандчIвана дида гьудул
Песчаналъул къотIноса...

Релъахъаиа телалда,
«Товарищ, поэзия», –
ТаржамахIал рицана
Дуца гьелъул цодагьал.

...Духъе жеги гьитIинго,
Рокъоса араб мехалъ,
Эбелалъ, нахъ вусса мун,
Васан, тел бачIун буго.

Тракторазул завод
Сталинградалда
Духъ чIалгIун бугин абун, –
ЧIужугIаданалъул тел.

Хадуб Волга, гамида
Мун – Литинституталде.
Заводалъул гIолохъай
Нахъ вуссайин, Мишайин.

Финляндиялъул гIазу,
Чанагъазда рагъухъан, –
Духъ ралагьун рукIана
Москваялъул поэтал.

Киналго фронтазде
Телал, кагътал, ругьелал.
Киназулго цо магIна,
Мун чIаго вуссайила...

Мун кисанго вуссана
Киналго хвелаздаса
Хасало Москваялде,
Риидал Волгаялде.

Вуссана, чIорогоял
Кверал данде чIваниги,
ЧIобогояб ракI нижер
ГIолохъабазул гьечIин.

Вуссана улкаялде,
Вуссана гIумруялде,

«Товарищ, поэзиия», –
Гьале дунилан абун.

Щвана Тбилисалде,
Тирана Алма-Ата...
Дир хирияб Дагъистан,
Дур квер гьаниб босана...

Вуссана дунялалъул
ТIолго улкабаздаса.
Океанал нахъа тун,
Щвана дурго рокъове.

Мадрасалда вукIана
Яс гьаюраб мехалда.
Гьениса мун вуссана,
Гьиндустан лъикI букIаян...

Гьанже щиб жо гьабураб? –
Кисанго нахъ вуссарав,
Вуссунарев щай кинго
КигIан ахIананиги?

Дир духъе телал руго,
Дун духъ чIалгIун вугилан.
Дуца жаваб кьоларо,
Кьижарав ворчIуларо.

Яс кIудияй гIун йиго,
Волга балагьун буго.
Дур вуссунареб сапар,
Дур кидагосеб сордо...

Дур ракI нижелъ кIетIола,
Дур гьумер цебе чIола.
«Товарищ, поэзия» –
Цо гьелъулъ хутIана мун.

Дуца гьеб цIунараб куц,
Мунго цо цIуничIев куц!..
Михаил Кузьмич, вусса,
Рес гьечIо мун гьечIого.

* * *

*Наби Хизрие*

ХIасан вачIараб мехалъ –
ХIусен ватулев гьечIо,
ХIусен вачIараб мехалъ –
ХIасан ватулев гьечIо.

Гьел кIиялго хIалтIизе
Цадахъ кколел рукIана:
Цояс гамачI баччизе,
Цогияс къед гьабизе.

Гьебго къагIида буго,
Дир гьудул, дир кечIалъул, –
Цо гьоко къачIалаго,
Цогияб къиркъидулеб:

Пикру бачIараб мехалъ –
Бакъан батулеб гьечIо
Бакъан батараб мехалъ –
Пикру бачIунеб гьечIо...

Гьедин буго, дир гьудул,
Дирги гIемеразулги, –
Августалда – хъурайсин.
Хасало – щурунтIагъур.

Амма шигIру, чIва тIураб
ТIармида ахIизегIан,
АхIичIого рукIин лъикI
Лъайгун гIакълу бугезе.

* * *

*А. Кулешовасе*

Дуца дида абуна,
Кавказ гурин жидер ракь,
Казбекги Эльбрусги
ГьечIин жидер добаян.

Прометей вухьарал

Къураби жидер гьечIин,
ГохIал гIисинал ругин,
ГIорал чIахIиял гьечIин.

ГIазу биунареб бакI
Риидал нижер гьечIин,
Жал рохьазул чагIийин,
ХIоразул гIадамалин.

ГIери цIадуй бахъулел
Авлахъазул лъималин,
Жидер Каспийги гьечIин,
ЧIегIер ралъадги гьечIин.

Дуца дида абуна,
Амма букIананиги,
Жидер добаги бугин.

РагIанилан кканиги,
ЛъикI гIенеккараб мехалъ,
Цо хасаб свери бугел
Саринал жидер ругин...

...Дир гьудул, дур гьобол дун
Дур рохьахъ гIенеккана...
Гьел гъутIбузде руссарал
Белоруссал ратана.

Щибго рецц гьабичIого,
Цоцазде бутIрул гьетIун,
Бицана гьаб ракьалъе
Тараб жидер рокьул гьез.

Дир гьудул, дун – дур гьобол
Дур цIвабзахъ балагьана,
ЦIорорал дур хIоразул
МатIуялъур кенчIолел.

Камурал дур васазул
Берал ругин жалилан,
Гьез рицарал къисаби,
Къисматалъул хIикмалъи!

Дир гьудул, дун – дур гьобол
Дур Хатыналде щвана, –

Чан Хиросима бугеб
Хирияб дур ракьалда!

Рухулел руго цIурмал,
АхIулел руго цIарал, –
РухIарал росабазул
Сариназул пашманлъи!

Балагьун гIенеккана,
ГIенеккун балагьана, –
Чан Прометей вугев
Гьаниб Белоруссиялъ!

Лебаллъидул гьайбатлъи,
Гьунаралъул борхалъи, –
Гьаниб щибаб гохI буго
Казбекги Эльбрусги.

Цо ракIазул гIатIилъи,
ГIамалалъул хIеренлъи, –
Гьаниб щибаб хIор буго
ХIайранаб Каспи ралъад.

## МУХТАР-АГЪА

*М. Ауэзовасе*

Мухтар-агъа, цо нухалъ
Цадахъ ккараб мехалда,
Дица дуе цIалана
Дир тIалъиялъул кучIдул.

Дуца дида гьикъана,
Дир гьаркьахъги гIенеккун,
Лъица гьел кьураяли
Кьабулел хунжрул гIадал.

Дица дуда абуна,
Гьел гьаркьал дие кьунин
Кьурабазул тIалъиялъ,
ТIадегIанаб Кавказалъ.

Ниж мугIруца рикьарал,
Ниж мугIруца цолъарал
Миллатазул мацIазул
Бакънал ругин гьалилан.

Мухтар-агъа, мугIалим,
Мун дагьалъ гIенеккана,
ГIатIидаб авлахъалъухъ
Ургьалилъ балагьана:

Дир Казахстан бугин
Кавказалда релълъинчIел,
Я Казбек, Я Эльбрус
Эниб гьечIин цониги.

Амма бугин гIатIилъи,
Дий гIатIилъи бокьула,
ГIалам бачIанигицин
БакI гIелин киназего;

ВачIайилан жиндихъе
Гьоболлъухъе мун, Расул,
Авлахъги борхалъиги
Биччан теян цолъизе.

Мухтар-агъа, мугIалим,
Мун дида тIасалъугьа,
Дуде тIаде гьоболлъухъ
Мун гьечIеб мехалъ щвана.

Дун вачIине кватIунищ,
Мун ине гIедегIунищ?
Цадахъ мунги гьечIого,
Гьекъолеб буго кумыс.

БитIун буго, гIатIидаб
Буго дур Казахстан, –
Киназего бакI гIела,
Киназего чед гIела.

Ва амма дур цIаралъе
Гьеб гIатIилъи дагь буго,
Дагъистанги бахун гьеб
Инеб бихьана дида.

БитIун буго, борхатаб
Буго дун гIураб Кавказ,
Дун кваркьабиги риччан
Воржун щвана гьенисан.

Амма гьанирги руго,
Кивехун дун щваниги,
Дунялалда рихьулел
Рорхатал гIемер мугIрул.

Гьезухъ балагьаравго,
Дида ракIалде ккана,
Казбекги Эльбрусги
Абайги мунги ругин.

Нужер асаралъ буго
Борхалъигун гIатIилъи,
ГIагараб дир Кавказги
Казахстанги цолъун.

## МАРТИРОС САРЬЯНИХЪ ГЬОБОЛЛЪУХЪ

Арарат доб рахъалда,
Севан гьаб цояб рахъалъ.
Сарьян, мун кIиялдаго
Гьоркьов вуго, дир устар.

Доб рахъалда пашманлъи,
Гьаб рахъалда дур чIухIи –
ЧIван руго кIиялдаго
Дуца кверал, художник.

Цояб каранде дуца
Къан буго Армения.
Къвал бан буго гьайбатаб
Дур Восток – дунялалда.

ГIурцIмаца баччун унеб
Харил гъонохъ балагье, –
Хасел бачIананиги
ЦIунун буго дуца их.

Йихьулищ цо персияй,
Гьурмаде катан цIарай?
КигIан замана араб, –
Даим веказ бахIарай.

Египеталъул пальма
Гьаниб Армениялда
Дуда гурони кIвечIо
БечIачIого цIунизе.

Лъабго чIужу ячарав
Чи мунан вукIана дун.
Дур лъадул лъабабго ригь,
Лъабго сурат дур гIадаб.

Дун дур рокъов гьабсагIат
Пальмабазулъ сверана,
Гьегьал варанияздa
Востокалда тирана;

Басриябги цIиябги
Ереван данде чIвана,
Дуца гIадин ургъараб
Армения бихьичIо!

Дур гьутIбузул багIарлъи,
Дур чуязул багIарлъи!
Дуца хъахIилал тIугьдул
ТIокIал ричIазе тсчIо.

Армениялъ, дир талихI,
Духъ гьоболлъухъе щвана,
Аветик Исакянил
КучIдузухъ гIенеккана.

## НОДАР ДУМБАДЗЕЛ ЗОНОХЪ

Досул гьимиялда релълъун букIана
Гьав жанив тIупараб лъималазул ах.
Гьанже гьеб релълъуна магIил гарида,
Гьаб Грузиялъул бадисан унеб.

Гьас чIарал гъутIбузул тIогьол пашманлъи, –
ХIанчIаца кваркьабаз керен бухула.
Цо дур канлъи свана, кочIолаб Тифлис, –
Нанули, Нанули, гIодуге, дир яц.

Давидил гохI буго гьасда сардида,
Нодар, вахайила дир борхалъуде,
Гьаниб дур гIакълудал вацал ругила –
ГIасрабазул лъимал, гьалгун вукIаян.

Миккиялъул бусен – гьебгIанаб дур ах, –
Дуца жаваб кьода жив гьанив теян,
Гьаб Грузиялъул лъимал рихьизе...
Нанули, Нанули, гIодуге, дир яц.

ЧIегIераб ратIлилъан баккараб гьумер, –
Фонарь свана, свана дур гIумруялъул.
ГIагарай, данде къай къваридал лъимал, –
Нанули, Нанули, гIодуге, дир яц.

Гъов талихI гьаризе вачIарав гIакъил –
ТамихI бихьуларищ нилъей гьабураб.
Гъосул цIаралъе бакI ахикь гIолебищ,
ТIолго улкаялъул сиязда лъалеб...
... Нанули, Нанули, гIодуге, дир яц.

## ТАГОРИЛ РОКЪОБ КАЛЬКУТАЯЛДА ХЪВАРАЛ РАГIАБИ

КIудияв авараг, мун гьечIеб мехалъ,
ВачIана дун духъе. Дун кватIарав куц!
Дие гьанжелъагIан лъица гьукъараб
Дур рокъове щвезе? Дун кватIарав куц!

Щибго кIваричIоан, дур Калькуталда
Квер босичIониги, цохIо бер чIвазе
Мун вукIаравани... Унго, гьаб дунял,
Мун гIедегIарав куц, дун кватIарав куц!

Руго гьанир чагIи дур кечI рагIарал,
Дур калам рагIарал, дур квер босарал.
Бицунеб буго гьез щив мун вукIарав...

РикIкIадисев гьобол, дун кватIарав куц!

Щвана цогидахъе, цогидазда гъорлъ
Цо гурони гьечIев мун кив ватилев?
Цо-цояз абула мадугьаласда
Мун релълъун вукIанин. Дун кватIарав куц!

КигIан халатаб нух магIаруласе
Духъе щвезе ккараб? Дун кватIарав куц!
Щвезени щвана дун, мун гьечIеб мехалъ,
Гьаб дур минаялде. Дун кватIарав куц!

Цоги анцIго соналъ цебехун ани,
Цо мун вихьилаан. Дун кватIарав куц!
Мун доб Москваялде щвараб мехалда
Щуго сон тIубачIев дун кватIарав куц!

Гьанже Калькуталда вукIаравани,
Кисайилан абун кIалъалаан мун.
Дица Кавказалъул, дида лъавухъе
Дуе бицинаан... Дун кватIарав куц!

Амма дир гьанжеги кIиазарго рецц
КIиго улкаялда лъурал кьоязе,
Гималайги бахун, тIадмагIарулав
Дур рокъой вачарал бакъул нухазе;

Дур тIахьал, хъвай-хъвагIай, дур къалмал, кагътал
Гьезде къулизе дий гьаб рес кьуралъухъ;
Дур гъасда гIодов чIун, даим холареб
Хинлъи цадахъ босзе дие щваралъухъ.

Г ьаб дуниялалда авараг хола,
Лмма хутIула как киналго соназ,
Макка бихьарасда ХIажи абулез
Дур рокъой щварасда щиб цIардай лъелеб?!

**ДАВИД КУГУЛТИНОВАСДЕ**

Давид, мун кинан вугев,
Калмык авлахъазул вас,
Каспиялда гьабсагIат

Дур хIисабалъ вуго дун.

Нилъ дагьал хутIун руго,
Нилъ къанагIат дандчIвала;
Нилъер тIерхьарал къоял
Рохьор чундуллъун руго.

Гьел цIакъ батIи-батIиял, –
Валагьун вуго гьезухъ,
Гьегьал чанахъабаца
Чанги тункIал речIчIарал...

ЦIогьаз рикъарал нилъер
Чанги санал рукIана...
Саринaзе баркала
Нилъер гьудуллъиялъухъ.

Амма букIананиги,
РикIкIад хутIулел руго,
Дол цадахъал байрамал,
Цоги цIиял тIалабаз.

Цоцахъе хъвалел кагътал
КочIохъабаз тун руго, –
Зигара бан, тел кьабун,
Телефоналъ квер босун.

Давид, хадуб гIолеб гIел
Дуда лъаларогонищ? –
Лъаразеги бецIичIеб
Налъи хутIанщинаб дир.

Нахъа тарал нухазул
Хиялаца, пикрабаз
Гьанже Парижалдецин
Ине бокьулеб гьечIо.

Гьудулзаби, бокал тун,
Валокардин босарал,
Расул, тIеян рукIарал,
Гьанже тейилан ругел.

Бищунго къваридаб жо –
Нилъер гIумрудул гьакал,
МугIрузде рахунаго,

Эхере унел руго.

Радал дица газета
ХIинкъун кодой босула, –
КочIохъанасе хъвараб
Некролог батилилан.

Давид, дуда кидаго
Кколеб букIанищ, унго,
Аркадий Кулешовас
Квер босун телин даим.

Семен Гудзенго унин
Угьдилел рукIарал нилъ, –
Ана Миша Луконин,
Ана Сережа Орлов.

Переделкиноялда
Чан гьобол гьанже гьечIев,
Гьудул камуна нилъей –
Ярослав Смеляков...

Щвана Тбилисиялде
ГьитIинаб ахикье дун,
Эхетун буго зани
Нилъер Нодар Думбадзел.

ЗахIмалъана гIодарал
Лимучал берал дие,
Кинабго Грузия
ГурхIараб хIикмат хвана.

Ахирги бищун квешаб:
Кайсын хирияв ана, –
Ункъгоязул бищунго
Цебе бекараб гьоко!

Досул ахирияб кечI
Хасалил рахъалъ буго, –
Хадуб лъил ирга, Давид? –
– Ирга хвелалъе гьечIо...

Нилъ цIакъ дагьал хутIана,
ЦIунилин, гьудул рокьи,
Ракьулъ лъурал вацаца

Васият гьабун тараб...

... Давид, мун кинан вугев,
Кагътал хъвалин цоцахъе, –
Цинги адресал хисун,
Нилъ кирниги иналде.

## ГIАЛИМ КЕШОКОВАСДЕ НАЛЬЧИКАЛДАСА КАГЪАТ

ГъутIби тIегьалеб маялъ
Щвана дун Нальчикалде,
Щенелеб букIана цIад,
ВачIана дур рокъове.

ТIогьилал кавабазул
Киртаз дида абуна:
Кешоков рокъов гьечIин,
Дур гьобол рикIкIад вугин.

Дагьав пашманлъун дица
Дур Кабарда сверана,
Дир суалалъе жаваб
ГIемераз гьебго кьуна.

ГIалимица жиндирго
Шалушка рехун танин,
Рохелги кечIги досул
Гьанже Кабарда гурин.

Дица дир пикрабалъе
Гьел хабарал риччачIо,
Дур кочIол тIогьиб бугеб
Байрахъ дида лъикI лъала.

ВатIаналдаса тIуни,
ТIола чIваби бакъназул, –
Бакъназулъ бакъ паркъола,
Гьениб ВатIан бугони.

Нилъ лъараб лъеберго сон

Цоцалъ дагІбаданиги,
Дагъистан – дир каранда,
Кабарда – дур каранда.

Кавказ нилъер гІагараб –
КІиязего гІахьалаб,
Нилъер гІаммаб буртина,
ГІумруялъ хисулареб.

Нилъ сапаразда лъала,
Нилъ сариназда лъала, –
Рукъ къабул гьабичІезе
КъватІиб кеп букІунаро.

Дицани къватІиб щолеб
Чинги, хъулухъги, цІарги
ЩІада ТІалаялъусан
Унеб кІкІуялъухъ кьела.

Дуцаги, дида лъала,
Гьеб гьабизе букІана, –
Гьулак кІикІараб тІалъи
Поэтас хисуларо.

Гьеб дида лъикІ бичІчІана,
Гангаялъул рагІалда
«Дир Шалушкайин» абун
Дуца шурараб мехалъ...

... Гьединал хІисабазда
ХъахІаб магІарде вахун,
Дур нухалги, соналги,
Сариналги регана.

Цинги Кабардаялъе
Гьадабго суал кьуна.
Гьелъ абуна: Кешоков
Кивго, жиб тун, ун гьечІин,

Гьесул адрес хисичІин,
Аслу-кьучІ гьаниб бугин,
«ГІалимий – дун Кабарда,
Дуе – даим Дагъистан».

... ГъутІби тІегьалеб маялъ

Щвана дун Нальчикалде,
Щенолеб букIана цIад,
Кешоков гьанив вугин.

Кидаго гьев рекIарб
Чол тIикъва бекуларин,
ТIегьалеб бугин гьесул
Сариназул генугъветI.

## ГЬАБ ККАРАБ ИШ БУГО,
## УРГЪАРАБ РУГО

МахIмуд ГIабдулхаликъов,
ГIагарав чи, дир гьудул,
Дагъистаналъул артист,
Аваразул Насрудин!

Гьев дихъе вачIунаан
КучIдузухъ гIенеккизе;
ГIумрудул накъит гьабун
Гьанир-дора свердизе.

Дида лъалеб букIинчIо
Гьасул жаниб бугеб къасд,
Къаси театралъул
Сценаялъ бицана.

Дун вукIана залалда
АскIосел гIадамалгун,
ГIагараб магIарухъа
Дихъе щварал гьалбалгун.

Гьале рагьана пардав,
Гьимана цо лъалев чи.
Цинги лъикI балагьана,
Дун хIикмалъун хутIана.

Доба сценаялда
Дида цеве дун вуго,
Цебе-нахъе хьвадулеб
Паравозалда релълъун.

Гьаб вуссингин свери дир,
Гьаб релъиги ццинги дир,
Цинги Дагъистаналда
РагІараб мегІерги дир.

ХьвагІулеб квер дир буго,
ЦІалулеб кечІ дир буго.
Кар хъахІаб цидул тІомол
ТІад бигъараб дир буго.

Довищ дун, гьавищ дунан
Гьанире-доре руссун,
Дида аскІор ругезул
Берал ххенелел руго.

Хиялал хІисабазе
ХІукму хехго къотІана,
ХІамзатов цоги гьечІев
ЦІакъ кватІичІого лъана.

Театралъул артист
Дихъего свердилаго,
Суфлер жанив вукІунев
РукІниве вортун ана.

Бищун гъира – шавкъалда
ШигІру цІалулеб мехалъ,
Бекараб чІалу гІадин,
ЧІваркьан гІодов речІчІана.

Вай, жиндир рос чІванилан,
Диде заралги гьесун,
Зугьра гьаркьахинаго
Гьесда хадуй кІанцІана.

КІудияб балагь кканин,
Ургъалилъ, хиялазда,
Цадахъ хирурги вачун,
Хадув дунго вортана.

Вуго гьав грим, релъен
Чвахараб биялъ лъалъан,
Лъадул кверзукь дир гуреб
Жиндирго бетІерги лъун.

«Гъурарал хьолбогIучIал,
Дир кечIалъ гьабураб жо,
Дир гьудул, гIагарав чи,
ГIабдулхаликъил МахIмуд...

Дица кIикъого соналъ
Гьаб дуниял сверана.
Саринал цIалулаго,
Дун жеги гIодов ккечIо.

ЦохIо башдаб сагIаталъ
Дур гьелъие хIал гIечIо.
Гьанже духъа хутIарал
Хадур дица цIалила».

Ругънал квасквасулъ лъуна,
Катназ черх бухь-бухьана.
Цодагьаб рухI речIчIигун,
МахIмудица абуна:

«Бигьаяб букIун гьечIо
КочIохъанасул пиша,
Чияхъего хьвадани,
ХьолбогIучIал гъурулеб.

Цо талихI – кьурде вахун
КьуркьудичIев духъего! –
КIкIалахъе вортун арав,
Батилароан лага.»

МахIмуд ГIабдулхаликъов,
ГIагарав чи, дир гьудул,
Дагъистаналъул артист,
Аваразул Насрудин!

* * *

*ХIажи Шахназаровасе*

Жакъа къватIив вахъана,
Къваридаб гьури буго;
Гьудул кив вугевилан,
Каспидал ганчIал руго.

РекIел ургъел бикьизе
Кив вугев щулияв чи? –
Шахназаров ХIажи, мун
ВатIалъарав хех унго!

Ратаралгун дандчIварал
Саламатал гIолилал!
Амма дур сахаватлъи
Гьеб цIакъ хасаб букIана.
Дур салам цIакъ батIияб,
ЧIохъдерил щобазул вас, –
Шахназаров ХIажи, мун
ВатIалъарав хех унго!

Москваялъул вокзалал,
Перроназда мун гьечIо.
Чан адрес гьикъаниги,
Аспирант ватуларо.
Отпуск щиб лъугIи гьечIеб,
Щай вачIунарев, тохтир? –
Шахназаров ХIажи, мун
ВатIалъарав хех унго!

ДандчIвала кIияздаго
Лъалел цо-цо гIолилал,
ГIодун хварал, ракъвачIел
Дур эбелалъул берал.
Духъе тел киб битIилеб,
Кагъат хъвазе адрес щиб? –
Шахназаров ХIажи, мун
ВатIалъарав хех унго!

Вахъунарищ, чIалгIинчIищ
ЧIегIераб, бецIаб рукIниб? –
ЧIаголъи, рокьи, гIумру
Мун валагьулел ругин.
Дур поездал кир ругел,
Самолетал щибулел? –
Шахназаров ХIажи, мун
ВатIалъарав хех унго!

Нилъъ цохIого гIелалъул
Цадахъ гIурал рукIана.
Цо тIармида кIиго чIчIва,
Цояб тIун, бакъан гьечIо.

ТӀасалъугьа, цӀакъго дагь
Дур зонохъе щола дун, –
Шахназаров ХӀажи, мун
ВатӀалъарав хех унго!

* * *

ГӀумархӀажие

Бихъунищ кечӀ рехилеб? –
Гьеб цӀализе чи гьечӀо.
Бекилищ дица шиша? –
Щивгун цадахъ гьекъелеб?
Гьури пулеб бугеб куц,
РикӀкӀад щобазда гӀазу, –
Шахтаманов, щай дуца
Гьаб МахӀачхъала тараб?

Дида дандчӀвалел руго
ЛъугьинчӀел гӀакъилзаби:
Я гӀемерал гьекъарал,
Я щибниги гьекъечӀел.
Гьезда цадахъ гьекъараб
ГӀаракъидал багьа – лъим, –
ГӀумархӀажи, щай дуца
Гьаб МахӀачхъала тараб?

Рихьула щибаб цололъ
Цересел хӀакимзаби,
Жал рукӀараб мехалда
БукӀараб лъикӀин абун.
Гьал рукӀараб замана
Дида гӀумруялъ лъачӀо, –
ГӀумархӀажи, огь, щайтӀан,
Щай МахӀачхъала тараб?

ДахӀадаевасул къватӀ,
Ермошкингун цолъулеб,
Цо цололъ кӀияздаго
Лъалей гӀадан дандчӀвана.
Гьелъ берзул симис къотӀун
Духъе битӀеян кьуна...
Бице щай, Шахтаманов,

Дуца гьаб шагьар тараб?

Унго мун къечон гьечІищ,
КочІохъангун лълъарахъан,
Къаралазул иццазухъ,
Аваразул бакъназухъ?
Каспи хІикмалъун буго...
Щуабилеб дур тІала...
Шахтаманов, щай дуца
Тараб гьеб МахІачхъала?

Поездал, самолетал
РачІунилан пайда щиб,
Гьезда данде чІваларо,
Гьел нуха регІуларо.
Дица бокал бекана,
Дица шигІру бихъана...
Шахтаманов, щай дуца
Гьаб МахІачхъала тараб?

## ОГЬ, ПОНЦІОРАЛ ЧУНТБИ

Дун къуна, дун къуна гьаб къеркьеялъулъ,
Къел ракьанде цуна понцІорал чунтбуз.
Дир черх ругъналъ буго, дун бергьинаро,
Бергьараб халкъ буго гьал мекъикверал.

Дир рокъоре рачІун, тІахьахъ балагьун,
Гьазул щиб гІакълуян буго гьакълил бо.
ГІакълуги гьунарги гьаниб бугилан, –
Гьез чванта бухула, гьез чехь лъухьула.

Огь, гьодораб иятI, понцІорал чунтби,
Чан чаран нужеца биинабураб? –
Нужер хъазмида гъоркь цІа багІаризе
ЦІул, гІагьан, бичІулел дир гьудулзаби...

Огь, чунтби, гьаб гІумру дица кьолелги
Кьурун нахъе ана, нуж чвархъаралто.
Нужерго гьодорал гьадил пандрида
Гьев вана, чІва гІадин, бокьухъе хъвазе.

РакI бикIараб бакъан, яхI чIвараб назму,
Цебегосеб дагIба кочIолгин чвантил...
Дидаги чан нухалъ гьез кIал гьикъараб –
Мун хадув кватIилин, кверал рорхейин.

Нижеца дур къасдал къанабакь лъелин,
АхIулел дур кучIдул киналго чIвалин.
Гьанже кинабго мех жидехъ бугилан, –
Бокьани цIадал рай бокьани бакъ щва.

Доб Эльба бахарал, Берлин босарал
Васал чанги жидей мукIурлъанилан,
Институт лъугIарал гьудулзабиги
Пиводул будкабахъ хIалтIулел ругин.

Хвалчадуй чучичIев имам Шамилги
Шагьабахъ муридаз маян вичанин.
Гьанже гьал чунтбузухъ, эмен вацни щиб,
Улка кьолеб бугин цо-цо бакIазда...

Дица гурдил маргъал ричIулеб буго,
КечIги дунги кьурде рахъунел руго.
Ахада хутIарал веказул гIорал
ГIагараб ракьалъул васазул сурат,
Дица кечI ахIарал берцинал ясал,
Дир мискинай эбел, дарсида лъимал,
Дунялалда кирго кьабулел цIумал,
Роржунел къункърааби, къого миллион
Къаникь ругел вацал, доб Хиросима...

Дун цIогьазул бадив валагьун вуго,
ЦIукIаби, нуж гьедин чIухIдаругеян.

Дун къечIо, дун къечIо гьаб къеркьеялъулъ,
Къаникь лъунаниги абила дица:
«Алута, алута канти нурейин...»
Доб Африкаялда абулеб гIадин.
Гьелъул магIна буго магIарул мацIалъ
Рагъ бугин, рагъ бугин, гьеб лъугIун гьечIин.

## ГЬАГЪАЙ ГIАДАН АНА КЪАСИ РОСАСЕ

Гьагъай гIадан ана къаси росасе,
Щай дун къварилъарав, къан бетIер ккураб?
РикIкIадисел цIваби, бахIарал цIаял,
Кинаб чирахъ свараб гьаб дир черхалъул!

Гьагъай гIадан ана къаси росасе, –
Цо тIезе къачIараб тIегь бечIана дир.
Дир ботIрол каралъул куназ букъараб
Гьелъул хъахIаб ретIел, бухIаяб Кавказ.

Гьагъай гIадан ана къаси росасе, –
Росу бугеб рикIкIад, никIкI бугеб аскIоб.
НакIкIилъан, кIкIуйдулъан паркъолеб гIумру,
ГIолохъанлъи кинаб чол малакь бугеб?

Гьагъай гIадан ана къаси росасе, –
Цо къандалъоялда кIиябго бетIер.
Цин-цияб бакIиде, гьалги гIицI гьарун,
ГIодобе бортараб бертадул ретIел.

Метер самолеталъ «гьацIул моцIалъе»
Прибалтикалде бухьина сапар...
ПатIимат, гьеб нилъер кинаб букIараб,
РакIалдаса анищ, июнь, Дубулты...

Гьагъай гIадан ана къаси росасе,
Къали ахIдолеб куц, анин цо гIумру.
Цогиябги гьедин бигьаяб гьечIо,
Гьелъул эбелалда лъала, гьикъе цо!

Гьагъай гIадан ана къаси росасе,
Цогияйги ина эбелхвадил яс...
Надалда рукIкIаби гIемерлъанагIан,
РакIалдещвеяца судулеб керен.

Гьагъай гIадан ана къаси росасе,
БецIаб цIахIилаб зоб, цIваби цо гордухъ...
Дица Каспиялъул карачелалълъе
ИчIго тIегь рехана, гъолъие тIураб...

Гьагъай гIадан ана къаси росасе, –
Москваялде жакъа поездал щванищ?

**ГЬАГЪАЙ ГIАДАН**

I

Гьагъай гIадан, гьагъай гIадан,
ГIажаибаб дангъвадул...
Дир гIолохъанлъи жакъа
ГьечIони гъой щибизе?

Гьагъай гIадан, гъолъул керен,
Кир ругел нуж, бахIарзал? –
Гъолъул берал, гъолъул лъикIлъи, –
Лъезе цо чол кьолода.

Яги мотоциклалда
Цебе щиб, нахъехун щиб, –
Киб бугеб аскIоб цо рохь,
Лъидаго бихьулареб!

Гьагъай гIадан, – бакъ, моцI тIерхьа,
ТIолалго чирахъал сва,
Цониги цIва, кунчIуге,
Киналго хIанчIи, руцIцIа...

Нуж, лъимал, къватIулъа жал,
Жея, цереса тIагIа!
ТIолго дунял, гIенекке,
Киналго поездал, чIа!

Гьагъай гIадан, – дагIба, рагъ
Даим лъугIизе гьабе.
Дунни, гъолъие гIоло
Гурони, хвезе гьечIо.

Огь, гьагъай гIадан...
Огь, гьагъай гIадан...
ГIадалал чагIи жеги
Чан кьал-хъуялда ругел!..

II

– Берал, гьагъай гIадан щай нужеда йихьарай,
ХIалхьи хванин гIумрудул?
– ГIундул, гьагъай гIадан щай нужеда рагIарай,
РагIарабщинаб цебехун кIочон танин ракIалда?
– РакI, гьагъай гIадан щай йокьарай, –
Бикъ-бикьун унеб бугин черхги бетIерги?

– БетIер, дир пикрабалъе гъой гIадан щай ячIарай?
– Дур шигIруялъе, дур къисматалъе,
Дур къварилъиялъе, дур талихIалъе гIоло;
Дудаги гIумруялъул гIазабги рохелги лъазе.

РачIуна дихъе гьел, речIчIарал чIораз
ЧIван гIодой рортарал маккал кинигин.
РачIуна дихъе гьел, хабалъа рахъун,
Хваразул, аразул суратал гIадин.

РачIуна дихъе гьел, белоруссазул
Росабазда гъурал цIаял кинигин;
Радал хъахIлъи лъайгун, Гренадалда
ЧIарбида сукIулев Лорка кинигин.

Дида ккола, даим цо сихIручияс
КъотIулеб бугин дир даим бетIерин.
Даим лъугIулареб операция,
Унго гьаб нухалда дун ворчIиладай?

ЗахIматал хIисабал. Амма къо щвейгун
Къулула кинида бугеб лъимаде.
Гъов дие гьимула, дие гIодула...
ГIумрудул кечI буго ниж кIиязулго.

Вилълъуна гIурдаде, ихги гIинтIиги, –
ГIазу тIадмагIарда биунеб буго.
Чода вугев мехалъ – гIумрудул хиял,
ГIодо вугев мехалъ – хвелалъул пикру.

**АВАР ГАЗЕТАЛЪУЛ РЕДАКЦИЯЛДЕ**
**МАЙ БАРКУН**

Дун цевегосев мухбир
МагIарул тIалъиялъул,
Май дица дир гIумрудул
МатIуялда баркула.

Биччай гьениб гвангъизе
Дагъистаналъул гьумер,
Гьаб дагь хис-хисаниги,

Росабалъ даим бугин.

Биччай гьениб къалъизе
Нилъер гьунарги бакъги,
НакIкIал гIемерлъаниги,
ГIаздадъан тIегь баккулин.

Биччай макъалабазул
БутIруздасан байбихьун,
БитIун бугин абизе
Киналго авараца.

Биччай цо-цо бокIнида
БакI букIине кочIое,
Кванил тIагIам цIунизе
ЦIам цебе лъолеб гIадин.

Дагьал хIабургъун ругин
ХIорал нилъер росабалъ,
Гьединаб хIал биччаге
Нилъер авар мацIалъе.

## ЩУГО МАЦIАЛЪ БАХЪУЛЕБ ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ЛЪИМАЛАЗУЛ «ЛАЧЕН» ЖУРНАЛАЛДА МАЙ БАРКУН

Дур роржен кинаб бугеб,
Щукваркьилаб дир «Лачен»?
Щолеб бугищ киналго
МугIрузул лъималахъе?

Дур бегIераб гозоялъ
Радал горду бухулищ?
Дур пахруял хIулабаз
Гьел хIайран гьарулелищ?

Дида бихьана сурат,
Сачма лочнода речIчIун,
«Гьеб жиндица чIванилан
ЧIухIарав кувейтасул.

Нилъер пагьмучагIалъги
Гьединал чанахъаби,
Дур роржен бихьарабго,
Гьанже гIужиллъун руго.

Гьезда дур квер щогеги,
Щукваркьилаб дир «Лачен»!
Дихъанги цо тIегъ босе
ТIоцебесеб Маялъул.

Боржа мун тIалъиялъул
ТIолалго росабалъе,
Дагъистаналъул лъимал,
Рагье гьезие дунял.

## ЛЪИКІ КЕЧІ АХІУЛЕВ, КВЕШАЛ ИШАЛ ГЬАРУЛЕВ КОЧІОХЪАН ДИХЪЕГО АХІУН

... Рагьдухъ тирулел хьухьал,
Хьагида гъоркь бакун цIа,
РекIуна, рекIунаро,
Гвангъула, гвангъуларо.

Гордухъ къадако буго
КъватIиб хасел щун бугин,
Жиндие хинлъийилан,
ЧIичIилеб, кваркьахунеб.

ВачIа, вачIа дихъе мун
Гъажалда гитарагун,
Гъирадалъ ахIун, кочIол
Каву-къоно цIезабе.

Хъаме гьениса хьухьал,
Гьалдезабе дуниял,
РорчIизе гьаре чIварал
ЧIухIараб Кавказулъул.

КIочон тела дур берал,
Доре-гьанир хенолел.

Хал гьабиларо кIутIбухъ,
КIичI-кIичIун рукъардулел.

Бакъназ чIвалел дур гьерсал,
ЧIа, гьезул бицинаро, –
Дун гIемераз гуккарав,
Дур макру – дагьаб гьури.

ВачIа, вачIа дихъе мун,
Дун дунго цохIо вуго,
АхIе, ахIе авар кечI,
Огъ, керен биинабе...

Дунял, – щиб лъалеб, гIеретI,
ГIемер гьалай биччараб, –
Гьал нилъер кьурабалъин
Ругелщанал кьватIелал.

Кьуре гитарадул гIин,
Дур чIчIваби тIутIун аяв, –
ЧIчIваби гIадин ритIарал
ГIадамал киса щвелел?!

Абула, мунали щив,
МахIмуд саяхъ вукIанин,
Досда лъурал бугьтанал
Лъараз расана тIолго..

Дур «Жигули» гъураяв,
ГьетI-гьетIи гьал нухазул, –
Гьолокь эбел йихьизе
Москваялде арав мун.

Кинал кьалал рукIарал
Нилъер жанирлъабазда, –
Живго ХIажимурадцин
Цо нухалъ хIинкъун вуго.

ВачIа, вачIа, МухIамад,
АхIе бугеб рухIалъ кечI,
Щибниги абиларо,
Аралъул бицинаро.

Дур кIал-мацI букъиларо,
Кьоринив рехиларо,

Бухизе рекъараб мугъ
КигІан дур букІаниги.

Кинабго кІочон тела,
КІоченаро гитара,
Кисаян гьикъиларо,
Гьебги хъван: гьаракь, гьаракь...

Ракьулъ гІоркьилаз лъолеб
ГІагараб мацІ цІунизе, –
Огь, ругел щинал къанал,
Къункърабазде ахІе кечІ.

## ДИР БЕТІЕР

Дир бетІер! Чан тІагъур хисараб дуца,
ЧанцІул расалъул кьер батІияб букІараб дур?
Дир бетІер, чан гъалатІ гьабураб дуца,
Чан гьерсица гуккараб мун?

Чан пикру данде кколареб букІараб дур?
Чан мекъабги тІекъабги гьабизе гьаб черх
тІамураб дуца?

Дир бетІер, чан батІияб бусада бегараб мун?
Дир бетІер, кин къотІичІого хутІараб мун?

Дир бетІер! Дур гІакълуялъ
Чан ахІмакъаб бакъан тІамизе гьаб дир ракІ тІамураб?

Чан лъалареб иш гьабизе гьаб черх гьусараб?
Чан кколареб рагІи абизе кІал-мацІ тІамураб?

Чан кІудияб гьитІин гьабураб,
Чан гьитІинаб кІодо гьабураб?
ЧанцІул бортун букІараб – батараб,
ЧІацІул мехтун букІараб – бигьараб?

Чанав вохизавурав, чанав къварид гьавурав?
Дир бетІер, биличІого кин хутІараб мун?
Дир бетІер, чанасе къулараб, чанасе борхараб,
Чан эхеде кІанцІулаго мокърокь тункараб?

Чан къваридаб бакIалде ккун къеда кьабараб,
ЧанцIул бекун дуда катан къараб?
Чан борчIулареб бакIалдаса мун борчIараб?
Чан речIчIараб гуллица мун гьоркьоб тараб?

КигIан тIадчагIи дуца тIаде риччарал?
Кинан тIаса рехун, гьел цогияз хисарал?
Дица кIиябго квералъ къан ккун бугеб,
Къаникь лъечIого кин мун хутIараб?

Къасиги къадги дица бетIералда
ГIемераб, гIемераб жо гьикъула.
Дуца гьикъуларищ? Гьикъулареб батани дур бетIер
Унтун гьечIо, тункун гьечIо,
Мун талихIав чи ватила... Дир бетIер, дир бетIер,
БатIи-батIияб букIана мун...

## МАГЪАЛАБИ

КигIан цIадал рарал, зобал гъугъарал,
Заманаби арал, какал хисарал...
Огь, Хундерил нуцал, магIарул мегъаз
Дур магъалабазул буго бицунеб...

Гьезие некIого замана щвана
Гьеб зигарди тезе, – цебегосеб цIад...
Гьаб нилъер мехалъул магъалочагIи –
Магъулаби гьезда рихьулел гьечIищ?

Дидаги цере гьал рихьулароан,
Цодагьав аскIове цадахъ ккезегIан.
Огь, гьал гьи-гьи – кIалал, огь, гьа-гьа – кIалал,
Гьерсилаб хIалимлъи «хIажизабазул».

Гьал «хIажизабаца», мугIрул Дагъистан,
Дудаса бахъичIеб магъало течIо.
Гьанже заманалъул Талейраназул
Таргьа цIолареб мегъ ЦIунтIацин гьечIо.

Цереккун гьумерал, гьаже хвенехал, –
Хулебги ччулебги цIакъ лъала гьазда.

Цебе цин гьим-гьими, гьанже жир-жири, –
Жага гIемераб гъветI бихьула гьазда.

Гьазул мегъ-ралъадги, рохьги, авлахъги,
Инсанасул ракIги, гьев вугеб бакIги.
Гьазул мегъ Дербентги Кизлярги буго,
Кизилюрт... баркала, кореязул пучч.

Щибаб хъулухъалъухъ, чингин цIаралъухъ,
ЦIализе росулел студентазухъ,
Рикьулел минабахъ, кьолеб «Волгадухъ»
Кьезе ккола гьазий щибас магъало.

Кьезе кватIанани комиссияби,
Квеш бугин ишилан ревизияби,
АнцIго вакил витIун кьолеб выговор, –
Кьуризе толаро, чвантил кIал рагье.

Гьаб пачалихъалъул гьабулеб хIалтIухъ
РатIал босичIого букIунареб халкъ!
Огь, Хундерил нуцал, цо гьазул гьаби!..
Гьазда аскIор дурал – гIисинал турщул.

Дуе баччулаан риччарал мугъаз
Щибаб царгъиниса цо-цо сахI богIол.
Ялъуни, кIухIалал хIамузда тIад лъун,
Магьалги, гьиралги, гьегьаб цIул-гIучIги.

Гьазий гьеб кIваричIо, портфель – дипломат –
Гьеб нахъарокъобе лъадухъе бегье.
Цогияб баччилеб «Волга», «Жигулалъ» –
Же, рагье багажник, балагье, шофер.

Зоб цIун унел хIанчIахъ балагьула гьал, –
Пайда щиб, магъало лъазе рес гьечIин.
Гьал дир кучIдуздаги цIакъ ццидакь руго,
Цо кепкил жидее пайда гьечIилан...

Огь, магьалочагIи, магъарич-чагIи,
Магъоруч бихьана нужехъ балагьун...
Зоб кьерхунеб буго, кьижизе кIванищ,
Нужеда макьилъ щиб бихьараб къаси?

## ЩУГО МАЛЪЛЪИ

1.

Дуе гьол дандиял рокьичIонани,
Дандиязул рокьи тIалаб гьабуге.
Дуйго бокьулареб, мун пашманлъулеб
ГьабичIони, нуха биххиларо кьо.

2.

Дуда дандчIвалезул
Нисул гьечIо ракI, –
Расги пайда гьечIеб
Питна бухъуге.

ЦохIо дур гуребги
Дозулги бугеб,
Базалайил гIадаб,
Ярагъги кечIги.

3.

Жеги чоца рехичIев
ЧотIахъан лъугьунаро, –
Чуялъул мугъ бухуге,
Дурго бох бекунилан.

Жеги кучIдул рихъичIев
КочIохъан лъугьунаро, –
КечI бачIина къо щвейгун,
Дуца къалам бекуге.

4.

Щобал, мугIрул рахине
Нухлуласе лъикIаб жо,
Чорхол сахлъи, лъикIаб къасд,
РекIел гьудул, гьай-гьай, кечI.

Керен цIураб жо гьава, –
Гьури-цIер, хIинкъи гьечIо.
Рокъосан лъикIаб хабар –
Лъадуца вас гьавунин.

Щобал, мугIрул рахине
Нухлуласда тIадаб жо, –

Гьобол-гьудул унтани,
Ургъалил ругьел бачIин.

Жегиги квешаб хабар –
Хирияб улкаялде
Тушбаби тIаде кIанцIун,
КIкIуйдулъ тIалъи цебе чIей.

5.

Къварилъи хIехьечIеца
ТалихIги хIехьоларо,
ХIинкъи данде чIвачIесул
Бихьинчи лъугьунаро.

## БИХЬИНЧИ

– Гьаб ракьалда рокьуе
Дуца гIумру кьолебищ?
–Кьола.
– Йокьулей гIадан цIунун
Мун цIадаве кIанцIулищ?
– КIанцIула.
– КIудияв чи дандчIвани,
Дуца бетIер къулулищ?
– Къулула.
– Гьудулас ахIарабго,
АнцIабго гIор бахунищ?
– Бахуна.
– Гьобол вачIараб мехалъ,
Вохун цIумур бухулшц?
– Бухула.
– Мадугьаласул рокъой
Бакъ щвегун мун вохулищ?
– Вохула.
– Эбел-инсул зонохъе
Зама-заманалъ щолищ?
– Щола.
– Къварилъи, рохел, бертин
ТIалъидул гьоркьоб толищ?
– Толаро.
– Тушман данде вачIани,
Дур ракI хIинкъун соролищ?

– Дир каранлъ даци буго
– Бихьинчи!

## ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ПОЭТАЗУЛ ЦОЦАЛЪ РЕКЪОЛАРЕБ, КИДАГО КЪЕЦАЛЪУЛЪ БУГЕБ КІИГО КЪОКЪАЯЛДЕ

Гьанже тІолго дунял, тІолабго иш тун,
Нужер дагІбаялъухъ гІенеккун буго.
Москваги, Лондонги, Парижги, Римги –
Гьез нужер гурони бицунеб гьечІо.

РикІкІад японияз, Хиросима щиб,
Нужер хабар буго даим гьикъулеб.
Гьанже ООНалда, Иран, Ирак тун,
Иргаялъе нужер суал лъун буго.

Щибаб улкаялъул киналго бутІрул,
Гьенире ахІарал, унел, рещтІунел...
Атом, цІвабзазул рагъ къине гьабуна
Гьел нужер къалмазул халатал къецаз.

Эркенлъи, ракь, рокьи, гьезий рорхарал
Байрахъал риччана гьанже гІодоре.
Гьал нужер гьужумаз росулел хъулби,
Басмадул тІанчал тун, батІиял гьечІо.

Кинал нуж бергьарал, кинал нуж къурал? –
Руго саринчагІи судалъул кІалтІа.
Трибуназдасан кечІ рагІуларо! –
РагІабазул «дуэль» критиказул.

Цо-цояз ккун руго гІарзаби хъвазе,
ГІарцухъ щиб, шушбухъ щиб щварал поэтал.
Гьаб цебе букІинчІеб – авар кочІолъе
Кисадай рачІарал ахІичІел гьалбал?

Гьебали щиб гурин, херавцин вуго:
«Хвелалде ахираб рагъ бугин гьанже».
Рекъон квер кьуразги къаси сардида
БегІерула къалам, къисас босилин.

Жеги руччабазцин рорхула хунжрул,
Хадур рилълъайила нуж, бихьиналин.
Гьезул кIал букъизе кIолев кив вугев? –
Кабинетазул цIер бекулеб буго.

Рекерула телал Кремлиялде:
«Дир кочIол куркьбазе гьава дагь бугин».
Гьаб цо рекъел гьечIеб оппозиция,
Афгъаназул гIадаб лъугIулареб рагъ.

Ва гIащикъав МахIмуд ХъахIабросулъа,
ЦохIониги гIарза хъвачIого арав...
Унго, Сулейманги ХIамзатги кинал,
ХIалимаб шигIрудул гуреб мацI лъачIел...

Чияца лълъарги ккун, бугъа хъуниги,
ВагъичIо Батирай – кечI ахIун гурев.
Цинги Йирчи Гъазахъ, Сибир къотIарав,
Суд гIасруялъе гъос кучIдуз гьабуна.

ЦIогьаца бикъулеб мугIрул Дагъистан, –
ДагIбадилел кIалалъ цоцалъ поэтал...
Гьегьал чиновниказ чурхъулеб тIалъи, –
Басмаялъул тIанчахъ чанахъдулел гьал...

Дагъгиз, гьари буго, гьал къукъабазул
Къецазул, мацIазул мажмугI бахъеян.
Гьал дир сариназул цебергIуе
Цо дидасан хъварал гIарзал лъейилан.

## НЕКIСИЯВ КОММУНИСТАС, ХЕРЛЪУН УНТАРАВГО, ПАРТБИЛЕТАЛДА АБУРАБ

Партбилет, дуй къо-мех лъикI,
Дуе баркала буго –
Дие хъулухъги къуна,
Дир хъизанги хьихьана.

ТIаде-гъоркье щолеб жо
Щибниги камун течIо.
КигIан, хIакъ батилилан,

ХIинкъаниги босана.

Гьанже дур къоял ана,
А мун дида аскIоса,
Дуй кьурал взносазул
Расниги кири гьечIин.

КватIун букIананиги,
Дихъе гьанже Къуръан кье,
Къаданиб гьеб бихьизе
КIудияв бичаясда.

Гьев гурхIизе бегьула
Дирги ккарал хIакъазда –
ЦIакъго хIинкъараб заман,
ЦIакъго залимаб гIадлу.

Жалго аллагьал ругин
РикIкIунел хIакимзаби...
ГьабсагIатги хIинкъула
Гьезул цоясукьа дун.

Дов цосина хвечIого
ЧIаго вугодайилан,
Воре, алас, алас, дун
Досда вихьизе гурин.

Амма букIананиги
Дунго-дунго хутIигун,
Дица къаси балъгого
Цо-цо къулгьу цIалула.

ЦIакъ кIудияб гIагарлъи,
ГIолел ругел гьал лъимал,
Лъалареб азда щибго,
ЩайтIабаца ккураб мех.

Дун пенсиялде ингун,
Гьанже тухум дагьлъана;
Дир нуцIида кIутIулев
Гьудул къанагIалъана.

Дун цере данделъабалъ
Цо-цо тIекълъананиги,
ТIасалъугьа аллагьин

Чанги сардилъ гьардана.

Цо-цо гьал мажгитазул
Склад гьабуниги,
Инсул хабада дица
Чанги алхIам щурана...

Партбилет, дуй къо-мех лъикI,
Гьанже Къуръан кье дихъе.
Гьагьал чуязда лъолеб
Заман, йохъ, гетти анин.

Мунги чвантиниб букIун,
Чанги бокал борханин,
Гьанже мехтарав дихъе
Вигьунеб рогьел щванин...

## КЕЧI

Мунги жавабав хIаким,
Дунги жавабав хIаким,
Довги жив хIакимилан –
Киналго хIалчIахъадал.
ХIалтIи лъица гьабилеб,
Хурзал лъица рекьилел,
Рокьи лъица гьабилеб,
Лъимал гьал кинан гIелел?

Мунги кабинеталда,
Дунги канцеляразда;
Довги кагътазулъ восун,
Телефонги гIинда чIван.
Лъица поезд бачинеб,
Лъица тIурччи бахъилеб,
Лъица тIугьдул ретIилел
Гьал тIинчIал мусудузе?

Мунги собраниязда,
Дунги комиссиязда,
Довги комитетазда,
Киналго – митингазда.
Цоял приказал хъвалел,

Цоял указал хъвалел,
Цоял хIукмаби хъвалел,
ХIуччал лъадада цIалел.

Лъица лифтал къачIалел,
Къунел иццал цIунилел?
Лъица операция
Унтаразе гьабилеб?
МагIарда бацIаздаса
БоцIи лъица цIунилеб?
ЦIогьаздаса улка-ракь,
Рокьи лъица цIунилеб?

Дур гъажалда погонал,
Дир гъажалда погонал,
Довги гьажалда цIвагун,
ЦIер гIадин халкъ погоналъ.
Яргъица яс гьайилищ?
Рагъалъ васал гьарулищ?
Гъасда жеги хинлъизе
Хучдуца цIа баканищ?

Мунги кучIдул ахIулев,
Дунги кучIдул гьарулев,
Довги жив шагIирилан –
Щибилеб Пушкиница?
Цонигиял гьанже нилъ
Дуэлалъ рахъунаро.
Дантесазе жавабал
Жакъа лъицадай кьела?

Мун кинабго босилин,
Дун кинабго бахъилан,
Дов кинабго хъамилин,
Щибав – кинабго диян.
Кин гьудуллъи букIинеб,
Кин гьуинлъи цIунилеб?
Киналго бутIрул рукIун,
ХIатIал киса рахъилел?!

**ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХЪВАДАРУХЪАБАЗУЛ**

## ПРАВЛЕНИЯЛЪУЛ ПРЕДСЕДАТЕЛЬЛЪИЯЛДАСА ЭРКЕН ГЬАВЕЯН ДИР ГІАРЗА

Дир бензин дагьлъун буго,
Мотор чвархъелеб буго,
Черхалъ гьаб хІалтІудаса
ХІалхьи гьарулеб буго.

ХІасил гьечІел приказал,
Телефоназул ахІдей
Тезе мех бачІун буго,
МугІруз малълъулеб буго.

Гьел гурел цІакъ гІемерал
Жеги гІиллаби руго,
Чвахун унел гІораца
Дир гІайибал рицуна.

Цо гІайиб – хІажат гьечІеб
Гьаб хІалтІи тІаде боси,
Цогияб – гьаб хІалтІи тун
Цевего дун инчІолъи.

Дида гІемер рихьана,
ЦІун бокал босулаго,
Ресторан къан бугилан
КъватІир гъолел персонал.

Дунги, нахъа хъапас бан,
ХъамизегІан течІого,
Хъудулел кабинетал
Хисун, рокъове витІе.

Дида бичІчІулеб гьечІо
КочІой бетІерлъи щиб жо? –
МутІигІлъи гуронаии
Рокьуй къабулаб гьечІо.

Цоги дида бичІчІичІо:
Дун шагІирищ, гуревищ,
ЩайтІабийищ дилъ ругел
Я дов Аллагьищ вугев?

Дун шагІир ватанани,
Дир хІалтІи гІантаб буго, –

ШигIру гIадаб камилаб
Киб бугеб цоги хъулухъ?!

Дун шагIир ватичIона,
ШигIраби гьарулезул
Председательлъун вукIин,
Гьаб рекIкIаб пиша гьечIищ?

ПалхIасил, гьале кIулал –
КIал-мацI гIорцIун бацIцIан
Гьанже алхIамдулилагь,
Эркенлъи кье пикрудуй.

Дица дирго гьаб портфель
Батараб куцалъ тела.
РагIараб какигун рецц
Бицинаро, лъикI рукIа.

Нагагь дун хIажалъани,
Гьадабго адрес буго, –
Пенсиялде дир кучIдул
Кидаго ине гьечIо.

Киданиги гIумруялъ
ГIарза хъварав чи гуро,
Жакъа хъвана гьаб гIарза,
Тасдикъ гьабе дир гъулбас:

Дагъистан, ЦIада росу,
Расул ХIамзатов, поэт.

## МЕСЕДИЛ ЦIВАЯЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ

*Поэма*

1.

Лъабго орден босана,
Ункъо ругъун букIана,
Рагъда ротагун цадахъ
Горсвериялде ккана.
Немцазул пленалъул
Кинабго «гьоцIо» лъана,

Гьениса лъутун арав
Италиялъе ккана.

Гьениб партизаназул
Отрядалда вукIана...
Ахир Берлин босулеб
Аскаралгун цолъана.
Гьениб цо минаялда
РекIараб цIадай кIанцIун
КIиго лъагIел барай яс
Чияс хвасар гьаюна.

Живгоги вухI-вухIарав,
Живгоги лъукъ-лъукъарав,
Ана носилкаялда
Госпиталалде восун.
Гьев лъавуде вачIингун
Сестраялъги абуна:
«Солдат рагъ лъугIанилан»
МагIарулав кьижана.

Кьижана лъабго къоялъ
Гьав свакарав рагъухъан,
Свактазе щуго соналъ
Щибго заман букIинчIев.
ВорчIаравго гьале бакъ
МагIарул росулъ гIадин,
ГIодой биччараб дунял,
Огь, захIматаб бергьенлъи.

Гьасул цояб квер гьечIо
Гьебги кваранаб рахъалъ.
Канлъиги дагьаб буго
ЦIаялъул лъалкIал, тIанкIал.
Чехьги букъ-букъун буго,
Хирург лъикI хIалтIун вуго.
Херав генерал вачIун
Гьасде тIаде къулана:

«Лейтенант Сулейманов
Совет улкадул рахъалъ
Нилъер маршал Жуковас
Жакъа дида тIадкъана:
Дуде салам бицеян,
Сахлъи дуе гьареян,

Гьунарахъ каранда дур
Меседил цIва байилан.

Цадахъ Ленинил орден,
Дица дуда баркула.
Дида цадахъ кинабго
Дивизиялъ баркула.
Улкаялъул бахIарчи
Абун дуе кьураб цIар..»
ЦIва гвангъана, кенчIана
Кремлиялда гIадин,
ГIагараб Совет Сюз –
ГIумру гьелъие кьела.

2.

Госпитал, къватIиб улка,
Къого сордо – къо бана,
Сахлъи дагьаб цIилъана,
Унти дагьаб чучлъана.
Ине бегьилин абун
Тохтирзабаз абуна.
ТалихI гьасул букIана
Бохдузда ругъун гьечIо.

Черхалъулги регъана,
Хирургасе баркала,
Амма каранлъ къараб жо
Мегеж кIкIвазе рес гьечIо,
БухI-бухIун буго гьумер
Гьадаб цIадай кIанцIараб.
Доба АхIул гохIалда
ГIалибегилас гIадин,
ГIодобе бортараб квер,
Кидаго регъелареб.

Пашманго балагьана
МатIуялде жанив гьав:
«БатIияв чи вукIана
Дур абурав, камилав
Росулъ кьуру кьвагьулев,
Кьиндал гIазу реххулев,
Ихдал хурзал рекьулев,
Хаслихъе гIарал ралев.

Гьанже цо лъукъараб квер

КIиго чакма ретIине,
Жеги херлъи лъаларо,
Хер бецизе гуч лъачIев.
Гъанже дун хванилан те,
Лъукъ-лъукъарав бесдалав.
Росулъ дир эбел гьечIо,
Эмен Доналда чIвана,
Добе рагъ щвечIониги
ЧIунтун батила росу,
Балагьизе чи гьечIеб
Гъалдолеб щуго соналъ.

Мун йокьарай цоги вас
ВукIана нижер росулъ,
Бокьани досие а,
Яги цогиясе а.
Дие цIакъ бокьун гьечIо
Дуй гIумру захIмалъизе,
ГIемераб баркала дуй
Дихъ ялагьун ятани»

Гьедин пикрабалъ вуго
МатIуялда цеве гьав,
Росулъейищ вуссунев,
Белорусалъищ чIелев?

Рос чIварав цо сестраялъ
Гьасда абулеб буго:
«Лейтенант, вилълъа дунгун
Гомелалда йиго дун».
Гомелги гьасда лъала,
Гьенивги вагъарав гьав,
Лейтенант Сулейманов,
Дур паек къачIан буго.

Тохтирас абун буго
Ине бегьилин абун.
«Ине киве къачIарав».
КъватIиб машин чIун буго,
Вокзалалде вачун мун
Гьолъ щвезавизе вуго:
«Щиб бакIалде босилеб
Кассаялдаса билет?».

Вокзалалде щвана гьав,

Гъоба шиша гьекъана,
ГIаракъиялъ абуна
Рокъове росулъеян.
Эбелалъул хабаде
Хун унеб минаялде
Хадуб Дон, инсул зани
Довгун гIакълу дандбазе.

3.

Цо-цо мехалъ гIаракъи
ГIакъилаб жо букIуна,
ГIемерисеб мехалда
ГIадалаб букIаниги
ГIалица «Берлин – Москва»
Билет гьале босана.
Москваялдасан поезд
Гьелчолеб Каспиялде...

Гьениб МахIачил шагьар,
Цинги хадуб росулъе,
Гьединал пикрабазда
Поездалда рекIана.
Польша, чIунтараб Польша
Гьале нахъехун тана.
ХъахIлъи реххараб мехалъ
Гьав Бресталде щвана.

Щущараб вокзалалда
Бугеб щинаб халкъ унго.
Гьав тиризе вахъана,
Гьаб халкъалъул кIигояв
КIалъалел авар мацIалъ.

Гьав гIодизе вахъана
ГIадамал киссайин нуж
Щуго сональ магIарул
РагIи рагIичIин дида.
ДандчIваралги риххана,
Рохараб гIажаиблъи,
Цояв ГIандиса вуго,
Цояв ГьоцIалъа вуго.

– Мун щив, щай мегеж тараб?
– Дидаго хадуб тана.
Берлиналъул цIадуца

ЦIар гьикъичIо ГIалида...
– Мун ГIали Сулейманов?
Сурат бихьун букIана
Бихьея цо квер кьея.
– КвегIаб гурони гьечIо.

Нижер тIубан анкь буго
Мун валагьулев гьанив,
Гьале ретIе буртина
ГIанди росдал сайигъат.
Цингиги ханжар-рачел
ГьоцIдерица битIараб,
ХIутIарб Дагъистаналъ
Дове щваравго кьела...

Гьал лъабалго рахана
Гьаб хехаб поездалде
Героясе ресторан
Мех щвелалде рагьана.
Нухги хабарги гьазул
ЦIакъ халатаб букIана
Нахъа хутIана Гомель
Белоруссазул рохьал.

ГIалица тIолго унти
Буртина кинигинан
Гьазда цебе рагьана,
Рогьаиа гьале «Москва».
Росабазул гьикъидал
Гьал кIиязго бицана,
Амма бищун аслияб
Гьасги гьикъичIо, лъачIо.

Аслияб гьасда лъала
Росулъе щвараб мехалъ,
Нилъ гьенире рачIинел
Гьоркьоб бащдаб дунял тун.

4.

МахIачхъалаялдего
Гьесда хадур рачIана
Хирияб районалъул
Вакилзаби, гIагарлъи.
Гьав гьанив щвелалдего
Гьасул цIар щун батана,

ЦІакъго батІа-батІаго
БатІи-батІияб мехалъ.
Гьеб гьесда хадуб лъана
Гьале гьасул рахъалъан
«Нилъер бахІарчийилан»
АхІулел руго кучІдул.

Гьеб росдал художникас
Сельсоветалъул рокъоб
Сурат бан буго гьасул
ГьечІо гьелда михъ-мегеж.
Буго гьелда гвангъун цІва,
Щварал щинал орденал
ЩвечІебги лъабго-ункъго
ТІаде жубан буго гьас.

Гьав рокъове вачІана
Рукъ къачІа- кІатІан буго
Лъилалиго квераца:
– Лъица? – ... Калиматица.
Гьасул эбелалъулги
Инсулги сурат буго
Цого рамкаялъуб лъун:
– Лъил хІалтІи? – Калиматил.

Михир тІад бачараб тІох,
Лъухьараб рагъи-къоно,
Къадада чІван буго рак:
«Баркала дуй Калимат».
Гьединан салам-калам,
Колхозниказул митинг,
Героясе рецц гьабун
План тІубазабилин.

Гьоболлъи анкьалъ бана,
БатІи-батІияб рокъоб
Гьекъезеги гьекъана
Кваназеги кванана,
КечІ бакъанги букІана
Кьурди хъатги букІана,
Амма бищун аслияб
Асда жеги дандчІвачІо.

Калиматил эбел цин
Ханазулъ пурщабигун,

Хадув эмен некIсияб
Рахсал бараб сагIатгун
Вуссанищан гьикъизе
Гьасда аскIой раккана,
ГIемераб хабар ккана
Калиматил бицинчIо.

МагIарул гIадат жеги
ГIассияб рагъ кканиги
ГIуруца ун букIинчIо,
ЦIакъ къанагIат гурони.
Амма цо херав чияс,
Мегеж хъахIав гIакъилас
ГIалил сагIат бихьигун
Суал кьуна гьасие:
– Бице, бахIарчи, дуца
БахIарай ячинарищ?
Дуе мех щолеб гьечIищ
Щиб бугеб сагIтил хабар?

Щиб жо бакъалъ абулеб,
Щиб жо цIвабзаз бицунеб,
ЦIумур бухулеб гьечIищ
Бусен хинлъизе жоян
ГIали пашман гьимана,
Гьеб мех гетти устарик,
Бичч-бакъ гьабулеб мехалъ
Бакъвараб рахъ кканин дий.

– Дир нуцIил некь тIун буго,
Гьаб букIараб тIупаналъ.
Мокърокь тункана бетIер
ТIурачIел мурадазул.
Гьасда цIа бакуларев
Кинида лъимер гьечIев –
Бокьун букIараб куцха
Цо вас инсул цIар лъезе.
Свина чирахъ.

– СвинчIо гьеб
Гьаб магIарул росуйин,
Дур цIва кенчIелеб буго!
– ЦIваялъе яс унаро.
– Дур цIар кенчIелеб буго
– Калиматие гьеб щай?

Васал дагъ гьечIеб росу
Росулъго гьайбатай гъой –
Гъолъие цIаралдаса
ЦIа гIадав бахIарав лъикI.

– ГIали, гьел рагIабаца
МагIарул чIужу, гIадат
Хасго дурго абурай
Дуца инжит гьайичIищ?
ГIали вуцIцIухIун чIана
РагIи мекъи ккараб лъан,
Амма кин букIаниги
РекIелъ бугеб абуна.

– Дир росдал кубачияв
ХIурматав устар ГIиса,
ГIадатгун намус цIунун
Гъой дие ячIаниги
Рекъон бугищ ячине,
Дир нич лъукъун гьечIелъул
Гъолъул гьайбатаб гIумру
ГIакъубалъун гьабизе.

Дун камураб щуго сон,
Гъолъ институт лъугIана,
Гъоб дир тIоцебесеб курс
КигIан рикIкIад хутIараб.
Рохел гьечIеб лъадилъи
Лъие, щайзе бокьилеб.
Лъараца биунареб
Биццатаб цIер чIван буго.

– ГIали, духъе саламгун
СагIаттун чи вачIинчIищ,
СагIат хIалтIараб мехалъ
ВачIа дихъеги къачIан.
Гъобги кьурун заман цIай,
Дур гъасда цIа кунчIила,
Гьеб дуда абулев чи
Дур инсул гьудул вуго.

Цоги гьецIо рехила
Нилъеца бичч-бакъалъе,
Биччараб рахъ бихьулеб
ГьечIищ дуда, офицер.

Бокьанани лъабгIин тIе,
ЛъаратIа цIер биина
Дуца цIар ахIарабго
Калимат, Калиматин.

Гьедин устарас гуреб,
Росдал данделъабазда
КIудияб даранальул
Дагь гуро пал тIамураб.
Хуриб, ахикь, гIурдада
Руччабазул харбазулъ,
Хамизгун итниялъул
Бертадул бицунаан.
Итниял араб мехалъ,
Хамизал сверарабго
Хасел щолебцин гьечIин
Гьаб ригьнаде абуна.

Рагъул цIадулъан арав
БахIарчияв хIара гьав
ХIинкъунгицин гуревищ
Цо зурма рагьдухъ пвизе.
Яги цо-цо рукIарал
МацIаз, къватIул харбаца
Къварилъунищ гьав ГIали
Гьадин гIенеккун чIарав.

Ялъуни бахIаралъул
КIутIбузда хъвазе гьоцIо
БуцIрасан бачIинегIан
Балагьун чIунищ вугев.
Ялъуни цо гIуж базе
ГIака щоларогунищ,
Щуго соналъ кватIараб
Жеги кватIани щибан.

Ва амма кици гьечIищ
КватIуге МахIамадин
БахIарай ячинеги
Чода тIад рекIинеги.
Гьабин добилан абун
БатIи-батIиял харбал
Хурисан рокъой ана.
Калиматил ракI бикIун,
ГIалил ботIрода кIутIун,

КIиязго цIалеб хIухьел
ХIалуцунеб букIана.

БукIинчIо ракьан-рагIал
Гьазда рагIанщиналъул
БекьичIого хутIараб
Рокьул хурул харбазул.

5.

Калимат дагъ кватIана
ГIалида данде чIвазе –
Гьебги букIана гIилла
ХIинкъарал щаклъиязе.
МахIачхъала, институт
Ахирияб экзамен
Метер щолеб тохтурлъи
Тезе магIна букIинчIо.
Жийго чIараб рукъалъул
Къадада седон бугеб
Гьасул сурат букIана
Саназ балагьун гьалъухъ.

Гьалъ даим поездалда
Гьасул рахъалъ цIехана
Порталъул гаваналда
Гьай гумузда дандчIвана.
Карачелал гьелчола
Чвахун нахъехун уна:
«Жодохъ адрес гьечIилан,
Офицер кIкIуйдулъ вугин».

Чайкаби тIад сверула
Цингиги рикIкIалъула:
«Ниж рихьулел сиязда
Сулейманов гьечIилан».
Калимат – студентка
Дагъмединституталда
Цониги лекциялда
Бицунеб гьечIо ГIалил.

Лекциял лъугIаралго
Госпиталазде уна
Гьенир сардал рогьуна
Сестра-дежурнаялъги.
Щибаб палатаялда

Гьалъул чIегIерал берал,
Цересел гостиницал
Больницаби гьарурал.

Гьаниб даим рагIула
Лъукъаразул зигарди
ЗахIматго щурулеб цIар
«Шура» «Маша», «Мадина», –
Гьел сагIтаца ракI бакъван
Къварилъула Калимат:
– Кив вугев мун, дир ГIали,
Дир ГIали Сулейманов...
РакIалда бугищ дуда,
КIочон течIебищ дуда,
КIиго лъар бикьараб куц,
Хадур цолъилин абун.

ГIалил кинабго хабар
Казиятаз бицана,
Калиматида лъачIо
Гьев вуссунев сагIат-къо.
Цинги жинхъе щвечIого
Росулъе гьав аравго,
Цин гъосда чIвала гIайиб,
Цинги жиндего чIвана.

Жиндийни рекъон гьечIин
МагIарул гIаданалъе
ГIадамалги балагьун
Абурасда дандчIвазе.
Гъовги чIухIун ватила
БахIарчи цIар бахъарав
ЦIваги кереналда бан
Дир гьаб адрес цIехезе.

Яги мацIил хабарал
Гъосул гIинда щурунищ,
ГIайиб дир щибго гьечIеб
Гъосда бичIчIичIогонищ.
Гъосул рахъальги дида
Чанги чанги абуна;
«Аварав Гомелалда
Ригь бищулев вихьанин»...
Квешаб хабар хех щола,
ЛъикIаб дагьаб кватIула,

Ккараб жо гьадин буго,
ГьабсагIаталъ бицина.

6.

... ГIали рагъде ун хадуб
Эсул адрес цIехезе:
«Дунги унев вугилан».
ВачIунаан Кусалав:
– Дихъе кагъат бачIинчIин
Кив вугеван лъаларо,
Лъалеб адрес цо буго
Биял тIолел авлахъал.

– ДандчIвани щиб абилеб?
– Щунусго салам бице.
– Дир рокьи ккарай гьудул,
Гьеб харбида каву къай...
– Гьанже дуе къо-мех лъикI.
– Дуеги нух битIаги,
Цоги батIияб мурад
ЦохIо бергьенлъи буго.

Кусалав гьав вукIана
Калиматил мадугьал
Катие рахь кинигин
Гьей къваригIарав гIащикъ.
Амма Калиматица
ЛъабгIин тIолеб мехалда
ГIали тIаса вищана
ТIокIав щивго кIваричIин.

Кусалавги рагъуца
Виницалде вачана,
Гьениб гIункIрукьги лъукъун,
Рокъове хехго щвана,
Щибаб нухалъ ругънада
Дару катан къазеян
Калиматихъе цо-цо
Гьав ваккулев вукIана.

Катан къалеб мехалда,
Унтул бицун хадуса
ГIалил цIар бахъичIеб къо
КъанагIатаб букIана...
Алъги, гьанже ав чIалгIун

ГIалица хъвачIел кагътал
РачIанилан абуна,
Ав гIодове виччазе.
– Щибилан хъвалеб бугеб?
– Щиб хъвалеб салам, калам.
– Цоги батIияб хабар?
– Гьеб балъго тIинда буго.
Гьедин моцIал сверана,
Кусалав хех сахлъана.

Хабар щибниги гьечIо
ГIалил рахъалъ бачIунеб,
Гьасул унтарай эбел,
Хъутаналда йикIарай,
Мусруялъуй юссана
Росдаца тIойитIана,
ТIинкIана магIил гарал
Калиматил бадисан:
«Дирги кканин гIайибин
Гьалъул гIумру цIуничIей».

Цинги кватIичIо хабар
ГIалил эмен щапанин
Доба Шолоховасул
Тихий Доналда аскIоб.
Калимат гьений ана
Зоноде магIу тIуна...
Заманаби сверана,
ГIалихъан ругьел гьечIо.

Хадуб гьалъул нусабго
Суалгун кагъаталъе
ЦохIо жаваб бачIана
Рагъулаб печать чIвараб:
«Лейтенант Сулейманов
Беларуссазул рохьалъ
Немцаца сверун ккунин
Цинги хабар тIагIанин».

Цоги кагъат бачIана
Партизанка Олесалъ,
Лъукъ-лъукъарав гьев асир
Анин фашистаз вачун.
Гьаб нухалда Калица,
КигIан къварилъаниги,

Къаси сардица гуреб
Цо горо магIу тIечIо.
Кусалавги вачIана:
«Ккараб балагь бихьулищ
Бищунго камилав вас
Нилъер росдал тIагIана,

Гьебги Германиялда,
Гуро, довехун ккарав
Дозухъа ворчIуларо
ЧIаго-гIатIго кидаго.
Нагагьлъун ворчIаниги,
Нилъерахъе кканиги,
Асирасе хоб буго
Хиянатчиян абун.
Ялъуни, судги гьабун,
Сибиралде битIула...»

– Гьеб Сталинил пирказ,
Киб цIалараб дуца гьеб?
– Киналго солдатазе
Командирас цIалана.
Гьелъул цIал асирасул .
ГIагараздаги бала.

Гьадин, додин абуна
Росдал годикIабазда,
Гаргал цоязул гьадин,
Цогидазул додинаб.
Наял гIадинан руго
Зузудилел руччаби
Калиматие дару –
Кусалав, я – цоги чи.

Квешал къоял щвелалде
КъваригIел тIубан лъикIан
Гьасул кьолбол гIадамал
ГIемерал зигардана.
Живгоги гьав вачIана
Баргъич, кIилкIал, сагIатгун,
КIочарал кинигинан
Гьелъул гъадринир лъуна.
Гьалъ гьел киналго росун
Гьесухъе щвезаруна,
Гьел ратараб гъадаро

Гъогъолъ речIчIун бекана.

Гьай МахIачхъалаялда
ЦIалулеб щинаб мехалъ
Гьелда хадув хьвадана
Хьулаз течIев фермачи.
Гьас рокъове щваравго,
Мекъи ккечIин сапарин,
Сибирь тIаса бищилищ
Дунги тунан абуна.

Амма отпускаялде
Калимат щвараб мехалъ,
Калнабзогьисул чIанда
Гьалда рагIараб мехалъ,
Гьалъ гIагарлъи ахIана,
Росдада лъазабуна:
– Росасе дун унаро,
Аниги гьасий гуро.
ГIалил хабар щвечIони,
Рагъ лъугIизегIан чIела,
Рагъ лъугIун хадусала
Жегиги соназ IчIела.
Сибирь досий батани,
Досда хадуй яхъина,
ХвечIого вачIа абе
Унтидул бицинаро...

Гьедин хаселал ана,
Харбал къотIун рукIана,
Хадур кагътал рачIана
Белоруссиялдасан.
Жий медсестра йигилан
Олесяйин цIар бугей,
ГIалил хабар лъанани
Лъазабеян жиндида...

Гьал кагътал, огь понцIана
МоцIаз годекIабазда,
Гуро, нилъер васасул
Цогиги яс рагIулин.
Гьей росулъе ахIун лъикI
Гьоболлъи базегIайги.
Гьеб иш дида тейин,
Тахда йиго Калимат...

... Гьадинабгун додинаб
ГIемер-гIемераб ккана
Доб гIазу биинегIан,
Доб Берлин босизегIан,
Гьадал хьухьал инегIан –
ГIалил хабар лъазегIан,
Досухъ хал гьабун чIаралъ
Дов чIаго гьавизегIан,
ЧIухIараб меседил цIва
Дос каранда базегIан
Кинабго досул къиса
Росабаз бицинегIан.

7.

Гьеб кинабго хIакъикъат
ХIакълъана баянлъана,
Бицинеги бицана
ЦIализеги цIалана.
Жинда тIаса лъугьаян
Кусалавги вачIана.
Гьанже бичIчIулареб жо –
Щай ригьин гьабулареб?
Сундухъ ралагьун ругел
ГIалиги Калиматги?
КидалъагIан рукIинел
Бичч-бакъ реххи гьабулел
Гьадале бохьараб рукъ
КъачIан къайи, бахIарай...
Унго, къватIахъ, тIохазда
Харбал цIалкIарал щинал...

Калимат нахъ юссана
Мединститутги лъугIун,
ГIали долъухъе инчIо
Дой ГIалихъе ячIинчIо, –
Устарас гIин ккурабго
ГIали гьевгун вилълъана,
Гьале каву бухана:
«Гьеб рахан гьечIин» абун
ТIохдасан Калиматил
Калам гьазда рагIана.
Каву ричIун гьумерал
Гьазул рагьараб мехалъ
«ВорчIамигун» «ЙорчIами»

«РачIаха, гIодор чIайин».»
Барка институт лъугIи;
Эмен –эбел кир ругел?»,
«Эбел магъилъе ана,
Эмен годекIаниве,
АхIилищ гъол рокъоре!»,
«Ниж рихьила жегиги».

Дунги годекIаниве
КIудиязухъе инин,
Нужги рукIа кIалъалел.
ТIаде вахъана ГIиса, –
Ва устар, рекъон гьечIо
Баркизеянги вачIун
Цо бокал гьекъечIого
Гьаниса нахъе ине.

Бокалги кодой босун
Устарас лълъар абуна:
– Мурадал тIубагейин
ТIолго лъикIал чагIазул,
Хасго гьелъул гIоралъул
Карачелалги регун
Кинабниги къо бихьун
Жакъа данде чIваразул.

Гьанже ина, виччан те,
ГодекIанив щвела дун
Гара-чIварун дур эмен
Дагьав кватIизавизе...

... Гьал кIиялго хутIана
Хабар кин байбихьилеб
Гьал цоцахъ балагьана,
Пашманго релъанхъана.
– Барабщинаб замана,
Институт лъугIана дур,
Дун гIумруялъ хутIана
ТIоцебесеб курсалда.

– ГIали, дуца гIадинаб
ГIумрудулги рагъулги
Институтал лъугIарал
Васал къанагIат руго.
Дуца гьабураб сапар,

Дуца сверараб дунял,
Мун чIаго вуссин буго
Бищун дун чIухIараб жо.

– Баркала дуй, Калимат,
Дир канлъиги дарманги,
Дида кинабго лъала
Кинал гудрал дуй гъурал,
Киналго сапаразда
«Жди меня» букIана
Дир кIутIбуца щурулеб.
Амма нахъе виччайгун
НусцIуса шакдарана –
Щвеладай духъейилан
Яги щвелародайян.
Щиб жо дица босараб
Сайигъаталъе дуе –
Сусураб черх, гьеб чорхолъ
Жеги хутIараб тIухьи,
Цоги щиб жо босараб
Сайигъаталъе дица,
Даим кIвалареб мегеж
БухIараб гъумералъул.

– Абуге дуца гьедин
Гьениб дур гIайиб гьечIо.

– Цингиги канлъукъаб бер.

– Киналъулго бицунге
Дуца рогьо бачIинчIо.
Дуца цIваги бачIана,
Дуца цIарги бачIана.
Дуца чанцIул абураб
Дун дур дарман йигилан,
Дун тохтур яхъун йиго,
Щайха мун щакдарулев.
Дуца чанцIул абураб
Дида берзул канлъиян.

Щай дагьаб канлъи бугев
КечI батIияб бугеб дур?
Дуца чанцIул абураб
Дун кваранаб квер йигин,
Унго, гьеб бакъаналъе

Рекъолеб каламал дур.

ГIали, дуда гIадамаз
ГIайиб гьабизе гьечIо
Дуца бокьараб гьабе,
Гьунар-цIаралъул бетIер.
Амма дида абила
Абурав тарай ясин,
Унтабалъгун ругъназулъ,
Гьеб рогьо дий гьабуге.
Дун дур кверги йикIина,
Каранзул унтиялъе
Дарулъунги йикIина.

Чорхолъ хутIараб тIухьи
Хирургаца бахъила,
ГьебгIан тIокIаб сайигъат
Солдатас кинаб кьелеб.
Дуца магжил бицунге
Гьеб мегежги михъалги
Бихьиназда рижула,
Нижер гьел рукIунаро.

– Калимат мун жеги цIакъ
ЦIикIкIун берцинлъун йиго.
– Берцинай ятиларо
Дой Олеся гIадинан.
– Олесяца дир гIумру
ЦIадулъ хвасар гьабуна,
Гьаб черх гъежда бачараб
КIочене бегьиларо.

– КIочене бегьиларо
Бертин гьабулеб мехалъ,
Дуца биччан танани,
Долъухъе тел битIила.
– Жакъа радакь мех буго
Дир бертадул, Калимат,
Доналде ине ккола
Инсул зонохъе щвезе.
– Кида
– Цо анкьидаса.
– Дунги цадахъ йилъина.
– Мун щибизе, кIваричIо,
КIалъай букIине буго.

– ГьанжелъагӀан кӀалъанин,
КӀудияб жойищ ккараб,
Рагъухъан, дир абурав,
Инсул хоб киб бугеян
Дуда бихьизабизе
Дида тӀадаб гьечӀебищ.
Дир тӀугьдул дора лъурал
РичӀан ратизе гурин.

ЯчӀана чӀарал магьгун
Магъилъ йикӀарай эбел:
– БакӀаранищ, Калимат,
Кинабго къайи-къоно.
– Эбел, тохтир регӀичӀо
ВачӀана гьав унтарав...
– Гьесие дару лъалищ?
– Лъала
– Щиб?
– ЧӀужу ячи.
– Огь, нич бахъарай дир яс.
ТӀасалъугьа, бетӀергьан.

8.

«Гвангъун щолеб бакъ буго,
Чваххун балеб цӀад буго,
Гьаб бертадуй бугилан»
Абула рохьоб чундуз.
«Мун кинан гӀенеккарай
Калиматил рагӀабахъ
Кинаб тӀаса бищараб
Итниги хамиз къоги».

Гьадинаб махсарагун
Устар ГӀиса вачӀана,
ГӀалил цого квер магжилъ,
Цогияб камураб квер.
«Гьале тӀубан анкь буго
Макьу щоларо, ГӀиса,
Мун дир инсул божарав
Гьудул вуго, бицина.
БахӀарайни ячина,
Гьойги дие ячӀина,
Дида гьеб бичӀчӀун буго,
Пал тӀамизе ккеларо.

Зурмиханги вукIина,
КочIохъаби ратила,
Квинеги гьекъезеги
Гьебги рекъезабила.

Дирго гьечIонаниги
Гьегьаз кумек гьабила –
Колхозалъгун Райпоялъ
Рагъулал гьудулзабаз.

ГIакдал гIинги къотIила,
КIалдиб гьоцIоги хъвала,
Гьелъ гуро ракI бикIулеб
Бугеб къасиги къадги.
Киниги дун бахIарав
Ригьин гьабулев вугев
БахIаралъе босизе
Сайигъат кIвечIо кьалда.
Горбой маржанал гуро,
Рукьалъе курхьин гуро,
Килщазе баргъич гуро,
ГIундузе кIилкIал гуро.
Чияхъа гьел росизе
Дир намусалъ гьукъула,
Рокъобги пенсиялъе
Дий месед кьолеб гьечIо.
ТIокIаб жо гьечIонани
Баргъичниги кьечIони
ЦIакъго кьварун вакъварав
Чийилан ккеларищ дун.

– Дуца битIанин абун
Цоги чияс кьуни гьеб?
– Гьеб гьереси лъалев дун
Намусалъ зуриларищ.
Къоялъ гуреб гIумруялъ
Гьаб гIазаб дие щайзе,
Метер инсул хабаде
Доналде ине руго,
Досда щиб жо абилеб?
 Эмен дилъ чIаго вуго...

... ЧIчIана гьал гIемер мехалъ
Цоцада кIалъачIого
Цинги ГIали вахъана

Дове нахъе тирана.
Цинги хадуб ццин бахъун
Михъал хучана ГIалил:
«ГIиса, рагъ лъугIун гьечIо
Дир ругънаде цIам щвана».

– ГIали, щиб ккараб бице
– Сон Кусалав вачIана:
«Кумек хIажат гьечIищан
Сулейманил вас дуе.
БахIаралъе битIизе
Гьале меседил баргъич
Босейила гьеб жиндир,
Жакъа гьеб дур бугила.»
БитIахъе, ГIиса, дида
Каранлъ нус чIванин ккана,
Карандаса цIва бахъун
Гьеб бокалалъуб лъуна:
– Балагье дир меседил
ЦIва буго къваригIани...
«Гьелъул гьабеха баргъич
Дургоян абуна гъос.»
«КъваригIани гьабилин»
Дун кIалъарав мехалда,
«КIицIусала бахIарчи
Мун вукIанин» вуго гьев...

Дица баргъичги босун
Мугъ берцин гьабейила
Мадугьалги тIовитIун
«ТIваян» бокал борхана.
Бокалалъул тIиналда
Дир меседил цIва буго
«Жиндир баргъич гьабеян
Гьайбатай бахIаралъе».

Дун дагьав щакдарана
Щай бицинчIого телеб,
БицинчIого чIелилан
ЧIегIерлъун гьечIищ гъеду.
Устар, дир хIукму ккана,
Гьарула, инсул гьудул,
Дир меседил цIваялъул
Меседил баргъич гьабе.

МагIарул кубачияв,
Дур кверазда кIолареб
Щибго гьечIин ракьалда
Рокьуе хъулухъ гьабе.
Цебе рагIун букIана
ШагIирасул кечI дида:
«Дун зодое вахинин
Зугьрае цIва босизе»

Нусго Зугьра кьуниги
Кьоларей Калиматий
Кьалул кIкIуйдулъ босараб
Сайигъат букIина гьеб.
Цо гIураб бахIарчилъи
Дир бахIаралъул буго,
Босе щугIаркьелаб гьаб
Гьелъий мустахIикъ буго..!

– ГIали, гьаб цо дур буго.
– ГIиса, дир дур букIинищ
Хъизан гIодоб чIарабго
ЦохIо хъазнида нахъа.
Рагъги гIаммаб букIана,
ЩIаги гIаммаб букIана,
Гьеб цIваги гIаммаб буго
ГIищкъугин рекъел гIадин.
Гьалмагъ Ленинил орден
Гьаб дир каранда буго,
Гьелда аскIор цогиял
Орденалги медалал.

– Гьез гьикъани цIва кибин
Дур карандаса араб?
– Гьелъие мустахIикъав
Нус-нус руго гьеб щвечIел...
Инсул гьудул, гьаб гьари
Дуца квер хьвагIун тани
Кубачибги ГьоцIальги
Руго дир гьудулзаби...

Къацандана, гьардана,
Гьедарана, ахирги
Меседил цIваги босун
ГIиса рокъове ана.
ГIали дагьав вигьана,

Гьанже кватIун букIана,
Ккараб ккелеб батилин
Цо бугеб квер хьвагIана.

Квер гьечIого вукIарав
ЦIва гьечIого вукIинин,
ЦIадулъ хвасар гьавурай
Дой яс ракIалде щвана.

IX.

Хадуб Доналде ана
Калиматгун цадахъ гьав:
– Киб бугеб дур цIвайилан,
ЦIехолдана абурай,
– Эмен жаниб лъураб хоб,
Доба праздник гьечIо,
Гьеб дица бачIин абун
Къине гьабуна суал.

Гьалъги жиндир кинабго
Курхьин кIиликI бахъана.
КIиялго гьал цо зонохъ
ГIодоре къулун руго:
«Сулейманов Сулейман.
Вас вачIун вуго духъе,
БахIарай цадахъ йиго
Вахъунарищ мун тIаде».

«Дун вахъине хьул буго
Цо лъагIел гьоркьоб ингун,
Гьанже рокъоре русса
Ва бертаде хIадурлъе».
Гьоркьоб лъагIел унаго
Эмен тIаде вахъана –
Ккуна гьез цIвабзахъе вас
ЦIар Сулейманин бугев...

Гьеб кочIол ахир буго
Амма гьоркьоб хутIараб
Хабар буго бицине
Доб меседил цIваялъул.
Устар добги кодоб ккун
Кибго балагьичIого
Ккараб щинаб бицине
Калиматихъе ана.

Калимат цо гьимана,
Цингиги пашманлъана:
Гьеб дихъе кьейин абун
Гъансиниб жаниб лъуна.

«Устар, дур месед буго,
Гъосул рахъалъ дуцаго
Дие цо баргъич гьабе
Гьеб нилъеца бецIила».
ГIисаца кколеб куцалъ
КинабгIайги гьабуна,
Гьав вилълъана ГIалихъе
Гьале босе баргъичан.

Хеккого хамиз сордо,
Дир хирияй бахIаралъ
Дур каву къирарабго
КъачIан вукIа гьеб кьезе.
ГIалица гьеб босана
Меседил цIвайил баргъич...
ЦIунцIрахана лага-черх...
Чармил багьадур дуй щиб?

РакIалде щвана гьасда
Белоруссалъул рохьал,
Каскабазулъ фашистал
Гьез сверун ккурав живги,
Германиялъул плен,
Лагералъул дол рахсал,
Сардида гьелги къотIун
КъватIибе бахъараб нух,
Нахъаса кьвагьи, гьаракь,
Гьабзазул хъачIаб хIапи...

Лъукъун, вакъун, къечарав
Дунял ракьанде ккарав,
Гьенир Италиязул
Партизаналгун цадахъ,
Цинги ахирияб цIва,
ЦIадулъа йосарай яс...
ЦIакъ дозда гьикъичIого
Гьабунила дица иш...
Гьанже гьабун бахъана,
Гьелъул бицун пайда щиб,
Рокьул расписка гIадин

Буго меседил баргъич.

Хадуб ккараб кинабго
Ургьараб куцалъ ккана,
Калиматил килщида,
Каву гьелъ рагьарабго,
ЯчIанищ гьоболилан,
Гьалмагъ гIагарлъиййилан,
ГIалил меседил баргъич
ТIолго росулъ кенчIана.
Героясул бертаде
ГIемераб халкъ бачIана,
Рагъулал гьудулзаби
Гьегьал росабазулъа,
Гьесухъе тел бачIана
Гомелалъул Олесял
Дурго гьоболги ячун
Гьоболлъухъ вачIайилан.

Гьав кIочон гьечIо цIадулъ
Лъимер хвасар гьабурав
Немцазул хъизаналда –
Хъван бачIана гьез кагъат..
Райкомги Исполкомги
КиналгIаги рукIана
Командировкалъ щварав
Министрги вукIана.

АхIун рукIинчIониги
КIоченчIо гьанир щвезе,
Воре, щварабин абун,
Щуго милица тIагъур,
ПалхIасил кинабниги
Кколеб куцалъ букIана.
Каранда цIва щай гьечIеб,
Гьелда хIикмалъана халкъ.
Живго секретарь райком,
Цо бокал гьекъарабго,
Жакъа лъикI букIинарищ
Базе доб хIалчIахъадин.

Нижер чIухIигун роххел –
ЦIва бихьизе гьабеян
Пионераз киссанго
Сверун ккуна бахIарав.

ГӀали вукӀкӀуркӀахъдана
Гъоб цӀакъ рикӀкӀада бугин –
БахӀаралъ вас гъавуни
Гъесда бихьизе цӀунун...

Гъеб мехалда Кусалас
Кодобе борхана квер,
Ккараб жо жиндир кӀалалъ
Нужеда бицинаян:

– Гъалмагъ секретарь райком,
БахӀарасул цӀва гъечӀо,
БахӀарчияс гъеб месед
Баргъичалъе биана.
КӀудияб улкаялъул
Указалъул хӀурмат хвей
ХӀехьезе бегьулебищ,
Маршалаз щиб абилеб?
Дица Сталинихъе
Жинхъего хъвана гӀарза.
ГӀали Сулеймановас
Судалда кьела жаваб...

– ЦӀадул гӀурхъуда кьуна
ГӀалица кколеб жаваб, –
Калимат яхъун ана,
Гъансил кӀулалги росун.
Росу гӀенеккун чӀана,
ГӀали вуцӀцӀухӀун чӀана,
ГӀисаца лълъар борхана
БахӀарасул рахъалъан.
БахӀаралъ ячӀун босун,
Меседил цӀва гъалеян,
Росасул каранда бан
Балагьеян ахӀана.
Гъанже хъвалев вукӀаян
Дурго киналго гӀарзал,
Мун Кусалав вукӀана,
Кусалавлъун хутӀилин...

Гъалда лъугӀана хабар
Хадуб ккараб кӀвар гъечӀо,
Белалъ кин малълъаниги
Лъин цо-цо мекъи уна.
Бертин лъугӀун хадуса

ГIали вукIана пашман
ГIандисевгун ГьоцIалъев
АхIизе кIочанилан.
Лъугьараб жо гьаб буго,
Гьереси щайтIан буго,
Гьединан абулаан
Дир инсуца кидаго.
Лъаларо Париж, Лондон –
Доба гьадин букIунищ,
Гьаб букIана магIарухъ
Дагьистаналъул росулъ.

## РОДОПАЛЪУЛ КУЧIДУЛ

1.

– Вокьулев, рагIулищ хIелказул гьаракь?
Гьанже рогьанин, дун рокъое йиччай.
– Йокьулей, гьерсилил хIелкал руго гьел,
Гьез гуккизе чIоге, цодагьалъги чIа.

– Вокьулев, рагIулищ гIертIазул звааргъи,
Дун гIедегIун йиго, рокъое йиччай.
– Йокьулей, къаси лъин гIечIого руго
ГIертIал сардилъ иццухъ, цодагьалъги чIа.

2.

– Рада, Рада, Рада, гьумерхъахI Рада,
НагIана батаял чIегIерал берал!
ЧIегIерал руго гьел, чIегIерал руго,
ЧIегIераб багIлидал гарал кинигин.
ЦохIо лахIзат гIола гьел рихьун хадуб
ХвезегIан угьдизе, угьдулев вуго.

Рада, Рада, Рада, гьумерхъахI Рада,
НагIана батаяб чIурканаб лага!
ЧIурканаб буго гьеб, чIурканаб буго,
ЧIурканаб бахIараб гъветI кинигинан.
ЦохIо лахIзат гIела, гьеб бихьун хадуб
ХвезегIан угьдизе, угьдулев вуго.

3.

Берал гIодулел руго, гьумер гьимулеб буго,

Гьелъул магIна бице, яс, бице, яс, эбелалъе?
– Эбел, дихъе вачIунев вуго дир рокьи ккарав,
Дир макьабазул хъачагъ, огь, ракI ссудулеб буго,
Гьес рекIун хъахIилаб чу, чода цIахIилаб кьили,
Янтаралъул кIудияб кIалдиб ккун буго маштукI.
МуштукIалъ гьес тамахаб тамахьо цIалеб буго,
Живгоги тамхьил кIкIуйдулъ хьухьикь цIум гIадин вуго
Гьелъ дир берал гIодула, гьелъ дир гьумер гьимула.

4.

– Огь, гьайбатай, берцинай,
Бице дур пашманлъи щиб?
Дица мун ячинчIого
Тедалищ гьедин йигей?

– ГIолохъанав бахIарчи,
Дица жаваб кьеларо.
Жакъа дида бугеб хIал
ЦохIо дидаго лъала.

5.

ГъветI хьвагIелеб буго, гIолохъанай яс
ГIураб рукъ, гIагарлъи тун уней йиго:
Къо-мех лъикI, кIудияб дир тухум-кьибил,
ГIумру дие кьурай къо-мех лъикI, эбел.
Баркала дуй, эбел, ичIабго моцIалъ
Ургьий цIунаралъухъ цIар лъелалде дун.
Баркала дуй, эбел, лъабабго соналъ
Сарин ахIаралъухъ, кодой ккурулъухъ.
Дица ахикь тела махI берцинаб тIегь,
ТIалаб гьабичIого, гьарула тоге!
Радалги къасиги расаялъ лъалъай,
Къаденахъе магIил къатIрабаз лъалъай!

6.

Рафинка унтун йиго,
Егун мугIрул каранда,
АскIов цо гIадан гьечIо,
ГIицIго цо эбел гурей.
Рафинкада эбелалъ
Абулеб буго гьадин:
– Рафинка, дир яс, бице,
Дур хирияв щив вугев,
Дир хазина, вокьулев
Гьанже дуй вокьуларищ?

– Хирияй эбел, дие
Вокьулев вокьуларо
Бокьула бищун гьанже
Гьаб дунялалъул канлъи.
Бокьула дий тIабигIат,
ТIаде щвана гьале их.
Ракьулъан тIегь баккила
Дун ракьулъ лъолеб мехалъ.
Дир эбел, ахIе дихъе
Дагьаб сагIаталъ яцгIал, –
Дица гьелда абила
Дир вокьулесе айин,
Дица гьелда гьарила
Дир къайиги босейин...

7.

Бокьула Сивкоялъул
Керчаб, гъалгъалараб рохь,
ГъутIбуз тIанхал риччала
Май бачIиналде гьениб.

Гьебмехалъ рохьой уна,
ГъотIокь гIодов вукIуна,
Цониги гIаркьелалда
Дица дир ярагъ бала.

Бахъула къватIиб щвантIих,
Байбихьула гьеб пузе,
Гьелъул панаяб гьаракь
Кьола гъветIалъ гъотIохъе.

Балагьула Сивкодахъ,
Гьенир гьитIинал ясал...
Гьез лъаралъ чурун ретIел
ГъутIбузда балеб буго.

8.

Севда егун йиго рокьуца унтун,
Гьеб унтул лъидаго гьалъ бицунаро;
Бицани бицуна цо эбелалда:
– Унтун йиго, эбел, холей йиго дун.
ТIоцебе ккана дир панаяб рокьи,
Эбел, гьари буго гьесухъе айин.
АхIе гьев цоцада цо-цо бер чIвазе,
АхIе гьев цоцада дагьалъ кIалъазе.

Гьебмехалъ дир унти дагь-дагь чучила,
Чучлъун бигьалъила, чучлъун сахлъила.

9.

– Минка, дир яс, лъадаса
Юссине щай кватIарай?
– Лъел цIолеб мехалъ, эбел,
Цебесан илхъи ана,
Эз ицц чамгIал гьабуна.
– Минка, дир яс, щай дуца
Херай эбел гуккулей?
Мегеж хъахIав инсуе
Гьеб гъереси бицунеб?
Гьел дур чIегIерал берал
МагIил цIун ругогури?
Гьел дур хъахIал гIанаби
ХIанчI-хIанчIун ругогури?
Херай эбел гуккуге,
Гуккун бажариларо.
Гьанже мун гIадин дунги
БахIарай йикIарайин.

10.

Бекир, дир канлъи, дарман,
Рокьуца чи холедай?
Хванани дун тун цее
Цогияй хвелароан.

Дида гьабизе кIолеб
ГIумрудай щибго гьечIо,
ГIицIго дий хутIараб жо
Якъван ечIазе буго.

Бакъвараб гъотIол гIаркьел.
Гьелда релълъун йиго дун,
Дур пикрабаз, хиялаз
Хадусеб тIолго кIочон.

ЛъикI букIинариищ, Бекир,
Нилъ кIиялго цолъизе,
ЦохIо дий захIмат бугин
Гьаб къварилъи баччизе?

11.

Гьумер бахчарай яс

Бахчадалъ йиго.
Бахчадалъ ясалда
Кодоб тIегь буго.
Гьелде данде рокьи
БачIунеб буго,
Гьалъ гьитIинал кверал
Гьелде хьвагIула.

Кьур-кьудун кьурдизе
Берал гьарула,
Гьел чIегIерал берал,
Огь, расандула.
– ВачIа, дир вокьулев.
ВачIа, багьадур,
Духъ балагьун йигии
Дун бахчаялъуй.
Дуе бетIун бугин
Гьаб берцинаб тIегь.
Дуе къачIан бугин
Дир чIурканаб черх.
Дуе чурун бугин
Дица дир гьумер.
Дуе рагьун бугин
Дир гвердил габур.

12.

– Огъ, яс, берцинай яс, кисан ячIарай?
Зодоса йортунищ, гIодой йижунищ?
– Дун зодосан гIодой йортун ячIинчIо,
Дун гIодой ракьулъан яккун ячIинчIо.
Эбелалъ гьаюна дун мунго гIадин,
ГIурччинаб багIараб байрамкъо бакьулъ.
Эбелалъ чурана дир черх рахьдаца,
Чакар кинигинан хъахIай йикIине.
Эбелалъ кьуна дий кванaзе багIли,
БагIлидул чIегIерлъи бералъ букIине.
Эбелалъ гIурччинаб гъотIол гIаркьелалъ
Бухана дир лага, йорхат йикIине.

13.

Ясалъул кваранаб кверда бетIер лъун,
Челебиче, лъимер гIадин, кьижана.
Яс барахщун йиго гьесул макьида,
БокьичIониги гьав ворчIизавуна:
– Челебиче, ворчIа, къо бачIун бугин.

ГІагарал щобазде бакъ щолеб бугин.
– Кин тІаде вахъинев дун, дир хирияй,
Харида савулъун йигин мун ячІун.
Тохлъукъе ихдаде гІаздаца гІадин,
ГІумруялъул тІугьдул квачалел руго.

## ГІУРУС АДАБИЯТАЛДАСА

## А.С. ПУШКИН

*Поэмаби*

ЦЕБЕРАГІИЯЛЪУЛ БАКІАЛДА ЦО-КІИГО РАГІИ

*Пушкинил хІакъалъулъ хъвазе бигьа букІунаро. Къалам кодобе босидал квер сородула, къваригІарал рагІаби ратизеги захІмалъула. Бищунго пасихІал калимабаздаги кинго кІоларо гьев кІудияв инсанасде ва вокьулев шагІирасде бугеб гІашикълъиги рекІел цІайиги нилъее бокьараб къагІидаялда къватІибе загьир гьабизе.*

*Пушкиниде бугеб рокьиялъ ва рекІел цІайиялъ дида кидаго кІоченабула гьев нилъер квер гІунтІулареб борхалъуда вукІин. Бищунго хирияв ва бищунго кІудияв инсан гІадин лъугьана гьев дир рокъове, дир рекІелъе, дир*

*гIумруялъулъе.*

*ГьитIинаб мехалдаго дие бокьулаан зодихъ тIавап гьабулел цIумазухъ валагьун лазат босизе. ЦIумал гурелги роржанхъула нилъер зобалазда, амма гIицIго гьел пирилъун парпадула доба тIадегIанлъуда... Поэзиялъул цIумлъун вукIана дие кидаго Пушкин.*

*БатIи-батIияб заманаялда батIи-батIиял поэтазухъ рокьи ккана дир, амма Пушкиние дун кидаго хилиплъичIо. ГIурусазул миллияв поэт дие лъугьана магIарулазул миллияв поэтлъун.*

*Пушкиница хъван рукIана гьадинал мухъалги:*

...МукIурлъе, Кавказ:
Ермолов вачIунев вугевин духъе!

*Амма я Ермоловасда, ялъуни цогидал пачаясул генералзабазда – гьел бидулал гIащтIичагIазда кIвечIо я цIадудалъун, яги хвалчадалъун Кавказ мукIур гьабизе. Нилъ мукIур гьаруна Пушкинил хIикматал кучIдуз, нилъ асир гьаруна Россиялъул кIудияв васас жиндирго гIакълуялдалъун ва пагьмуялдалъун.*

*Дица хъатикь ккун буго Пушкинил кучIдузул гьитIинабго тIехь. ТIолабго гIумруялъ цадахъ босана дица гьеб поэзиялде дие каву рагьараб мандат кинигин ва дунги поэзиялъул умматалъул чи вукIин бихьизабулеб гIаламат гIадин. Школалда цIалулел соназда дица гьелъул тIанчазда гьоркьор лъун чанги тIегь бакъвана. Гьеб дида цадахъ букIана рикIкIадал чияр улкабаздаги, дир тIолалго халатал нухаздаги ва дир рокъоб тIахьазда гьоркьобги гьеб буго бертадул тепсиялда нахъа тамадаясул гIадаб къадру-къиматалда.*

*АнцIго сон бараб лъимер вугеб мехалда бихьана дида тIоцебе ралъад. ГIемераб мехалъ хаган валагьун хутIана дун гьелъухъ. Гьелдаса нахъе гьанжеги дир ракI тIеркIезе лъугьуна ралъдал рагIалде щванщинахъе. Гьединабго рохалил ва хIикмалъиялъул асаралъ хIинчIлъун твархола дир ракI цогидал поэтазул назмабиги цIалун, Пушкинил кучIдул кодоре росараб мехалда.*

*Дицаго тIоцебе магIарул мацIалде буссинабураб Пушкинил поэма херал цIигьулдерие цIалулеб букIана дица. Гьезда гIурус мацI лъалароан, амма цо-цо мехалъ дунги лъалхъизавун гьез абулаан: «Гьедин батиларо. Пушкиница гьедин хъвазе рес гьечIо. Мунго мекъи ккун ватила, – ян. ХIакъикъаталдаги хал гьабидал гьел ритIун ратулаан. Гьедин рекIеда бичIчIула, нилъер улкаялъул цогидал халкъаздаго гIадин, Дагъистаналъул магIарулаздаги Пушкинил* поэзия.

*Пушкин хвана 1837 соналъул 10 февралалда Дантесгун танчиде вахъун кIиго къо ун хадуб. Дие, поэтасе, абизе бокьун буго: Пушкин гIемерав вахъана танчиде. Гьев танчиде вахъана пачаясул зулмуялда данде, ритIухълъи гьечIолъиялда данде, гьересиялда данде. Ва щибаб нухалъ гьенив Пушкин бергьана.*

*РАСУЛ ХIАМЗАТОВ:*

## ВАЦАЛ-ХЪАЧАГЪАЛ

Рохъолъун хъурулел рукьбузул гохIда
Гъудузул тIел гуро тIад рещтIун бугеб.
Сардилъ Волга гIурул цIадуда сверухъ
ЦIоб гьечIел хъачагъал руго дандельун.
Щиб батIи-батIияб ретIел, миллат, мацI,
МагIишат, гьумер, цIар – огь, гьаниб гьечIеб!
Жидер ригьзабахъан, туснахъ рокъосан,
Къец бан цIогьодизе гьенире рачIун!
Законги кверщелги квер хьвагIун тарал
Киналго ракIазул буго цо мурад.
Гьазда гьоркьов вуго кьалул Доналъул
РагIаллъабаздаса лъутарав цIогьор,
Вуго кар чIегIерав чIваркьарав жугьутI,
Авлахъалда гIурал гIалхулал васал,
БегIукъав калмыкав, куц хварав башкир,
Рас багIарав финав, гьездаго цадахъ
Даим гочарулев кIарчамав цыган...
ХъахIбалъи, хIилла-рекIкI, хIинкъи, би – гьале
Гьаб хъизан цоцаде бухьунеб рухьен.
Гьазул гьалмагъ вуго ганчIилаб ракIгун
ТIолго гIазабазул гIурхъи бахарав,
ВахIщиял квераца бесдал лъимерги
Ва къорол чIужуги къотIун рехулев,
РахIмуги гурхIелги щибго лъаларев,
Лъимал гIодулелъул данде велъулев,
Йокьулей дандчIвайдал, гIолихъан гIадин,
ЧIвазе чи щваравго, вохун вукIунев.

Сверухълъи сасуна, гьезде моцIроца
Гьале мукъсанабго канлъи рехула,
Ва тIад полоп бараб гьакълил цIураб лълъар
Хъатикьа – хъатикье тира-сверула.
Рагьлилаб ракьалда гIебедеги чIван,
Гьазул цояб тайпа сас тун кьижула;
Ва такъсир гьарзаял гьазул бутIрузда
Гьалагал макьаби тIад роржанхъула.
Цогидаз накъитаз къокълъизарула
Иш гьечIел сардазул халатал сагIтал.
СехI къотIун киналго гьал гIенеккуна
Гьанив цIи вачIарас бицунеб харбихъ:

«ВукІана кІиго вац, гІуна ниж цадахъ,
ГІолохъанлъи ана чияда рагьтІа;
Гьез кьураб чадида бадире руссун,
Лъимадулаб нижер гІумру букІана.
Пашманлъи, къварилъи гьитІинго лъана,
КьогІаб язихълъиялъ гьалмагълъи ккуна.
Рокьукъаб жахІдадул гІазабалъ нижер
Цудунго ракІазул тІвапи бахъана.
ХутІичІо щибго жо бесдал васазе:
Я руссине бокІон, я бекьизе хур.
Гьедии къварилъуда тІамуна къоял,
Гьеб къисмат чІалгІана нижеда ахир,
Ва къотІи гьабуна кІиязго цолъун
Цоги батІияб иш пишалъун кквезе.
Гьелъие рищана гьалмагъзабилъун –
ЛахІтуял сардалги, рекІараб нусги.
Даим кІочон тана хІинкъиги къайги,
Нахъе бачахъана ничги намусги.
Огь, гІолохъанаб гІуж, гІолохъанаб гІуж!
ГІумру доб мехалда букІана нижер:
Хвалил хІинкъиялде гІин тІамичІого,
ТІолабго щвараб жо бащад бикьулеб;
БачІун завалаб моцІ зодихъ чІарабго,
Ракьул бецІал нохъал нахъехунги тун,
ХІинкъарал ишазда квала-швализе,
Ниж керчаб рохьоре ралагьулаан.
ГъотІол рохтиялъукь хал ккунги рукІун,
КватІарав нухлулав чІезеги гьавун,
Бечедав жугьутІав, ресукъав кашиш, –
Гьезухъа бугеб жо бакІарулаан.
Квачараб хасалил хъачІаб сордоялъ,
Хехаб пайтоналда лъабго чуги бан,
ПештІон щиб, ахІтІон щиб, – гІедераб чІорлъун
ГІазул авлахъ къотІун къокъун унаан.
Аман, данде чІвалел щал ругониги,
Ниж рихьараб мехалъ хаган кколаан.
Ва сардида ригьниб канлъи бихьигун,
Ниж каву бухизе рекерулаан.
АхІун бетІергьангун, гьеб рагьулаан,
Цинги жанир лъугьун, мухь гьикъичІого,
Гьекъон щиб, кванан щиб – кеп босулаан
Ва берцинал ясал реэдулаан!..

Хадуб щибха ккараб? Цадахъ ккуна ниж;
Кеп халат босичІо кІиявго вацас;

Маххул къебедасул къуватал квераз
КъахIан ккун кIиявго рухьана цоцалъ.
Цинги хъаравулас рехъерхъун рачун,
БецIаб туснахъалде тункун рехана...

Дица, щуго соналъ цIикIкIарав вукIун,
Вацасдаса гIазаб гIемер хIехьана;
Маххул рахсалги ран чIегIер гвандинив
Дун чIаго хутIана, гьесул хIал гIечIо.
ЗахIматго хIухьел цIан, лъавудаса ун,
Ургъалабаз къвал бан, къварилъиялъ цIун,
Унтараб бетIерги дир гъажалда лъун,
Холев вугев чияс, абулаан гьес:
Гьаниб хIал къан бугин, рохьоб лъикI бугин,
Рилъа доре... аман, лъим босейилан…
Дица лъим кьуниги къеч хьвалароан, –
Гьесул гIетI букIана гIорлъун чвахулеб.
Загьруяб гьеб унтул гьалдолеб цIаялъ
Гьесул черхалъул би хехлъизабуна,
Гьадин аскIов вугев дунги лъачIого,
Жиндихъе гьудулан, абун гьардана.
Гьас ахIана диде кив вахчаравин,
Кибехун балъгояб нух босарабин,
Щибизе, вац, дуца дун рехун тарав
Гьаб лахIтуяб рокъоб махIцалида гьорлъ?
Ракълилаб мегъги тун, дуца гурищ дун
Гьал керчал рохьазде вухьинавурав,
Ва бецIаб сардида тIадеги кIанцIун,
ТIоцеве чи чIвазе ругьун гьавурав?
Гьанже мун бацIцIадаб майданлъиялда,
Дун цадахъ гьечIого, вуго свердулев,
Дуца бакIаб ярагъ буго хьвагIулеб;
Ва эркенаб къисмат дуе щварабго,
Къварилъукь вугев вац кIочана дуда!..
Цо-цо, пуланасе цIидасан бачIун,
ЧIамучIлъараб яхIалъ гIазаб гьикъула;
Жинцаго гьарурал тIолго квешлъаби,
Килщал хьвагIулаго, цере рачIуна.
Цевего нижеца къотIарав херав
Гьасул хиялазде гIемер рещтIуна.
Гьелъ ракI бакъварав гьас, бадиб кверги чIван,
Гьев херасул рахъалъ гьарана дида:
«Дир вац! ГурхIа гъосул магIил гаразда!
Хъун рехуге дуца ригь арав гьарин...
Пашманаб гьаркьихъе зигардула ракI,

Зарар гьечIев пакъир – виччай гъов нухда.
Гъосул чорхолъ хутIун хинаб би гьечIин,
Гьесул хъахIлъараб рас басра гьабуге.
Щиб лъалеб, гьов гьардон, алагьасул ццин
Нилъедаса тIаса ине бегьула.»
Дица гIинтIамуна хIалица гьесухъ,
Гьалдолеб чорхолъа хIинкъиги босун;
Ва бокьун букIана унтун вугесул
Ургъелги магIуги тIаса босизе.
Гьасда туснахърокъоб, гьале, рихьула
Рохьор чIван рукIарал рачIун кьурдулел.
Цин гьасда рагIула хIинкъараб щур-щур,
Нахъеги рагIула гIагарлъухъ тIвапи;
Гьав тIуркIула, гъалгъан балагьахъдула,
БотIрода тIолго рас хуч-хучун чIола,
ГъотIол тIамах гIадин лугбал сорола.
Цин цебетIамула гьасул берзукье
Майданлъуде буссун халкъалъул руккел,
Такъсирчи гъанкъизе вачун унеб нух
Ва кодор цIалалгун гIащтIичагIи чIун.
ХIинкъараб хIинкъиялъ гIакълуги босун,
Вац дир керемалде вачIуна рехун.
Гьединан ана дир сардалгин къоял,
ЦохIо лахIзаталъцин босичIо рахIат,
Ва нижер беразе букIинчIо макьу.

Амма гIолохъанлъи хвалдаса къечIо:
Къуват щун, нахъеги вац щулалъана,
ХIалуцараб унти тIаса босана,
Гьелда цадахъ тIолго ургъелал ана.
Ниж чIаго рорчIана. Гьелдаса хадуб
Цебесеб ишалде ракI хIасралъана.
Бер буссун букIана даим рохьазде,
РакI бакъун букIана эркенлъиялъухъ.
Бизарлъун букIана бецIаб туснахърукъ,
Гордул хьури борлъун бачIунеб канлъи,
Хъаравулазул хъуй, рахсазул зваргьи,
Ва нагагь бачIунеб хIинчIалъул чIи-чIи.

Цо нухалда маххул рахсазги рухьун,
Шагьаралъул туснахъ цIезе гьабизе,
Гьенисан мех лъугIун арал хисизе,
Рачана къватIахъан цере къотIун ниж.
КъотIи ккана нижер сасалда гьоркьоб
Цебего ургъараб анищ тIубазе.

Хъудулеб букIана гIор цо рахъалда,
Ниж рортана гьелъул рагIаллъиялде;
Ва борхалъудасан бер къапичIого,
Бокьараб бахъаян кIанцIана жанир.
Гъварилъабахъ рукъун ххана лъим квераз,
Лъадал карачелал рухана бохдуз,
Ва маххул рахсазул букIана звargъи,
Ахирги бер чIвана чIинкIиллъиялда.
Гьулчун унеб чвахи бихххизе гьабун,
Ниж гьенир рортана гIедегIалихъе.
Нижеда хадусан букIана ахIи:
«Хехго ккве, хехго ккве, рорчIулел ругин!»
Ва кIиго хъаравул вуго вачIунев,
Амма ниж рорчIана чIинкIиллъиялде.
ГанчIазда тIад кьабун рахсал гъурана,
РатIлида ригъарал магъкьал тIун рана,
ТIаса лъимги лъухьун партал къанцIцIуна.
Нахъе балагьидал, гьале рихьулел:
Ниж кквезе рачIунел хъаравулзаби.
Амма ниж гьездаса хIинкъи гьечIого,
Ралагьун чIун руго гIодоре риччан.
Гьезул цояв, гьале вуго гъанкъулев,
Лъим гIуркъулев вуго, угьдулев вуго;
Ахирги тIухьилъун ана гьев тIинде.
Цоявин абуни, кодоб ярагъгун,
КвачI бан, гъварилъи тун, вуго вахунев.
Гьебмехалъ нижеца гьесул ботIрода
Босун кIиго гамачI щвезе гьабуна.
Карачалабиги бидуца релъун,
Гъорлъе тIерхьарав гьев тIаде ваккичIо.
ТIокIав хадув гIадан щивго вачIинчIо, –
ГIорги бахун, хехго рохьоре ана.
Амма мискинав вац... гьале цIидасан
Гьасул къо бихьиялъ къуват хун ана.
Хаслихъе квачалъул карачелабаз
Чорхол рухIалдаса махIрум гьавуна.
Цебегосеб унти нахъ буссун щвана,
НекIсиял ургъелаз ургьиб цIа лъуна.
Лъабго сордо-къоялъ микъан кIалъачIо,
Ункъабилеб къоялъ къварилъиялда,
Квешал ургъелазул цIурав унтарас,
Дун аскIове ахIун, дир квер босана.
Канлъи ссунеб бадиб руго рихьулел
Гьесул керен кунел квешал гIазабал.
Квер тIуркIана, угьун хIухьел биччана,

Ахир дир каранде вегун кьижана.

Дун гьесул цIорораб къаркъалаялде,
Лъабго сордо-къоялъ цо кьуричIого,
ТIаде къулун чIана, агьан гIодана,
Огь, ворчIиdatabaseродай хварав вацилан.
Ахир маххул белалъ гвандаги гьабун
Гьениб жаниб лъуна гьесул жаназе.
Ва хIакъал гIемераб вацасул зонохъ
ХIарамаб какги бан, дирго ругьунаб
ХIалтIуде вуссана, цевего гIадин,
Цадахъ вац гьечIого, янгъизав дунго...
Амма дол цересел соназул тIагIам
ТIокIаб щвечIо, гьечIо, гьеб тIад буссинчIо.
Рохалил сухIматал, сардил регелал
Ва цулъарал нижер хехал чабхъенал –
Хварав вацас ана цадахъ кинабго.
ЦохIо хутIарав дун вуго свердулев,
Щцидахун черх буго, гамачIлъун лъугьун,
ГурхIел-рахIму тIагIун буго жаниб ракI.
Амма букIаниги, рукIкIалабазда
Цо-цо мехалъ дица рахIму гьабула.
ХIалае чи гьечIев херав чиясул
ХъахIаб мегеж кквезе билълъунаро квер.
Дида цебе чIола, доб туснахъалда
КIотарав, унтарав, ургъелаз цIурав,
Маххул рахсал рарав рухIдакъав дир вац
Дида гьардарав куц херасе гIоло».

*1821 – 1822 с.*

**ЦЫГАНАЛ**

Цыганал, хъуялда руккелал гьарун,
Бессарабиялда руго гочунел.
Жакъа гьел тIутIурал чадрахъе лъугьун,
ГIурул тIаралъуда руго регулел.
Гьезул сардил макьу, зобалазда гъоркь
Эркенлъиго гIадин, буго гьуинаб,
ТIансаби ригъарал гьаказда гьоркьор
Гьез ракарал цIаял руго кенчIелел.
ЦIа бакун сверухъе гIодоб чIун хъизан,

Къаси квен гьабизе буго квал-квалеб.
БацIцIадаб гIурдада, рухьен бачIого,
Риччан тарал чуял руго кваналел.
Чодрода нахъехун, рахас бачIого,
Ругьун гьабураб ци буго гъапуллъун.
Авлахъ гIатIилъухъе буго тIибитIун:
Лъималазул чIичIи, руччабазул кечI,
Радал къокъаб сапар гьабизе бугел
Ракълил хъизамазул тIолго къачIади,
Къебелъухъ бухулеб маххалъул зваргъи.
Гьале, гочардулел гьал чадразухъе,
Макьилаб саскъотIи рещтIунеб буго
Ва байданлъиялда гьойдул хIапиги,
Чуязул хIихIиги рагIула гIицIго.
ЦIаял свана кирго, сас гьечIо кибго,
Паракъалъун буго сверухълъи тIолго.
Цого-цо моцI буго зодисан баккун,
ГIодоре риччарал чадразда гвангъун.
Цо чодрохъ херав чи гьечIо кьижулев,
Гьав бакараб цIадухъ вуго гIодов чIун.
Гьелъул ахирияб хинлъиги босун,
РикIкIад майданалде вуго валагьун.
Гьесул цохIо йигей гIолохъанай яс
ГIицIаб авлахъалде ана тиризе.
Гьей ругьунлъун йиго гIумрудул саназ
ГIанчIаб эркенлъидул кепал росизе.
Гьей ячIине ккола, бачIуна сордо,
КватIичIого зобал тела моцIроца,
Ва амма Земфира жеги ячIинчIо,
Херасул къасдеквен буго цIоролеб.

Гьале яккана гьей. Гьелда хадув цун
Цогиги гIолихъан вуго хехлъулев.
Цыганасда жеги вихьа-рагIарав
Лъалев инсан гуро. Ясалъ бицуна:
«Дица гьобол вуго гьаниве вачун,
Гьав, эмен, дора дол гохIазда нахъа
ГIицIаб авлахъалда ватана дида,
Ва чодрохъ вегизе ахIана дица.
Гьасие, нилъ гIадин, гIумруялъ даим
Цыганлъун вукIине къваригIун буго;
Дун даим гьасие гьалмагълъун чIела, –
Гьав кивго законалъ цIехолев вуго.
ЦIар Алеко буго; гьав дида хадув
ХвезегIан кивего вилълъине вуго».

Херав

Дун вохарав вуго. ЧІа рогьинегІан
Гьаб нижер чодронив, дуе бокьани;
Ялъуни миркалъго рещтІа нижеда,
РекІей къабуллъулеб дуе батани.
Дун хІадурав вуго дургун бикьизе
Макьилаб регелги мискинаб квенги.
Босе нижер къисмат, ругьунлъе гьелде,
Гьаб нижер язихъаб узденлъиялде,
Метер рогьалида хъахІлъи лъарабго,
Нилъ цого гьакида цадахъ рилълъина;
ТІаса бище бищун ракІ гъураб махщел:
Бокьани бухе махх, яги ахІе кечІ,
Яги циги бачун свере росаби.

Алеко

Дун гьанив вукІина.

Земфира

Гьав дир вукІина:
Лъица вачахъулев гьав гьанже дихъе?
Амма кватІун буго... моцІ тІерхьун буго,
БецІал накІкІалъ тІупун байдаби руго;
Расги бокьичІого, огь, макьу щвана...
ХъахІлъи бана. Херав рагІилaредухъ
Сас къотІараб чадир сверухъ хьвадана.
«Бакъ баккулеб буго, яхъа, Земфира,
Замана щун буго, ворчІа, дир гьобол!
Те нужер недегьаб гьеб регел, лъимал».
Гьале халкъ, хъуялда чвахун бачІуна,
Чадрал ракІарана, гьакал чвархъана,
Гьел чабхъад рахъине къачІа-къатІана,
Ва тІолабго байдан руккелаз цІуна.
ХІамуца кІигІагал гьаказда жанир
Расандулел лъимал руго рачунел;
Росал, вацал, лъудби, ясал руччаби
Лъималазда хадур руго рилълъунел:
АхІи-хІур, гьаракь, хъуй, цыганазул кечІ,
Цидул руруй, гьелъул рахсазул звангъи,
РатІлида ригъарал магъкьазул кунчІи,
ТолохІоч хутІарал херал, гІисинал,
ЩвантІихазул гьаркьал, гьаказул къир-къир,
Гьабзазул гъул-гъули, хІапдей, гІавусди...
Гьаниб кинабго жо, гІадлу гьечІого,

ГIалхулаб, биххараб, жубараб буго.
Лагъзадерил цого назму кинигин,
Гьаб нилъер кеп гьечIеб хехаб чIаголъи
Гьезул паракъатаб магIишаталъе,
Гьезул гIумруялъе чияраб буго.

Пашманго валагьун вуго гIолихъан
ГIицIаб майданалъул гIатIилъиялде.
Ва къварилъиялъе бальгояб гIилла
Батизе хIал гьечIо гьасул жиндирго.
Гьанже гьав – ракьалъул эркенав инсан,
Гьавгун берал чIегIер йиго Земфира.
Къо бакьулъ букIунеб берцинлъиялда
Бакъ буго кепалда гьасда тIад гвангъун;
Щибха гIолиласул ракIалъул унти?
Кинаб ургъалилъха гьав восун вугев?
Бичасул хIанчIида даим кидаго

Я хIажат, я хIалтIи лъаларо щибго.
Гьеб боржанхъуларо, гьеб хехлъуларо,
Халатал саназе бусен лъоларо;
ГIаркьалида кьижун рогьуна сордо,
Радал багIар бакъалъ рагьула горду.
Бичасул гьаркьиде гIенеккула хIинчI,
Гьелъ хьвагIула куркьбал, гьелъ ахIула кечI.
ТIабигIат гвангъараб ихалда хадуб
Уна багIараб бакъ, къалъараб рии.
Рии ун хаслихълъи тIаде бачIуна.
Гьелъ квачги накIкIалги цадахъ рачIуна.
Хаслихъе гIадамал чIалгIун рукIуна, –
ХIинчIилан абуни, их бачIинегIан
Боржуна хъахIилал ралъадал къотIун,
РикIкIад улкабазде, хинал бакIазде.

Гьедин, ургъел гьечIел хIанчIида релълъун,
Жиндирго ВатIан тун тIурарав гьасда
РакI божараб бусен батичIо, лъачIо;
Лъидего, сундего гьав ругьунлъичIо.
Гьасие кибего шагьра букIана
Ва щвара-щваралъуб регел букIана;
Радал вахъаравго, гьас кинабго къо
Аллагьасде тIамун толеб букIана.
ГIумруялда данде чIвалел хIинкъабаз
Биххизе гьабичIо гьасул рекIел кIвахI.
Цо-цо гьав рикIкIада къалъараб цIваялъ

Къадруяб цIаралде вуго ахIулев,
РакIалда гьечIого гьасда кодобе
Мех-мехалъ бечелъи буго чвахулеб.
Цо-цо гIицI хутIараб гьасул ботIроде
Балагь къварилъиги буго рещтIунеб;
Амма гьав сундухъго балагьичIого,
Бакъукьги рагIдукьги вуго кьижулев,
Бецаб къисматалъул законгин къанун
Къабул гьабичIого, вуго хьвадулев.
Аман, аллагь, гьасул божараб ракIгун
Басандулеб бугеб гогьаб хIасралъи!
Гьалдолеб каранде жанире лъугьун,
Жен-жедулел руго кьогIал хиялал!

Халат мехалъейищ гьел кьижун ругел?
Гуро, рорчIила гьел балагьун рукIа!

Земфира

Бице, гьудул, гьанже, ракI бухIичшщ дур
Даим дуца рехун тарабщиналъухъ?

Алеко

Щиб жо тараб дица?

Земфира

Дудаго лъала:
ВатIан цоял чагIи, гIурал шагьарал.

Алеко

Сундухъ ракI бухIилеб? Гьел шагьаразул
Узденлъи гьечIолъи, бухIи, хIалуцин
Дуда лъалебани, бичIчIулебани!
Санграхъ руккел гьабун, доба гIадамаз
Гьаб рогьалил гьава босулеб гьечIо,
Гьал расалъабазул махI цIулеб гьечIо;
Рокьи рогьо буго, пикру хъамула,
Жидерго ихтияр къватIахъ бичула,
Хъанчазе бетIер чIван, хIел-хIелги гьабун,
ГIарацги рахсалги гьезда гьарула.
Щиб жо тараб дица? Хиянат, макру,
КьучI гьечIел хIукмаби, хъублъи, гьереси,
Гьагал руккелазул гIантаб роpтахъи,
Бахчизе кIолареб кIудияб рогьо.

Земфира

Амма, дора руго чIахIиял гьундул,
ЧIухIарал, кьер-кьерал тIогьол тIансаби,
Расандаби, кепал, рохалил хъуди
Ва ратIлилъ бечедал беричал ясал.

Алеко

Щиб жо шагьаразул рохалил хъуди? –
Рокьи камуралъуб кеп букIунаро;
Ясалин абуни, абулеб буго,
Бечедаб ретIел-хьит ретIинчIониги,
Маргъал, маржан, читIир тIад гьечIониги,
Гьездаса мун лъикIай ва тIокIай йиго!
Мун дие хисуге, хирияй гьудул!
ГьабсагIат дир рекIелъ цо анищ буго,
Дургун дандбикьизе дир рокьи, пикру,
Ва бокьун, ВатIан тун, гьабулеб гIумру!

Херав

Бечедаб халкъалда гьоркьов гIуниги,
Дуе ниж рокьулел рихьула дида.
Ва амма эркенлъи кидаго гуро
Ресазда куцараз къабул гьабулеб.
Нижер гьаниб буго гьадинаб хабар:
Ханас югалдаса цо нухалъ цо чи
Нижехъе вачахъун вукIаравила.
(Гьесда цIар букIана цIакъ тамашаяб,
Дида лъалеб букIун кIочон тун буго.)
Санал ун цIикIкIрав вукIананиги,
РакI букIана гьесул бахIараб, лъикIаб.
КочIое букIана гьунар бергьараб,
Гьаракьги букIана иццгIан тIокIкIараб.
Лъиениги квешаб иш гьабичIого,
Гьесул хабаралъ халкъ сагьвиллъулаан.
Гьев вукIана Дунай гIурул рагIаллъухъ,
Ва гьев вокьулаан тIолго халкъалъе.
Гьесда щибго хIалтIи лъалеб букIинчIо,
Лъимер гIадав къуват дагьав вукIана.
Ва чияр гIадамаз гьесие гIоло
Чундулги, ччугIбиги кколел рукIана.
Хехаб гIоралда тIад цIер чIвараб мехалъ,
ЦIорораб кьиндалил кьерхен хIаллъигун,
ХIурмат тIадегIанав херав чиясда
Халкъалъ жемулаан чундузул цIакал.
Амма гьеб ресукъаб чIаголъиялде,
Кинан букIаниги, ракI инчIо гьесул.

Ццидалав аллагьас, такъсир сабаблъун,
ТамихI гьабунилан бицунаан гьес.
РухIдакълъун, рохел сун свердулаан гьев,
Тархъанлъи бачIинин чIун вукIана гьев.
Дунаялъул рагIал чIван тирулаго,
ТалихI къосарав гьев рекIекълъулаан.
РикIкIад бугеб шагьар ракIалдеги щун,
Щапун магIил гарал гIодор тIолаан.
Хвалде унелъулцин, гьарун тана гьес,
Югалде щвезаре жиндир рукьбиян.
Ва хвалдаги кIвечIо чияр ракьалда
Гьев чиясул рукьби кьижизаризе!

Алеко

О, бергьараб улка, огь, кутакаб Рим,
Гьадин буго къисмат гьал дур васазул!
Аллагьазул шагIир, ле, гIишкъул шагIир,
Щиб жо кколеб гьанже машгьурлъигун цIар?
Хабалзул гъудийищ, гьерсилаб рецщищ,
Кьолбохъа кьолбохъе унеб гьаракьищ
Ялъуни кIкIуйдулал чадразул рагIдукь
Цыганаз бицунеб гIалхул хабарищ?

КIиго лъагIел ана. Добго куцалда
Цыганал ракълида руго гочунел;
Кире гочаниги кидаго гьазда
Гьоболлъигун рохел буго батулеб.
ГIелмуялъул рахсал, рехун гьелги тун,
Гьал гIадин, Алеко вуго эркенго.
Ва араб мехалъухъ барахщичIого,
Гочардулел къоял руго тIамулел.
Гьав расги хисичIо цевеялдаса,
Цадахъ буго гьасда гьадабго хъизан.
НекIсиял саналги ракIалдаса ун,
Гьав цыганаздехун вуго ругьунлъун.
Гьасие бокьана гьазул гьаб бусен,
КIвахIалдасан даим босулеб рахIат
Ва гьазул загIипаб, зирараб калам.
Гьасул чодрол керчаб цIокодул гьобол,
Жиндирго гIагараб рукIун тараб ци,
Нухлул рагIалазда ругел росабалъ,
Молдавазул азбар-къоно сверухъе,
Къокъаби гьарурал халкъазда цебе
Тантихъго хьвадула, бакIго кьурдула,
КьогIал рахсал рукъун, гьеб рурудула.

Херас, гIансаялда черхги базабун,
Жергъада кIвахIалго кверал кIутIула.
Алекоца, кочIол макъналги тIамун,
Кверда ругьунаб ци хьвадизабула,
Земфираца, гьелъухъ ралагьун ругел
Руккалабалъе ун, мухь бакIарула.
Сордо тIаде щола, гьал лъабацаго
Цадахъ тIаделъун мугь белъуна, куна,
Херав чи кьижула – чодрохъ бецI буго,
Кисанго сверухъе сас къотIун буго.
Ихдал бакъукь вегун вуго херав чи,
Чорхол би буго гьас хинлъизабулеб.
Кинидахъ гIищкъул кечI ясалъ ахIула,
Алеко, кьер босун, вуго гIенеккун.

Земфира

Дир херав рос, согIав рос,
КъотI-къотIе дун, юхIе дун:
Дур цIадукьа, носокьа
Дун расги хIинкъуларо.

Дие мун рихун вуго,
Дие мун вокьуларо;
Цогияв вокьун вуго,
Рокьуца холей йиго.

Алеко

ГIела, чIа. ЧIалгIана дида дур ахIи,
Рокьуларо дие вахIшиял кучIдул.

Земфира

Дус рокьичIони, дие гьелъул щиб?!
Дица гьел ахIулел руго диеги.

КъотI-къотIе дун, юхIе дун,
СихI бахъун кIалъаларо;
Дир согIав рос, херав рос,
Дуда гъов лъазе гьечIо.

Гъов их гIадав роцIарав,
Рии гIадав гвангъарав,
ГIолохъанав, лебалав!
Гъосий дун йокьулеб куц!

БецIаб сардилъ дица гъов

Цо веэдун толев куц!
Гьеб дур хъахIаб расалда
Ниж релъанхъун толел куц!

Алеко
Земфира, чIа, унго, дие гIун бугин...

Земфира
Гьединищ бичIчIараб дуда дир назму?

Алеко
Земфира!

Земфира
Дур ццин бахъинеги бегьула дида,
Дица дур хIакъалъулъ ахIула гьаб кечI.

(Уна ва ахIула: «Дир согIав рос, херав рос» ва гь. ц.)

Херав
Огь, ракIалда буго дида гьеб назму,
Нижер заманаялъ гьабун букIана.
Цебегоялдаса халкъалда гьоркьоб
Гьеб ахIулеб буго гьадинго копой.
ЦIадухъ чIун, гьалъие мацI бицунаго,
Кагулалъул щобахъ гочардулаго,
Хасалил сардаца гьеб ахIулаан
Дир йикIарай лъади Мариулаца.
Нахъ тарал риийял гьал дир хIисабалъ
Щибаб сагIаталде бецIлъулел руго.
Амма букIаниги дир гьинал рекIелъ
Гьеб кочIол гъваридаб асар хутIана.

Сордо: гIодой биччай, канаб моцIроца
КунчIизабун буго зодил гIатIилъл,
Земфираца херав ворчIизавула:
«Вай эмен, Алекол иш квешго буго:
ГIенекке захIматаб макьида восун,
Зигардулев вуго, ахIдолев вуго.»

Херав
Воре сихI те, гьесда дуца квер хъваге,
Дида гIурусазул къиса рагIана:
Сордо бащалъуда хьегIело бачIун,
Кьижарасул хIухьел кколилан абун,

Ва хъахIлъи лъарабго гьеб нахъе унин.
Гьаний дида аскIой гIодой чIа дир яс.

Земфира
Эмен! гъос Земфира абун щурана.

Херав
Макьилъги вуго гъов дургун рокьуда,
Мун гIадай йокьулей гьечIо ракьалда.

Земфира
Дир ракIалъ эркенлъи буго гьарулеб,
Амма гьесул гIишкъу рещтIана диде.
Гьеб дида чIалгIана... огь, чIа! рагIулищ!
Гъос цоги цIар буго гьанже щурулеб...

Х ерав
Лъил цIар?

Земфира
РагIуларищ? Цабзазул къирщи,
Ццидалаб зигарди, захIматаб угьди!..
Дица гъов ворчIизе гьавила эмен.

Херав
Гьеб гIадада буго, хъегIело жибго
Нахъе ине буго, бачахъизе щай?

Земфира
Гъов вагъарахъдана, гъоле ворхана;
Дун ахIулей йиго, ина гъосухъе;
Гъов ворчIана. – Кьижа, сордо лъикI, эмен.

Алеко
Мун кий ун йикIарай?

Земфира
Инсуда аскIой
ГIодой чIун йикIана. Дур ракIалъ макьилъ,
Дир мискинав гьудул, гIазаб хIехьана.
Дур хIалалъ дун цIакъго хIинкъизаюна:
Кьижун вугев дуца ццидалаб куцалъ,
Цаби къерщолаго, дир цIар ахIана.

Алеко

Дида мун йихьана макьилъ, Земфира,
Вихьана цогияв нилъеда гьоркьов...
ЦIакъ квешал макьаби рихьана дида.

Земфира
Божуге макруял макьабазда мун.

Алеко
Сундаго, сундаго божуларо дун:
Я гьал макьабазда, я гьел гьаязда,
Жеги гьеб дур рекIел божилъиялда.

Херав
Ле, гIакълугьечI, гьедин щибаб сагIаталъ
Сундухъ дуца бухIун хIухьел угьулеб?
Гьаниб зоб роцIараб, инсан тархъанав,
Берцинлъидул рахъалъ лъудби машгьурал.
ГIодуге, ургъелаз мун чIвазе вуго.

Алеко
Эмен, гьалъие дун вокьулев гьечIо.

Херав
КIвар гьабуге гьелъул, гьей йиго лъимер.
Дур пашманлъи буго пикру гьечIолъи:
Дур рокьи ккун буго керен-ракI унтун,
Ясалъе гьеб буго махсара-хочIлъун.
Балагье хъахIилаб зодил хIорихъе,
ХIайранго хьвадулеб буго шагьри моцI,
Ва щвара-щваралъуб тIабигIаталде
ТIолеб буго канлъи бащад гъабун гьелъ.
Мун кинаб хьухьикье балагьаниги,
БатIалъи гьечIого, кив рещтIаниги,
Гьеб кепалда, чIухIун, гвангъун букIуна,
Ва амма кибниги халат чIоларо.
Лъица моцIрода бакI бихьизабилеб,
Гьаб бакIалда чIаян, багъаругеян?
Лъица амру кьелеб гIурай ясалъе,
Цо гIолихъан вокьун, хисугейилан?
ГIодой виччай, гьудул, гьабуге ургъел!

Алеко
Огь, гьалъие цеве дун вокьулаан,
Дир гьурмахъ бахьинго балагьулаан!
Гьалъ сардил лахIзатал гIодой биччараб

ГӀалахалда дида аскӀор ралаан!
Жиндирго недегьаб гьимиялдалъун
Ялъуни гьуинаб баиялдалъун,
ГьитӀинаб лъимергӀан ракӀ гӀатӀидай гьалъ,
ЦохӀо лахӀзаталде дир чорхол унти,
Араб бакӀ лъачӀого, бачахъулаан!
Гьанже дир Земфира цӀакъ хисун йиго!
Гьай цӀорораб кӀалалъ кӀалъалей йиго!

Херав
ГӀенекке, дица цо дирго хӀакъалъулъ
Дуего къваридаб къиса бицинин.
Цебего, цебего Дунай гӀоралда
ГӀурусазул кверщел букӀинчӀеб мехалъ,
(Бихьулищ, Алеко, дида гьабсагӀат
Гьеб гӀасияб къиса ракӀалде щолеб), –
Ниж хункарасдаса цӀакъ хӀинкъулаан..
Пашаяс* гьундухъан Аккерманалъул*
Гьабулаан ханлъи Буджакалда* тӀад.
Доб мехалъ вукӀана дун гӀолохъанав,
ГӀумрути букӀана рохалил цӀураб;
Цинги дир чӀегӀераб катӀариялда
Цониги хъахӀаб рас букӀинчӀо баккун.
Гьайбатал гӀолилалъ йикӀана цо яс...
БакӀарбакъухъ гӀадин, гӀемераб мехалъ
Гьелъухъ гӀишкъуги ккун ана дир къоял,
Ахирги дица гьей ячана дийго.
Огь, гьалмагъ, бортулеб цӀваялъул гӀадин,

ГӀолохъанал санал хехго ана дир!
Амма гьелдасаги хеккого ана
Дир хӀасратаб гӀишкъу... ГӀицӀго цо соналъ
Вокьун вукӀана дун Мариулае.

Кагулалъул лъинахъ цо нухалъ нижгун
Цыганазул цоги руккел дандчӀвана;
Ниж чӀарал мугӀрузул гӀагарлъиялда
Жидерго гӀатӀидал чадралги сокӀкӀун,
КӀиго сордо бана гьез нижгун цадахъ,
Лъабабилеб сардилъ ана гьел нух ккун.
Ва, жиндир гьитӀинай ясги рехун тун,
Гьезда хадуй ана Мариулаги.
Дун кьижун вукӀана, канлъи речӀчӀана,
ВорчӀун балагьана: гьечӀо дир гьудул!
Вахъун хал гьабуна – гьечӀо кибго лъалкӀ,

Пашманлъун гIодана дир яс Земфира.
Дунгоги гIодана... Гьелдаса. хадуб
Дунялалъул тIолго ясал дандчIвана;
Амма гьезда гьоркьой гьал дир бераца
ЦохIониги гьалмагъ тIаса йищичIо,
Ва дирго къваридаб къоролаб гIумру
ЛъилгунгIаги дица данде жубачIо.

Алеко
Ле, кинан гьедин иш ккараб мехалъ мун»
Хиянатай гьелда хадув вортичIев?
Гьей хъамун аразда ва жийго гьелда
Гьинал рекIелъ ханжар щай къазабичIеб?

Херав
Щайзе гьедин гьабун? Гьаб гIолохъанлъи
Зодихъ хIанчIаздаса эркенаб буго.
Лъида кIолеб гIишкъу гьукъизе, кквезе?
Киназего гIишкъу иргадал щола,
Дун анищ, тIокIаб гьеб тIад буссунаро.

Алеко
Дун гьединав гьечIо, гьелде иш ккани,
Дица дир ихтияр хьвадизабила,
Къисас босунниги, керен чучила.
ТIину гьечIеб ралъдал рагIаллъиялда
Дида нагагь тушман кьижун ватани,
Гьедула, гьенибцин гIащтIичиясда
ГурхIилароан дир хIетIе кидаго.
Дица гьев тохлъукье, ралъдал полпилъе
Рехилаан тункун, нахъе къачIого;
Гьес кидаялиго гьабураб квешлъи,
Гьагаб релъи гьабун, бадиб чIвалаан,
Ва гIемераб мехалъ гьев гъанкъараб куц,
Кепалда гьуинго цебе чIелаан.

ГIолохъанав цыган
Цоги нухалъ... цоги нухалда къоче!

Земфира
ГIела: дир рос квешав, ццидалав вуго.

Цыган
Цоги нухалъ... цохIо! Къо лъикIлъиялъе.

Земфира
Къо лъикI, ратIалъилин, росас кквелалде.

Цыган
Бице, хадур кидал данде чIвалел нилъ?

Земфира
Къасиялде: сардилъ моцI гвангъарабго
ГохIазда нахъехун, хобалда аскIор...

Цыган
Дун гуккулев вуго! ЯчIинаро гьай.

Земфира
ЯчIина, дир дарман... ТIуре! Гъоле гъов.

Алекода макьилъ бецIал гьумерал
Пикрабаца цере руго тIамулел;
ТIуркIун ворчIарав гьас щакдарулаго,
Сардилъ кверал руго квала-швалулел.
Амма сородулел гьасул кверазда
ГIицIаб ва цIорораб юргъан батула.
ГьечIо гьаний гьудул, гьей йиго рикIкIад...
Гьев тIаде вахъуна, гIенеккун чIола...
ГIодой биччан буго сверухълъи тIолго,
ХIинкъиялъ къвал бала гьасул рекIеда,
Цин бухIун, цин цIорон лъугьуна керен.
Гьав вахъуна, уна чодрохъа къватIив,
Кьер босун свердула гьаказда гьоркьов.
ГIодой риччан бецIго руго байдаби,
БецIал накIкIакье ун кьижун буго моцI,
ЦIвабзаздасан буго дагьабго канлъи.
БецIаб щубда тIасан тIеренаб лъалкIалъ
РикIкIаде гохIахъе буго нух босун.
Гьеле гьеб ццидалаб лъалкIалъ малълъухъе,
Вилълъана Алеко, сабру гьечIого.

Нухлул рагIалалда хабал заназул
ХъахIал бутIрул, гьале, рихьана гьасда.
Гьанаца бицунищ, биялъ малълъунищ
Къуват хварал бохдуз вачана гьенив.
Накабигун кIутIби тIуртIудулаго,
Гьав вачIунев вуго... гьале тохлъукье...
Я гьаб жо макьуйищ? Бихьулеб буго
КIиго рагIад гьасул беразда цебе;

ЦIар гьечIеб хабада рагIулеб буго,
Жибго аскIоб гIадин, кIалъай ва щур-щур.

ТIоцебесеб гьаракь
Заман щвана, гIела.

КIиабилеб гьаракь
ГIедегIуге, чIа!

ТIоцебесеб гьаракь
ГIела, дир хирияв, заман щун буго.

КIиабилеб гьаракь
Гуро, гуро! ЧIезин, канлъи лъазегIан.

ТIоцебесеб гьаракь
Гьанже кватIун буго.

КIиабилеб гьаракь
Дур рокьул хIинкъи.
ЦохIо лахIзаталъ чIа!

ТIоцебесеб гьаракь
Дуца дун чIвала.

КIиабилеб гьаракь
ЦохIоги лахIзаталъ чIа, гIедегIуге!

ТIоцебесеб гьаракь
Дун гьечIого, нагагь
Дир рос ворчIани...

Алеко
Дун ворчIана.
Кире, нуж хехдаруге?!
Гьаниб хабадаго лъикI кIиязего.

Земфира
Дир хирияв гьудул, хех тIуре, тIуре!

Алеко
ЧIа, багьадур, киве?!
Вега ракьалда!

(Гьесда нус къазабула).

Земфира

Алеко!

Цыган

Дун холев вуго!

Земфира

Алеко! Дуца гъов чIвалевищ вугев
Мун бидул тIирабаз тIубан цIун вугин!
Дуца гьабураб щиб?

Алеко

Щибниги гьечIо.
Гьанже босе хIухьел гьасул рокьиялъ.

Земфира

ГIела, гьанже дукьа дун хIинкъуларо,
Дур хIалтIаби дида рихарал руго,
Дур чIвадариялъе нагIана кьола.

Алеко

Хва, гьединан мунги!

(Гьелда нус кьабула)

Земфира

Хвела, рокьи ккун...
БагIараб бакъуца гвангъ-гвангъун ругел
ГохIазда нахъехун хабал къанида,
Хъатикьго нусги ккун, бидульги восун,
СихIкъотIун Алеко гIодов чIун вуго.
ЧIвадарухъанасул бегI квешаб буго;
Гьесул берзукь кIиго жаназа буго;
Рихxарал цыганаз руккелал гьарун,
Гьав кинабго рахъалъ сверун ккун вуго.
Цояб рахъалда хоб бухъулеб буго.
Руччабаз, къваридго иргадал ручIун,
Хваразул беразда баулеб буго.
Херав эмен, сас тун, пашманлъиялда
Хваралъухъ балагьун, гIодов чIун вуго.
Гьале, жаназаби кодой росула,
КIиго гIолохъанаб, гIищкъул цIураб черх
ЦIорораб ракьалда рукъулел руго.
Алеко кинабго гьеб хIалтIиялъухъ

РикIкIадасан, сихI тун, вуго валагьун.
Ва гьазул хабаде ахираб дангъур
ЧIегIераб ракьалъул рехараб мехалъ,
Гьас бетIер къваридго къулизабула,
Къанидасан харде тIаде вортула.

Гьебмехалда херав тIаде вачIуна:
«Дуца ниж жахIалго те, чIухIарав чи!
Нижер закон гьечIо, гIалхулал руго,
Нижеца чIваларо, гIазаб кьоларо,
Нижее зигара, биги кIваричIо,
Ва гIадан чIвалевгун гIумру кIваричIо.
Дур ракIалъе, гIицIго дуе гурони,
Эркенлъи лъиего бегьулеб гьечIо.
Мун гьаб гIумруялъе гьавурав гьечIо.
Дур гьаркьидаса ниж хIинкъизе руго.
Ниж хIеренаб рекIел ракълил халкъ буго,
Мун ццидалав вуго, лебалав вуго.
А, нижги жалго тун, лъикI вукIа гьанже,
Паракъат таги мун гьаб дунялалда.»

Гьадинан абуна, – цинги хъуялда
ХъачIаб сордо бараб байданалдаса
Цыганазул тIелал тIаде рахъана,
Бер щолараб авлахъ нахъа хутIана.
Мискинабго тIанса тIадеги рехун,
Хвалил байданалъул бакьулълъиялда
ГIицIго цохIо гьоко букIана хутIун.
Гьединан букIуна, хасел щвелалде,
Щобазда накIкI лъураб рогьалил гIужалъ,
РикIкIаде, югалде, къва-къвадилаго,
Къункърабазул тIелал роржунеб мехалъ,
Ва тIухьиялъ борлъун гьездасан цояб
Лъукъараб кваркьиги ракьалде гьетIун,
Гьалмагъзабаздаса тIураб мехалда.
Сордо тIаде щвана. Гьеб бецIаб гьакикь
Гьанже лъицаго цIа бакулеб гьечIо.
Ва чодрол тIохалъукь тIокIав гIадамас
Сордо рогьинегIан макьу гьабичIо.

АХИР

КучIдузул бакъназул къуваталдалъун
Дир бецIаб накIкI лъураб гьинал ракIалъулъ
Гьединан цIилъула некIсиял къоял:
Цо тайпа къваридал, цоял къалъарал.

ГIемераб мехалда халатал саназ
Боркьараб кьалул кIкIуй тIаса босичIел,
ГIурусаз лъалхъизе кколел сангарал
Доб Истанбулалда бихьизабурал,
Нилъер кIибетIераб некIсияб цIудул
ЦIар гьанжилъизегIан машгьураб бугел
Улкаялъул гIицIал байданлъабазда,
Басриял хъулбузул гIурхъалабазда,
Данде чIвана дида даим гочунел
Цыганазул руккел, ракълилал гьакал,
Эркенлъиялдаса разиял лъимал.
Дун гьезул кIухIалал тIелазда хадув,
Халатал нухал чIван гIемер свердана.
Гьезулгун кунеб квен данде бикьана,
ЦIадухъ гьезда аскIоб сордо рогьана.
Нухда унеб мехалъ гьезул кучIдузул
Рохалилал гьаркьал дие рокьана.
Гьайбатай, бахьинай Мариулал цIар
Дир мацIалъ гIемераб такрар гьабуна.

Нужеда гьоркьобги гьечIебха талихI,
Гьаб тIабигIаталъул мискинал васал!
Рагьарал тIутIурал чадразда жанир
Руго ракI унтарал кьогIал макьаби;
Ва нужер гочунел чадрал гIалхазда
ХвасарлъичIо гьегьал балагьаздаса.
Кисанго дандчIвала гьаб хвалилаб цIа,
ЦIунизе рес гьечIо къисматалдаса.

*1824 с.*

## ПОЛТАВА

### САЙГЪАТ ГЬАБИ

*Гьаб дуе ахIула, – амма лъаларо,*
*РагIиладай дуда дир бецIаб гьаракь;*
*Хадуб гIунтIиладай дур гIадатаб ракI*
*Дир рекIел къасдалъул гъварилъиялда?*
*Яги поэтасул гьаб ахIи дуца,*

*Цин гьесул хIайранаб гIищкъу кинигин,*
*ГIадахъ басичIого, жаваб кьечIого,*
*Гьанжеги цIидасан нахъе чIваладай?*

*ТIокIаб жо гьечIони, лъай, гьаркьалниги*
*Рокьулел рукIана дир кочIол дуе.*
*Дуда рекIелъ букIа, гьанже батIаго*
*Цоцадаса рикIкIад ругеб мехалда,*
*Гьаб дир хисардулеб къисматалда гъорлъ*
*Дир чорхол хутIараб цохIо хазина,*
*Дир ракIалъул бугеб цого цо рокьи*
*Дур ахираб калам, дур дунял букIин.*

## ТIОЦЕБЕСЕБ КЕЧI

Кочубей[1] гучалда бечедго вуго,
Гьасул харибакIал кIудиял руго;
Гьенир, гIел гьечIого, ахIун риччан тун,
Гьасул чол илхъаби кваналел руго.
Полтавалъул кулал[2] тIубан киссанго
Гьасул харибакIаз сверун ккун руго.
Рагьунги, бахчунги гьасул бечелъи:
Тахта, гIатIлас, гIарац гIемераб буго.
Амма жал халатал айгъираздаса,
Инсулго ратарал кулабаздаса,
Яги Крымалъул бояз бачIунеб
Магъалуялдаса, меседалдаса
Расги чIухIи гьечIо гьасул ракIалъул,
Гьелъ гуро бечедав вугев Кочубей, –
Жиндирго камилай, рехсей гIемерай
Ясалдаса чIухIун вуго Кочубей.[3]

Унго, абухъего, Полтавалдаго
ГьечIо Марияде щвараб берцинлъи;
Беричал ахазул аххалъукь гIураб
Ихдал тIогьол буго черхалъул цIилъи.
Жибго Киевалъул бигьаро гIадаб
Борхатаб, рекъараб буго къаркъала.
Гьалъ хIетI босулелъул, ралъдал хIинчIалъул
ХIайранлъулеб лъедей ракIалде щола,
Ялъуни кибниги хехаб къасдалда
Къокъунеб чанил тIинчI цебе тIамула.
Борхатаб надалда тIаде гьурщарал

Гьалъул чIегIергъалал чIухIун рихьула.
Берал, цIваби гIадин, кенчIелел руго,
Керен полоп гIадаб рахь хъахIаб буго.
ТIогьоде кинигин, гьалъул кIутIбузде
Рогьалил багIараб кьер рехун буго.
Амма гIицIго цохIо гьайбатай йикIун,
Гьелъ гуро Мария цIарухъ яхъулей, –
ЦIодорай, гIадатай ясилан абун,
Йиго гьай кисанго халкъалъ рехсолей.
Гьединай йигелъул, гьай абун васал
Украйналъ, Россиялъ ритIулел руго;
ХIинкъарай Мария, гудракъа гIадин,
Гьел бахIараздаса лъутулей йиго.
Киналго абизе рачIанщинизе,
Инкар гьабун, жаваб битIулеб буго.
Ахир гетманица жинцаго гьалда
Гьарун чагIи тIаде тIамулел руго.[4]

ГIумруялъул саназ, рагъаз, захIматаз,
ХIажалъабаз кIвекIун гьав херлъун вуго;
Амма гьасулъ гIищкъу гьалдолеб буго,
Мазепа рокьуде жувалев вуго.
ЛахIзаталда гьоркьоб бахIараб рекIелъ
ГIищкъул цIа рекIуна, цIидасан ссуна.
СагIаталде рокьи ккола ва хола,
Каранзул асарал уна, рачIуна.
Амма гьеб къокъабго, хехго тIагIунеб
ТIаса-маса бугеб гIишкъуялъ гуро
ГIумруялъул соназ согIлъараб рекIелъ
Сунареб рокъул цIа цIилъун рекIунеб.
Гьеб рокьи дагь-дагьккун, хIисаб-хIал бихьун,
Чорхол бидурихьалъ буго гьалдолеб.
КватIун ккараб рокьул кьибил гъваридаб,
Гьелъ къаникь гурони къо рехулареб!

Кьурабалъе инчIо цIар рагIараб бис,
ЦIумалъул захIматаб ригь рагIулилан,
Ригьида женжелей йиго бахIарай,
Жаваб щибдай кьелеб гIагаразилан.

Сабру хун хал ккурай гьалде аскIое
Гьале ахиралде эбел ячIуна;
Бахъараб ццидаца сородилаго,
Ясалъул квер босун, калам гьабула:
«НамусгьечI, бихьулищ, бегьулеб жойищ?! –

Жиндир яхI бухIаяв, херлъарав ахIмакъ.
Гуро, нилъ хвечIого ругогIан мехалъ,
Гьес жиндаго тIаде босиларо хIакъ.
Жиндиргун ригь гьечIей гIечIей ясалъе
Гъов эменгун гьудул ккола вукIине.
ГIакълугьечI, гIумрудул ахиралдехун
Гъосул къасд – ясалъе рослъи гьабизе!».

Мария йиххун ккун, хIинкъун тIуркIана,
Хвараб жодул гIадин, гьурмал кьер тIуна.
Чорхол гIакълу босун, берзул канлъи ун,
Болъодул ботIрода яс гIодой ккана.
Лъавуде ячIана, амма гьанжеги
Гьалъ рагIи абичIо, берал къанщана.
Гьалъул ракI гьабизе, хIинкъи хъамизе,
Каранзул къварилъи бигьа гьабизе,
БецIал ургъелазе ахир гьабизе,
Эменги эбелги сверухъ лъугьана.
Амма гьеб кинабго гIадада ккана.
ГIодун щиб, угьдун щиб, кIиябго къоялъ
Марияца кIалдиб щибго босичIо,
КваначIо, гьекъечIо, къаси кьижичIо,
Жибго рагIад гIадин, гьурмал кьер босун,
Рагьида свердулей сардал рогьана.
Лъабабилеб къоялъ яс рокъой гьечIо,
Гьалъул чIухIараб рукъ чIобоголъана.

Лъиданиги лъачIо кий гьай тIагIарай,
Кида гьай рокъоса къватIие арай;
Гьаб сардилъ гIицIго цо ччугIихъанасда
РагIун буго цо чол тIваркъигун цадахъ
Цо бихьинчиясул гара-чIваригун,
ЧIужугIаданалъул гIисинаб щур-щур.
Ва радал харида ккараб щубалда
Ратана чол микьго щанкIлазул лъалкIал.

ТIоцебе гьурмада гьанжего-гьанже
ГIолохъанлъиялъул расал раккарал
Васазухъ гуребги цо-цо мехада,
Горбол гьод гьетIараб, бетIер хъахIлъараб
СогIаб гIамалалъул херлъиялдеги
Хиял кколеб буго берцинлъиялъул.

Хеккого рагIана Кочубейида
Керен ракI унтараб чIегIераб хабар:

Ясалъ намус тана, ияхI бичана,
Гьей зулмучиясул къвалакь рещтIана.
Вай кинаб инжитлъи! Эбел-инсуе
Харбида божизе бокьулеб гьечIо.
Амма баянлъана гьеб кьогIаб хIалтIи
Цебего хIадураб хIакъикъаб букIин.
ГIицIго гьеб мехалда лъана херазда
Хирияй ясалъул хиянатаб ракI.
Лъана, хъизаналда гъорлъ жубачIого,
Жийго жиндаго чIун, барщарай гIадин,
Мех-мехалъ захIматаб хIухьелги угьун,
Бальгоял пикрабалъ щай гьей йикIарай;
Лъана, жий абизе рачIанщиназул
Урхъарал ракIазул бухIараб салам,
ЧIухIараб куцалда кIвар гьабичIого,
Данде кIалъачIого щайзе гьалъ тараб;
Лъана, чашкабиги чагъиралъул цIун,
Гьуинаб харбида ругеб мехалда,
Столалда нахъа гIодое йиччан,
Гьай гIицIго гетманихъ щай гIенеккарай;
Лъана, гIолохъанго, мискин вукIаго,
Гьес гьарурал кучIдул щай гьалъ ахIарал;[5]
Лъана, Украйналъул кверщелчиясул
Бунчук[6] кодоб ккураб гучалда цебе.
Низамалда чIарал чуязул кьерал,
Къали кьабулеб хъуй, гьаракьгун ахIи.
ГIицIго гьалъие щай, руччабалъ гьечIеб,
Гьалагаб рокьиялъ бокьун букIараб...

Кочубей гучалда бечедго вуго,
Гьасул гьудулзаби гIемерал руго;
Гьасда жиндирго цIар цIунизе кIола,
Полтава бахъине гьабизе кIола;
Гьасда кIола бальго, лъалареб куцалъ,
Рорхатал гьундузда жанивги лъугьун,
Жиндир яс хъамурав чIухIухъанасда
ГурхIел гьечIеб кьаби щвезе гьабизе;
КIола тохлъукьего божарал квераз
Мазепал каранда босун нус чIвазе...
Амма гьеб гьабичIо, Кочубейил ракI
БатIиял пикрабаз гьалдолеб буго.

Гьеб гьалмагъиралъул заман букIана, –
ЗахIматал рагъазулъ къуватал гIуцIун,
Жеги гIолохъанаб нилъер Россия,

ГIакъилав Петрица цебе бачунеб.
Рагъул гIелмуялъе ругьун гьаризе,
Гьелъий къун вукIана кьогIав учитель;
Шведазул бицен бугев къирарас
Бидул дарс малълъана гьелда гIемераб.
Амма гьел халатал къеркьеязда гъорлъ,
Къисматалъул цIадул кьабиял хIехьон,
ЦIер гъурун яргъие чаран бухулеб,
БакIаб квартIа гIадин, щулалъана Русь.

Пайда гьечIеб цIаралъ кIодо гьавурав,
Гьале Карл кIанцIана квешаб кIкIалахъе.
Кутакаб гьороца жибго хIур гIадин,
ГIурус аскаралги щущазе гьарун,
Шведазул къирар вачIунев вуго
Цебегосеб Москва босизе абун.
Гьев вачIунев вуго, нилъер къояца
Цогиги къуватав тушман вачIараб
Ва къейги хIехьон гьес, нахъе тIурун ун,
Инжитаб лъакI тараб машгьураб нухалъ*.

Украйна гьел къояз багъарахъдана,
Гьениб цIа некIого рекIун букIана.
Бидулал саназул гьудулзабаца
Гьанжеги халкъ рагъде тIамулеб буго.
Улкаялда рарал гудрал ричеян
Гетманиде хабар гьабулеб буго.
Жаниб пикру гьечIеб тIадагьаб рохел
Карл тIаде щвеялъухъ балагьун буго.
Замана щун бугин, щай кватIулеян,
Мазепада сверухъ ахIи-хIур буго.
Амма херав гетман хехлъулев гьечIо,
Гьав Петрихъ мутIигIлъун, гIенеккун вуго;
Жиндирго гIасияб хасиятги ккун,
Мулкалъе бетIерлъи гьабулев вуго.
Гьадин балагьухъе кколеб букIана,
Гьав, хиси гьечIого, паракъат вугин.

«Щиб жо гьаб Мазепал сабурго чIей? – ян
ГIолохъаби тIасаи гаргалел руго, –
Гьов къуват хун вуго, гьов херлъун вуго,
ЗахIматаз, хIажатаз черх чIунтун вуго.
ТIогьиса гургинаб гетманасул тIил
ТIур-тIудулел кверакь щай гъос ккун бугеб
Рокьукъаб Москвагун кьалде рахъине

Бищун рекъараб мех гьанже бугоан!
Пайда щиб ригь арав дов Дорошенкол[7]
Яги гIолохъанав Самойловичил,[8]
Я нилъср Палейил,[9] я Гордеенкол[10]
Аскаразда кверщел букIарабани,
РикIкIада гIазукь къан хвезе рукIинчIо
Малороссиялъул лъикIал казакал;
Гьезул полказ нилъер пашманаб улка
Эркен гьабилаан Россиялдаса».[11]

Гьеб къагIидаялда гIолохъанаб ракI,
РекIараб цIа гIадин, гьалдолеб буго.
ВатIан асирлъуда букIараб заман,
НекIсияв Богданил талихIал къецал,
Цересел къотIиял, ккарал къеркьеял,
Къадруял чIахIиял умумузул цIар
Ал гIолохъабазда кIочон тун буго.
Амма херлъи гIунун гIенеккун буго
Ва щакдарилаго балагьун буго,
Гьабулебгун толеб хIалтIуе жеги
ХIукму гьалъ гьабсагIат къотIулеб гьечIо.
Щив жанив ваккилев ралъдал тIиналде,
ТIасан киса-кибго цIералъ бахчараб?
Лъил бегIераб гIакълу хадуб гIунтIулеб
Макруяб ракIалъул гъварилъиялда?
Гъора сихIрабазул басриял пихъал
Цоцада гъорлъ гъункун рарщулел руго.
Церего рукIарал рекIел хиялал
ХвечIого гьанжеги хIалтIулел руго.

Мазепа жанисан сихIирлъанагIан,
Ццингун хIиллаялъул керен цIунагIан,
Кин лъалеб гъосул къасд тIасан балагьун? –
Дагьавги гIадатав чилъун лъугьана.
Гъосул пикрудул гуч! Гъосда кIолеб куц:
Чияр ракIал лъазе, мукIур гьаризе,
ХIинкъичIого гьезул гIакълу борцине,
Балъгоял къасдазда хадув гIунтIизе!
Гьерсилаб божигун, тепсиялда нахъ
ЛъикIав чиян ккезе, гъов хабаргIемер,
Херал гIадамалгун гаргадулев куц,
ГIабдалгунцин кIвар кьун кIалъан толев куц!
БукIараб мехалъухъ ракI бакъван бугин,
Нилъго бетIергьанаб эркенлъийилан,
Гьанже власталда гьалмагъир бугин,

Гъов, агъан магIу тIун, гIодун толев куц!
ГIемерав чиясда лъан батиларо
Гъосул сихIираб ракI, хIиллаяб пикру;
Жиндир дандиязе зарар гъабизе,
Кида рес щваниги, гъов рази вукIин;
ВугогIан мехалда гъабураб квешлъи
Кинабниги гъосда ракIалда букIин;
РекIкIав гетманица чIегIерал къасдал
КъватIире рикIкIаде щвезарун рукIин;
Гъосда дунялалъул лъикIлъи лъангутIи,
Диналъул бацIцIалъи гъос цIунунгутIи;
Гъосие щибниги бокьулареблъи,
Лъим гIадин би тIезе гъов хIадур вукIин;
Эркенлъи гъосие рихараб букIин,
ВатIаналъул ургъел гъос гъабунгутIи.

Цебегоядаса ццидалав херав
Ццидалал къасдаца къанцIулев вуго.
Амма къватIисахун гъасул рекIелъе
ХIинкъараб тушманаб бер щолеб буго.

«Йохъ, согIав гIащтIичи, гуро, хъамалчи! –
Кочубей ургъула къиращун цабигун, –
Дица жибго тела гъабсагIаталда
Дир ясалъул туснахъ – дур мина-къайи.
Гъелегъараб цIадул карачалабалъ
Дур черхалъул рохъо лъугьине гьечIо;
Казаказул хвалчен гьодилъги кьабун,
Гъелдалъунги, тушман, мун хвезе гьечIо.
Доба Москваялъул гIащтIичагIазул
ГIасиял кверазухъ, бидул черхги цIун,
ЧанкIкIарал къасдазе мукIурлъичIого,
ЧIегIераб гIорода дализавигун,
Дуца ццидалаб гьве, нагIана кьела
Нижер яс гъаюраб сагIат-къоялъе,
Дица къимат гъабун дур чашкаялъуб
Чанги чагъир тIураб доб тепсиялъе,
Ва дуца, хераб хъвек, дир миккиялъул
Керен-ракI бикIараб доб сордоялъе!...»

Гъалдаса цебего цо мех букIана,
Кочубей Мазепал гъудул вукIараб.
Гъел къояз кIиязго рекIел асарал
РакI жубан цоцаде данде ралаан.
ЦIадуда гъоркьосан гъазул айгъирал

Къалул авлахъазде цадахъ унаан.
КIиялго харбида хутIараб мехалъ,
Херав гетманица сихIираб рекIел
Цо-цо балъголъаби Кочубейида
Божун мех-мехалда лъазарулаан.
Улкаялда ккарал хиса-басазул,
Хъварал къотIабазул, гъалмагъиразул,
Гъоркьехун-тIадехун гьоркьорлъабазул
Гьоркьо-гьоркьоб бакки гьабун толаан.
Гьеб заманаялда Кочубейил ракI
Кинабго гьасие мутIигI букIана.
Амма гьанже согIлъун, ццидалъ гIасилъун
Гьав цо ахIиялъухъ гIенеккун вуго.
Я хвела, я жиндир ясалъе гIоло
ГIащтIичиясдаса къисас босилин,
Къасиги къадги гьас даим кидаго
Цого пикру такрар гьабулеб буго.

Амма ццин босизе бугеб рекIел къасд
Гьас къвакIараб куцалъ балъго цIунана.
Чорхол къуват гьечIеб пашманлъиялда
Пикраби хвалиде руссинаруна.
Гьасул мурад гьечIо Мазепай квешлъи, –
Кииалъулго гIайиб ясалда буго.
Гьав ясалдасаги тIаса лъугьуна,
Жиндир хъизамалда хъубаб тIанкI лъурай;
Законги аллагьги кIочонтарай гьалъ
Аллагьасда цебе кьезе те жаваб... ,

Амма жанисанго цIудулал бераз
ЛъикIал гьудулзаби тIаса рищула.
Жиндир гIасияб къасд къаси регидал,
Гьас балъго лъадуе баян гьабула.[12]
Манзил дагьай, ццидал цIурай чIужуялъ
Ццидалав рос жеги хехлъизавула.
Жибго илбис гIадин, къаси сардида
Къисасалъул бицун, гьай щурщудула:
БадибчIвай гьабула, агьан гIодула,
Асул ракI гьесулел харбал рицуна,
Ццин босе гьедеяу тIалаб гьабула, –
Кочубей гьелъие маян гьедула.

Къаби ургъун буго. Гьале Искраги[13]
Кочубейгун цадахъ цо кверлъун вуго.
Кинабго тIубана, гьал кIияцаго

Тушманасе хвалил хIукму къотIана:
«Амма щив вортилев хIаракаталда,
Нилъер хIалтIиялъе рухI бичизелъун,
РахIму гьечIев зулмучиясда тIасан
ГIурус пачаясде ругьелги босун?
Лъихъан бажарилеб, жигаралда ун,
Лугбал тIепичIого, ракI тIуркIичIого,
РекIкIав гетманида гьадин божарав
Петрил накабазда тIад кагъат лъезе?»

ТалихI къарай ясалъ къабул гьаричIел
Полтавалъул гIемер васазда гьоркьоб
ГьитIинго кутакаб гIиокъуялдалъун
Цо казакасе гьай йокьун йикIауа.
Украйнаялъул багIлидал ахикь,
Хирияб, гIазизаб гIурул рагIалда,
Рогьунеб мехалъгин маркIачIул гIужалъ,
Марияхъ балагьун гьав вукIунаан.
Дагьабго мехалъе гьай йихьаниги,
Гьалдолеб ракIалъе бигьалъулаан.
Гьасул Марияде хьулго букIинчIо,
ЯчIа жиндийилан гьалда абичIо.
Нагагь абун хадуб инкар гьабуни,
Гьеб хIехьезе гьасда кIвезе букIинчIо.
Гьелдалъун, гIемерал гIелалъул васал,
Гьай ясалде хьул лъун, абизе индал,
Гьав мискин намусго, гIодове къулун,
ГIолохъабаздаса ватIалъун чIола.
Мариял хIакъикъат халкъалдаги лъан,
ХъахIаб чол гIадинаб цIар бахъаниги,
БатIалъи гьечIого, гьанжеги гьасда
Гьелде бугеб гIишкъул кверщел букIана.
Гьав вугеб бакIалда, Мазепал бицун,
Лъицаниги, нагагь, гаргар гьабуни,
Гьав жага кинигии багIарлъун вахъун,
Берал гIодор руссун, сас тун чIолаан.
………………………………………..

МоцI-цIвайил канлъухъе, кватIараб ригьалъ,
Гьав айгъирги рекIун, унев вугев щив?
РагIал бихьуларел байдабаздасан
Свак тун бекерулеб гьаб бартиго лъил?

Севералде буго казакасул нух,
Кибго хIалхьи боссе казак чIоларо.

Я гIурумухъалда, я ахил рагIдукь,
Я авлахъадад гьав лъалхъулев гьечIо.

Гьасул ярагъ цIерлъун кенчIолеб буго.
Каранзул чвантиниб гIарцул гуч буго,
Лебалаб гIаларча, жиб гьури гIадин,
Жал-рачI хьвагIулаго боржунеб буго.

Ярагъ къваригIина гIолихъанлъидал,
ГIарац къваригIина чапар вугелъул,
Чуги къваригIина тIад рекIун ине,
Амма тIагъур буго бищун цIунун гьас.

ГIарацги, ярагъги, айгъирги – тIолго
ТIаргъихъ рехун тезе рази вуго гьав.
ТIагъурин абуни, боркьараб рагъда
БетIер къотIичIого, кьезе гьечIо гьас.

Щай казакас тIагъур цIунулеб бугеб? –
Гьелда букъун буго Кочубейица
ГIурусазул пача Петрихъе кьезе
Мазепада тIасан басараб кагъат.

Мазепа абуни, хIинкъи лъачIого,
Щибаб къоялъ рагъде къачIалев вуго.
Гьевгун цадахъ лъугьун хваяв язидав[14]
Халкъалъул гъалмагъир гIуцIулев вуго.
Сардил бецIлъиялъулъ цIогьаца гIадин,
Гьаз жидерго гар-гар гьабулеб буго.
Рахъ-рахъалде кагътал ритIулел руго,[15]
КумекчагIазул гуч дандбалеб буго.
Балъгоял къотIаби гьарулел руго,
Пачаясул бетIер бичулеб буго.
Цо кинавалиго гьардухъанав чи
Гьасул кIалгIабазда женжелев вуго;
Гетманил чукъалъун вугев Орликас[16]
Гьев жанив-къватIиве вачунев вуго;
Жанисан кисанго гьасул гIадамаз
ГIажалалъул загьру бекьулеб буго.
Доба Доналда гьаз казаказул бо
Булавингун[17] лъугьун гьусулеб буго.
Гьабилан, добилан гIалхул къокъаби
БахIарчилъиялде ахIулел руго.
Доба Днепралъул рагIаллъаби чIван,
РакI квешал, ццим хехал руккелабазе,

Улкаялъул бетIер Петр вукIанани,
Гьесул хIинкъи бугин бицунеб буго.
Мазепаца кибго бер щвезабула,
Щибаб рахъ-рахъалде кагътал ритIула,
СихIирго, хIинкъи кьун гьас Бахчи-Сарай
Москваялде данде бахъинабула.
Польшаялъул къирар доб Варшавалда,
Къуват гучав паша Очаковалда,
Рагъул авлахъазда Петрги ва Карлги
Киналниги гьасде гIин кьун руссана.
Гьасул сихIираб ракI гьапуллъуларо,
РекIел ургъелабаз гьав кьижуларо,
Кьаби хIал кIванагIан мухIкан гьабизе
Макруял сихIрабаз гьав свакаларо.
Дагьлъуларо гьасул ццидалал къасдал,
Сунаро рекIелъа такъсирияб цIа.
Амма тохлъукьего гьасул беразукь
РакIалдаго гьечIеб гъугъай бахъиндал,
Гьав виххун ккарав куц, гьав чIваркьараб куц!
ЧIвалин хIинкъи кьезе кколеб бакIалда,
Гьасул ракI батулеб тамахлъиялда.
Гьасде, Россиялъул тушманасухъе
ГIурус чIухIбуз гьале битIун бачIана[18]
Полтавалдаго хъван букIараб кагъат.
МацIилаб хабарин, хвараб бугьтанин,
Хъвараб гIарзаялъухъ хал гьабичIого,
Хиянатчиясде живго пачаяс
Гьуинаб божилъи загьир гьабуна.
Рагъул хIажатазда жанив вугев гьес,
Жиндихъе ццидалаб кагъат кьуразе
КьогIаб, рахIму гьечIеб тамихI гьабеян,
Гьав ламарт вохулеб хабар битIула.

Мазепаца гьанже пашманаб хIалалъ
Пачаясде хабар щвезе гьабула;
Щибго гIайиб гьечIев чи хIисабалда,
ХIалимаб гьаракьалъ гьав гаргадула:
«Лъала аллагьасда ва дунялалда
Дун, мискинав гетман, къоябго соналъ,
СихIру гъорлъ гьечIого, бацIцIадаб ракIалъ
Пачаясе хъулухъ гьабун хIалтIана.
Гьесул рикIкIен гьечIел сайигъатаца
Дун цевего кIодо гьавун вукIана.
Огь, мацIихъабазул харбазул бецIлъи! –
Хабал мицIиралда бох лъурав дица,

БукIараб къадруяб цIарги хвезабун,
Хиянат гьабсагIат киса гьабулеб?
Станиславасе кумек гьабизе
Дица гурищ ццидалъ инкар гьабураб?
Ва Украиналъул кверщалил тIагъур
ТIад лъезе намуслъун къабул гьабичIеб?
Жанисел къотIаби, бальгоял кагътал
Киналго ритIичIищ пачаясухъе?
Гьелде тIаде рагъулъ Крымалъул хан,
Гьединго турказул кутакав Султан,
Цолъизе рачIаян лъугьараб мехалъ,
Дица гурищ гьезул гьумер бухIараб?[20]
ХъахIав пачаясул тушманзабигун
Хвалченгун гIакълуялъ къацандарав дун.
Чорхол къуваталда барахщичIого,
Гьесул хIурмат гьабун хIалтIаравги дун.
Гьанже хIалхъубаб тIел тIаделъун буго,
Дир хъахIлъараб бетIер басра гьабизе.
Ва гьелги щал кколел, дагьал церегIан
Дунгун цадахъ лъугьун даим кидаго
Гьудулзаби абун рукIарал чагIи:
РакI квешав Кочубей, цинги Искраги».

Гьедин зулмучияс пачаясдасан,
Цциналъухъ ракI къечон, чвахун магIу тIун,
ЧанкIкIараб куцалда тIалаб гьабула
Жиндасан гIарз кьурал гIощтIод къотIизе.[21]

Огь гIасияб херлъи! Цо гьасул квешлъи!
Щив хвезе гьавизе гьас квер биххулеб?
Жиндир кереналда керен цун йигей,
Ясалъул инсуйищ гьас хIехь къачIалеб?
Жаниб хинлъи гьечIеб гьалагаб рекIел
Мех-мехалъ букIунеб гIисинаб зигар,
Гьес ццидалаб куцалъ къотIизе гьабун,
Данде къарал цаби къирщун абула:
«Щай гьав гIакълу гьечIев, гIадалав ахIмакъ
Живго къолеб рагъде гъорлъе лъугьунев?
Щай гьасул тушманаб чIегIераб ракIалъ
Живго чIвазе гIащтIи рекIинабулеб?
Берзул тIелхал кире гьас тIамун ругел,
РекIел хьул сунде гьас гьабулеб бугеб?
Яги Марияде мугъчIвай гьабунищ,
Гьадинан ботIроде кIанцIелев вугев?
Ясалъул рокьиялъ, лъай, инсул бетIер

Гьаб дир цциналдаса цIунизе гьечIо.
Гьей гетманил кверзукь йикIине йиго,
Гурони, дица би ракьалде тIела».

Черкес ясазда гъорлъ меседил горо,
Мискинай Мария, лъикIай Мария!
Лъалеб гьечIо дуда кинаб борхьица
Дур бахьинаб керен кваналеб бугеб.
Кинан, бичIчIулареб къуваталдалъун,
КъабихIаб, саяхъаб гъосул черхалде
Дур гьедин бергьараб гьава букIунеб?
Мун лъиде кодойха унго ккун йигей?!
Гъосул рукIкIалаби, рахь хъахIаб бетIер,
Канлъи сун паркъолел къваридал берал,
Гъосул чанкIкIараб ракI, сихIираб гаргар
Дуе сундасаго берцинлъун буго.
Дуда кIвана херав гъосие гIоло
ГIумру дуе кьурай эбел кIочене.
Инсул рокъоб дуца тIаса бищана
Гъосулгун регулеб бусен цолъизе.
Макруяб куцалда, гъоркьан балагьун,
Гъос дур хIасратаб черх асир гьабуна.
Жиндирго хIеренаб хабаралдалъун
Херав гъос дур бетIер сверизабуна.
Мун гъосухъ мутIигIлъун, хIурматги гьабун,
ХIасратаб сураталъ балагьун йиго.
Мун гьардон гъосие хIел-хIелей йиго,
Дурго хIалихьалъи лъикI бихьун йиго.
Гъосда цебе гьунар гьабураб гIадин,
Мун пикру гьечIого чIухIулей йиго,
Ва дурго гьайбатаб гьумералъул нич
КъабихIаб ишалъулъ билизабуна...

Нич гьанже Марияй щай къваригIараб?
Щиб ургъел гьалъие халкъалъул харбил? –
Херав гетманица чIухIараб бетIер
Гьалъие мутIигIлъун къулулеб мехалъ,
Гьалда аскIоб гьасда жиндирго къисмат,
Къварилъи, захIмалъи кIочонеб мехалъ
Ялъуни ракIалъул бакIал ургъелал
РакI тIадагьай гьалда рицунеб мехалъ?
Гьалъул арал къояхъ ракI бакъван гьечIо,
РакIалъулъ лъураб накIкI гIицIго цо буго.
Гьалда тату хварал херлъарал улбул
Мех-мехалда цере тIамулел руго.

Марияда берзул магIида гъорлъан
Лъимал, чи гьечIого, пулан хутIарал,
Рохел хварал херал рихьулел руго
Ва гьезул зигара рагIулеб буго.
Огь, Украиналда кибего лъараб
Квешаб хабар гьалда рагIарабани!
Амма гьалда жеги бицунеб гьечIо
Гьеб букIине бугеб хвалил балъголъи.

КIИАБИЛЕБ КЕЧI

Мазепа гIасиго гIунун чIун вуго,
Гьасул гIакълу кьогIал хиялалъ буго.
Мария бахьинго библиотек жинкун,
Жиндирго херасухъ балагьун йиго.
Гьасул накабазда тIад квералги лъун,
Рокьул ургъалаби рикьулей йиго,
Амма гьеб гIишкъуялъ гьасул рекIелъа
ГIасиял хиялал хъамулел гьечIо.
Мискинай ясалъул балагьиялде
Берзул руссин гьасул цIорораб буго,
Ва гьелъул хIеренаб бадибчIваялъе
ВуцIцIухIун чIун жаваб гьабулеб буго.
Гьалда квеш букIуна, рекIелъ унтула,
ХIалалъ хIухьел босун, тIаде яхъуна,
ХъачIаб гьаркьидалъун гьасда кIалъала:

«Дуе гIоло дида, гIенекке, гетман,
Кинабго кIочана гьаб дунялалда.
ГIумруялъе даим духъ рокьи ккарай
Дие дурги рокьи бокьун букIана.
Дица хвезабуна гьелъие гIоло
Дирго гIумруялъул гьайбатаб талихI, –
Йохъ, гьелдасаги дун рекIекълъун гьечIо!
РакIалда бугищ дун дурлъун лъугьараб
Доб сардил сасалъулъ гьабураб къотIи?
Мун гьедун вукIана, ракI-ракIалъ даим
Дун йокьизе абун, щай йокьуларей?»

Мазепа

Дир гьудул, дур хабар битIараб гьечIо,
Хварал пикрабазде дуца каву къай.
Гьел щакдарияз мун гуккулей йиго,
ГIащикъаб ракIалъ мун бец гьаюн йиго.

Божа мун, Мария, йокьула дие
Дирго цIаралдаса, кверщелалдаса.

Мария
Йохъ, гьудул, гьанже мун сихIирлъун вуго.
Мун цеве вукIухъе ракI жубан гьечIо.
Гьанже мун дидаса тIурулев вуго,
Дир рагIаби дуда чIалгIунел руго.
Мун тIубараб къоялъ бегавулалгун
Бертабалъ, сухIматалъ – дун кIочон йиго.
Мун халатаб сардилъ – я мунго цохIо,
Я цо гьардухъангун, я язидавгун...
Дир бухIулеб рекIел хIасратаб рокьи
Дуца кьогIаб куцалъ нахъ чIвалеб буго.
Лъала, дагьаб цебе дуца гьекъана
Цо Дульскаялъул сахлъиялдасан.
ЩIияб хабар буго дие, гетман, гьеб, –
Гьа, бице, щий кколей гьай Дульская?

Мазепа
Мунгиийищ щаклъулей, щиб хIалтIи гьебго?
Гьал херал соназда дица, хирияй,
Цоги берцинлъиго щай балагьулеб?
РакIалдейищ кколеб гIумру арав дун,
Рокьул гIужда вугев гIолихъан гIадин,
ГIишкъуялъул рахсал черхалдаги ран,
Руччаби макруялъ россе лъугьинин?

Мария
Гуро, дуца дие, хабар къокъ гьабун,
ЧIванкъотIараб куцалъ хIакъаб жаваб кье!

Мазепа
Дур ракI парахалъун бокьула дие,
Гьанже гIенекке мун, бицинин дуйго:

Нижеца цебего цо иш ургъана,
Гьанже гьеб дир гьаналъ гьалдолеб буго.
Гьале санагIатаб мех бачIун буго,
Бергьараб рагъул къо гIагарлъун буго.
ГIемераб мех бана нилъер улкаялъ,
Эркенлъи лъачIого, гьаб къагIидаялъ,
Бальго Варшавалъе гъоркьан рагIи кьун,
КьогIаб Москваялъул кверщаликь букIун.
Жибго жинда чIараб улка букIине

Украиналъе заман щун буго.
Дица эркенлъидул бидулаб байрахъ
Петрогун вагъизе борхулеб буго.
Гъоркье-тIаде къотIи гьабун тIубана,
КIиявго къирар дир рахъалда вуго.
Бегьулеб жо буго, хехго гьаб къецалъ
Дица пачаясул тIагъур тIад лъейги.
Дир буго ракI чIараб, лъикIаб гьалмагълъи,
Бика Дульскаялъгин, гъов гьардухъанас,
Гьелгун цадахъ лъугьун гьав язидасги
Дир пикру роцIине гьабулеб буго.
Гьел гьудулзабиги гьоркьорккун дихъе
Къираразул кагътал рачIунел руго...
Гьале дир баянал дур щаклъиязе,
БичIчIанищ, божулищ гьанже дида мун?

Мария

Огь, дир вокьулев, мун хеккого гьанже
Хирияб ракьалъул пача вукIина!
Гьесул кверщелалъул къиматаб тIагъур
Дур хъахIаб ботIрода тIад рекъелеб куц!

Мазепа

Кинабго лъугIичIо, чIа, гIедегIуге,
Жегиги карачел гьулчизе буго;
Гьеб мехалда лъала, щиб дир лъугьинеб?!

Мария

Дуда аскIоб дида хIинкъи лъаларо,
Лъала, мун пачалъун вукIине вуго;
Гьелда щаклъи гьечIо, мун гучав вуго!

Мазепа

Нагагьлъун цосина къисматалъ дие
ГIощтIокь бетIер лъезе хIехь къачIанани?

Мария

Цинги гIощтIокь бетIер дицаги лъела, –
Мун гьечIого чIезе дида кIолебищ?
Амма иш рекIее бокьухъе ккела, –
Дулъ кверщелчиясул гIаламат буго!

Мазепа

Дуе дун вокьулищ?

Мария
Вокьулищан абун гьикъулевищ мун?

Мазепа
Бице дуца дйе: эменги росги
Дур ракIалъе кинал гIагарал ругел?

Мария
Дир гьудул, гьединаб суал щай кьолеб?
Щай гIадада дуца дир хIалбихьулеб?
Дица яхI бахъула хъизан кIочене,
Дица гьелда хъубаб дангъва чIван буго.
Пикру гьабулаго, керен унтула. –
Кинаб иижитаб иш? Инсуца дие
Даим нагIана кьун батизе буго.
Бице щай ва лъие гIоло гьеб тIолго?

Мазепа
Гьедин инсудаса дуе, Мария,
Дун вокьулев гьечIищ? Гьа, чIана гури!..

Мария
ТIадегIанав аллагь!

Мазепа
Щиб жо? Жаваб кье!

Мария
Дурго ракIалъ гьабе гьелъие хIукму.

Мазепа
ГIенекке, гьабсагIат эменги дунги
Дуда цере цоял хвезе ругони,
Киназул хвел дуца тIаса бищилеб?
Кинав хвасарлъизе дуца гьавилев?

Мария
Дир чорхол рухIалъул хIал бихьулев чи!
Вай гIела, ракIалъе гIазаб гьикъуге.

Мазепа
Жаваб гьабе дие!

Мария
Дур кьер босун буго, мун ццидалъ вуго,

Дур бицунеб рагІи цІорораб буго.
Унго, ццим бахъунге, тІолго гІумру, рухІ
Дуе гІоло кьезе хІадур йиго дун.
ХІинкъула гьединал рагІабакьа дун,
Гьанже гІела, гьудул, тІокІаб гьикъуге.

Мазепа
Мария, кІочонге гьабсагІаталда
Дир бадие юссун бицараб рагІи...

Украйналъул сордо, щибго сас гьечІо,
ЦІваби кунчІун руго, зоб гвангъун буго,
ЦохІо хІалалъ гьава хІайранлъиледухъ
Гьуинаб макьида гъапуллъун буго.
Доба борхалъуда хъахІил зодил моцІ
ХъахІаб килисалда гвангъ-гвангъун буго.
Гетманил бечедал пихъил ахазда
Ва гьесул хъулбузда канлъи чІван буго.
Бигьародул гъотІол гІарцулал тІанхал
ГІисинаб бакъаналъ хьвар-хьвалел руго.
Кисанго сас гьечІо, цо хъалаялъуб
ГІицІго гІисинаб шуш ва гаргар буго.
Гьенив горда гъоркьа цо ригьнив рехун,
Маххул рахсаз вухьун Кочубей вуго.
ЗахІматал пикрабаз ракІ унтарав гьав
Пашманго зодихъе балагьун вуго.

Метер рогьалида гьав чІвазе вуго,
Гьелъул хІисабаз гьав хІинкъулев гьечІо.
Гьасул гІумруялухъ ракІ бакъван гьечІо,
Гьасие хвел буго хирияб макьу.
Гьав хІадурав вуго, бер къапичІого,
Бидул расаялда жанив вегизе.
Амма гьас, макьу тун, пикру гьабула:
«Гьабго кин букІунеб, витІарав аллагь! –
МацІ гьечІеб жо гІадин, жаваб кьечІого,
Жалатазда цеве накалда чІезе?
Вачун пачаясул тушманасухъе
Пачаяс кьун вуго инжит гьавизе?!
Унго, щиб кколеб гьаб, гІайиб гьечІого,
ГІощтІокь бетІерги лъун габур къотІизе?!
ГІумру, намусалъе къо лъикІ гьабизе,
Гьудулзаби хвалде цадахъ рачине?!
ХабатІа гьезухъан нагІана щвезе,
Тушбабиги рохун чІвазе регизе,

Зулмучиясдасан ццин боссе нахъе
Цо инсан гьечIого, гьадин тIагIине?!»

РакIадде бачIуна гьасда Полтава,
Гьудулзаби, хъизан, руссараб свери,
Цересел къоязул къадру, бечелъи,
Жиндирго ясалъул хIасратал бакънал;
Макьил хIеренлъиги, хIалтIул тIагIамги,
ТIоцебе бихьараб живго гIураб рукъ,
Ва жинцаго бокьун кьалде рехараб
Рохалил гIумрудул кинабго тату.

Гьале, туснахъалъул нуцIа кьурулеб
Кьаву чIвараб кIулил чвархъи бахъуна.
Пикраби рехун тун, талихI къарав гьас,
Гьале малайикан хIисаб гьабула:
«Гьале дов, хIакъазе хIукму къотIулев
РекIел унтабазул кIудияв тохтур;
Хъанчил байрахъги ккун дир бидул нухде
Данде вахъун вугев гучав цевехъан.
Гьале магIаз ворлъун нилъее гIоло
Хъанчида вигъарав ГIисал хъулухъчи,
Дихъе гьесул биги бацIцIадаб черхги,
Берал щапилалде, босун вачIунев.
У, дун хвалде данде лебалго ина,
Хвел гьечIеб гIумрудул дунял босила...»

Гьедин, ракI бекарав, керен унтарав,
Ургъалилъ Кочубей хIадурлъун вуго
ХIалкIвей бугев залим, ГIизраиласе
ЛъугIулареб дугIа дар-дар гьабизе.
Амма гьанив вачIун ГIизраил гьечIо,
Гьасда цеве гьобол цогияв вуго.
Ццин гIасияв Орлик эхетун вихьун,
ГIазаб гьикъарав гьас гьикъулеб буго:
«Мун щибулев гьанив, вахIшияв инсан,
Щиб бокьараб дуе гьанжеги дихъан?
Гьаб хвалда цебесеб сордоялъниги
Щай Мазепаца дун живго толарев ?»

Орлик
Сурав лъугIун гьечIо, жаваб кье дуца.

Кочубей
Дир жаваб лъугIана. Инжит гьавуге,

Нахъе а гьаниса, живго дунги тун.

Орлик
Нахъеги мукIурлъи пан гетманица
Гьанжеги дудасан тIалаб гьабула.

Кочубей
Кинабго бицана дица нужее,
Цоги сундуе дун мукIурлъулевго?
Дица биценщинаб гьереси буго,
Гетман витIун вуго, дун мекъи вуго,
Дун макру-хIиллачи, мацIихъан вуго.
Цоги къваригIараб щиб бугеб дихъан?

Орлик
Нижеда лъала дур ихтияралда
РикIкIун бахъунареб бечелъи букIин.
Нижеда лъала дур Диканькаялда[22]
Дагьал хазинаби рахчун гьечIолъи.
Законалда рекъон дур къайиялда
Аскараца кверщел гьабизе ккола.
Мун гъанкъизе вуго гьелдаса хадуб.
Гьедин дица дуда ахираб нухалъ
Ахирияб налъи лъазе гьабула:
Бице, хазинаби кир рахчун ругел?!

Кочубей
Дур гьереси гьечIо... гьаб гIумруялда
Дир рохел букIана лъабго хазина:
Гьезул тIоцебесеб – дир чорхол намус,
Черхалъе гIазаб кьун, дихъа бахъана.
Нахъеги букIана цоги хазина:
Хирияй ясалъул гьайбатаб намус.
Къаси-къад гьеб цIунун дун сородана,
Мазепаца дихъа гьебги бикъана.
Гьанже ахирияб цохIо хазина:
РецIел боссе бугеб дир бацIцIадаб къасд
Дица цIунун буго ургьиб рекIеда,
Аллагьасда цебе босизе абун.

Орлик
Гьел гIантал хабарал те дуца, херав!
Махсара гьабизе гьаб заман гуро.
Жакъа дуниял тун унев чи, дуца
Ургъун хIисабалда кье дие жаваб!

Гурони, цIидасан гIазаб гьикъила, –
ГIарац киб бахчараб? Бице хех гьабун!

Кочубей

Ле, дир тушманасул ццидалаб чукъа,
МагIна гьечIеб сурав лъугIуларищ дур?!
Дагьалъ лъалхъе, хабалъ дун вукъизегIан,
Хадув лъугьа дурго пан Мазепагун
Дир хазинабазул хIисаб босизе,
Дир ригьзал риххизе, ахал рухIизе;
РахIму гьечIел квераз подвалал рагьун,
Гьениса дир месед, гIарац хъирщизе.
Нужедаго цадахъ дир ясги яче,
Гьелъ нужее тIолго бицине буго;
Хазинадал гьансал рахчарал бакIал
Гьелъ нужее баян гьаризе руго.
Амма аллагьасе гIоло гьарула
Гьанжениги дие рахIат тейилан.

Орлик

ГIарац бахчараб киб? Бихьизе гьабе!
ГIарац бахчараб киб? Бицинаребищ?!
Иш квеш букIинаха, хал гьабе, ургъе,
Хехго кIиязего бакI ва заман цIай!
Гьа, вуцIцIунищ чIарав? ГIазаб кьелаха!
ГIащтIичи![23]

(ГIащтIичи жанив вачIуна)

Огь, гIакъубаязул къваридаб сордо!..
Кив вугев дов залим? Кив вугев гетман?
Жиндирго ягъзинаб инсаналъ кунеб
Кибе тIурараб гьаб загьруяб борохь?
Жеги лъай гIечIого, гIантго йохарай,
Тамахаб макьида сас тун кьижарай
Жиндир ячаралъул бечедаб рокъов,
Гьелъул бусеналде бетIерги къулун,
Къваридго пикрабалъ гIодове виччан,
ГIунун балагьун чIун вуго Мазепа.
Гьасул гьаб сордоялъ гьабулеб хIисаб
Цоялдаса цояб ццидалаб буго:
«Хвела пикру гьечIев, гьагав Кочубей,
ГьечIо гьесие нух хвасарлъиялъе.
Мурад тIубалеб гIуж гIагарлъанагIан,
Дица иш щулаго гьабизе ккола.
Ва тушманзабаца дир бетIералъе

БетIер дагъабги цIакъ къулизе ккола.
Йохъ, хвасарлъи гъечIо, хвела Кочубей,
Жиндир хадувчигун, чапаргун цадахъ...»
Гъале цойидасан бусада йигей
Ясалде руссуна гъасул пикраби:.

«ТIадегIанав аллагь, гъаб бецIаб пиша
Гъалда рагIун хадуб, щибдай бахъина?!
ГъабсагIат гъай пакъир паракъат йиго,
Гъалда букIинеб иш щибго лъан гъачIо.
Амма кидаго гъаб балъго хутIилищ,
Халат жаниб цIунун гъаб бажарилищ?
Метер радал гIощтIол гIасияб тIвапи
ТIолго Украйналда кибго рагIила.
Ракьул гъумералъул гъаракьги мацIги
Гъеб харбида тIасан халат букIина!
Огь, бихьула дида, лъил къисмат гъанже
Къваридаб гIумругун цолъизе бугеб?
ГIазабалде данде цо дун инчIого,
Цадахъ лъадиги щай дица ячуней?
Цого фургоналда бан бегьуларо
Бергьараб бартиги тамахаб чанги.
Вай дун гIедегIана, иш гIантаб ккана,
ГIодулев вуго дун гъанже ракI бухIун.
Жиндир гIумруялъул кинабго рохел,
Камилаб черхалъул тIолго гъайбатлъи
Гъай мискиналъ дие, согIав херасе
Сайигъат гъабуна тIубан ракI-ракIалъ.
Балагьеха дица гьалъул черхалъе
Гьикъизехъин бугеб квешаб гIакъуба!»

Гъас берал ясалде руссинаруна:
Гьалъул макьил бугеб бокьилеб хIалхьи!
Тамахаб бусада гIодобе биччан,
ГIолохъанаб лага бегун бугеб куц!
Рагьана гьалъ кIутIби, бихьизеха цо
БахIараб кереналъ хIухьел цIалеб куц!
Метеран абуни.. Унго-унгоха,
Мазепаца берал данде рачуна,
Бигьа гьабун, квер чIван, тIаде вахъуна,
Чиясул сас гьечIеб ахикье уна.

Украйналъул сордо, щибго сас гьечIо,
ЦIваби кунчIун руго, зоб гвангъун буго.
Цого хIалалъ гьава хIайранлъиледухъ

Гъуинаб макьида гъапуллъун буго.
Бигьародул гъотIол гIарцулал тIанхал
ГIисинаб бакъаналъ хьвар-хьвалел руго.
Ва амма Мазепал рекIеда жанир
РакI унтарал, бецIал хиялал руго.
ГIайиб чIезабулел ясберал гIадин,
Гьасухъ сардил цIваби ралагьун руго.
Кьералъ эхетарал рорхатал гъутIби,
Гъаларал бутIрулги хьвагIезе гьарун,
ГIисинаб сасалъулъ, судиял гIадин,
Цоцадеги руссун щурщулел руго.
Риидалил хинаб сардил бецIлъиги
БецIаб туснахъгIанги багIарун буго.

Гьасда цойидасан цо гьаракь чIвала,
Хъалаялъуб зигар бугеблъун ккола.
Хъурмил руруйищ гьеб, рузил ахIдейищ,
ГIазаб гьикъарасул угьи-зигарищ,
Яги сундулниги цоги гьаракьищ,
Гьабан бичIчIулеб жо щибго букIинчIо.
Яги гьаб гьезего гьечIеб жо гьасда
Пикрабаца цебе тIамун батила.
Амма букIаниги ракIалъул хIинкъи
Гьасда кинго кIвечIо кIоченабизе,
Ва халат бахъараб зигараялъе
НекIо, гIалхулаб доб ихтилаталда,
Рагъул авлахъазде вахъараб мехалъ,
Борхатаб чу рекIун къецалъул цIадулъ
Забелагун* цадахъ Гамалеягун*
Гьездаго цадахъ гъов, гъов Кочубейгун
Кьалда чуял риччан унеб мехалда,
Гьабураб гIадинаб гьаракь гьабула.

Рогьалилъ баккулеб багIараб бакъадъ
ХъахIилал зобазде канлъи рехана;
ГIурул карачелал, лъарал рагIалал,
Рохьал, хурзал, гохIал гвангъизаруна.
Радал ахIи-хIуралъ сверухълъи цIуна,
Сардил макьидаса инсан ворчIана.
Мария жегиги гъапулго йиго,
Гьалъ гьуинго хIухьел босулеб буго.
Гьалда, макьилъ гIадин, цо щивалиго
ХIатIада шуршулев рагIулеб буго.
Гьай йорчIана, амма бакъ бадиб речIчIун,
Берал хех нахъеги данде рачана.

Гьалъ квералги ритIун недегьго гьимун,
Мазепа мунищан щурун гьикъана,
Ва амма Мариял гьеб суалалъе
Цогиги гьаракьалъ жаваб гьабуна.
Гьай йиххун тIуркIана, гьай балагьана,
Гьалда цее йиго жиндирго эбел...

Эбел
ЮцщIа, юцщIа, сас те, хвезаруге ниж.
Дун сардида бальго ячIана гьаний.
Гьарула, магIу тIун, дудасан кумек:
Жакъа буго бетIер гIощтIод къотIулеб.
Хвассар гьаве эмен! Цо дуда кIола
Гьезул щцин гIодобе буссинабизе.

Яс (йиххун ккун)

Кинаб бетIер къотIи? Кинав, щив эмен?

Эбел
Ялъуни мун жеги гьеб лъачIогонищ?
Гуро, гьеб дуда лъикI лъалеб батила;
Мун гIалхуда гьечIо, гьундузда йиго,
Дуда лъала гетман гучав вугев куц,
Пача гьесухъ божун гIенеккулев куц,
Гьес тушманзабазе гьабулеб тамихI!
Огь, бихьула, дуца къваридаб хъизан
Мазепае гIоло нахъчIвалеб буго!
Балагьаб судалъул хIукму кьолелъул,
Мун дида хIеренго кьижун ятана.
Эмен чIвазе гIащтIи чархид кколелъул,
Нилъ цоцазе чияр чагIилъун ккана...
РекIеде ячIа мун, Мария, дир яс,
Екере, накалда чIа гетманасе!
Хвасар гьаве эмен, кIалъай гьесдехун,
ЙикIа мун нижее алжанул хIинчIлъун.
Дур берзул балаялъ гьал залимазул
Зулмуялъул кверал рухьине руго.
Гьезухъа бидулаб гIащтIи босизе
ГIицIго цохIо дуда хIал кIвезе буго.
Йорта, тIалаб гьабе, гьарун цее чIа! –
Гетман гIенеккила, кумек гьабила;
Гьев сабаблъун дуда намус, яхI, гIумру,
ГIагарлъи ва живго аллагь кIочанин.

Яс

Дие лъугьараб щиб?... Кинаб хабар гьаб?..
Эмен... Мазепа... Хвел... – Гьание ячIун
Гьарделей дир эбел... Вай бичIчIуларо,
ГIантлъунищ дун йигей, я гьаб макьуйищ?

Эбел

Аллагьас лъай кьеги, лъай гьечIей дуе...
Йохъ, гьаб макьу гуро, гьаб хиял гуро!
Унго, жеги дуда лъаларогойищ,
Дур инсуца, ясалъ намус хвезабун,
Гьеб биччаларилан пачаясухъе
Гетманида тIасан ццидал кагъат хъвай?!
Лъаларогойищ мун, – гIакъуба кьедал,
ГIадалаб мацIалъе, хъвараб кагътие,
Киналго жанисел жиндир къасдазе
Жалатазда цеве эмен мукIурлъи?
Ккараб такъсиралъухъ тамихI гьабизе,
Гьев тушманзабахъе кодой кьун вуго.
Гьардарав аллагьас кумек кьечIони,
Гьес данде гурхIалил квер битIичIони,
Кутакал боязде цевеги вачун,
Жакъа инсул бетIер къотIизе буго.
ГьабсагIат дагьабго заманаялъе
Гьев вуго гетманил туснахърукъалъув.

Яс

Вай, бетIергьан аллагь, бетIергьан аллагь,
Жакъа гъанкъизехъин пакъир дир эмен!...

Гьединги абун яс бусаде тIаде
ТIийитIун рехула, хварай жо гIадин.
Боязул бутIрузда тIагърал кунчIула,
Гьез ккурал хучдузул тIогьал паркъола.
Гетманил сердюкал[24] жеян кIанцIола,
Жергъаби, эхеде рорхун, кьабула.
Полказ жидер кьерал ритIизарула,
Борхьил рачI гIадаб нух халкъалъул цIала;
ЦIер гIадин сверухълъи руккелаз ккола,
РакIал, балагьун чIун, чIалгIун рукIуна.
Авлахъалда бакьулъ хъорщоца гьабун,
КьогIаб гIажалалъе бакI къачIан буго.
Гьенив ургъел гьечIев, гIамал тIадагьав
ГIащтIичи кепалда сверулев вуго.
Кидадай чIвазе чи щвелаян абун,

ЧIвадарухъан хъантIун балагьун вуго.
Цин гьас бакIаб гIащтIи кодобе босун,
Кепалъего гIадин гьанкIезабула;
Нахъеги халкъалъул руккалилъе ун,
Махсараби гьарун, гьав велъанхъула.
Руччабазул ахIи, релъи, зигар, къец
ЦохIого хъуялде буссун букIана.
Гьале цойидасан гьаракь бахъана,
Гьал, сас тун, киналго гIенеккун чIана.
Гьеб сихI гьечIеб гIодой биччаялда гъорлъ
ГIицIго чодул тIваркъи рагIулеб буго.
Боржунеб жо гIадаб гIаларчаялда,
ГIагараз, божараз сверухъеги ккун,
Жиндир хIурмат тIокIал бегавулалгун
ХIалкIвей бугев гетман вачIунев вуго.
Доба Киевалъул шагьранухдасан
Сабру хун хал ккураб гьоко баккана.
ГьебсагIат киназго беразул тIелхал
Риххун ккун гIедегIун гьелде тIамуна.
Гьелда тIад сундаго дагIба къотIарав,
Дунялгун зобалъул къисмат босарав,
КъвакIараб божиялъ щула гьавурав,
Щибго мунагь гьечIев Кочубей вуго.
Жиндир къадаралде дагIбаго гьечIев,
Кколеб жодул ургъел щибниги гьечIев,
Сундего квер хьвагIун, кинабго рехун,
Хвалихъ гIенеккарав Искраги вуго.
Гьоко бачIун чIана, рухIанияца
АхIун гьаракь биччан дугIа гьабуна.
Тушбабазе гIоло гIазаб гьикъарал
ТалихI къарал ракIал паракъалъизе,
Надалда, каранда квералги кIутIун,
КIалъачIого халкъалъ рахъун как бана.
Гьале гьал рачIана, рещтIана, щвана,
Ахираб как бана Кочубейица.
Цинги гьас хIохьода тIад бетIер лъуна,
ХIухь къотIана сверухъ, хабалъ кинигин.
Цойидасан гIащтIи хантIан хьвагIана,
БетIер горбодаса гирун бачIана;
Гьелдаго хадуб цун цояб бетIерги
РакI гъанцIилеб куцалъ кIанцIун бачIана.
ТIолго авлахъалда агьи бахъана,
Би чвахун харил кьер билбагIарлъана.
ГIащтIичияс вохун кIиябго бетIер
КIурараб расги ккун, кодой босана;

ЧIахIиял кверазукь сородилаго,
Халкъалда рихьизе рорхизаруна.

Гьедин гьав чIваялъул хIалтIи тIубана,
Ва ургъел гьечIеб халкъ рукъ-рукъалъ ана.
Щибго жо ккечIеблъун, кидаго гIадин,
Гьал жидерго хIалтIул харбиде рана.
Халкъ ун, авлахъ дагьккун чIобоголъана.
Гьеб заманаялда гвангъараб нух чIван,
Гьека-гьунщиялда, цоцалъ чIван, хIинкъун,
КIиго чIужугIадан йортун ячIана.
Цо лъицаялиго, нуж кватIанилан,
Килищ битIун авлахъ бихьизабуна.
Гьениб хвалил хъарщал рекулел руго,
Хваразе кашишас как балеб буго;
КIиго казакасул жаназа босун,
Гьакиде бахине гьабулеб буго.
Гьеб бутIрул къотIараб байданалдаса,
Чодул рекIаразул руккелалдаса
Живго цохIо, цадахъ инсан гьечIого,
Щцидалав Мазепа ватIалъун ана.
Цо кинабалиго чIобоголъиялъ
Гьасул каранзул ракI кунеб букIана.
ТIубан къоялъ гьасда гIадан кIалъачIо.
ЦохIо гIадамасда гьавги кIалъачIо.
ГIетIулъ тIерхьун унеб букIана гьасул
ТIад рекIараб барти... гьав рокъой щвана
Щибго гьабилалде гьас бищун цебе
Мариял хIукму-хIал цIеха-рехана,
Амма Мазепае мухIканлъи гьечIел
РичIчIизе захIматал жавабал кьуна.,.
РекIелъе хIинкъараб асарги бачIун,
Гьав рокъой ваккана – гьечIо Мария.
Ахикье вортана, хал-шал гьабуна,
Щибниги хабар-сас чIвачIо гьенибги.
ГIатIидаб хIор сверухъ, хъархъазда нахъа
ГIодоре риччарал харибакIазда,
Кисанго сас гьечIо, чIобого буго,
Щибго лъалкI гьечIого, гьай тIагIун йиго,
Гьас божарал хъулухъчагIи ахIула,
РакIчIарал сердюкал данде гьарула;
Гьел роргула, гьезул чуял хехлъула,
Марияда хадуб ахIи бахъуна.
Риччан айгъиралгун ал гIолохъабаз
Киналго рахъазда гьай ялагьула.

Хириял лахIзатал сверула, уна
Ва амма Мария нахъ юссунаро.
Гьай тIурун арай куц, гьелъие гIилла
ЦохIо гIадамасда лъачIо, рагIичIо.
Мазепаца цаби рукъулел руго,
РагьтIателал хIинкъун соролел руго.
Загъру квараб гIадин, керенги лъугьун,
Кисанго нахъасан нуцIбиги рахан,
Гетман жанив рокъов къаси сардида
Бусадул рагIалда гIодов вукIана.
Кидаго рукIинчIел рекIел хIисабаз
Гьасие минуталъ макъу толаро.
Марияда хадур ритIарал чагIи,
Радал цо-цо ккун, нахъ руссун рачIана.
Гьез рекIарал чуял свакан рукIана,
Къвалалгун терлекал, узденгал, чIалал
Гьезда бараб полпилъ, билъ росун руго.
Амма лъицаниги босун бачIинчIо
Мискинай ясалъул хIакъалъулъ хабар.
Жибго чIобогояб гьаракь гIадинан,
ТIагIана гьалъул лъалкI дуниялалда.
Гьалъул къварилъигун, ургъелгун цадахъ
Эбелалъ ана гьай хъамун гьаниса.

### ЛЪАБАБИЛЕБ КЕЧI

РакIалда къараб гьеб пашманаб ишалъ,
Жиндирго хIиллаяб хIалтIи ургъизе,
Украиналъул кверщелчиясе
КигIан дагьабниги квал-квал гьабичIо.
Жинцаго гьабураб пикру щула ккун,
Щибго хисичIого, кидаго гIадин,
Шведазул гучав къирарасулгун
Гьас къойил гьоркьоблъи чIезе гьабуна.
Амма тушманасул балагьиялъул
Кинаб букIаниги щаклъи гуккизе,
Гьав тохтирзабиги сверухъе ахIун,
ЗахIматIо унтарав ххвелалги гьарун,
Агьи-угьиялда бусада вегун,
«Сахлъи кьеги, аллагь!» – абун гьардола.
Рагъаз, гьалмагъираз, унтул кутакалъ,
Черхалъул херлъиялъ, къварилъабаца,
Гьанже къо бачIанин, холев вугилан,
Хабалъе уневлъун хIазе лъугьана.
Гьав хIиллачи гьанже хIадурун вуго

ХIасратаб дунял тун ракьалде ине;
Гьанже гьересиго, рухI босилалде,
РухIаниял ахIун, хIилла гьабула.
Нагагь хвезе ккани цIализе абун,
Гьаз цIаларав кашиш тIаде ахIула.
Ва жиндир сихIираб хъахIаб расалде
Босун хIилладул нах чвахизабула.

Заман уна, Москва щибаб сагIаталъ
Цересел тушбаби щапарал бакIахъ,
Шведазе цIиял хобалги гьарун,
Гьалбал рачIиналде къачIан букIуна.
Амма гьеб кинабго гIадада ккола, –
Карлица тохлъукье унеб нух хисун,
Аскарги, кутакги, хвалилаб рагъги
Хех Украиналде буссинабула.

Гьале къо бачIана. Къуват тIагIарав,
ТIокIаб гIумру гьечIин сонги угьдарав,
СихIруялъ унтарав гьав рекIкIав гетман,
Гьанже бусенги тун тIаде вахъана.
Гьав чIаго жаназа живан вукIарав,
Жакъа Петрил гучав тушман лъугьана.
Тириго полказде цевеги вахъун,
ЧIухIарал бералги кенчIезе гьарун,
Гьас лебалго чоде тIадеги вахун,
Деснаялде хвалчен хьвагIезабула.
ЗахIматаб хIалтIиялъ гьетIизавурав,
Гьав херав кардинал,* квешав гьерсихъан,
Римазул тиаралъ* пахрулъизавун,
Гьанже сахлъун, вохун чанлъун лъугьана.

Боржунеб жо гIадин щущана хабар,
Хъудизе лъугьана тIолго Украйна:
Гъос пача вичанин, гъов кверде анин,
Карлие мутIигIлъун бетIер къуланин.
Гьадин байбихьана халкъалъул рагъде,
Бидулаб нур чIана чIвадариялъул.

Лъихъан бажарилеб гьаб хабар лъайдал,[25]
Пачаясул ццидал гIасилъи бицун?
Дандеруссиназда кисанго халкъалъ
Мазепай нагIана кьолеб букIана.
Рагьарал дагIбаялъ дандельабазда
Хисун цоги гетман вищулев вуго.[26]

Енисей гIоралъул рагIаллъабазде,
РикIкIаде ятабалъ ритIун рукIарал
Кочубейилгун дов Искрал хъизанал
Петрица ракI бухIун хвасар гьарула.
Гьелгун цадахъ лъугьун гIурус пачаяс
Гьанже берзул магIу гIодобе тIола.
Гьас гьел реэдула, гьезул букIараб
НекIсияб хIурмат, цIар цIилъизабула.
ВатIан тун витIарав херав Палейги,
Гьалдолев чотIахъан, Мазепал тушман,
Жиндир пачаясул аскаразухъе
Украиналде нахъе вачIуна.
Бесдал хутIараб бунт гьаргьалеб буго,
ХIинкъи гьечIеб Чечель щущахъе бала.
Атаманас бетIер хIохьода лъола.
Ва мун кьалда жаниб цIар къваригIарав,
Кьвагьа-гIанхъиялъул кIудияв гIащикъ;
Мун чармил такъия тIад лъезе гIоло,
Ракълил къирарасул къолден ретIарав;
Дур къо гIагарлъана, гьале ахирги
Дуда Полтавалъул буцур бихьана!

Пачаяс жиндирго аскарал гьанже
Гьенире, накIкI гIадин, чваххизарула.
КIиязулго боял байданлъиялда
ДандритIун сихIирго гIодор регула.

Цевего бидуца мехтизавурав,
БахIарчиял рагъалъ чанги кьабарав,
Кьалде урхъи бугев рагъухъанасда
Ахир данде чIвана гучав рагъухъан.
Ва Карлида ццидакь бихьулеб буго:
Гьанже жинда цебе цебе букIараб,
Нарваялда аскIоб щущазабураб,
Щущараб накIкI гIадаб аскар гьечIолъи;
Гьайбатал, къвакIарал, къартIалда чIарал,
Рагъухъ гIенеккарал, гIодор риччарал,
Беричал полказул халатал кьерал
Ва гьезул хучдузул гучаб мухъ букIин.
Гьедин букIаниги, гьас метер радал,
Рагъул цIа бакизе хIукму къотIула.
Щведазул санграхъ щибго сас гьечIо,
Гьуинаб макьида бо кьижун буго.
Амма цо чодрониб цоцаде руссун,
ГIисинаб гаргар-щущ гьабулеб буго:

«Гуро, Орлик, дида бихьулеб буго,
Гьаб нухалъ гIадада гIедегIана нилъ;
ГIадалаб, чанкIкIараб дир хIисабалъул
ХIасил лъикIаб ккечIо, мекъи ккана нилъ.
Бихьула, дир мурад тIубалеб гьечIо,
ТIолго гьабунщинаб гIадада ккана.
Гьав Карлил хIакъалъулъ ругел хIисабаз
Дун хIакъираб куцалъ гуккун ватана.
Лъала, гьав бергъарав бахIарчи вуго,
Ккаралъуб рухI кьезе хIадурав вуго.
Гьасда кIола дуе кIиго-лъабго рагъ,
Бергьенлъиги босун, лъугIизабизе;
КIола, къасде кванде, бартиги рекIун,
Тушбабахъеги щун нахъе вачIине,[28]
Бомбаялъул хъачIаб гьаркьиде данде
Гьадинго велъанхъун жаваб гьабизе;[29]
Гьунар тIокIав гIурус солдат кинигин,
Сардилъ тушманасул чодрохъе ине,
Гьанже казак гIадин, гIодов чи лъезе,
Ругънахъ ругъун хисун свак тун вагъизе.[30]
Амма гьасда къеркьон хIалкIвезе гьечIо
Улкадул бетIергьан, гьав нартасулгун,
Гьас къисмат, къали чIван, полкалда релълъун,
Гьадинго свердизе тIамулеб буго.
Гьасул сабру гьечIо, гьав бецав вуго,
ГIамал кIудияв ва тIадагьав вуго.
Аллагьасда лъала, щиб талихIалда
Хьул гьабун вукIунев, божулевали!
Гьес гьал тушбабазул цIиял къуватал
Басрияб роцаца рорцунел руго.
Бигьаял гьунараз гьалгъазаврав
Гьас жиндирго лъалъурдул рекизе руго.
Нечола, ригь арал гьал саназда дун
Рагъул саяхъасда божиялдаса.
Жеги гIужде щвечIей, гIантай яс гIадин,
Гьесул лебаллъиялъ, бахIарчилъиялъ
Ва бергьенлъабазул хехал талихIаз
Херав дун бецлъизе гьавун вукIана.

Орлик

Рагъухъ балагьизин, заман ун гьечIо,
Петрогун кIалъазе рес буго нилъер.
Кинабго лъугIичIо, чIа, гIедегIуге,
Жеги хвасарлъизе нух буго нилъср.

Нилъергун цIидасан гьалмагълъиялъе
Пача разилъила, лъан букIа дуда.

Мазепа

Йохъ, кватIана. ТIокIаб гIурус пачаяс
Дидехун гьалмагълъи гьабизе гьечIо.
Цебегоялдаса дир къисматалъе
Хисулареб хIукму хIадурун буго.
Цебегоялдаса, ццидаца къанцIцIун,
Дир къваридаб керен бежулеб буго.
Азовалда аскIоб цо нухалда дун
Сардилъ пачаясул ставкаялда,
Гьевгун гIодов вукIун квана-гьекъана.
БетIералде бахун чагъиралъул цIун,
Нижер чашкабазул пуртIи букIана.
Гьениб гьорлъ росараб харбида гьоркьоб,
Дица цо кьварараб рагIи абуна.
ГIолохъанал гьалбал рихха-хочана,
Пачаясул чашка гIодоб бортана.
ГIасияб куцалда ццидалъ гьалаглъун,
Гьес дир хъахIал михъал вахъун цIацIана.
Гьеб ракIалдаги къан, къуватги тIагIун,
Дун къисас босизе гьедун вукIана.
Чохьониб эбелалъ лъимер кинигин,
Дица гьеб каранда цIунун букIана.
Гьале къо бачIана, дир пиша гьанже
Пачаясда даим кIочон толаро:
Дун гьесул тIаргъида тIад хьухьун ругел
Бахьинал тIанхазул хIамазаз вуго.
Дун тамихI гьабизе Петрихъе ккана.
Жиндир кьибилалъул лъикIал шагьарал,
Жиндир гIумруялъул гьайбатал сагIтал,
Гьес кьезе рукIана, цебего гIадин,
Нахъеги Мазепал михъал цIацIазе.
Амма жеги нилъер хьул къотIун гьечIо,
Щив тIурилевали рогьалилъ лъала...

ГIурус пачаясул хиянатчияс,
Хабар къотIизабун, берал къанщула.

Рогьалил гьайбатаб багIараб бакъалъ
Бакъбаккуда дунял гьалдолеб буго.
ГохIал байдаби чIван, гьеб заманалде,
БакIал гIарадаби гIергIелал руго.
Кьалул багIараб кIкIуй кIичI-кIичIиялда

Рогьалил бакъуда дандчIвалеб буго.
Полказ жидер кьерал ритIизарула,
Кьвагьдохъаби хъархъалъ гIебеде чIвала.
Кьвагьдола гIарада, гьещтIола гулби,
Эхеде рорхула цIорорал хучдул,
ЧIчIел босун ругьунал васал – шведал
ЦIадул хандакъахъан рилълъуна цере.
ГIедегIун рортула рекIарал, хехго
Хадур рагъарула лъелал аскарал;
Кьабун гали босун цере унелъул
Гьезул ракIазул къасд къвакIула жеги.
Добаги гьанибги гьаб авлахъалда
Гьедин хвалил рагъул гьугъай бахъуна.
Амма кьалул талихI кьурун нахъ буссун,
Нилъеде гьумер кьун данде бачIуна.
ЦIадуца нахъ чIварал чIухIарал боял,
ЧIва-чIван, хIурулъ росун, ракьалде ккола
Къварилъул нух бухъун тIерхьуна Розен,*
КъартIав Шлипенбах* вачIуна кверде.
Къокъабазда хадур къокъаби гьарун,
Къазавула нахъе нилъеца швед.
Ва шибаб галуда хадуб аллагьас
Чвахизе гьабула нилъеде рохел.

Гьале гьеб мехалда гьирадал цIураб,
Гъар-гъар щвараб гьаракь рагIула Петрил;
«Аллагьасул цIаргун ишалде рай!» – ян
Бугеб гучалдалъун ахIун тола гьас.
Рокьулел руккелал сверунги гьарун.
Гьав чадиралъуса къватIив вачIуна.
Гьасул берал гвангъун паркъелел руго,
Гьумер балагьарал сbooролехъ буго.
Рилълъин хехаб буго, гьав берцин вуго,
Гьав тIубан бичасул гьугъаян ккола.
ВачIуна, гьасухъе барти бачуна,
Махх букъулеб буго божараб барти.
БукIинеб хвалилаб гьалагаб цIадул
Гьанаца бицун гьаб соролеб буго.
ХIалкIвей бугев гучав рекIарасдаса,
РакI чIухIун, хъвалиса beралги руссун,
Боржунеб жо гIадин гIедегIалихъе
Рагъул кIкIуйда гьорлъан кIанцIулеб буго.

Къо къалъизе заман гIагарлъун буго.
БагIариялъ дунял бухIулеб буго.

Векьарухъан гIадин, кьвагьа-гIанхъиги
Дагьалъ рахIат боссе лъалхъулеб буго.
Цо-цо бакI-бакIазда, рекIун казакал,
Чуязда гьунарал гьарулел руго.
Полказ жидер кьерал ритIизарула,
Кьалул музыкадул сас къотIун буго.
Бакъараб гIергIери къотIизе гьабун,
ГIарадаби гохIда хIалхьуда руго.
Гьале рикIкIадасан авлахъ гьаргьалеб
Гьураялъул гьаракь бахъунеб буго, –
Полказда жидерго Петр вихьана.

Жибго рагъ кинигин разияв, гучав,
Гьав жиндир полказда цевесан ана.
Гьас гIатIидал бераз гьаб авлахъалъул
Кинабго сверухълъи кIкIунеб букIана.
Гьасда хадур руго, руккелал гьарун,
Пачалихъ хIалтIизе гьабулеб мехалъ,
Гьелъул захIмалъабалъ, гьединго рагъалъ,
Рагъул къисматалъул хиса-басиялъ
Гьасул гьалмагъзаби, гьединго лъимал,
Петрил бусеналде руссарал тIанчIи:
Кьибил тIадегIанав Шереметевги,*
Брюсги, * Боурги,* гьединго Репнин;*
Гьединго улкадул бащдав хIакимги,
ТалихI кьун ворхарав чиякъав гогьма.*

Жиндирго рагъулал хъулухъчагIазул
ХъахIилал кьерал чIван, гьезда цевесан,
Божарал, ракI чIарал рагьтIателаз ккун,
Гьакида гIодов чIун вагъаричIого,
Ругъун щун унтарав Карлги ваккана.
Рагъул церехъаби хадурги гьарун,
Гьав цр пикруялда вихьулев вуго.
Гьасул жив нечараб гьагаб балаялъ
Бергьараб гьалаглъи гьалдана рекIелъ.
РакIалде кколаан, хIасратаб рагъалъ
Карл хIайранлъизавун, ракI бекун вугин...
Амма килищ борхун гьас жиндир полкал
ГIурусазде тIаде гъун риччан тана.

Пачаясул боял байданлъиялде
Гьелгун цIадул рагъде лъугьунел руго.
Гьедин гъугъана рагъ Полтавалъул рагъ!
Жибго, къед кинигин, тIетIезабураб,

ТIухьидул цIадуца биххизабураб,
Хучдузул кьер хисун, гьезул бакIалде
ЦIия-цIиял кьерал раккун рачIуна.
Зодил накIкIал гIадин, рекIарал боял
Рагъул байдабазде цере роржуна.
Хвалчен чапулаго, чу тIваркъолаго,
Цоцалъеги тункун, бутIрул къотIула.
Ва къаркъалабазул гохIазде тIаде,
ЦIиял гохIал гьарун, боязул мухъилъ
БакIал хъазмил гулби цIоб тун речIчIула,
ЧIва-чIвала, гьулч-гьулчун биял чвахула.
Шведас гIурусав, гIурусас швед
Лъукъула, къотIула, хочод ворлъула,
Кьвагьи, кьаби, гIагьи, цабзазул къирщи,
Къали чIвалеб гIадаб сурат букIуна.
ГIарадабазул хъуй, чуязул пунхъи,
Чакмабазул тIвапи, чIвалезул зигар,
Киве вуссаниги, сверухъ хвел, гIазаб –
ТIолго балагь жубан, жужахI лъугьуна.

Гьел рихха-хочарал гъалмагъиразулъ
Гъираялда рагъул иналъухъ хал ккун,
Бодул церехъаби эхетун руго,
Цоцазул гьунарахъ балагьун руго,
Гьезда хвел, бергьенлъи бихьулеб буго.
Цоцаздехун руссун щур-щулел руго.
Щив гьав, Москваялъул пачагун цадахъ,
Гьесда хьолбохъ вугев херав рагъухъан?
Гьев кIиго казакас къвал бан чIезавун,
Пикрабалъ къакъалев къваридаб ракIалъ,
Чанги къо бихьарал лебалал бераз
ЦIадул байданалде балагьун вуго.
ВатIан тун рикIкIада тату хварав гьев
Гьанже бартиялде вахунев гьечIо.
Палейил гьаркьихъе, цебе кинигин.
Сверухъан казакал рортизе гьечIо!
Щайха гьесул берал кенчIелел ругел?
Щай гьес жиндир нодо букIкIинабураб?
Щай, накIкI лъураб гIадин, лъугьараб гьумер?
Сунца щцин бахъине гьабураб гьесул?
Рагъул кIкIуйда гьоркьов гьесда цосина,
Тушман – Мазепацин гурищ вихьарав?
Щцин боссе рес гьечIел жиндир соназда
РекIекълъунцин гурищ гьев херав вугев?

ГIагараз, божараз, бегавулзабаз,
Казаказ, сердюказ сверухъеги ккун,
Мазепа пашманал пикрабалъ восун,
Рагъул байданалде балагьун вуго.
Тохлъукьего кьвагьан гьаракь бахъуна,
Херав балагьула, гьасда бихьула:
Войнаровскияс* ккураб тункIил кIал
Жеги кIкIуйда босун беролеб буго,
Ва чанго галиялъ цояб рахъалда
Хвалил ругъун щварав казакги вуго.
Гьесул барти, гьевги гIодове рехун,
ГIетIульги, полпильги, хIурульги босун, –
Кьалул байдан къотIун тIурулеб буго.
ГIакълу гьечIеб цциналъ гьалаглъун казак,
Бахъун хвалченги ккун, кьалул байдан тун?,
Гетманиде тIаде вортулев вуго.
Херав, гьесде тIаде гIагарлъун вачIун,
Гьесие суал кьун кIалъалев вуго.
Амма рухI бахъулев вуго казакав,
Канлъи сунел гьасул берал жегиги,
Россиялъул кьогIав хIарамзадае
ХIинкъи кьолел гIадин, ралагьун руго.
ГIасияб букIана хвалилаб сагIат,
Хал гьабизе захIмат букIана гьурмахъ.
Гьесул мацIалъ жеги «Мария» абун,
Гьелъул цIар букIана щурун абулеб.

Ва амма бергьенлъи рикIкIада гьечIо,
Гьелъул сагIат гьанже гIагарлъун буго.
Гьура! Швед нахъе къуркьулев вуго,
Нилъ къабукъун тIаде кIанцIулел руго!
Огь, гьайбатаб сагIат! Гьайбатаб сурат!
Цогиги тIадецуй – тIурана тушман![31]
Хадур рортун ана рекIарал боял,
Ва гIадалъ кьабана кьалул хвалчаби.
ЧIегIерал гарцIаца хур-хер киниги,
Хварал гIадамаца бацана авлахъ.

Петр воххун вуго, гьесул балагьи
Разияб, загьираб, чIухIараб буго.
Гьес бергьенлъиялъул тIутI гIуцIун буго,
Кьер-кьерал тIагIамал тIиритIун руго.
Жиндир аскаразул ахIи-хIуралъулъ
Жиндирго ва чияр рагъулал бутIрул,
Гьас чадиралъуре жанире рачун,

Гьезие гьоболлъи гьабулеб буго.
Пленалъ росарал дандияздехун
Разиго, недегьго гаргалев вуго.
Рагъул дарсал кьурал учителазул
Сахлъиялдасан лълъар борхулеб буго.

Амма гьанив гьечIо, киве гьав арав,
ТIоцеве ахIарав хIажатав гьобол?
Полтавалъул цIадулъ бергьенлъи щварас
ГIемер мехалъ жиндир квешлъи хIехьарав,
Кив арав гьав нилъер бищун цевесев,
Роркьарал кьалазул кьогIав учитель?
Кив вугев Мазепа, согIав гIащтIичи,
Кив тIурарав хIинкъун рекIкIав ламартчи?
Щай къирар гьабсагIат гьалбалгун гьечIев,
Щай Мазепал бетIер гIощтIокь лъун гьечIеб?[32]

Къирарги гетманги, риччан чуялгун,
ГIицIаб авлахъ къотIун къокъунел руго.
Къисматалъ гьал цоцалъ гIагар гьаруна,
Нахъ балагьичIого тIурулел руго,
РакIалъул хIинкъиялъ, къей квеш букIиналъ
Къирарасе цIияб гуч кьолеб буго;
ГIурусаз нахъасан хъамулев гьасда
Жиндир бакIаб ругъун кIочон тун буго.
Каранде дализе бетIерги гьабун,
Жибго гьури гIадин, воржунев вуго.
Ва жеги божарал хъулухъчагIиги
Гьасда хадур хIалалъ гIунтIулел руго.
ГIатIидал, ритIарал гьал авлахъазда,
ЧIваркьарал бераца свериги гьабун,
Гьавгун цадахъ гетман лъутулев вуго,
Гьале гьазда цебе цо кули буго...
Щайзеха Мазепа гьанив тохлъукье
Тамашаго, хIинкъун гIадин лъутьарав?
Щай, кулиги къотIун, чу биччалелъул,
Черх гьас хьибилиса буссинабураб?
Гьасда чIобогояб азбар – къоноялъ,
Гьаб ахалъ, гьаб рукъалъ, гьал къарал нуцIбуз,
Кинаб букIаниги кIочараб къиса
Цосина ракIалде щвезабун гурищ?
Гвангъараб гIумрудул гIасияв цIогьор,
Гьав мунго вукIараб бакI лъанищ дуда?
Столалда сверухъ махсарабазда
Рохалил хъизангун гьезда гьорлъ восун,

Дуца цебе чанги чагъир гьекъарал
Гьал рукъзал ракIалде рачIанищ дуда?
Ракълилай хIурулгIин йикIараб мина
Ва бецIаб сардида гьей авлахъалде
Дуца хъамураб ах лъарабищ дуда?..
Ва лъана, хъурумсахъ, лъана дуда гьеб!
Сардил рагIадаца авлахъ бацула.
Россиягун Петрил хъачIал тушбаби
ХъахIилаб Днепр гIурул рагIалда,
Кьурабазда гьоркьор, сас тун, кьижула.
Хиялал, пикраби, бахIарчиясул
РахIаталда гурхIун, цереса уна;
Полтавалъул рогьо, талихI къараб рагъ
Тату хварав гьасда гьаниб кIочона.
Гьедин букIаниги, амма Мазепал
Цо магIнаго гьечIеб макьу букIуна.
Даим цебе тIамун, цо лъилалиго
СогIаб рухIалъ хIалхьи гьукъун букIана.
Гьале тохлъукьего сардил сасалъулъ
Гьав лъицаялиго ахIулев вуго.
Гьав хIинкъун ворчIула, берал рагьула,
Бихьула, хьвагIезе килищги гьабун,
Гьасде, бигьа гьабун, цо щибалиго
Гьале тIаде щапун бачIунеб буго.
ГIощтIокь бетIер лъураб мехалъ кинигин,
Мазепа ракI биххун, хIинкъун сорола.
МоцIроца гьумерги гвангъизе гьабун,
Гургинал beралги паркъезе гьарун,
Гьурщ-гьурщун бан расгун, хохораб ратIлилъ
ХIалакъай, якъварай йиго гьай цее...
«Я гьаб жо макьуйищ?.. Мария, мунищ?»

Мария

О, гьудул, вуцIцIа мун, вуцIцIа!.. ГьабсагIат
Дир эбел-инсуца берал къанщана...
Нилъер гаргар дозда рагIизе гурин,
ГIенеккун вукIа мун, вай, бигьа гьабун...

Мазепа

Мискинай Мария, лъикIай Мария,
РекIеде ячIа мун! Аллагь!.. Дуе щиб?

Мария

ГIенекке: гьезул цо сихIру бихьизе!
Гьезул тамашаяб, кепаб хабар щиб?!

Эбелалъ балъгого бицана дида,
Дир язихъав эмен хванилан абун,
Хадуб бигьа гъабун бихьана дида
Цо хъахIлъараб бетIер, бетIергьан аллагь!
Унго, кир рахчилел гьал мацIаздаса?
Пикру гьабун бихье, гьеб бетIер дуе
ГIадамасул гуреб бацIил букIана.
Бихьулищ, кинаб иш гьез ургъун бугеб,
Сунда дун гуккизе пикру гьабураб?
Кин нечоларел гьел дир ракI къакъазе,
Гьикъулеб буго гьаб сундуе гIоло?
Нилъ ратIа гьаризе бегьулеб жойищ?

РахIму гьечIев гIашикъ, къваридаб ракIалъ
Гьелъухъ гIенеккана, гIодове виччан.
Ва амма пикраби хIурлъунги щущан,
Гьалъ гьасде нахъеги гаргар гьабуна:

«Амма рекIелъ буго дида майдан, хъуй.
ЧIварал къаркъалаби, халкъазул руккел;
Кив мун ун вукIарав? Дун дир эбелалъ
Гъое майданалде ячун йикIана.
Щай дун гьал сардаца, мунги гьечIого,
Гьадин дудаса тIун женжелей йигей?
Вилълъа рокъове хех, кватIун буго мех»
Огь, бихьула дида! Дир бетIер гьанже
БатIиял пикрабаз кваналеб буго.
Дир гIакълуялъ херав, мун цоги чилъун
РикIкIунев ватанин, те дун жахIайго!
Дур балагьи гьагаб, гIалхулаб буго,
Мун бегIукъав вуго, дов бегIав вуго.
Досул бадиб рокьул цIа гвангъун буго,
Гаргаралда жаниб недегьлъй буго.
Досул михъал руго гIазугIан хъахIал,
Дурилан абуни руго бидул цIун...»

Зирараб гьаракьалъ елъанхъилаго,
ГIолохъанаб чангIан гIедераб куцалъ,
ХантIан тIаде яхъун гьай тIурун ана,
Сардил бецIлъиялда гьоркьой тIагIана.

РагIад лъедерлъана. Бакъбаккудасан
БагIараб кьералъул канлъи рехана.
Казаказ ракарал цIаял роркьана,
Казаказ ролъул мугь цIадухъ белъана.

Днепралда рагъул хъаравулзабаз
Кьалалго тIад гьечIел чуял гьекъана.
Карл ворчIана: «Огьо! Мазепа вахъа,
Рогьунеб буго», – ян гьесда кIалъана.
Ва амма Мазепа кьижун вукIинчIо,
РакI унтун пикрабаз кунев вукIана.
Гьас калам гьечIого барти кьолола,
Къирарасда цадахъ бухъизабула.
ГIагараб гIурхъи тун унелъул гьасул
ХIинкъун балагьарал берал паркъола.

Нусго сон сверана гьелдаса нахъе –
ГьадигIан гъваридал гъираяз цIурал,
ЦIубарал, пахруял гьал бихьиназул
Гьанже щиб хутIараб, хал гьабун бихье?!
Гьазул мехалъул халкъ къаникь тIупана,
Ва гьалгун рагъулал гъалмагъиразул,
Бихьараб къоялъул, къей-бергьенлъидал
Гьаб бидулаб лъалкIги лъугIана, ана.
Амма Севералъул рагIияталда
Ва гьелъул рагъулаб къисматалда гьорлъ
Дуца, Полтавалъул гучав багьадур,
Залимаб памятник бан тана дуйго.
Сверун майдан цIурал сангараз къараб,
Ганщал тIад теролел кьалул хабалахъ,*
Майданалда бугеб Бендер хъаладухъ,
Лъабго болъо гьабун ракьулъ бухъараб,
ТIад чIахI-хIет бижараб басрияб хобалъ
Щвед къирарасул къиса бицуна.
Гьев хIамабагьадур, бого гьечIого,
ЧIукъбузул къокьадуй бетIерлъи гьабун,
Турказул бол гьужум нахъе чIвазеян,
ЧIва-чIвалевги вукIун, накалда чIарав.
Балагьунин абун, гетман лъураб хоб
Гьениб нухлуласда батизе гьечIо.
Мазепа цевего кIочон тун вуго,
Ва гьесул лъицаго бицунеб гьечIо.
ГIицIго рухIанияб данделъиялда,
ЛъагIалида гьоркьоб цо нухалъ халкъалъ
Гьесул цIар рехсола, нагIанаги кьун.
Амма гIайиб гьечIеб кIиго жаназа
Жаниб бахчараб хоб хвечIого буго.
Мунагь гьечIелазул хобазда гьоркьоб
Гьабуна гьазие рухIанияз бакI.
Ва Диканькаялда гьудулзабаз чIун

НекIсияб миккил рохь тIегьалеб буго.
ХIохьода бетIер лъун некIо заманалъ
ЧIварал умумузул угьула гъутIбуз.
Амма хиянатай ясалъул хабар
Халкъалда гьоркьоса тIагIун ккун буго.
Гьелъул гIазабалгун, къисматгун лъугIел,
Къаси сардил гIужалъ канлъи кинигин,
Нилъер бераздаса бахчараб буго.
ГIицIго мех-мехалда Украиналъул
Бецав кочIохъанас росулъ халкъалъе
Гетманил асарал ахIулеб мехалъ,
ХIарамаб гIумрудул гьай гIолилалъул
Казаказул гIолил ясазда гьоркьоб
Цо-цо гьаниб-доба бицунеб буго.

*1828–1829* с.

**БАЯНАЛ**

[1] Василий Леонтьевич Кочубей – доб заманалда Украиналда вукIарав генералияв судья.

[2] Кулал – цебе заманалда шагьарал тун къватIирехун рукIунел рукIарал минаби-имениябиабураб магIнаялда.

[3] Кочубейил цо чанго яс йикIун йиго. Гьезул цояй Мазепал яцалъул вас Обидовскиясул лъадилъун йикIун йиго. Гьаниб Мария абун рехсолей ясалда унго-унгояб цIар Матрена букIун буго.

* Мазепаца хIакъикъаталдаги жинца эменлъи гьабизе бегьулей гьай гIадан гьарун йикIун йиго, амма гьасие кьун гьечIо.

[5] Мазепаца кучIдулги гьарулел рукIанин абулеб бицен буго, гьел гьабсагIаталдаги халкъалда гьоркьор ахIулиланги рикIкIуна. Кочубейица Мазепада тIасан Петрихъе хъвараб кагъаталда Мазепаца гьабурабилан абулеб Украинаялъул хIакъалъулъ хъвараб кочIолги рехсон буго.

[6]Бунчук – гетманлъиялъул гIаламат, гетманасда кодоб букIунеб букIараб ишара, тIил.

[7]Дорошенко – некIсияб Малороссиялъул бахIарзазул цояв, гIурус пачаяс ханлъи гьабиялде кутакалда данде чIарав чи.

[8]Григорий Самойлович – Петр I пачалъун тасдикъ гьавураб заманалда гьес Сибиралде витIун арав гетманил вас.

[9] Симеон Палей – доб мехалъ вукIарав полковник, цIар арав рекIарав рагъухъан. Жиндир ихтияралдалъун чабхъенал гьарун чIоларого, Мазепал гIарзабазда рекъон, Енисейскиялде витIун вукIун вуго. Мазепал хиянатчилъи тIатараб мехалъ, гьесул тушман хIисабалда ссылкаялдаса тIад вуссун вуго ва

Полтавалъул рагъда гIахьаллъи гьабун буго.

[10] Костя Гордеенко – Запорожьялъул казаказул атаман (бетIер). Нахъа Карлил рахъалде тIурун ун вукIун, хадуб гIурус пачаясухъе кквезеги щун 1708 соналъ гъанкъун вуго.

[11] Лифляндиялде витIун ун вукIарав 20 азарго казакасул ракIалде щвезабулеб буго гьаниб.

[12] Мазепаца цо кагътида Кочубейиде гIайиб гIунтIизабулеб буго гьесда тIад ханлъи гьабулилан гьесул чIухIарай ва хIаталдаса ун гIакъилай лъадуца.

[13] Искра – Полтавалъул полковник, Кочубейил гьалмагъ. Гьес Кочубейица гьабулеб букIараб кинабго ишалъулъги гьесул къисматалъулъги гIахьаллъи гьабуна.

[14] Заленский абурав езуитги, Дульская абурай бикаги, Болгариялдаса къватIиве гъурав цо кашишги рукIун руго Мазепаца гьабулеб хиянатаб ишалъул аслиял кумекчагIилъун.

[15] Гетманасги гьесул гьалмагъзабазги рахъ-рахъалде бальгоял кагътал ритIун гIурус пачаясде данде халкъ бахъинабизе хIаракат бахъулеб букIун буго.

[16] Филипп Орлик – Украинаялъул доб мехалъ вукIарав хъвай-хъвагIаязул иш кодосев генералияв секретарь, Мазепал тIоцевесев гьудул. 1710 соналъ Мазепа хун хадуб, шведазул къирар Карлица гьесие кьун буго Малороссиялъул гетманасул гIицIаб цIар.

[17] Булавин – Доналъул казак. Доб заманалда восстание багъаризабуразул цевехъан.

[18] ГIурус пачаясде данде вахъине гьабулеб къачIай битIун завалалда букIаго, пачаясул божарал чагIи: бальгояв секретарь Шафировас ва граф Головкиница Мазепахъе, гьев кIодо гьавун, гьесие рецц-бакъ гьабун кагъат бачIун буго.

[19] Станислав – гIурус пачалихъалде данде бахъине Украина ахIулев вукIарав чи.

[20] Крымалде гьабураб битI ккечIеб чабхъеналдаса хадуб Гъази- Гирейица Мазепада абулеб букIун буго кIиялго цолъун гIурус аскаралде тIаде кIанцIизе кколилан. Мазепаца гьелъие инкар гьабун буго.

[21] Пачаясде ритIулел жиндирго кагътазулъ Мазепа зигардулев вукIун вуго жиндасан гIарз гьабуразе гьабулеб тамихI цIакъго гIей гьечIеб бугилан ва тIалаб гьабулеб букIун буго Искраги Кочубейги нахъ тIамун течIого чIвазе.

[22] Диканьки – Кочубейил росу.

[23] ЧIвазе хIукму гьабун хадубги, гетманил аскаралда Кочубее гIазаб кьун буго. Гьесул жавабаздасан бихьулеб буго гьесдасан гIарац-месед бахчараб бакI тIалаб гьабулеб букIин.

[24] Гетманас жиндирго боцIудалъун хьихьун букIараб хасаб аскар.

[25] Петр пачаяс гьарурал хехал ва хIаракатал тадбираздалъун гьесда кIвана Украина гIурус пачалихъалъул кверщаликь хутIизабизе.

[26] Восстание къотIизабун хадуб, гIайиб бугел кодоре щвани, бутIрул къотIун, кодоре щвечIезе халкъалда цебе нагIана кьун, цIиял хIакимзаби тун, хехал ишал гьаруна пачаяс.

[27] Чечель – восстание гьабурал бакIазул цояб. Пачаясул аскаралде данде

гьеб цIунун хIаталдаса ун кутакалда вагъун вуго Запорожьялъул атаман Батурин.

[28] Цо нухалъ Карл, Саксониялъул тахшагьар Дрезденалда аскIов аскаргун рещтIун вукIаго, сардилъ цадахъ кIиго чиги вачун гьев Саксониялда вугев жиндирго тушман Августихъе гьоболлъухъ ун, кIиго-лъабго сагIат гьенибги бан, нахъе вачIун вуго. Августида гьев лъан гьечIо. Гьедин ракIалде ккара-ккараб гьабулев чи вукIун вуго Карл.

[29] Цо нухалъ Карлица рагъда жиндирго секретарасда кагъат хъвазабулеб букIун буго. Тохлъукье речIчIун бачIараб бомбаялъ гьел ругеб рукъалъул цояб рахъ биххизабун буго. Секретарасул хIинкъиялъ гьаракь борчIун ккун, кодоб букIараб къалам гIодобе бортун буго. «Щиб дуе?» – абун Карлица гьикъараб мехалъ, гьес бомба бихьуларищан ишан гьабун буго. «ВахI, бомба, бомба! – ян абунила Карлица, – бомбаялдаги дица малълъун хъвалеб дур кагътидаги гьоркьоб бугеб бухьен щиб? Хъвай».

[30] Нилъер лагералъул хал-шал гьабулаго, сардилъ Карл цIадуца сверухъ гIодор чIарал казаказде тIаде ккун вуго. Гьес жиндирго чу гьезде тIаде биччан буго ва жинцаго речIчIун жогун цояв чIванги вуго. Казаказ гьесда хадуб лъабцIул кьвагьун буго, гьесул бохги квешго лъукъун буго.

[31] Князь Меншиковасул цIакъ цIодорал ва гIакъилал буюрухъаздалъун Полтавалъул рагъда гIурус аскаралъ босараб бергьенлъиялъе кIиго сагIатцин хIажалъун гьечIо.

[32] КIудияб рохелалъ квелъ барав Москваялъул императорас Полтавалъул рагъдаса хадуб гьениб майданалдаго рохалил тIутI гIуцIун буго. Рагъул майданалда гьес къабул гьарун руго руккелал ккун рачIунел асирлъуде ккарал шведал. Ва минуталдаса минуталде гьикъулеб букIун буго: «Кивха вугев, дир вац Карл?» абун...

...Гьезда цебе, шведазул генералазул савлухъалдасан лълъарги борхун, пачаяс абун буго: «Рагъулаб искусствоялда жаниб дир учительзабузул рахъалъ» абун. Рагъул устарлъиялъе тушбабаздасан ругьунлъарав вукIин бичIчIизабулеб ишара буго гьеб.

[33] БутIрулги къотIун Искралги Кочубейилги къаркъалаби Киевалъул Лавразда рукъун руго. Хабада тIад бугеб зонода берцинго къачIан кочIодалъун гьезул лъугьа-бахъинги хъван буго.

## МАЗГАРУЛ РЕКIАРАВ
## ПЕТЕРБУРГАЛЪУЛ КЪИСА

### ЦеберагIи

Гьаб къисаялда хъвалеб лъугьа-бахъин хIакъикъаталда ккараб буго. Лъим кIанцIиялъул киналго баянал доб заманалъул журналаздасан росарал руго. Гьеб лъазе бокьарал В.Н. Берхица данде гъабураб баяналде* ралагьизе бегьула.

БАЙБИХЬИ

ГIалхул ралъадалъул рагIаллъуда чIун,
РикIкIаде балагьун, пикрабалъ восун,
ВукIана гъов! Гъосда цебе гIатIидго
ГIор чвахулеб буго. Мискинаб раса
Жибго цохIо гьелда лъедолеб буго.
ЦIалтарал.хьуцIилал рагIаллъабазда
Дораги гьанирги гIисинал ригьзал,
Язихъал чухонал* чIарал минаби
ЧIегIерлъулел руго рихьулел кирго.
Ва хьухьикь бахчараб бакъул чIоразда
БатичIеб рохь буго хъудулеб сверухъ.
Гъос хIисаб гьабула: гьале гьанисан
Гьавила хIинкъизе нилъеца швед.
Квешезе ламартав мадугьаласе
Эхетила гьаниб бергьараб шагьар.
Нилъее кьун буго тIабигIаталъ рес,
Горду лъезе гьаниб Европаялде,[1]
Ралъдал рагIаллъуда щулаго чIезе.
Цебехун кидаго жидер квер щвечIел
Карачалабалъан нилъехъе гьанир
Гьоболлъухъ рачIина тIолго байрахъал*
Ва тIутIал гIуцIила гIатIилъиялда.

Нусго сон сверана, бахIараб шагьар,
Север улкабазул камилаб хIикмат.
ЧIегIерал хьуцIалъан, бецIал рохьалъан
Бахьинго, пахруго, борхун бачIана.
НекIо ччугIихъанас – язихъав финас,
Гьаб тIабигIаталъул бесдалав васас,
ТIуцал рагIаллъабахъ гIодовги вукIун,
ТIину бихьулареб лъел гъварилъуде
Жиндирго гъаримаб гьин рехулелъуб,
Гьенжеян абуни, эхетун руго
ЧIахIиял кIалгIаби, рорхатал гьундул,
ГIурул рагIаллъаби руго хъудулел.
Гьенире кисанго тIел-тIелал гьарун,
Бечедаб порталде гуми рачIуна.
Кьурул сангар къана Нева гIор сверун,
Кьоял тIад гIуцIана гьелъул лъиназда;
ГIурччинал ахазул гъутIби цIилъана
Гьелъул хьуцIил цIурал чIинкIиллъабазда.
Ва ханасул цIияй лъадуда аскIой

Гьесул санал арай къоролай гIадин,
ГIолихъан – тахшагьар кунчIараб мехалъ,
Канлъи сун хутIана херлъараб Москва.

Бокьула Петрица гьабураб шагьар,
Бокьула дие дур кьварараб гугьар;
Бокьула беричаб Нева гIоралъул
Пачалихъалъулаб пахруяб чвахи,
Гьелъул рагIалазда рорхарал сиял,
Сангразда рахъарал хъазмил накъишал,
Дур хъахIал сардазул моцI гьечIеб цIваки,
Гъорлъан нур бихьулел бахьинал хьухьал.*
Дица дирго рокъоб чирахъ гьечIого,
Хъвалеб ва цIалулеб бугеб заманалъ,
Загьирлъун рихьула къулун бутIрулгун,
ГIатIидал къватIазда кьижарал ригьзал;
Къалъ-къалъун паркъола эхетун бугеб
Адмиралтеталъул гьундузул гIебу;*
Ва унеб нур хисун, гьелъул бакIазде
Меседил зобазда бецIлъиги гьукъун,
ЦIия-цIиял нурал гIедегIахъдула,
ГIицIго бащдаб сагIат сардиеги тун.[2]

Бокьула дие дур кьогIаб хасалил
Хиси гьечIеб гьава ва гьелъул цIорой,
ЦIорол Неваялда чангъазул хъещтIей,
Дур тIинчIал ясазул тIогьолаб цIилъи;
Дур балазул* паркъей, гьаракь, гаргар, кеп,
Гьудулзаби данде руссарал сагIтаз
Полпилаб жа тIурал лълъурдузул вашши,
Ва пуншилъ* букIунеб хъахIил кьераб цIа.
Бокьула Марсалъул майданлъиядда*
Махсараде хIалеб рагъул чIаголъи,
Чодул рекIаразул, цинги лъелазул
Цо коцониб тIураб гIадаб узданлъи;
Кьеразда гьоркьосан рорхун парпалел
Дур бергьенлъабазул байрахъазул си,
Гьалагал рагъазулъ гулбуз рорлъарал
Гьал пахьул тIаргъазда тIад бугеб кунчIи.

Бокьула, кьалулаб тахшагьар, дие
Дур топил букIунеб кIкIуйги гъугъайги:*
Пачаясул рокъоб гьаб къирбалалъул
ПарчахIалъ цIияв вас гьавураб мехалъ,
ЦIидасан Россиялъ тушманасда тIад

Жиндирго бергьенлъи баркулеб мехалъ;
Ялъуни ралъдалъе, хъур-хъурараб цIер
Хъамулаго, Нева чвахулеб мехалъ,
Ихдалил къоязул хинлъиги речIчIун
Бохун гьимулаго, гьеб унеб мехалъ[1].

ЧIухIа ва ссиялда чIа, Петрил шагьар,
Щулаго, лебалго, Россия гIадин,
Кверде бачIун бугеб тIабигIат мунгун
Рекъолеб батила гIодобе буссун.
НекIсияб тушманлъи гьанже финазул
Карачелабазда кIочон те абе.
Гьелъул пайда гьечIин, чIалгIаде цциналъ
Петрил хабал макьу хвезабиларо!

Замана букIана ракIал унтараб,
РакIалде щвеялъ гьеб цIилъулеб буго...
Гьудулзаби, дица гьелъул хIакъалъулъ
ГьабсагIаталъ къиса бицунеб буго.
Пашманаб букIине буго дир къиса.

## ТIОЦЕБЕСЕБ БУТIА

БецIлъи лъураб Петроградалда тIад
Хасалихълъиялъул цIороялдасан
ХIухьел цIалеб буго ноябрь моцIалъ.
Унтарас бусада сабру гьечIого;
Рахъ-рахъалде хьибил хисулеб гIадин,
Нева гIор цокIалад жиндир сангразул
Цин-цияб рахъалде буго чвалхелеб.
Сардил мех букIана, бецIаб, кватIараб
Горда цIад букIана ццидалъ речIчIулеб,
Цингиги пашманаб гьаракьалдалъун
Гьуриги букIана рагьдухъ багъулеб.
Гьеле гьаб мехалда, гьоболлъухъ вукIун,
Вуссана бахIарав Евгений рокьой...
Нилъеца гьединаб цIар лъела гьесда,
Гьеб нилъер назмудул бахIарчиясда.
Гьеб рекъараб буго; цогиги гьелде
Цебего дир къалам ругьунлъун буго.
Умумуз гьесие кинаб цIар кьураб,
Гьеб нилъер кечIалъе хIажатаб гьечIо.
Бегьулеб жо буго, цере соназда
ХIакъаб цIар абизе кколеб букIараб,

Ва Карамзиница* гIазизал харбалъ
ГIумруялъ гьединан хъвалеб букIана.
Гьанжейин абуни харбазда гьоркьоб
Ва халкъалъул кIалдиб гьеб кIочон буго.
Евгенил чIолеб бакI кванил рукъ буго,
Кибалиго хъулухъ гьабулеб буго;
ХIакимзабаздаса вуго нахъе къан,
Ва сундухъниги гьев гьечIо къварилъун:
Я хвараб жиндирго гIагарлъиялъухъ,
Я араб некIсияб заманаялъухъ.

Бицанихъе, щвана Евгений рокъой
Шинель кIобокIана, ретIел бахъана,
Бусалъе лъугьана, амма пикрабаз
Гьав гIемераб мехалъ кьижизе течIо.
Сундул гьас пикраби ругел гьарулел? –
Гьас пикру гьабула, кидаялиго
Жив мискин вукIанин, намус, яхI, хIурмат
Жинца гъежги гурун хIалтIун босанин,
Аллагьас гIакълуги, гIарацги жиндий
Жеги тIаде кьезе бегьилаанин.
Ругогури гьедин талихIал чагIи
ХIалтIуде кIвахIалал, гIакълу загIипал,
ГIумруян абуни, анищ тIад къотун,
Ургъел тун, бигьаго гьабизе лъалел!
Гьас рикIкIунеб буго, кIиго сон банин,
Жинца хъулухъалде лъугьаралдаса;
Пикраби рукIана гьасул цогиги:
Гьава гIодой буссун сасунеб гьечIин
ГIор щун, кинабго жо щущан батилин,
Неваялда кьоял гьабсагIаталда
РиххичIого хутIун ратиладаян,
Парашагун кIиго къоялъги вукIун,
Хадуб лъабго къоялъ жив ватIалъилин.

Гьаниб гьас хIеренлъун, недегьлъун лъугьун,
Хиялал гьаруна поэтас гIадин:

«ЧIужуйищ ячиней, щибизе ячун?
Щай? Гьеб хIажат гьечIо. Дица гьабила
ГьитIинаб, ракълилаб, рекъараб бокIон,
Паракъат Параша гьений йикIине.
КIиго бакI, кровать, щагIил гъадаро
 Гьениб чурпа тIезе, – тIокIаб жо дий щай?
Дунгоги кIудияв гьечIелъул гьедин,

Парашагун цадахъ цо-цо риидал
Базаркъоялъ къватIив вахъинаан дун,
Дидаго рекъараб свери гьабизе.
Рукъалъул магIишат, лъималазул иш
Лъадуда тIадги къан вукIинаан дун...
Гьединан хвезегIан гIумруялъ цадахъ
Цоцахъе кверал кьун рилълъинаан ниж.
Цинги ниж кIиялго, херлъун ригь арал,
Хабалъ жанир лъела васазул васаз...»

Гьединал рукIана гьасул пикраби,
Гьинал ракI букIана гьасул къваридго,
Ва бокьун букIана гьасие сардилъ,
Гьадинан щцин бахъун, гордухъ цIад базе,
Гьадинан пашманго гьури багъизе...
Ахир гьас макьу щун берал дандкъана,
БецIаб сардил хьухьал сам-самун ана.
Сурат бегIукъаб къо гьале бачIана...[3]
Къоялъул гIасилъи!

Сордоялъ Нева
Ралъдалъе чвахана гьороде бадиб.
Гьелъул гIадаллъараб цулъигун багъун
Бажаруларого, гьеб тартадана.
Ва радал гIоралъул рагIаллъабазде
ГIасиял лъиназул гьулчи бихьизе,
Гьезул полопалъул гохIал рихьизе,
Гури-гури гьабун халкъ бакIарана.
Амма данде пулеб гьорол кутакалъ
ТIад сверизабураб гIор беролаго,
Нахъ буссун чвахана, гьеб щцидахана,
Ва тIолго чIинкIиллъи лъеца бахчана.
Гьава, мех анагIан кьерхун лъугьана,
Кьаралъун гIор доба-гьаниб речIчIана.
Хьагиниб кинигин, горалги гьарун,
Гьека-гьунщиядда гьеб леледана.
Гьанже хадуб, жибго балканахараб
ГIалхул хъумур гIадин, хьантIун щцидакь гьеб
Шагьарадде тIаде буго бортулеб,
Гьелдаса тIолго жо буго тIурулеб.
Тохлъукье сверухъ бакI чIобоголъана, –
Цойидасан гьоркьа ригьзабазухъе,
Ракьулъ жанир ругел подвалазухъе
Гьагал карачелал гьулчун чвахана
ГIорги каналалги* цоцалъ журана,
Ва Петрополь* тIолго, Тритон* гIадин,

Рачлихъе швезегIан лъадалъ тIерхьана.

Сверун кквей! Цингиги ццидалаб гьужум!
Гьагал карачелал, цIогьал кинигин,
Гордабахъа жанир руго лъугьунел.
Гьелъ росун рачIарал русбуца речIчIун,
РичIчIи гIадин, цIурдул руго гъурулел.
Рукъалъул чIаголъи, гумузул кескал,
Кунеб, ретIунеб жо, дармил тIагIелал,
Ракъараб гIумрудул мукъсанаб хутIел,
Хабалъа рахъарал гъаримал русби,
Гъугъаялъ, пирхиялъ риххарал кьоял,
Рахал, хIубал, чIалал – кинабго къайи
КъватIазда тIад босун буго лъедолеб.
Халкъ, бетIергьанасул ццин бахъун бугин,
Гьесул тамихIалъухъ хал гьабун буго:
Хвела кинабго жо, – квенги ригьзалги
Киса босилеб гьеб гьанже цIидасан?
Гьеб гIасияб сбналъ жеги Россия
Бачунаан нухда хварав пачаяс.
Гьанже чараги хун, ракIги къварилъун,
Рагьиде вахъун гьас буго абулеб:
Аллагьас тIамураб тIупан гьукъизе
Пачазабаздаги хIал кIоларилан...
ГIодов чIун пикрабалъ пашманал бераз
Квешал балагьазухъ вуго валагьун.
Байдаби хIоразде руго руссунел,
ХIорахъе, гIатIидал гIоразда релълъун,
КъватI-къватIалъусан ихх буго чвахулеб.
Ва рорхатал гьундул гьениб лъел бакьулъ
Пашманаб чIинкIиллъи гIадин рихьула.
Пача цо кIалъала, бакI-бакIалдасан,
РикIкIада ва аскIор ругел къватIахъан
Ригьзабахъ гьанкъулеб, хIинкъун биххараб
Халкъ балагьалдаса хвасар гьабизе
Хвалилал иххазул гьагал нухазда
Ротанхъула гьесул генералзаби.[1]

Гьеб заманалъ Петрил байданлъиялда,
Гьанжего гьанже ригъ бараб бакIалда,
Борхатаб болъодул хIокIил ботIрода
БукIана эхутун кIиго гьалбацI чIун,
ЧIагоял жал гIадин, квачIалги рорхун.
Мармар гьецIоялъул гьезул мугъзада,
Хъатиниб хъатIи лъун (хъанчида релълъун).

ВукIана Евгений гIодов чIун кьер тIун,
ТIад тIагъур гьечIого, вагъаричIого.
Гьав пакъир жиндаго вукIинчIо хIинкъун,
Ва гьасда букIинчIо лъалеб, рагIулеб
Лъел карачелазул хъантIараб гьулчи,
Гьез жиндирго хIатIал тIад речIчIун чури,
Чвахун цIад жиндирго гьурмада багъи,
Ва гьороца ццидакь цойидасанго
Жиндир ботIродаса тIагъур босун ин.
Гьасул бахIарчиял беразул руссин
ХисичIого буго цого рахъалда.
Доба, ццидахарал гъварилъабахъан
Карачелал хъантIун руго гьелчолел,
Гьурал, гурхIел реххун, руго речIчIулел,
Гьелъ ригьзал риххизе руго гьарулел.
Ва бетIергьан аллагь! Доба битIухъе,
Карачелабазда цун гIагарлъухъе
Ралъдалъе биччараб ракьул мацIалда
Буго сверун къараб сси гьечIеб азбар,
Гьединго рицIил гъветI, басрияб мина,
Ва гьенир руго дол эбелги ясги,
Гьасул рекIел анищ, гьасул Параша...
Я гьасда гьаб макьилъ буго бихьулеб, –
Ялъуни гьаб нилъер тIолабго гIумру,
ГIицIаб чIобогояб макьу кинигин,
Ракьалъе къадаралъ гьабулеб хочIищ?

Гьасда, жив жинцаго къан ккурав гIадин,
Яги мармаралда вигъарав гIадин,
ЦохIо вагъаризе хIал кIолеб гьечIо!
Кисанго лъим буго, тIокIаб жо гьечIо!
Гьасде мугъги рехун, борхалъиялда
Хъудулеб, гьалдолеб Неваялда тIад,
Мазгарул чуялда чIухIун гIодов чIуй,
Пебеде квер битIун рекIарав вуго*.

КIИАБИЛЕБ БУТIА

Гьале гьабунщинаб квешлъиялъ гIорцIун,
ГIалхулаб, чанкIкIараб цулъиги чIалгIун,
Агъаз гьабичIого давла рехун тун,
Жиндир цциналдаса чIухIдарулаго,
Нева гIор ахирги ана нахъ буссун.
Гьедин, гIащтIичияс росулъе кIанцIун,
Сардилъ хъачагъазул къокъагун вачIун,

КъотІула, хъамула, пасат гьабула,
Гьаракь, хъуй, ахІи-хІур бахъинабула.
Ахирги, хъамураб боцІиги цІикІкІун,
Хъачагъал рокъоре гІедегІахъдула,
Хадуб ахІи бугин, кквелилан хІинкъун,
Кодоб бугеб давла гІодобе бала.

Лъел чвахи сасана. Шагьра рагьана.
РакІ сородулаго, хІинкъун, къваридго,
ХІалалъ гьанже-гьанже гІодой буссараб
ГІурухъе вортана нилъер Евгений.
Бергьенлъиялдаса ракІ регьун жеги,
Жинда гьоркь цІа бакун бугеб кинигин,
ГІурул карачелал руго гьалдолел,
Гьел кисанго руго полпида росун.
Рагьдасан буссараб бартиялъ гІадин,
Гьалъ захІматго хІухьел буго угьулеб.
Евгений вохула, расаги батун,
Хазиналде гІадин, вортула гьелде.
Гьес ахІун, росухъан гІунтІула тІаде, –
Раса бачунес гьав кІиго шагьидухъ,
ТІад кІалъай гьечІого, гьагал, квачарал
Карачелабазда тІасан вачуна.
ГІурул гьулчиялгун, бугеб къуват кьун,
Къеркьола хІалбихьи бугев росохъан.
Раса, ракІ чанкІкІарал лъедохъабигун,
Лъадал чвахиялда гьоркьоб букъизе
БукІана къачІараб щибаб сагІаталъ...
Амма гьав, щибунги, щвана рагІалде.

ТалихІ къарав пулан, гьале вортулев
ГІазизал къватІахъан лъалел бакІазде.
ЩибгІаги жо гьечІо гьасда батулеб,
Биххун тІатІала ккун буго кинабго.
Карачелабаца регизарун щиб,
Яги щвараб гІоралъ цадахъ хъамун щиб,
Ригьзал гьетІун руго, цоял тІун руго,
Цо тайпа гІоралъул тІинде ун руго.
Ва тІолго сверухълъи рельлъунеб буго
Рагъул майданалда, чІвараз бацараб.
Евгений ракІ унтун, гІакълу-лъай босун,
ГІедегІун вихха-чІван вортулев вуго,
Жегиги рагьичІеб кагъат кинигин,
Къадар балагьун чІун бугеб бакІалде.
Гьале, гьав аскІосеб росулъе щвана,

Гьале, лъел рагIалда доб ракьул бутIа
Ва гIагарлъуда ригь...
Гьабго щиб кколеб?..
Гьав чIана,
Вуссана нахъе, вилълъана.
Нахъеги цIидасан балагьун чIана.
Ва балагьулаго гьедин вилълъана.
Гьале гьазул мина букIараб доб бакI,
Гьале гъветI, гьанисан букIана каву –
Карачалабаца араб къагIида.
Унго рукъ бугеб киб? Пашманлъиялда
Гьав чIечIого дове-гьанив свердула,
Жиндиего ахIун суалал кьола.
Цингиги надалда зарги кьабун гьав
Зирараб гьаракъалъ кIарун велъула.

Сардил бецIлъи лъуна шагьаралда тIад,
Ва амма гIадамал гIемераб мехалъ
КьижичIо, гьел араб гьалагаб къодул
Бицунел хутIана халат заманалъ.

ГIодобе буссараб тахшагьаралда
Тамахал, свакарал накIкIазда гъорлъан
Радал бакъул чIорал кунчIараб мехалъ,
Гьениб сон букIараб доб балагьалъул
Гьанже лъалкI букIинчIо, лъалеб, хутIараб.
БилбагIараб нуралъ бахчана квешлъи,
Кинабго жо ана жиндирго нухда.
Эркенал къватIахъан ургъел гьечIого,
Гьале халкъ свердулеб, цебего гIадин.
Сардил регелги тун, чIухIбузул агълу
Жидерго хIалтIуде руго роргулел.
Лебалав базарган пашманлъуларо,
Гьас подвал цIидасан буго рагьулеб,
Неваялъ бикъараб къайидул багьа
Къокъаб заманалда жинца бахъилин.
Азбар-къоноялда щущарал русби
Жидерго бакIазде руго росулел.
Цевего вокьулев нилъер поэтас,
Граф Хвостовас* хъахIилзобазе
Невадул рагIаллъухъ ккараб къварилъи
Хвел гьечIел кучIдузулъ ахIун бахъана.

Амма мискин, пулан, гьав дир Евгений...
Огь! Гьасул биххараб ботIрол гIакълудалъ

ГIассияб гъалмагъир буго хъудулеб,
Гьелда цеве чIезе гьечIо гьасда кIун.
Неваялъул чвахи, ццидалал гьурал
Гьасул гIундухъ руго рагъулел даим.
ВахIшиял хиялалъ, хабар гьечIого,
Гьав кисанго даим вуго свердулев,
Ва кинабалиго квешаб макьуялъ
Гьасул каранда ракI буго кIвекIулеб.
Анкь ана, моцI ана – гьав нилъер пакъир
Жиндирго рокъове гьечIо вуссунев.
Гьасул чIей букIараб чIунталил бокIон,
ЧIезабураб заман лъугIараб мехалъ,
Гьелъул бетIергьанас, къотIиги гьабун,
Кьуна мискинавго кочIохъанасе.
Евгений, жиндирго къай тIалаб гьабун,
Гьениве вуссинчIо. КватIичIого гьав
Гьеб сверухълъиялъе чияр лъугьана,
Ва халатал къоял къватIахъ тIамуна.
Къасиян абуни, сардал рогьине
Гьав гуми рещтIунеб бакIалде уна.
Гьасул квен букIана гордухъан бегьун
ГурхIараца кьураб чедалъул макъар.
РетIелги букIана тIада-мадагьаб,
ТIутIураб, рухIарал магъкьазул цIураб.
Киве вахъаниги, хъачIал лъималаз
ГанчIал речIчIулаан гьесул мугъзада.
Унеб нух къосунин мех-мехалъ гьасда
Ямщикас цIалазул мухъал хъвалаан.
Гьасда щибгIаги жо лъалеб букIинчIо,
РекIелъ бугеб хъуялъ виххун вукIана.
ГIаданин абизе гIадамалъ гурев,
ХIайванин абизе хIайваналъ гурев,
ЧIагояв абизе чIагояв гурев,
Хваравин абизе хваралъги гьечIев,
Гьабилан мухIканаб лъезе цIар гьечIев, –
Гьадин тIамуна гьас пашманаб заман.

Цо нухалъ Невалде гуми рещтIараб
РагIаллъиялда гьав кьижун вукIана.
Рии ун, хаслихълъи щолеб букIана
Ва цIадалал гьурал пулел рукIана.
Жиндир тIалаб гьечIел диванчагIазда
Нодо чIван гьардолев пулан кинигин,
Карачел пашманго пристаналде
Гьелчелеб, чвахдолеб букIана даим;

Гьелъул лъадал полоп цокIалал хIокIалъ
РечIчIулеб букIана зигардилаго.
Гьав мискин ворчIана; бецIго букIана,
Балеб пашманаб цIад, гьещтIолеб гьури...
Сардил бецIлъиялъулъ рикIкIалъудегIан
Гьезулгун харбида вугев хъаравул...
Гьав тIаде вахъана, ракIалде щвана
Цебесеб къоялъул тIолго къварилъи.
Цинги гьав тирана, тохлъукье чIана,
Гьалгъарал бераца балагьахъдана.
Гьурмада кьер гьечIо, гьав чIун ватана
ЧIахIиял гьундузул хIубазда аскIов, –
ЧIагоял жал гIадин квачIалги рорхун,
КIиго гьалбацI буго болъода кIусун.
Ва берзукь, кисанго сверухъан къараб
БецIаб кьуруялъул тIаралъиялда
Мазгарул чуялда чIухIун гIодов чIун,
ГIебеде квер битIун вуго рекIарав.

Евгений тIуркIана, хъачIал пикраби
Гьасие баянлъун, хIакълъун лъугьана.
Гьасда лъана тIупан басандараб бакI,
ТIаделъун ццидалал карачелабаз
Гьелчолаго, сверухъ руккел гьабураб,
Лъана гъалбацIалги, гьаб майданлъиги
Ва ралъдал рагIалда балагь рещтIараб
Шагьар гьабизе кьучI жиндица лъурав,
БецIлъидулъ мазгарул бетIерги борхун,
Эхетун чIун вугев гьав рекIаравги...
Хьухьазда гьоркьосан гьасул балагьи!
Борхатаб надалда пикрудул кунчIи!
Гьасул чорхолъ бугеб бергьараб жигар!
Ва гьаб бартиялъул лугбалъ бугеб цIа!
Кибе кIанцIулеб мун, чIухIараб щунгъар,
Щиб бакIалда лъолеб дуца гьеб щинкIил?
Огь, мун къисматалъул гучав кверщелчи!
Гьеб чу гIадин гурищ дуца Россия,
Маххул чIолорхъо бан, квешаб тIиндаса
КвачIида чIезабун борхизабураб ?![5]

Хъазмил рекIарасул хIатIаахада
Гьав мискинав ахIмакъ свера-тирана.
Бащдаб дунялалъул парчахIасдехун
ВахIшияб балагьи буссинабуна.
Керен хIалуцана, хIухьел бакIлъана,

ЦIорораб маххалде бетIер далана.
Чорхолъ би гьалдана, бадиб накIкI лъуна,
РекIелъе цIадулаб бухIи бачIана.
ЧIухIараб, пахруяб памятникалда
Цевеги эхетун, ракIги къварилъун,
Цо бецIаб къуваталъ къан ккурав гIадин,
Гьас зарал рукъана, цаби къирщана,
Ццидалъ соролаго, щурун абуна:
«ЛъикI буго, хIикматаб шагьар гIуцIарав,
ГIемер кватIичIого балагьила духъ!..»
Хадув цойидасан вахъун лъутана. –
Гьас хIисаб гьабуна, гучав парчахIас
Тохлъукье, ццидаца гьалдолеб гьумер
Бигьа гьабун жинде гьетIизабунин...
Ва гьав, чIобогояб майданлъи къотIун,
Нахъ балагьичIого, вуго тIурулев.
Нахъасан гIундуда буго багъулеб,
Гъугъадулеб гIадаб гIасияб гьаракь,
Гьаргьадулеб бугеб кьоялда тIасан
Мазгарул чол бакIал щанкIлазул тIвапи
ТIеренаб моцIроца канлъиги гьабун,
Ва пахруяб кверги гIебеде битIун,
Мазгарул рекIарав хехаб чуялда
Гьасда хадув вортун вачIунев вуго.
Пикру гьечIев мискин, тIубан сордоялъ
Гьас кибехун хIетIе тIамунаниги,
Мазгарул рекIарав чол тIваркъиялда
Кивго гьесда хадув вуго вортулев.

Ва гьелдаса нахъе, гьеб майдан къотIун,
Ине кколеб мехалъ гьав сородула,
Гьурмал кьерги хисун, гьинал рекIеда
Гьас хIинкъи чучизе хехго квер лъола,
Хва-хварабго тIагъур тIаса бахъула,
Канлъи сварал берал гьас рорхуларо
Ва рикIкIалъудасан сверун вилълъуна.

АХИР

ГьитIинаб чIинкIиллъи бихьула ралъдалъ,
Мех-мехалда хъатIикь гьингун ччугIихъан
Чан гьабизейилан къокъуна гьенив,
Къаси мискинабго квен белъуна гьас.
Яги гьатIан къоялъ расаялда тIад
Свердулев чиновник ваккула гьенив –

Харил гIабукIгIанги тIад жо бижичIеб
ГIицIаб, чIобогояб чIинкIиллъиялде.
Доб тIупан рещтIараб гьалагаб къоялъ
ТIадагьаб ригь ана гьенибе босун,
Ва лъетIа чIегIераб хъархъида релълъун,
БукIана гьеб хутIун халат заманалъ.
Гьаб араб ихдада хъорщол гамида
Нахъе бачIана гьеб чIунтараб мина.
Гьеб биххун букIана ахиралде щун,
Дир ахIмакъ вукIана гьелъул рагьдухъ хун.
Ва гьесул цIорораб жаназа босун,
Букъана бичасе гIоло гьенибго.

*1833 с.*

**БАЯНАЛ**

[1] Альгароттица* кибалиго абун буго: «Петербург ккола Европаялде Россия балагьулеб горду».

[2] Князь Вяземскияс* графиня З... ялде хъварал кучIдузухъ балагье.

[3] Мицкевичас* жиндирго бищун лъикIал кучIдузул цоялда цIакъ берцинго сипат гьабун буго Петербургалде лъим тIаде кIанцIилалде цебесеб къоялъул. Амма гьесул сурат хIакъикъаталдаса дагьаб рикIкIадаб буго, гIазу букIинчIо ва Неваялда цIер чIван букIинчIо. Польшаялъул поэтас гIадин махщалида хъвараб гьечIониги, нилъеца гьабураб сурат хIакъикъаталде данде ккараб буго.

[4] Граф Милорадович ва генерал-адъютант Бенкендорф.

[5] Мицкевичас памятникалъе гьабураб сипаталъухъ балагье. Мицкевичас жинцаго бицанихъе, гьеб Рубанидасан* босун буго.

ПЕРЕВОДЧИКАСУЛ БАЯНАЛ

1820 соналъул ихдал пачаясул буюрухъалдалъун Пушкин Югалде витIула. Гьес хъулухъ гьабизе кколаан Бессарабиялъул Кишинев шагьаралда. Петербургалде яги Москваялде вуссине поэтасе гьукъун букIана.

Гьедин байбихьана Пушкинил тIоцебесеб ватIан тун къватIиве витIи.

Байбихьуда поэтас гIумру гьабуна Кавказалда. Хадув гьев ана Крымалде. Гьенисан сапар гьабуна Кишиневалде. Лъабго сон базе ккана Пушкинаца гьениб.

Кавказалда, Крымалда ва Кишиневалда бихьанщинаб ва рекIее асар гьабунщинаб кинабго жо поэтас загьир гьабуна жиндирго гьайбатал кучIдузулъ ва поэмабазулъ.

Кавказалъул хIакъалъулъ гьес хъвана «Кавказалъул асир» абураб поэма. Гьелда бицунеб буго черкесаз асир гьавурав гIолиласул. Гьес гIумру гьабулеб буго черкесазул росулъ лагъасул хIисабалда. Асирлъуда вугев гьесухъ рокьи

ккола черкес ясалъул, гьелъ гьев хвасар гьавула, жийгоги гьесие йокьичIолъи захIмалъун, гIурулъе кIанцIун хола. Гьеб поэмаялда Пушкиница гьайбатал суратал кьун руго Кавказалъул тIабигIаталъул, гIатIидго ва берцинго бицун буго магIарулазул гIумруялъул, гьезул ратIлил яргъил, рагъул, гьалбал хиралъиялъул, байрамазул ва расандабазул хIакъалъулъ.

Крымалъул сурат цебе чIезабун буго «Бахчисараялъул Фонтан» абураб поэмаялда. Гьеб гIуцIун буго ццидалав хан Гирейида сверухъ. Нилъгун дандчIвала Польшаялъул бика Марияги таваккалай гуржияй Заремаги. Щакдариялъул кьучIалда Заремаца Мария чIвала ва жийгоги Гирейил квердасан хола.

Гьедин, рекIее асар гьабулеб куцалда живго щварал бакIазул ва берда бихьанщиналъул бицунаго, Пушкиница гIурусазул цIалдолезул лъай-хъвай гьабулеб букIана гьезда дагь гурони лъалареб Югалъул районазулгун, гьелъул гьайбатаб тIабигIаталъулгун ва хIикматал гIадамазулгун. Гьесие бокьун букIана гIадатиял гурел лъугьа-бахъинал рехсолел ва гIадамазул гIумруялъул вахIшиял суратал церечIезарулел гьел асараздалъун цIалдолел асир гьаризе, гьезда унго-унгояб гъар-гъар базабизе. Гьединлъидалин гьес хъвалеб букIараб хъачагъазулги, гIолилав асир гьавурал черкесазулги, гучав ва гIасияв Гирейилги, ццидал гьалаглъиялъ лъади чIварав Алеколги хIакъалъулъ.

Гьаб тIехьалда бахъун буго Расул ХIамзатовас авар мацIалде буссинабураб Пушкинил югалъул поэмабаздасан кIигояб: «Вацал-хъачагъал» ва «Цыганал».

## ВАЦАЛ – ХЪАЧАГЪАЛ

Гьаб тIехьалда бахъулеб кочIол хъвай-хъвагIай ккола 1821 ва 1822 соназда Пушкиница хъвалеб букIараб кIудияб поэмаялдасан цо кесек. Гьелъул хIакъалъулъ мухIканго бицун буго поэтас 1823 соналъул 13 июналда А.А. Бестужевасухъе хъвараб кагъаталда. Поэма бижиялъе ккарал гIиллабазул ва гьеб хъваялде живго кантIарав куцалъул гьадин бицунеб буго Пушкиница 1823 соналъул ноябралда Вяземскиясде хъвараб кагъаталда: «Гьаб кесек хъвазе дун тIамуна хIакъикъияб лъугьа-бахъиналъ. 1820 соналъ Екатеринослав шагьаралда вукIаго, цоцада вухьарав кIиго гъачагъас лъедон, Днепр гIор бахана ва гьел хвасарлъана. ЧIинкIилълъиялда гьез гьабураб хIалхьи, хъаравулзабазул цояв гъанкъи дица ургъун бахъараб жо гуро, хIакъикъаталда лъугьараб иш буго».

## ЦЫГАНАЛ

Гьаб буго Пушкиница Кишиневалда вугев мехалъ, Бессарабиялде гьарурал сапаразул хIасилалда хъвараб поэма. Гьалда бицун буго шагьарги гьелъул лъай бугеб обществоги реххун тун, цыганазул чодрохъе гIумру гьабизе гочарав ва гьезда цадахъ гочарулаго жиндирго талихI батизе ракIалде ккарав гIолилав Алекол ракI гъанцIулеб къисматалъул хIакъалъулъ.

Поэма хъвазе байбихьун буго 1824 соналъул январалда ва лъугIун буго гьебго соналъул 10 октябралда, амма тIоцебе басмаялде бахъун буго 1827 соналъ.

«Нижер гьаниб буго гьадинаб хабар» ва гь. ц. Гьаниб херав цыганасул

харбилъ бицен гъабулеб буго цIакъго цебесеб заманалда император Августица ЧIегIер ральдал рагIалде гIакIа ккун витIун вукIарав Рималъул поэт Овидийил хIакъалъулъ.

* Кагул – Бессарабиялъул гIоралда цIар, Дунай гIурул цо гIаркьел.

* Аккерман – Бессарабиялъул шагьар (гьанжесеб Белгород-Днестровский), 18 гIасруялда турказул хъала.

* Буджак – Бессарабиялъул Югалъулаб бутIа.

* Паша – Султанасул Турциялда тIадегIанав хIаким.

ПОЛТАВА

1826 соналъул хаслихъе анлъгоялдаса цIикIун сон къватIибги бан, пачаясулгун къотIи-къайгй» ккун, Пушкин Москваялде вуссуна. Гьес гIумру гьабула цин Москваялда, цин Петербургалда, цин росулъги.

Гьев гIемер хъвадарула жиндирго цIиял асаразулъ гьес, гIумру ва гIадамал рихьизари гуребги, загьир гьарула обществоялъе бищунго кIвар бугел суалал ва гьезие мустахIикъаб къиматти кьола.

Пушкиница хъвала улкаялъул некIсияб тарих бихьизабулеб чанго гьайбатаб асар. Гьездасан цояблъун ккола «Полтава» абураб тарихияб поэма.

Гьелда бицунеб буго Европаялъул тIоцевесев полководец – шведазул къирар Карлиде данде гIурусазул пача Петр ТIоцевесес гьабураб къеркьеялъул ва гьесул нухмалъиялда гъоркь гIурус аскараз къей лъалареб шведазул армия щущахъ биххизабураб машгьураб Полтавалъул рагъул хIакъалъулъ.

Гьеб рагъул хIакъикъат гьадинаб буго: 1700 абилеб соналъ байбихьула Северияб рагъ. Швециялде данде багъулеб лъабго пачалихъалъул цояблъун букIуна Россия. Бергьенлъи байбихьуда шведазул къирарасул рахъалда букIуна. Ахирги, гIемерал хиса-басиялги кколаго, шведазул ва гIурусазул аскарал Полтавалда гъоркь цоцалъ тункула. Гьеб рагъулъ гIурус пачаясул аскаралъ шведазул бо щущахъ биххизабула. Кверде росула гIемерал армиялъул бутIрул. Живго къирар абуни, гIурус пачаясе хиянатлъарав Украинаялъул гетман (бетIер) Мазепада цадахъ лъутун ворчIула.

Россиялъ гьеб рагъда босараб бергьенлъиялъе историялъ цIакъ кIудияб къимат кьола. «Полтавалъул» тIоцебесеб басмаялъе цеберагIиялда живго Пушкиница гьеб бергьенлъиялъе гьадинаб къимат кьун буго: «КIудияв Петрица пачалъи гьабураб заманаялъ ккарал бищунго кIвар бугел ва бищунго талихI бугел лъугьа-бахъиназул цоялъ бищун квешав тушман тIаса вихьизавуна, югалда гIурусазул кверщел щула гьабуна, севералда цIиял улкаби журазаруна ва Петрица гьарулел хиса-басаби рес гьечIел рукIин халкъалъе баянлъана».

Пушкиница Полтавалъул рагъуе кьолеб къимат тарихияб рахъалъан тIад калам гьечIого битIараб буго.

Мазепа вукIун вуго Москваялъул кверщаликь бугеб Украинаялъул бетIер. Доб заманалда Россиялде данде гьарулел къеркьеял Украинаялда гIемер кколел рукIун руго. Мазепаца абуни, живго гIурус пачаясде мутIигIавлъунги вихьизавун, гьел къеркьеязе квербакъи гьабулеб букIун буго. ХIатта Россиялъул тушбабаз жидеда цадахъ гьелде данде рагъизе ахIун ритIун рачIарал вакилзаби жанир тIамун, гьез рачIарал кагътал Петрихъе ритIун, гьев

божизавизе жигар бахъулеб букIун буго. Амма гьеб кинабго Россиялде данде жинцаго ургъараб кутакаб къеркьеялъе хIадурлъи бахчулеб хIиллалъун батула.

Украинаялъул генералияв судья, кутакалда бечедав Кочубейил ясалъулгун рокьи гьабизе Мазепа лъугъин инсуда квеш бихьула. Мазепадаса ццин босизелъун, ясалъухъ рокьи гьаби квеш бихьарав Кочубейица, Россиялде данде Мазепаца ургъулеб балъгояб хиянат Петрида лъазабула. Кочубее гьалмагълъи гьабула гьесул цевегосев гьудул Искраца. Амма Петр Кочубейида божуларо, гьесул ракIчIун букIуна Мазепа жиндие цIакъго мутIигIав вукIиналда.

Гьересиго гIарза кьураллъунги гьарун, Петрица Кочубейги Искраги рачун жанир тIамун, гIазаб кьун, Мазепада кодоре кьуна. Мазепацаги жиндирго иргаялда кIварабгIан гIазабги кьун гьезул бутIрул къотIула.

Гьеле гьеб мехалда шведазул къирар Карл XII кIудияб богун Полтавалде гIагарлъула. Гьеб хабар рагIарабго, Мазепаги, бачун цадахъ хIалкIвараб богун, Карлил рахъалде лъутула. Гьанже бичIула Петрида Мазепал хиянатчилъи, Кочубее жинцаго гьабураб тIекълъи.

ХIакъикъияб кьучIалда хъвараб букIаниги Пушкиница поэмаялда цо-цо бакIал хисизарун руго. Масала, Кочубейил ясалда цIар Матрена букIун буго. Пушкиница гьеб Мария абураб цIаралде сверизабун буго. Гьарун кьечIеб мехалъ яс хадуй лъутун ун йиго Мазепада. Амма Мазепаца гьей рокъое йитIун йиго. Пушкиница Мазепалги ясалъулги рокьул къисмат батIайиса гIуцIун буго.

«Полтава» хъвазе байбихьун буго 1828 соналъул 5 апрелалда ва гьоркьоб мех бахъун, бутIа-бутIаби ккун хъвалеб гьеб лъугIун буго 1829 соналъул 31 январалда.

Поэмаялъул байбихьиялъул, ай сайигъат гьабиялъул хIакъикъат жеги чIезабун гьечIо.

* Петр I (1672–1725) – 1682 соналдаса 1725 соналде щвезегIан вукIарав гIурусазул машгьурав пача ва император.

* Карл XII (1682–1718) – гIемер мехалъ россиялде данде вагъарав шведазул къирар; 1709 соналда Полтавалъул рагъда инжитго къезеги кьун Турциялде лъутун арав.

* «Гьев вачIунев вуго, нилъер къояца
Цогиги къуватав тушман вачIараб,
Ва къейги хIехьон гьес, нахъе тIурун ун
Инжитаб лъакI тараб машгьураб нухалъ». – 1812 абилеб соналъ Наполеонасги жиндирго аскарал Россиялде тIаде некIо Карлица рачараб нухдасан рачана. Пушкиница ракIалде щвезабулеб буго Наполеон ва гьесул армия инжитаб лъалкIги тун сурукъаб куцалда нахъе тIуриялъул хIакъалъулъ.

«Забела П. М. – XVI гIасруялда вукIарав Украиналъул магнат (бечедав чи). Хмельницкиясул къеркьеялъул заманалда гьев Польшаялъул къирарасул рахъалде лъутана ва гьесие рагьараб куцалда хъулухъ гьабизе лъугьана.

* Гамалей – Хмельницкиясул заманалда вукIарав Украинаялъул генералияв консул (цогидаб пачалихъалъул хIукуматалда цебе жиндирго пачалихъалъул ва гьелъул гIадамазул мурадал загьир гьарулев ва гьел цIунулев чи.)

«Херав кардинал – биценалда рекъон римазул папа Сикст V цин кардиналлъун (католиказул церковалъул тIадегIанав хъулухъчи) вугеб заманалда загIипав ва унтарав чилъунги хIан, хадув папалъун (бищунго кIудияв бетIер) тIамуравго, тириго, гьаракь борхун, баркала загьир гьабураб динияб кечI ахIизе жуван вуго.

* Римазул тиара – Бакъбаккул улкабазул некIсиял ханзабазул, гьединго Рималъул папаясул ботIрода лъолеб таж.

* Розен, Шлипенбах – шведазул генералзаби.

* Шереметев, Брюс, Боур, Репнин – гIурус пачаясул кумекчагIи.

* «ТалихI кьун ворхарав чиякъав гогьма» – Петрица кIудияб божилъи гьабурав ва гьелъ эхеде вахарав гьесул рокъоса чи А. Д. Менщиков.

* Войнаровский – Гьебго цIаралда гъоркь бугеб Рылеевасул (Пушкинил заманалъул поэт) поэмаялъул герой, Мазепал цIакъго цебесеб гIагарлъиялъул чи.

* «Сверун байдан цIурал сангараз къараб,
Ганщал тIад теролел кьалул хабалахъ» ва гь. ц.

ГIурус пачаясул аскаралъ боги щущахъ биххизабун, Карл XII Мазепагун цадахъ доб заманалда турказул кверщаликь букIараб Бессарабиялъул Бендери шагьаралде лъутун ворчIула. Гьес чанго нухалъ хIал бихьула туркал Россиялде данде рагъде рахъинаризе, амма хIасил кколаро. Турказ Бендералда букIараб гьесул лагерь сверун ккола. Карлица жиндирго хъулухъчагIазул къокъагун къасд гьабула гьездаса хвасарлъизе, амма гьесул мурад тIубаларо. Турказ гьев пленлъун восула.

МАЗГАРУЛ РЕКIАРАВ

Шведазухъа Балтикалъул ралъдал рагIаллъиги нахъ буссинабун гIурусазул пача Петр ТIоцевесес хIукму гьабула Нева гIорул гIицIаб рагIаллъуда цIияб шагьар базе ва гьеб гIурус пачалихъалъул тахшагьарлъун гьабизе. Гьеб шагьар –Петербург (Ленинград) лъугьана дунялалъул бищунго берцинал шагьаразул цояблъун.

Пушкиница жиндирго поэмаялда бицунеб буго 1824 соналда Петербургалда ккараб гIасияб лъим тIаде кIанцIиялъул, къватIал ва майданал, рукъзабазул подвалал лъеца рахчизариялъул хIакъалъулъ.

Поэма хъван буго 1833 соналъул хаслихъе Болдиналда. Байбихьун буго 6 октябралда, лъугIун буго 31 октябралда. Амма гьеб поэма Пушкинил гIум – уялда басмаялде бахъичIо. Гьелъие гIилла букIана НикIалай пачаясул гьелде дандечIей. 1834 соналда басмаялда бахъана гьелъул гIицIго цо кесек. ТIубанго поэма къватIибе биччана Пушкин хун хадуб 1837 соналда «Современник» абураб журналалъул тIо-цебесеб номералда Жуковскиясул хиса –басиязда рекъон.

* В.Н. Берхица данде гьабураб баян – 1826 соналъ В. Н. Берхица басмаялде бахъараб «Санкт-Петербургалда ккарал киналго лъим кIанцIиязул хIакъалъулъ гIатIидал баянал» абураб тIехьалде ишара.

* «Мазгарул чуялда»... Петербургалда Петрил майданалда (Гьанже Декабристазул майдан) Петр ТIоцевесесе лъураб памятник.

* Вяземскиясул руго Петербургалъе сурат гьабун хъварал гьайбатал кочIол мухъал. Гьелде гьабулеб ишара.

* Вяземский Петр Андреевич (1792– 1878) – Пушкинил гьудул, поэт, критик.

* Пушкиница ракIалде щвезабулеб буго машгьурав Полынаялъул поэт Адам Мицкевичил «Петр I-се памятник» абураб кечI.

* Рубан В.Г. (1739–1795) – Поэт ва жур-налист. Петр чода рекIараб сурат тIад эхетизабураб ганчIида гьабураб кочIол хъвай – хъвагIаялъул автор.

* Чухонал – некIсиял финазда абулеб букIараб тIокIцIар.

* «Гьоболлъухъ рачIина тIолго байрахъал» – киналго улкабазул гуми.

«Дур хъахIал сардазул моцI гьечIеб цIваки,

Гъорлъан нур бихьулел бахьинал хьухьал» – Ленинградалда (Петербургалда) тIолабго севералда гIадин риидала бецIлъи лъаларо, гьенир рукIуна «хъахIал сардал».

* «Адмиралтеталъул гьундузул гIебу» – цебе ралъдал министерстволъун букIараб адмиралтейстоялъул минаялда тIад меседалъ къачIараб тамил суратIун гьаваялде араб си.

* Бал – сухIмат-бертин.

* Пунш – хасаб куцалда рекъезабураб гьекъел.

* Карамзин М. Н. (1766 – 1826) – хъвадарухъан ва гIалимчи, чанго томалдасан данде гьабураб «Россиялъул пачалихъалъул тарих» абураб тIехьалъул автор.

* Марсалъул майдан – рагъул низамал гьарулел ва аскаразул парадал тIоритIулеб бетIераб майдан.

* «Бокьула, кьалулаб тахшагьар, дие

Дур топил букIунеб кIкIуйги гъугъайги», – Петропавловскиялъул хъалаялъусан рохалил лъугьа-бахъиназда тIобитIулеб букIараб гIарададул салюталде, гьединго ихдал цIорода гъорлъан Нева къватIибе кIанцIулаго букIунеб гьаракьалде гьабураб ишара.

* «Петрополь – Петербург.

* «Тритон – хIатIазул бакIалда рачI бахъун сурат гьабураб некIсиял греказул ралъдал рухIчIаголъи. Сураталда гьеб бихьизабулаан лъелъа бащдаб къватIиб баккун.

* Альгаротти (1712-1764) – 1739 соналъ Россиялде щварав Италиялъул хъвадарухъан, «Россиялъул хIакъалъулъ кагътал» абураб тIехьалъул автор.

## КУЧIДУЛ

## СИБИРАЛДЕ

РикІкІад Сибиралъул цІадул магІданахъ
ЦІуне борхалъуда чІухІараб хІехьей,
ЧІалгІаде хвеларо гьабураб хІалтІи,
Нужер пикрабазул лебалал къасдал,
Ва къварилъиялъул тІул бикьараб бац –
Ракьул гундух ругел нужер божиялъ
БорчІизе гьабила кьижараб – талихІ,
Бачине гьабила гьайбатаб заман.

Туснахалъул бецІаб гордухъе жаниб
Дир бацІцІадаб гьаракь борчІулеб гІадин
БачІина нужехъе рокьи, гьудуллъи
Хъулбузда рахарал рахаязулъан.
Туснахърукъ биххила, рахсал тІун ина,
Эркенлъиялъ нужер кверал росила.
Рохелги, талихІги кІалтІа рещтІина
Ва вацаца ярагъ нужехе кьела.

## ЧААДАЕВАСДЕ

Гьерсилаб гІищкъуялъ, гІисинаб реццалъ
ГІемер мехалъ кквечІо нилъ махсароде.
Сардил макьу гІадин, радал накІкІ гІадин,
ТІагІана некІсиял рекІел божиял.

Амма жеги нилъелъ рокьи гьалдола,
Гьалагаб зулмудул балагьалда гьоркь;
Гьираялъул цІурал панаял ракІал
ВатІаналъул гьаркьихъ гІинтІамун руго.

ГІищкъу бергьаралъухъ гьейгун дандчІвазе
Рокьул гІужда вугев гІолихъан гІадин,
Эркенлъи баркараб минут щвеялъухъ,
Нилъер щибав гьадин балагьун вуго.

ТалихІ рохелалъух хІасрат рукІаго,
Намусалъе ракІал чІаго рукІаго,
РекІел гьудул инсул ракьалъе кьезин,
РухІалъул бищунго берцинал къасдал.

Гьалмагъ божа: хехго баккизе буго
Улка хІайранлъараб талихІалъул цІва.

Кьижараб борчIила нилъер Россия,
Ва гьаб власть биххун гьелъул чIвадназда
ЧIахIа хатIалъ хъвала нилъерги цIарал.

* * *

Дие мун йокьана, – рокьул цIа, бухIи
Дир рукьбалъ гьанжеги сун батиларо.
Дие бокьун гьечIо мун пашманлъизе,
Дуца гьелъул щибго пикру гьабуге.

Дие мун йокьана, – щибго калам тун,
Щаклъияз, хIинкъабаз къакъалеб керен.
Дие мун йокьана, – тIолго рокьиялъ
Йокьа цогиязе, дие гIадин, мун.

## БУЛБУЛ

Сас гъечIел ахазукь, ихдаде, сардилъ,
АхIула булбулалъ тIогьое сарин;
Амма гьайбатаб тIегь гIенеккуларо,
КочIол гьаркьихъе гьеб кьижун букIуна.
Дуцаги гьединан гурищ ахIулеб
ХIайранай, берцинай еццун кIечI поэт?
Гьей гIенеккуларо, гьей тIегьан уна,
Ва дур кочIое гьелъ жаваб кьоларо.

## ЧАРАНГИ МЕСЕДГИ

Кинабго дирилан
КIалъана месед,
Кинабго дирилан
КIалъана чаран,
Кинабго босилин
КIалъана месед,

Кинабго бахъилин
КIалъана чаран.

* * *

Гъеду уна гъадихъе
Гьелъ абула гъадида
– Гъеду жакъа къади квен
Кисадай нилъей щвела?

Гъадица жаваб кьола:
– Жакъа къади квеналъе
Каранда гуллаги щун
ЧIварав багьадур вугин.

Лъица чIварав, щай чIварав
Лъала гIицIго лочнода,
ГIаларчияб чуялда,
ГIолохъанай лъадуда.

Лачен боржун ун буго
ГIаларча унтун буго
Лъади балагьун йиго
Гьев чIвараблъи лъачIого.

*Василий Жуковский*

## КЕЧI

Дун дуй вокьулеб мехалъ, хIикматаб макьу гIадин,
Ракьалда гьунарого, гьаваялда дир къасдал.
Амма дуца дун тана, талихI макьу батичIо, –
Огь, дур рокьи букIана дир талихIги хIикматги!

Дун дуй вокьулеб мехалъ, кваркьаби рукIана дир,
РакIалъул кечIги щавкъги – дуца щурулеб калам.
Амма дуца дун тана, тату хвана дир чорхол, –
Огь, дур рокьи букIана дир гьунарги пагьмуги.

Дун дуй вокьулеб мехалъ, дир зодой борхараб квер
Кинабго дунялалъул хазинабаз цIолаан.
Амма дуца дун тана, зоб-ракьалда кIочана, –
Огь, дур рокьи букIана рекIелгъейги гIумруги.,

*Петр Вяземский*

* * *

Диргун гIел бащадал церего гьечIо,
Дидаса гьитIинал – гьелги рукъана.
Рокьул ятабалда гъаримав туснахъ
Тарав щай гьаб гъамут баччизе цо дун?

Чияр къварилъабахъ босунищ дуца
Дида кколеб щинаб кинабго гIайиб?
Квешлъи кIочонарев аллагьасгиййищ
Хисизе гьабураб дий бугеб хIукму?

*Константин Батюшков*

* * *

Мунгиййищ угьдилей арал саназухъ, –
Унаро дудаса гьеб дур беричлъи.
Берзул балаялъул хаслихълъиялъул
Хал гьабула, – жеги бахIарлъана мун.

Байбихьул гьайбатлъи, гьелъул балъголъи
БихьичIо гьадинан дур гьудуласда:
МагIна, гIумру гьечIел нечарал берал,
Къочулелъул хIинкъун соролел кIутIби.

Амма, рокьул парччахI, дур хIасраталъул
ХIухьелалъ гамачIги чIаго гьабила.
Щиб гьури пуниги, дур рокьиялъул
Рукьбалъ гьалдолеб цIа даим свинаро.

*Антон Дельвиг*

* * *

Хвел-рухІалъул рахІат, кида боржинеб
Канлъи дир беразул свине гьабизе?
Сардилъищ бачІинеб, къадищ рещтІинеб,
КъачІаян, вилълъаян дида абизе?

Макьил сагІаталъищ цоги мехалъищ
Цадахъ дун вачине чирахъ гвангъилеб?
Кида дир гьаб рокьи, ракьалда бугеб,
Ракьул хабал бусахъ дуца хисилеб?

Радал дихъе щвезе ракІалде ккоге,
Кидаго гьелъие нигат гьабуге.
Радал дий «ворчІами» кучІдуца кьелин,
Кидаго гьел хъвазе квалквал гьабуге.

Къаденахъеги мун дий хІажат гьечІо, –
ХІинкъизе гьаруге дир гьудулзаби.
Гьел дие рокьула, дир хазинаби,
Бищунго хирияб шигІру кинигин.

Къаси заманги дир гьудулзабазе
Гьакълие, кочІое, кеп-рохалий те!
Хадуб бачІанани, бачІа мун сардилъ,
Сас гьечІого, дунго хутІараб мехалъ.

Бусада вегарав, гІенеккун чІарав,
ГІищкъул ургъалида дун вугеб мехалъ.
Ва дица, гІадада сардихъ балагьун,
Саналги сагІталги рикІкІунеб мехалъ.

*Николай Языков*

КЕЧІ

Нилъее бокьула чагъирги кепги,

Гьаб чорхолъ гьалдолеб гьаракьги кечІги,
Кидаго нилъеца свине теларо
ГІанчІаб тархъанлъидул талихІалъул цІа.
Нилъее бокьула чагъирги кепги,
Гьаб чорхолъ гьалдолеб гьаракьги кечІги.

Нилъер август букІа сентябралда,
Гьелъул сан гьабизе регІунищ ругел?
Нилъер ургъел гьечІо, тІела, гьекъела,
Рукъ гьаргьалеб куцалъ бакъан тІамила.
Нилъер август букІа сентябралда,
Гьелъул сан гьабизе регІунищ ругел?

Гьанир маххал, рахсал квераздa гьечІо,
Киналъго бащалъи, эркенлъи буго.
Нилъер пикру чияр рагьтІател гуро,
Нилъер бетІер лъийго гьетІараб гуро.
Гьанир маххал, рахсал квераздa гьечІо,
Киналъго бащалъи, эркенлъи буго.

Живго гІурус пача гьанив щваниги,
ГІодоб лъезе гьечІо борхулеб кІатІахІ.
Аллагьас дуниял гъугъазе гьабе,
Гьаб данделъи нилъер биххизе гьечІо.
Живго гІурус пача гьанив щваниги,
ГІодоб лъезе гьечІо борхулеб кІатІах.

Гьудулзаби, доб зоб тІаса лъугьунге,
Цо тІинкІ тІинда тани сурахІиялъул!
Сун бахъун гьинал ракІ эркенлъидуй кье
Пашманлъигун рохел бащадго бикье.
Гьудулзаби, доб зоб тІаса лъугьунге,
Цо тІинкІ тІинда тани сурахІиялъул!

Нилъер балеб каклъун букІаян абе:
Эркенлъиги, кечІги, кепги, чагъирги.
Гьезулъ – нилъер пикру, гьезулъ – нилъер щавкъ,
Гьезий чІвалеб заман – гьаб нилъер чІахъен.
Нилъер балеб каклъун букІаян абе:
Эркенлъиги, кечІги, кепги, чагъирги.

*Кондратий Рылеев*

## СТАНСАЛ

*А. Бестужевасе*

Дир гъудул лъугьинчIо лъугьинин ккараб,
Лъутана чорхолъа бахIараб бухIи.
Дие ккараб гIазаб – гIадамазда гъорлъ,
ГIадан дандчIвачIого, дунго хутIана.

Хеккого хIалкъараб бецIлъиялъ рачун,
Рахчана черхалъулъ гъугъарал ишал.
Хеккого, хеккого, хирияв гьудул,
Дир рекIеда лъана гIадамазул рекIкI.

Нилъерго чагIазулъ чияр вукIунев, –
Гьаб чара хвараб мех рихун бугеб куц!
Гьелдасаги кьогIал хIакъикъатазул
Кьерилал саназул сурахIилъун ракI.

ЗахIматал ургъелал, унтарал къасдал, –
Гьелгун цадахъ вуго, цого хIутIун дун.
Пашманаб дуниял, бецIаб хоб гIадин,
Хал гьабун буго дихъ киве щваниги.

Щоларо ракьалда ракI бохизе жо,
Нухда ватуларо квер босизе инс.
Квачарал жаназай, лъай гьечIел лъимал, –
Гьел рихьула дида дандчIвалел кирго.

*Иван Козлов*

* * *

Полкалда къокъаялъ къали бухичIо,
Къаникье жаназа биччалеб мехалъ.
Къо лъикI гьабулелъул ярагъ кьвагьичIо,
Нижеца цевехъан вукъулеб мехалъ.

Пашманго мискинаб сардихъ хал гьабун,
Досий хоб гьабуна хундуз ракь бухъун.

Баккун-тIерхьунеб моцI накIкIил тIелхазулъ,
Бакун-сунеб кунчIи каназул кIкIуйдулъ.

Мусруялъулъ гуро, кьалул плащ бан,
Кьижана гъов даим хабал бусада.
Кколаан, чIагого вугин рагъухъан,
Вегун байданалда хIалхьи босизе.

Досул гьудулзабаз, нижеца щавкъалъ
Бичасе как бана киназго цадахъ.
Цинги метер къодул къасд, хIисаб гьабун,
Къулана пашманго досул гьурмаде

Гьалмагъ, лъида лъалеб, метер рогьалилъ
Нич гьечIев тушманас тохлъукье кIанцIун,
Гьеб дур хIурмат тараб хIалтIи гьабилеб,
Гьегьал карачелаз рачун нижинел.

Гуро, биччаларо бахIарчиясул
ЯхIалда хIур хъвазе хIикматаб макьилъ,
Дур хIакъираб бусен чияр ракьалда
Рокьулел кверaца тIамураб буго.

Жеги чIвалеб къоно къачIан букIинчIо,
Къо лъикIлъи гьабулеб сагIат бачIана.
Карачалабазулъ паркъараб пири,
Гьеб чапар букIана рагъул чабхъадуй.

Гьалмагъ, тIаса лъугьа, гьаб мун тIупараб
Бидул хобалда тIад лъураб тIегь гьечIо.
Гьадин мунго цохIо, къватIиб ракьалда
Къаникье унареб цIаргун тана мун.

*Денис Давыдов*

## ХЕРАВ ГУСАРАСУЛ КЕЧI

Кир ругел нуж, гусарал,
НекIсиял гьудулзаби,
Предеедателал харбил,
Херлъарал шишачагIи?!

РакIалдаса унаро
Нужер рагIги рагIиги;

Гьекъеялъ бецIбагIарал
Нужер магIарзукъалал.

Гъванщида щурунтIагъур,
ТIаде рехараб башлихъ,
Хвалчен, таманча хьолбохъ,
Хьимал цIурал ургаби.

Цабзаз даим чIамулел
ГIегIерал трубкаби,
Кьур-кьурун гIинда цурал
Царал рачI гIадал михъал.

Цо кIатIахI,.. беролеб кIкIуй,
КIигоялъ кIодолъула;
Лъабабилеб борхигун,
Сванхиялда кьижула.

Амма рогьел щолаго,
ЩайтIан гьурал кинигин,
Гьаниса доре уна,
Дораса гьанир уна.

ПуртIи, пунщи чуялъул,
Паркъи, пархи хвалчадул,
Холев тушман – зваргъи-дваргъи,
Добго свери, рагIи, ракI.

Амма гьанже гусарал
Хисун руго – хIинкъуницщ?
ХIатIазда пашмакъалгун,
Гьегьал вальсал кьурдулел?

Гьанже жал цIадорлъанин,
ЦIекIго жиржидулел куц,
Жамина, Жаминаян,
ГIаракъидал цIар кIочон!

Кир ругел нуж, гусарал,
НекIсиял гьудулзаби,
Председателал харбил,
Херлъарал шишачагIи?!

*Евгений Баратынский*

## РЕКIЕЛ ХIИНКЪИ

Гьаб аскIобго буго, рикIкIада гьечIо,
Дир гьудул, дида мун данде чIвалеб къо.
Бице щайха гьанже, гьеб лъараб мехалъ,
Дир черх борхулареб, дилъ рохел гьечIеб?

Вохиларо, амма ракIалде ккола
КватIанилан ине пашманал къоял.
Къварид балагьула дун рохелалъухъ,
Дие гуро бугеб гвангъун гьелъул нур.

ГIадада вуго дун дол арал хьулал
Дир унтараб рекIелъ рорчIизарулев.
Къисмат гьиманиги, гьелдасан тIубан
Гьанже кеп босулеб куцалда гьечIо.

Дун дир гъалатIаца талихIав вуго,
Тату роххелалъул черхалъе гьечIо.

## РАТIАЛЪИ

Гьанже ратIалъана цоцадаса нилъ,
Цо лахIзат букIана гIумрудул талихI,
ТIокIаб утьдиларо гьаб гIищкъул хIухьел,
ГIенеккиларо дун рокьул рагIабахъ.
Кинабго букIана, щибго хутIичIо,
Щущана дир макьу байбихьудаго.
Дир талихIалъ гьанже дие тун буго
ЦохIо чIобогояб чIалгIараб ургъел.

## РАКI БУССИН

Гьаб дир хIал бихьуге хIажат гьечIого,

Дур хIеренлъи нахъе буссине бугин.
Цин ракI буссарасе тIокIаб кIваричIо
НекIсиял къоязул къасдалгин хьулал.

Божи тIокIаб гьечIо гьал хабаразда,
Божуларо тIокIав рокьудаги дун,
Цин макьил рекIкI лъарав, тIокIаб цIидасан
Гьеб тIубазе бугин тIад вуссинаро.

Цо рагIи абуге, аралъул бицун,
Беццлъараб дир чIалгIен гIемер гьабуге,
Унтарав, хIисабаз восарав гьудул –
Гьев гьапуллъун вугин паракъатго те!.

Дий гьадин бокьана, дун кьижун вуго,
Гьанже дол анищал арал кIочон те!
Дуда кIвезе гьечIо, цо рекIел асар –
НекIсияб рокьи дилъ борчIизабизе.

*М.Ю. Лермонтов*

## НАКIКIАЛ

Даим роржанхъулел хъахIилал накIкIал
Маржанул рахсаллъун авлахъал къотIун,
КъватIив витIун унев гьав дида релълъун
Югалде ралагьун руго нуж унел.
Лъица нуж ритIулел, щиб жо гьоркьоб ккун,
Балъгояб жахIдайиш, рагьараб ццимиш,
Я гьудулзабазул загьруяб мацIищ,
Ялъуни къисматалъ хIукму къотIунищ?
Йохъ, нужеда гIицIал гIалхал чIалгIана
Нужеда къварилъи, ургъел лъаларо.
Нуж даим эркенал, даим цIорорал,
Нужер ватIан гьечIо, къватIир гъей гьечIо.

## КЬУРУ

Цо борхатаб кьурул каранда рещтIун

Кьер меседил накIкIалъ сордо рогьана.
Радал хъахIлъи лъайдал хъахIил зоб къотIун.
Гьеб басандилаго свердизе ана.
Амма бецIаб кьурул рукIкIалабазда
НакIкIалъул лъадалал лъалкIал хутIана.
НакIкIги тIаса босун цо хутIараб гьаб
Пашманго магIу тIун, агьан, гIодана.

* * *

РагьтIателазулги, тIадчагIазулги
ЧамгIаллъараб улка – къо лъикI Россия!
Къо-мех лъикI гъуждузда даларал кIичIал.
КIичIазе къулараб пакъир, мискин халкъ.
Кавказалъул мугIруз цIуне абе дун,
Нужер цIоб тIагIарал парччахIаздаса,
Кинабго бихьулеб гьезул бердаса,
Кинабго рагIулеб гьезул гIиндаса.

**ПОЭТАСУЛ ХВЕЛ**

Къисас босе пача, къисас босе,
Дун дур накабазде кколев вуго.
ГIащтIичиясдаса къисас босе.
Дур гIощтIол бал нахъиял гIасрабазда
гIадамасе квешлъи гьабуразе
дарслъун ва мисаллъун букIа абе!..

Къисас босе, рекIелъ тIокIаб гIишкъугун
ТIухьидал гуллица басун керенгун,
Меседил гвангвара ракьалдаги лъун,
РитIухълъиялъул лагъ – кочIохъан хвана.
Хъубал бугьтанаца гьев гIодов лъуна.
РухIалда хIал кIвечIо кочIохъанасда
ГIисинал рогьралги раччун вукIине.
НекIо цояв гIадин, гъов дунялалъул
Пикруялде данде чIана ва чIвана.
ЧIвана. Щайзе гьанже хадур зигарди,
Хвалилал магIаби, гIададесеб рецц,
Ва гIайиб бацIцIунеб мацIил багъари,

Къадаралъ тIубана жинда тIадаб иш.
Нужеца гуребищ тIоцебе щцидакь
Гъосул бахIарчияб хIалтIуй нух къараб?
Ва дагьго букIараб тIеренабго цIа
ТIадеги пупудун гьалаг гьабураб?
Гьабилеб щиб? Рохе, гъосда ахирал
Нужер гIакъубаял кIвечIо къулчIизе.
Свана чирахъ гIадин бергьарав гIакъил
Бакъвана тIутьдузул гьайбатаб квацIи.
Кверзукь таманчаги сородичIого,
ЧIобогояб кверги гIедегIичIого,
ГIодовеги виччан бидулас гъосда
Хвалил цIа бакана. ГьечIо хвасарлъи.
Ва гьеб щиб гIаламат, рикIкIалъудасан,
ТалихIгун киласал росе нилъехъе
Нус-нусазда релълъун лъутун рачIарал,
Хвалил кверщалиде гъоркье реххарал,
Гъос вахIшияб хIалалъ хIакъир гьабуна
Гьим-гьилаго чияр мацI, ракь ва гIадат.
ГурхIизе бачIинчIо чIегIераб рекIел
Нилъер цIакъ бергьараб машгурлъиялда,
Лъазе кIвечIо гъосда бидулаб гIужалъ
Лъиде жинцаго квер борхарабали.
Дов цевехун чIварав кочIохъан гIадин,
ЦIар рагIарав гурев, амма гIагарав,
ГIантаб щаклъиялъулъ чанлъун лъугьарав,
Бергьараб кутакалъ кучIдул ахIарав,
ГурхIел тун, дов гIадин, живги вагъарав,
КочIохъан хвана ва хабалъ вукъана.
Ракълилаб рахIатгун ва гьудуллъи тун
Гьаб дуниялалде дов щай лъугьарав?
Эркенаб ва гIишкъул цIа бугеб рекIей
ЦIакъ хIажат гIемераб ва хIалуцараб
ГьитIинго жиндаго лъалел рукIарал
РакI хъубал чагIахъе щай гъос квер кьураб?
КъватIул хабаразда, хварал рогьбазда,
МацIил щурщуразда щай гъов божарав?
Гъоз цебесеб тIогьол тIагъурги бахъун,
ТIадехунаб рахъги тIанхаца хьухьун,
ХIамазазил тIагъур тIад лъуна гъосда.
Амма балъго гъосул къиматаб надаллъ
КъвакIун гъорлъе къана бегIерал рукIкIби.
Балъгояб журжуралъ ва гьим-гьимиялъ
Поэтасул лахIзат тIагIинабуна.
Хвана гъов гIищкъугун къисас босизе

Ва ццимгун гьерсияб божилъиялда.
Гьайбатал кучІдузул макънал къотІана,
ТІокІал рагІиларо гъол гІаламалда.
Гъов бецІаб, къваридаб рокъой вусана.
Ва гъосул кІутІбузда тІад печать чІвана.

* * *

Ва нуж нахъегІанал, хъубал наслаби,
Лагъзадерил угъдуз регъарал кескал,
Мискиназул гІетІ кун гІуцІараб уммат,
ИяхІ, намус гьечІел умумуздасан
Инжитлъидал рахъалъ кІалухъ рахъарал,
Эркенлъиялдеги гІакълуялдеги
Ва машгьурлъиялде гІащтІи хьвагІарал,
Нуж хъантІун, тах сверун чІарал руккелал.
Законалъул рагІдукь рахче гьанже нуж.
Нужер кверзукь буго кверщел, ихтияр,
Суд, ритІухълъи, тІубан тІолго кІодолъи.
Амма буго, буго аллагьасул суд,
Кьварарав диванчи вуго валагьун.
Меседил звархидахъ дос гІин баларо,
Досда пикругун иш лъала цебехун,
Цинги нужер кІанцІей гІадада ккела,
Гьелъ нужее кумек гьабизе гьечІо.
Ва нужер кинабго чорокаб биялъ
Чуриларо сахаб поэтасул би.

* * *

Дир рагІи, дир калам пашманлъаниги,
Ккоге дун гурхІилеб хІалалда вугин.
Дир керен бухІулел квешал гІазабал
Дагьалги гІасияз хисизе руго.

Дун бахІарго вуго! БахІараб гьаракь
Байрониде щолеб хІажат буго дий.
Нижер цохІого цІа, цого къварилъи,
Цо букІунебани, унго, къисматги.

Досул кинигинан гьалдана керен,
Кинабго кІочон тун, эркенлъи цІехон.

Бокьана магIарда бакъ тIерхьунеб мех,
Иххазул чвахи-гъуй, зобгин ракьул хъуй.

Довго гIадин вуго, гIадада гьечIеб
ГIаракъалъиялъул къасдалъ кIвекIулев.
Нахъе балагьула – цохIо инжитлъи,
Цевехунги гьечIо ракI чучизе чи.

* * *

Вакъиялъ, къечеялъ къуват лъугIарав
Къваридав мискин гьев кавудал кIалтIа.
Кверги цебе битIун бетIерги далун,
ВукIана гьарделев ракI гурхIиледухъ.

Къварид балагьарал гIажизал берал,
ГIицIго чадил мочIу щвеладайин гьав,
Огь, лъицаялиго цо гамачI лъуна
Цебе ккураб гьасул хъатида жаниб.

Дунги, магIуги тIун, вукIана гьедин,
Гьардолев дудасан рокьи къваригIун.
Дуца думалъ чIвана бищунго лъикIал
Дир рекIал асарал, рекIкI гьабун, гуккун.

*Николай Некрасов*

* * *

«БукIине рес гьечIилан» абураб кечI дихъе бачIарав дида лъаларев гьудуласе сайгъат гьабула.

Дун хIелила хекко! Мискинабго ирс,
Огь, дир ВатIан, дица толеб буго мун,
ГьитIинаб мех чIвана гIазабаца дир,
ГIолохъанлъи ана къеркьеялъулъ дир.

Цин цебе, лахIзатал дагьалъ къаниги,
Нилъ къокъаб гьороца хех лъадарула.
Гьеб халалъарабго, хадуб чорхолъе

Лъугъуна циндаго цо паракъалъи.

Жаниб черх бухIулеб захIматал соназ
СогIал лъалкIал тана гьаб дир рекIеда.
Эркенаб гъира-щавкъ, щвараб лъараб дагь,
Дир ВатIан! Дур поэт вугев пашманав!

КигIан нухал къараб, чанцIул къор гъураб
Къваридаб кечIгин дун вачIунеб нухда.
Дир дагьаб хIалтIиги босун хал гьабе –
Халкъалъулгун гIаммаб бидул къатIра гьеб.

Йохъ, даран гьабичIо дица бакъназул,
Амма мекъаб цо-цо гьаракь букIана.
Мукъулукъ дир кьогIаб къисматалъ кквейгун,
Байбихьулъ букIана гIемер гьалмагълъи.

Гьанже кир ругел дол дир гьудулзаби,
Цояца цевего дун цололъ тана.
Цогиязе нуцIби дицаги къана,
Хадусел рукIарал рикIкIаде ана.

ГIумруги дунялги данде билълъинчIо,
Дир гьаб квер босизе гIадан хутIичIо,
Гьадин гIазабалда дунго хIутIана,
Гьал сонал анагIан гьудулзабаз тун.

Тушбаби гIемерлъун дир гIумру индал
Халкъалъулгун гIаммаб тIинкIараб бидухъ.
ТIасалъугьа, ватIан, тIасалъугьа мун,
Дун вачIун вукIана къварилъай хIехьон,

ХIикмат гьавулеб халкъ дуй кечI ахIизе
Аллагь бечедас мун бачунеб нухда
ДагьабгIаги канлъи кунчIизабизе
Амма яшав бокьун, гьелъул ресазде
Расги лъачIого дун дагь ругьунлъана.
Дун дир мурадалде гьетI-гьетIун ана.
Гьелъий гIоло дица гьеб гIумру кьечIо.
Дир кечI боржун ана хабар лъачIого,
Халкъалъул рекIелъ лъалкI гьабичIого.
ГIицIго щвана цохIо дие бицине
Дуде бугеб рокьи, гIагараб улка!

Дунго цIорониги, гIумруялдехун

Гьеб гІищкъу цІунизе дида кІваралъухъ,
Халкъалъулгун гІаммаб тІинкІараб бидухъ.
ТІасалъугьа, ВатІан, тІасалъугьа мун.

* * *

Рагъул балагьазул пикраби гьарун,
Гьелъ хабалъ лъолезул хал гьабурабго
Гьудуласгухъ гуро, лъадухъги гуро
Я чІварасухъ гуро дуи пашманлъарав.

Гьудуласда гьудул – гьев кІочон тела,
Лъади дагь гІодила, гІодой йиччала.
ГІицІго цохІо гІадан йиго ракьалда
Жий ракьулъ лъезегІан гьеб кІочонарей.

Нилъер гІодойгІанал ишазда гьоркьоб,
Гьороде хисулел хасиятазулъ
Дица хал гьабурал, дун гурхІараб жо
ЦохІо магІу буго бераца тІолеб.

Гьаб буго бацІцІадаб, бухІараб магІу –
Мискинал, къваридал нилъер улбузул!
Бидул гІидрабазда рекьарал лъимал
Гьезда кІвезе гьечІо кІочене кинго!
Биччараб гъветІалда гІодой даларал
ГІаркьелал рорхизе кІолареб гІадин.

* * *

БецІаб къотІноб сардилъ сверулеб мехалъ,
Яги къоялъ гьорол гьаркьихъ гІенеккун
Тохлъукье дур рагІад берзукь паркъола,
Рукъ гьечІей, къваридай, унтарай гьудул!

Дир ракІ букІкІун уна бакІал пикрабаз –
ГьитІинго йокьичІо мун къисматалъе.
Мискинав, ццидалав вукІана эмен,
Цоги вокьулев тун ана росасе.

Росги дуе ккана гIамал гIасияв –
ГIалхулаб ракIальул, бакIаб заральул.
МукIурлъичIо, ана мун гьесдасаги –
Рохел дуда лъачIо дие ячIунги.

РекIелъа доб къо ун, къуват лъугIарав
Вакъарав, къваридав дир рекIел угьди.
Нилъер чIобогояб, цIорораб мина
ЦIун букIана гIицIго хIухьлал хьухьаца.

КIочанищ тIаладухъ цIад, гьорол зигар,
Гьениб бащдаб канлъи, бащдаб бецIлъи,
Тату хун гIодулев васасул кверал
Квачарал хинлъизе гьохьарулей мун.

Вас гIодов вуссинчIо, огь, гьесул гьаракь
Рукьби кьватIун унеб! Щвана къаси мех.
Чорхол рухI инегIан гIодун хвана вас,
Хадуб магIу тIоге гIадада, пулан!

Метер кIиялгоги гьебго макьида
Пашманал, ракъарал, даим кьижила.
Маян нагIана къун, цадахъ лъабалго
Лъела хважаинас хабалъ цо кьерда.

Нилъ гIодор рукIана нилъерго бокIнилъ –
Дур кьер свараб гьумер цебе бачIуна.
Дулъе бачIана къасд кьватIиб лъалареб.
Къеркьелел рукIана рекIелъ хIисабал.

Дун дагь гьапуллъана, мун кьватIий ана
КъачIа-кIатIан, жийго бахIарай гIадин.
СагIат гьоркьоб ингун, инсуе квенги
Вас лъезе малиги босун ячIана.

Цодагьалъ гIазабаб ракъи чучана,
Нилъер бецIаб рокъоб цо цIа кунчIана.
Вухьа-вущун лъимер молода лъуна.
Лъил кумек? Аллагьищ дагьав гурхIарав?

Мун гьелъул бицине цIакъ гIедегIинчIо,
Дицаги цIехечIо цо щибго дуда.
Амма дун гIасиго ццидалъ вукIана,
Цоцазухъ магIу тIун, нилъ ралагьана.

Гьанже мун кий йигей гьардухъ сверулей
ХIинкъараб къеркьеялъ къуркьизаюрай?
Ялъуни ругьунаб гьаб дурго нухда
Ахирищ къачIараб къисматалъ дуе?

Лъица мун цIунилей, киналго мацIаз
Квешаб рогьо гьабун яхъила кIалухъ.
Ва, амма кIвеларо гIицIго цо дида,
Дуе нагIана кьун, рагIи абизе.

* * *

Дир назму, дун хвалил ургъалилъ вуго,
Риччанте гьурщизе гьал дир гIайибал.
Биччай гIадамазул цциналъ жеги гьел
Цоги нусго нухалъ кIодо гьаризе.
ГIодуге, нилъее биччараб къисмат
Баччила, гьелъие хIакъирлъи гьечIо.
ХIасраталъ гьалдолел ракIазулгин дир
Даимаб бидуца цолъараб союз.
Сасизе, чучизе дуца теларо
Таманал санаца, дида гьеб лъала.
Дир назму – гIасияб цIалаца рухун
Би бецIцIулел ругел дир асаразухъ

ГIурус чи кидаго балагьуларо.
Цо бухIи гьечIого, хIасрат лъачIого.

* * *

Араб къоялъ, анлъиде сагIат щведал, щвана дун
Сенная майданалде,
Гьений цо гIолохъанай гIадатай чIужугIадан
ЯцIулей йиго цIалалъ.
Цо зигар, гьаракь гьечIо гьелъул кIалдисан унеб,
Цо гьаракь буго цIалал...
«Дир кечI, дур тIулалъул яц юхулей йиго гьале»
Абун шурана дица.

*Иван Бунин*

## ЦОХIО ЖИВГО ХУТIИ

Гьуригун, бецIлъигун цIад
ЦIорораб лъадада тIад
Гьаниб их щвелелдего
Ана, лъугIана гIумру.
Гьаниб их щвелалдего
Ахал чIороголъана.
Дачаялда цохIо дун,
Ццидалаб гьури гордухъ.

Сон мун дунгун йикIана
РакI билълъинчIо дур диде.
Кьерхараб гьавадул къо,
Къасиялде дида мун
Дирго чIужуян ккана,
ЧIалгIана гьеб хех дуда.
Щиб гьабилеб, къо-мех лъикI,
Цоги их бачIинегIан.
Дун, чIужуги гьечIого,
Гьадин дунго вукIина...

Жакъаги ахир гьечIел
Гьадалго накIкIал руго,
Болъодахъ дур лъалкIалги
Лъеца чурулел руго.
ТIаде щолеб бецIлъидахъ
Балагьула, ракI унтун,
Бокьун буго ахIизе
РухI инедухъ цо дуде:
«Мунгун дун гIагарлъанин
ГIедегIун нахъ юссаян».

Ва, амма руччабазе
ГьечIо араб замана,
Рокьи сванищ – гьелъий чи, –
Гьев чиярав вукIуна.
Щибилеб, дица, гъасда
ЦIа бакун, лъикI гьекъела,
Гьанже гьве лъикIан боссе
Цо ракI гьеялъе дие.

## РАГIИ

Жаназаби, рукьби ракьулъ гIенеккун,
ГIицIго ргIи буго чIаголъидул нугI.
ЧIунтарал мехазул гIурхъалабазда
ГIадамахъе щвараб накъищ – хъвай-хъвагIай.

Гьединаб цогияб хазина гьечIо,
Холареб калам гьеб – нилъер гьунар, цIар.
ЦIуне гьеб хIал кIвараб жигар махщелгун,
Жакъасел хIалкъарал, къваридал сагIтаз.

*Вильгельм Кюхельбекер*

## ПУРУС ПОЭТАЗУЛ КЪИСМАТ

ТIолго миллатазул кочIохъабазул
Кидаго бигьаяб букIинчIо къисмат.
Амма Россиялъул гьунарал гIадал
Гьелъ къаби гьабурал гьечIо ракьалда.

Рылеев цIаралъе вижун вукIарав,
ЦIа гIадав гIолилав гIорода вана.

Гьев живго цо гуро, цогияб гIелги
Гьесда хадуб ана хвалил гIазабгун,
Хиялазулъ канлъи, асаралъ бухIи
Аллагьас гьарзаго жидее кьурал.

Гьезул, эркенлъиян, кенчIолел ракIал, –
БакIал кIулал чIвараб чIегIераб туснахъ;
Керен-черх гIунулеб гIасияб цIорой, –
Руссине къасд гьечIеб къваридаб ятаб.

Яги унтабаца руччарал берал,
Бахчараб бихьулел, щавкъалъул цIурал;
Яги гвангвараби горлъун рорлъарал,
ГурхIел гьечIел квераз речIчIарал гулбуз.

Яги гIакълу гIинкъал ццидалал къавмаз,
Цоцазухъе цIацIан, тIутIун ралел гьал,
Пири-гъугъаялъул аллагьасухъа
Босараб канлъиялъ улка гвангъилел.

*Александр Блок*

* * *

Лебаллъи, гьунар, цIар кIочана дида
Гьаб дуниялалъул къваридаб рокъоб,
Дур къиматаб гьурмал гьайбатаб сурат
Гьаб дир столалда гвангъараб мехалъ.

Амма къо бачIана, диде нуцIа къан,
Дуца дурго къисмат чидае кьураб.
Дица къаси бахъун рехана баргъич,
КIочана дида дур берцинаб гьумер.

Гьанже нагIанадул хIабургъараб лъелъ
ХIасраталъ гьекъеялъ гьекъела дур черх.
Къойил дица даим ахIулей йиго
Дирго доб бахIараб мех кинигин мун.

Амма бер тIамичIо дуца, тIад юссун,
ТIуна дица магIу – мун ялагьичIо.
Гъуждузде пашманго плащги рехун,
Ана мун гьаниса регьелаб сардилъ.

Йокьулей, гьабсагIат дида лъаларо
Дур гугьар буссунеб свери киб бугеб?
Дида макьилъ буго бихьулеб плащ
Пашманго гъажалде дуца рехараб.

Гьанже гьунаргин цIар хIеренлъиялъул
ХIисабги хиялги дир хутIун гьечIо.
Ана кинабгIаги квер босичIого,
Буссинаро нахъе дир гIолохъанлъи.
Гьеб дур гьумералъул камилаб сурат
Дир квералъ босана столалдаса.

* * *

Огь, дие гьаб гIумру бокьун бугеб куц:
Кинабго лъугьинчIеб чIаго гьабизе.
Кинабго чIагояб даим гьабизе
Киналго чурхдузе цо чилъи кьезе.

Биччай цIалеб хIухьел хIалуцун макьилъ
Бокьараб мехалда дихъа бахъизе;
Нахъа киданиги кепав гIолилав,
Дунги ракIалде щун, виччай кIалъазе.

ТIасалъугьун телин пащманлъи, гъалатI
Гьелъулъ гурин досул аслу букIараб.
Дов – тIубан канлъигун хинлъидал лъимер,
Дов – эркенлъиялъул камиллъи, чIухIи.

## ГЪУДУЛЗАБАЗДЕ

*...НагIана батаял чIваби гIенекке*
**А. Майков**

Нилъ гьудулзабазулъ балъгояб жахIда,
Жаниб цоцазде, щцин, беццаб тушманлъи,
Огь, кин рес букIараб гIумру гьабизе
Гьуинго, берцинго, согIлъи лъачIого?!

Щиб гьабилеб? Щивас жигар бахъана
Жиде-жидер рокъоб жужахI бачине,
Гьанже бакI хутIичIо бетIер къулизе,
Киналго къадалъе бан буго загьру.

Щибилеб тIадагьаб талихIалъ рохун,
Нилъ гIадаллъун руго, гIемер релъанхъун.
Мехтарал нилъеда къватIахъ эхетун,
Риххулел минаби руго рихьулел.

РагIул къимат гьечIел пударухъаби
Гьудуллъи, гIумрудул хиянатчагIи –
Нилъеца рукIинел гьал рикIкIадисел
Васазе батила гьаб нух къачIалеб.

Цониги рукъалъул къадал ракьанда
Рукьби мичIилъ турулеб мехалъ,
Нилъер чIаголъидал цо кинавниги
КватIарав историк вачIун бицина.

НагIана батадил гьегьал цитатаз,
Гьаруралгин хварал мехазул харбаз
КигIан гIазаб кьелеб гIолел васазе,
ГIайиб щибго гьечIел пуланзабазе!

Огь, пашманаб къисмат! – гьаб бугеб захIмат
Кепалда рукIине лъикI гьечIеб мехалъ,
Цинги доцентасул кIалзухъе ккезе
Критикал цIиял рижизаризе.

Дун вегизе виччай чIахI-къулалда гъорлъ,
ВорчIи гьечIеб макьид кьижизе даим.
НагIана батаял, тIахьал, гIенекке:
ГIумруялъ дица нуж кидаго хъвачIо.

*Сергей Есенин*

## АННА СНЕГИНА

*(поэма)*

1

Родово – нижер росу –
КIинусгогIан цIараки,
Гьаниб чанги бакI буго
РакI бохилеб, бихьигун.
Рохьал, хIорал, гIидраби,
Нижее гIолеб хур-мегъ,
Нухазул сверабазда
Ссиялда бигьараби.
Ниж бергьарал чагIиян
Чин-цIар цIехолел гьечIо,
Амма щивасул ахIи,
Махх ккураб тIохги буго.
Байрамкъояз гьан-нахги,
Гьакълил цIурал хъубиги,

Гьоболлъи нижехъ базе
Бокьулел хIакималги.
Нижеца, цIараб мехалъ,
Магъалаби кьолаан,
Магъулаби – судиял,
Гьезий гьеб гIолароан.
ГIатI, ролъ жеги тIадеги
Гьез тIалаб гьабулаан,
Гьабилеб щиб кьечIого
Кьуризе рес гьечIеб халкъ.
Амма чагIазул рухIал
ХIакъалде рачIунаро,
ХIакъираб Криуши
Квеш балагьана нижехъ.
Мадугьалихъ гьеб росу
Бекараб гьоко гIадаб,
Пурцида хIинцал оцал,
ХIалица бекьулеб ракь.
Цо гIадилаб ракI ани,
ГIатIидаб гьаб мегьалъе,
Амма гьазул гIащтIазе
Нижер рохьал рокьана.
ЦIакъго гIасилъарал гьел
Нижеца тIадго ккуна,
Ккараб гьеб питнаялъулъ
Паркъана чармил ярагъ.
Нижералгун дозулал
Дандхурхун хвалилаб кьал,
Хадуб гъугъана гьаракь:
«Бегавул чIвана» – абун.
ЧIун хутIана жамагIат,
Жаваб кье суалалъе...
Сибиралде витIана
Судалъ анцIго бихьинчи.
Цо сахаб къо росдада
Гьелдаса нахъе лъачIо,
Лъабго соналъ иргадал
Гъолеб цIа, хъолеб боцIи.

* * *

Гьеле гьединал харбал
Пургунчияс даррана,
Дагьабго рахIаталъе
Родовалде унев дий.
Рагъалъ чорхол рухIалъул

ЧухIичIеб тIанкI хутIичIо
Чияр мурадал цIунун
ЦIадаве кIанцIарав дир.
Дица дирго гIагарал
ГIадамазде кьвагьана,
Кьалда гIасилъун, бецлъун,
Вацаца вацал чIвана.
Паракъатаб тылалда
Тирулел даранчагIи
Чиназулгун чвантилги
ЧагIазулъ васикIо дун.
Дир хIукму ккана гIицIго
КучIдуздалъун вагъизе,
«ЛъикI рукIа гIарадаби!» –
ГIодой рехана туманкI.
Дица бичун босана
Гьересияб документ.
Гьеб куц-бегIгун дандчIвана
АнцIила анкьилаб сон.
БухIараб лахIту рагьун
БилбагIараб эркенлъи,
Улкаялда пархана
Гьаниб, доба гIасиго.
ГIатIидал галифабалъ
Кверкьабазда релълъарал
Керенский паркъана.
ХъахIаб чода пахруго.
«Рагъ, тIубан бергьинегIан»,
ТIолеб би, гьегьал чIухIбуз
ЧIвазе ритIулел руго
Боязда хадур боял.
Амма дица кодобе
Кинго ярагъ босичIо,
Рагъда дие улкадул
Дизертиран цIар щвана.

* * *

ГIезегIан бегьулеб нух,
Чорхой рекъолеб гьогьен,
ГъутIбузул гIаркьелазда
ГIарцулаб кунчIи моцIрол.
«Родово гьалеха» – ян
Абуна гьокочияс –
Пургуналъги чуязги
Черх кIвекIана кIванагIан.

Гьанже мех щванин дуе
Шагьабазда квалквазе,
Дур ракI щварав гьабигьан
РикIкIад гьечIо – гьале дов.
Дуда дица гIемераб
ГIарац гьаризе гьечIо,
Амма гIарщаз борцунеб
Нух гуро нахъа тараб.
Кьуна гьасий кIикъого,
КIичIардана «дагь бугин»,
Жегиги къого кьуна,
Кьуркьудана «гьаб щибан».
Гьаб хIалихьатаб лъимер
Лъимадул лъеберго сон,
«Бице, дий цIадищ балеб
Гьал цIвакарал мугьазул,
Дуца гьадин босизе
Дур инсул боцIийищ гьаб?»
Дие жаваб гьабуна
Гьаб гьанзилаб къаркъалалъ,
«Гьанже бугIа, гIатI, ханжу
Хиралъулеб бугила».

* * *

Гьале, гьале гьаб гьобо,
Гьабихъ херав гьабигьан,
Ханждалъан баккараб кIал
КIалъазе сородилеб.

КIиго бицунеб рагIи
РагIулеб гьечIо гьасул:
«Гьай, Сергуха, Сергуха,
Унго, мунго мунищ гьав?
Сваканищ, квачаравищ,
Кий йигей, йорта, херай,
Хех гьабун столалда
Самоварги чедги лъе!»
Апрель лъугIулеб мехалъ
Нух босун унеб гьогьен,
Гьабигьанас данде къан
Къерщелеб дир лага-гIучI.
Гьудуласул гьимулеб
Гьумер гIадаб тIабигIат,
Гьал хъатаз данде цуни
Циги инагьдилаан.

Амма букIананиги
ГЪадинал сагIатаца,
Салам кьезе чи гьечIеб
БачIунге нилъеде мех.
«ВачIарав кинаб лъаралъ?»
«Цо лъагIел бала гьаниб».
«Гьедин батани, тире,
Гьеб техтеро дуниял.
ТункIил кIалдире жалго
КIанцIула гIемерлъун чан,
ГIурдахIаби абуни
Москва хьихьизе гIелел.
Исана ункъабго сон
Унго нилъ рихьичIого,
Араб куц хехго заман,
Хал гьабизе регIичIо...»
………………………..
Гьедин хабар-кIалалда
КIияцаго ссиялда
Гьаб самовар чIехьана,
Свак дида кIочон тана.
НекIо букIараб гIадин
Хъабарчаги гъежда чIван,
Дун чIарал гIариялда
ГIодов вегизе ана.
Унев вуго дун ах чIван,
Нуха тIугьдузулъ гьумер,
Сверун хьухьараб гьабу,
Гьолъул тIанхал дир тIелхалъ.
Гьагъаб цо нуцIил кIалтIа
Дир анцIила анкьго сон,
Цо ясалъ вас кIваричIин
КIазид бахчулеб керен.
КигIан рикIкIалъаниги,
РекIелъ свинчIо доб сипат,
Доб нилъер ккараб рокьи,
Нилъехъги ккараб рокьи.

2

Сергуша, тIаде вахъа!
Жеги хъахIлъи лъалелде,
Хъухъанчадалги гьарун
КIодо балагьун йигин.
Дунго гьабсагIаталда
Гьайда Снегинахъе –

– Гьей гьаний кверщелчIужу
Киналго сагабазул.
Сон дица рохьор чIвана
Бахьи бугел мокъокъал,
Жакъа къадеквание
КъачIана гьал гьелъие.
Салам, гIумруялъул къо,
КъунцIа-кIутIун вахъана,
ХъахIаб гIечул гъутIбузда
Шуршулел щубил гарал.
Дида ракIалде ккана
КигIан камилал ругел
Сверухъ кибго гьаб ракьги
Ракьалда тIад чигиян.
Чамал гьал рагъда хутIун
Хварал, чIварал лъукъарал,
Чамасул къаркъалаби
Къоринир жанир лъурал!
Чамал жегиги лъелел!..
Лъавудаса араб мех!..
Дир соролел кIаркьаби,
Сири бараб кинигин.
Гуро, гуро, гуро, дун,
Рахсалги ран цIаниги,
Гьаб цIадай кIанцIиларо,
Гьаб кIкIуйдулъе инаро.
Бох камурав, квер гьечIев
Солдатасул квенчIелде
Кинавали ягъзинас
Рехулеб шагьи, капек.
«Гьаха, йорчIами, херай,
Хисун йиго мун дагьалъ...»
ХъегIдилаго гьей кIодо
КIалъалей йиго дида:
«Ишаз хисизаюнин,
Хиялаз некь тIупила,
Гьанже нижер ракьалда
Рокьул гъутIби ракъванин.
Росу росугун рагъда,
Ругъиазда даим чIартал,
Даим мужикъазул кьал .
Кьвагьи чIчIараб къо гьечIо.»
Дирго гIинда рагIана
ГIадамаца абулеб
ГIадлу кибго бихханин,

Пача нахъе реханин.
Цин родоваз рухулел
Криушанал ругин,
ЦIалал криушаназ
Родовазда кьабулин.
Цо рохараб мех гьечIо,
Нух къосараб пакъир халкъ,
Гьезул бутIрузде тIаде
РещтIарабшинаб тIупан.
Щив талихIкъадил пиша
Туснахъал кIалкIала чIван,
Кепалъе такъсирчагIи
Тиризе риччан руго.
ГьечIо кибго хвасарлъи,
Хвел бекьулел руго гьел,
Гьанже къватIир рахъине
Къадгицин буго хIинкъи.
Росе гьал Криушал,
Кверал жидер къотIаял,
Киналго туснахъалъур
Туризе мустахIикъал.
Гьанже гьел цIогьал руго
ЦIидасан рокъой рачIун,
Дозул вугев гьвеяв чи
Прон Оглобинилан.
Гьекъарав вигьунарев,
Рагьу кIалалда гьечIев,
Киналго дагIбаязул
Дадил гIоркьил бетIергьан.
Рагъ лъазабун лъабго сон
Сверилелде вахъун гьас
ТIолго халкъги балагьун
Бегавул чIвана гIощтIод.
Гьел азаргоял руго
Эркенлъуда ханчIелел,
Хвана, гьечIо Россия,
ГьечIо Русь нилъ хьихьулеб.
Дида ракIалде щвана
Гьокочиясул хабар,
Шляпаги гIансаги
Босана дица кодой.
Вилълъана мужикъахъе,
Гьезулгун накъиталъе,
Цевегосев гьудулги
Гьоболги кинигинан.

* * *

Унев вуго бекьараб
Ракьул рагӀал чӀван нуха
Балагьана гьабигьан
Пургунгун данде щолев.
Гьав дида: Сергухайин,
Цо хабар бугин, «чӀайин»,
Цин чӀоло – квар къачӀалин,
Гьеб бициналде цебе.
Дуца радал щибизе
ЩибгӀаги сихӀ бахъичӀеб?
Снегинахъе щвейгун
Гьабин, добин рукӀаго,
Дица гьезда абуна:
Дир цо гьобол вугилан
Гьадинав гӀолохъанав,
ГӀажаибав, кӀарчамав.
Дол дидехун лъикӀ руго,
Лъала ниж анцӀго соналъ,
Дозулъ росасулъ йигей
Яс Аннаца гьикъана:
– Гьобол поэтцин гурищ?
ица «Гьайгьай» абуна.
– БотӀрода рагьараб рас,
– Рас хутӀичӀого гьезул,
– Бикь – бикьараб керчаб кар?
– Вугев кепав господин!
– Кидаха гъов вачӀарав?
– БачӀо гъов щун гӀемер мех.
– Огь, эбел, гьев дов вуго,
Дуда лъалагури гъов,
Лъай босун гӀажаибго
Дихъ гӀащикълъун вукӀана.
Нечарав, гӀадатав вас
ГӀурав куц балагье цо,
Кинабго Россиялда
РагӀарав писатель дов.
Досул иш-пиша гьанже
Гьаваялдасан буго,
Гьарун, ахӀун гурони
Нилъеде ваккиларо».
Цо цӀар бугеб бергьенлъи
Босун вуссарав гӀадин,
Балъго гъоркьан гьалулел

Гьабигьанасул берал.
«Гьанже дуе къо-мех лъикI,
Къаде кванде дандчIвала,
Дица хутIараб хабар
Хадуб бицине тела».
Сверухъ бугеб гIурччинлъи
ГIансица бухулаго
Нух босулеб букIана
Дица Криушалде.
Дир рекIел асаразе
ГьечIо сундулго квалквал,
Сверухъ гъуинал махIал,
Пикрабалъ мехтараб хьухь.
ТIубараб рохелалъе
Дие камун йикIана,
Цо камилай солдатай,
Каранде данде къазе.

* * *

Гьалеха Криуши,
ХъахIал тIугьдузул гьава,
Гьал тIохал рихьичIого
ЛъабгогIаги сон ана,
РагIуларо гьвел хIапи...
Гьаниб бикъа-хъамилин
ХIинкъизе щибго гьечIо,
Щибизе турараб ригь.
Пронил азбаралда
Мужикъазул къец-дагIба,
БогIол панзил, ххамазул
Хисардулеб багьадул.
Бицуна законазул,
Борцуна толеб-щолеб,
Дун гьазухъе вачIана
«РорчIами», гьудулзаби.
«О, чанахъан, лъикI щварав,
Щиб хабар, гIодо вукIа»,
ГIенекке мун, ургъелгьечI
Пал нижер унтабазухъ.
РагIулеб лъикIаб, квешаб
Щиб бугеб Питералда,
Гьегьал министралгун
Мун дандчIвалев ватила?
Мун кулакас куцарав
Гьадин гIадада гуро,

ГIоралъ йосун дур эбел
Йихьуларелъуй аяв!
Амма кин букIаниги,
Мун нижерго чи вуго,
Дур чорбазулъ гьалдолеб
Мужикъасул би буго.
Дуда бугьтан лъеларо,
ГIайибал гьариларо,
ГIезегIан бакIал лъана,
Дур ракI нижей хисичIо.
«Дун машгьурав, тIокIавин»
Мун тIохазде вахинчIо,
Нижер тIалаб гьоркьоб тун,
ТIадегIанлъи бищичIо.
Бице господазул ракь
Ниж рекьарухъабазе
Бикьулебищ чIобого,
Я гьеб чIандахабарищ?
Цо-цо ахIи рагIула
Жеги заман щун гьечIин,
Ракьал рукIахъе тейин,
НекIсиял бетIергьабахъ.
Щайха гьедин батани,
Гьаб питна, гьал фронтал,
Нижеца цоял чIвалел,
Цогияз нижги чIвалел.
Цо пашманаб гьимигун
Дир гьурмахъги берахъги
Балагьула гьав щивав,
Щиб жаваб кьолебали.
Дун ургъалица цIола,
Аби рагIи гьечIо,
Болъода хIокIал сверун
Сородула, гьелчола.
Амма рекIелъ хутIана,
Пикрабалъа унаро
Гьез дида гьикъараб куц.
«Бице, Ленин щивилан?».
Дица жаваб гьабуна:
«Гьев вугила нужила»,
Гьел сас тун гIенеккарал
ГIодоре риччан чIана.

3

Хъерщана, щурщудана

Щибаб цололъан харбал,
Дир хералъги гьел хъирмал
Хъурана тIатIала лъун.
Цо нухалъ рокъов щварав
КъватIив сверун свакан дун.
ТахбакIида цодагьалъ
Гъапуллъизе вегана.
ХьуцIил реччел бакIарун
Гьеб баччулеб чапаралъ
Дир черхалъул рукьдузулъ
Бекьана хьухьил гьогьен.
Лага-гIучI содорана,
Сири бараб кинигин,
Цин квачан, цинги бухIун
Цаби къерщолеб гъаргъар.
Гьеб нагIана батаяб
ГIакъуба гьекъолаго
Ункъо сордо-къо бана
Къандалъогун вагъилев...
Дир хIикматав гьабигьан,
Гьасда щиб жо абилеб,
Кив щваривин вачIана
Цо щиялиго ячун.
Дида бихьана гьелъул
Рахь гIадаб хъахIаб партал,
Паркъана дир беразукь
Цурдалъел гIадал къалал.
Цинги гьеб гъаргъар сасун
Дун цодагьав сахлъигун
Щуабилеб къоялде
Дагьаб къуват рещтIингун,
Дун гIодов хIетIеги цун,
Дагьалъ тIаде вахъингун,
РагIана гьелъул гьаракь:
«Гьа, здравствуй, хирияв».
Чанги хаселал ана,
Нилъ цоцада рихьичIо,
Дун рокьо гIанасей яс
ГIуна, кIодолъун йиго.
Дур абуни рагIарав
ШагIир вахъана гьанже,
Щокълъи-бухIи чучичIищ
Дур чорхол? Гьа гIодов чIа.
Дир дагьаб хIал хисана,
Дуда квер хъвараб мехалъ,

Кквезе кIвечIо, угьана
Балъгояб хIухьел дица.
Лъица гьадин лъутIарав
Лъугьарав мун батIияв,
Лъутун арал дол ихал
ТIокIал тIад руссинаро.
Кавуялъул кIалтIа нилъ
КIиялго цо бакIида
Цадахъ рукIарал сардал
РакIалдаса унаро.
БукIинеб-гьабилелъул,
Гьунар-цIаралъул къасдал,
Дурни чIор гIужда щвана,
Дирни чIваби тIутIуна.
Кьерилав офицерас
Дун беццлъизе гьаюна,
Дир пахруял хиялал
Хабалъ жанир тIупана.

* * *

Дун балагьана гьелъул
Гьайбатаб гугьаралъухъ,
Пикру щибго гьечIого
Щурулеб каламалъул.
Дие бокьун букIана
Гьелда «чIайин» абизе,
«ЧIалгIараб гьеб кечIалъул
Бакъан хисизабеян».
Амма щаян лъаларо
ТIатIал кколарел кIутIбуз,
«ТIейго, тIеян» абуна
«Те, теялъул» бакIалда.
«Дида ракIалда бугин,
КIочонарин доб механ,
Дун вохарав вугилан
Гьаб нухалъги мун дандчIван.
Дица дуе цIалилин
Мехтараб Русалъул кечI,
Гьаб дир керен къакъалеб
Цыганазул къварилъи!»
«Сергей! Дуй лъугьараб щиб,
ЩайтIабазищ мун ккурав,
Дир керен бухIулеб куц,
Дун дуда гурхIун йиго.
Улкаялда машгьурал

Дур мехтарал питнаби,
ГьечӀищ гьелъие сабаб
Сунде, киве гьурав мун?»
Лъаларо. «Лъалеб лъида,
Дудаги лъачӀонани».
«Дун хаслихълъи гӀекколеб
ГӀужда гьавун ватила».
«Дуе гьаб махсаро, кечӀ»,
«Дуеги гьедин, Анна!»
«Йокьулей йигищ?» «ГьечӀо»...
Гьедин батани, хасго
Бегьилищ дурго гӀумру
ГӀадада хвезабизе...
Дуда цебе бугеб нух,
Цогиял бахиллъилеб...
Сверухъ хьухьал щапана,
Щаяли дица кверал
Гьелъул квертӀахелалгун
Кверлъеналда хъва-хъвана.
Доб некӀсияб букӀараб
РекӀелъ хутӀичӀониги,
Хиялазулъ цӀилъана
Дир анцӀила анлъго сон.
Доб бахӀараб гъираялъ
Черхалда куркьбал гъуна...
Гъоркьа палугьан гӀадин
МоцӀ кӀарун белъанхъана.
КӀиялго ратӀалъана
Сордо ун къо щварабго,
Къвакулел нижер берал,
БичӀчӀулеб цо кьуркьури!
Буго кинабалиго
Камиллъи риийалъулъ,
Рии бачӀараб мехалъ
Нилъехъеги бачӀунеб

* * *

Дир гьабигьан, гьабигьан...
Гьас гьаг гьавичӀони дун,
Цин дова, цинги гьанив
Почтальон кинигинан.
Жакъаги кагъатгун гъов
Вортун вачӀана дихъе,
Лъихъниги рокьиги ккун
Квен кӀочӀарав чи гӀадин.

Кагьтида хъвалеб буго:
«ВачIа Сергей дихъеян,
Духъ урхъарав, чIалгIарав»
Гъолбас: «Прон Оглоблин».
Унев вуго! Щвана дун
Гьале Криушалде,
Кавудал кIалтIа вуго
Валагьун чIун Оглоблин.
Сверухъ янгъизлъараб халкъ,
Гьезул мехтараб гьаракь,
Гьоркьоб биччалеб гьечIо
КъечI, рухIалде щун щибго.
«Ле, нуж! ХIутI-хъурмил уммат!
Унго заман щун гьечIищ
Зар бихьизе гьабизе
Гьадал Снегиназда.
ГIемер чIичIидичIого,
ЧIанда-хабар жибго тун,
ЧIобого нилъехъе ракь
Кьолебищ, кьоларебищ?»
Цинги дида бер чIвайгун
Дагьаб хIапи хисана,
Жеги рекьарухъаби
«Рукьалда разе кколин».
«Бице дуца, Проша,
Щибизе дун ахIарав?»
«Узухъда, мун ахIарав
Хурзал регизе гуро,
Яги хурдулги рецун
Магьал гьаризе гуро.
ГьабсагIат чу бачIина,
Снегиназул доре
Дагьалъ кIалъай гьабизе
Нилъ кIиялго рилълъина»
Гьамут чуялда бала,
Чуги чуйищ гьеб ябу,
Чи ккани гьеб босулев
ГIарац дицаго кьела.
Нухалда цин ццидахун,
Цинги кIарун релъанхъун,
Ниж гIисинаб бакъаналъ
Накъиталда рилълъана.
Гундби рихьараб мехалъ,
Яги эхеденухалъ
Гьаказда чIвалел кверал,

Унго, букIараб чIваркьи.
Щвана ниж ригьзабазул
Рагьабазде гIагарде,
ГIодор чIана цодагьалъ
Цебе бугеб ганчIида.
Бахчаялда жанир ун
Гъеждаса хIур лъухьана,
РекIелъе жаниб унеб
Буго жасминалъул махI.
Жанирокъосан ахIи
Ахират лъилалиго»
Гьанже гIоде, гIодуге
«Гъосул гIумру лъугIана.
Гъов цIорораб жаназа
ЦIидасан вахъинаро,
Яхъа, рагьу рагьизе,
Каву бухулеб бугин...»
Рагь-рагъун ана кIал-кIал,
КIалтIа рахьхъахIаб гьумер,
Пашманай чIужугIадан
Дир Прон гьелда ракьин.
РачIинехъего гьесул
Бадир гьесулел килщал,
«Какищ гьанже дуй балеб,
Кье дур чIахъен чIобого».
Гьай пикруто гьечIого
Гьадинго гIенеккана,
Цинги дихъги балагьун
Бигьа гьабун абуна:
«Мун вачIарав ватила
Дир ясалъухлэе щвезе,
ГьабсагIаталъ бицина
Дица долда, дагьалъ чIа...»
Гьанже дида баянго
Беразда цебе чIола
Доб букIараб гIажалаб
ГIумруялъул горсвери.
Бигьа букIинчIо дие
Гьелъул гьумер бихьизе,
Гьабилеб кумек кииаб
Ккараб къварилъиялъе.
Гьай гIодана: «ЧIванин гъов,
ЧIванила Боряйила,
Берзукьа тIагIа мунан
ТIокIалъ дун жийго тейин.

Мун хIинкъарав, къадарав
КъватIал рорцунев гьанив,
Гъосул къанщарал берал,
Къаникь жанив лъурав гъов.
Унго, киназго гуро
Кинабго гьаб хIехьолеб,
ЦIакъго гIурхъи бахани,
Долъ чIвалел гIайибаца.
Гьумералда, черхалда
Бараб чанхъикьа гIадин,
ЧагIакьа нечон дица
Абуна Пронида:
«Гьанже гьай нилъер рагIи
РагIулеб хIалалъ гьечIин,
Нилъейго пайдаялъе
Гьакълил рокъой рилълъинин'

4

Дица чапар тIамуна
ТIолалго роол моцIаз,
ТIокIал ракIалде щвечIо
Гьелъул гьумерги цIарги.
ХьуцIил хIанчIил тIанчIица
МагIу гьабун тIагIана,
ТIул-ракIалда, каранда
Квеш рукIарал бугьтанал.
Маялъул сордо гIадин
ГIедераб, къокъаб рии,
Къваридаб нилъер ватIан
Янгъизаб гIотIол тIегьай.
ТIад ракьала кибго хьухь,
Квачараб рогьел, гьогьен,
Бигьародул каранда
КучIдулгун хIанчIил тIанчIи.
Дир гьабигьанасул кIал
КIалцIи бараб чол гIадаб,
КIолеб гьечIо бахчизе
Гьалда рохел жакъаги.
«Сергуха, бугеб сачма
РачIа гьанже чIехьелин,
Дол чIваразул рухIазе
РухI бахъилин гIанкIазул».
Дир чIалгIенги макьуги
Ракьалда кIочон тезе
Чанахъанлъуде щвараб

Дида щибго батичIо.
Гвангъараб моцI кинигин,
Жакъа маркIачIугIужалъ
Дихъе вачIана Прон
«Гъудулго- гъудулилан...»
Гьале гьардараб талихI,
Гьале панаяб сагIат,
Салам кье, гвангъана цIва,
БачIана цIияб власть.
Нилъеца бечедазда
Бачина гьанже михир,
Мегъ-рохь щибго кьечIого,
Кьурун бахъила гьезул.
Гьанже гьаб Россиялда
Советал гIуцIун руго,
Ленин гьезул комиссар,
Гьел киназулго бетIер.
Дир гьудул, гьале хабар,
Гьале гучаб хис-баси,
Хвезе дагьалъ хутIана
Кутакалда вохиялъ.
Дир вацасул абуни,
ТIажуцин биччун буго,
КIодо гьабихъ хутIаяв,
Гьумерги ахтудал цIун.
Миккидал куркьдал гIадаб
Кепаб хъахIилаб свери,
Коммуна бищун цебе
Гьабила дица росулъ.
Пронил вац Лабутя
ВукIана квешав лоти,
Кваналеб-гьекъолелъуб
Хьагиниб гел кинигин.
Кидаго бицардулев,
Кидаго веццардулев,
ХIинкъи тIаде бачIани
Бищун цеве тIурулев.
Гьеб коцонир куцарал
Мужикъал дагьал гьечIо,
Гьайгьай, дандчIван ратила
Гьеб тайпа нужедаги.
Лабутял каранда бан
Килас-медаль букIана,
Япониязул рагъда
Гьесий щвараб шапакъат.

Мехтун хъегӀулеб гьаркьид
Гьав хъудулев вукӀана,
«Льяоналда цӀар арасе
ЦӀураб сумка кьейила».
Хадуб гӀемер гьекъеялъ
ГӀакълу босун арав гьав
«Порт-Артур тушбабазе
Щванилан» гӀодулаан.
Мадугьаласул гъежде
БетӀерги гьетӀизабун,
Дир гьудул Петяйилан
Мехтараб суал гуро,
Дир лебаллъи рикӀкӀада
Ляояналъ лъалеб.
Лъаларел гьал чагӀазда
Щибжо дица абилеб?».
Кверазда пйнкьал гьечӀел
Гьединал гӀемер руго.
Гьегьал цалалъ гьанир
Гьегьал цалалъ сентӀелел.
Гьале гьав бищун цеве
Советалде вачӀана.
СундукӀалъул ахада
Килас-медаль бахчана.
Амма кин букӀаниги
НекӀсияб пахруялда
Бицуна Туруханил,
Рехсола Перчинск.
Унго, вацал, нижеца
Гьекъанщинаб къварилъи,
Амма къараб гьаб рачел
ЧучичӀо киданиги.
……………………
Медалал, шапакъатал
Щибаб рагӀулъ паркъелел,
Прон цаби рукъулев
Гьасда бахъараб цциналъ:
Дур эбелги эменги
Гьадин-додин гьареяв,
Гьав бищун цеве ана
Снегинил рукъ хъвазе.
Хабар хадуб бицинин,
Цин боцӀи-панз кьейила»,
Кьуризе риччачӀо гьас
Рахъана тӀолго кулал...

Гьабигьанил абуни......
……………………….
Дир цевесев гьабигьан
Гьанжеги гIакълуялъ тун
ГIомо борлъулев вуго.
Гьаб дир бетIер унтизе
НекIсиял бетIергьаби
Огь, жиндир рукъ бухIаяс
Рокъой рачун рачIана.
Гьелъ цIидасан дир гIищкъул
ГIадалеб щекI тIуркIана,
Гьелъул гьурмахъ хал гьабун
Хиялалълъ сордо бана.
Дида ракIалда буго
Берцинаб, хIикматаб кIал,
«Жиндасан тIекъаб кканин,
Мун тIасалъугьайила,
Вокьулев рос камигун
Квешго кIалъан ятанин,
Кинабго ракIалде щун
Гьанже ракI бухIун бугин.
Дир кьогIаб къисматалъул
Кьодухъ гьакал рекигун,
Гьаб дир согIаб диваналъ
Дуде гьабуна гIайиб.
ГIилла гьелъий цого-цо,
«Дир пашманаб балъголъи,
Гьелъий баян гьикъани,
Гьаб дир такъсираб гIищкъу.
КьечIо цониги талихI
ТамихI гьабичIеб дуе,
ЩвечIо цониги рохел
Цинги дун пашманлъичIеб.
Лъала гьанжеги дандчIвай
Халат букIинареблъи,
Хекко дуца гьекъараб
Шиша гIадин дун тела.
Гьелъ гьанже хIукму ккана
Кинабго рехун тезе,
ТIураларел къотIиял
Къо лъикIан жалго тезе.
Цоги рахъалъ абуни
РакIалъе къабуллъичIо
Къварид гьайизе эбел
Гьел хIарамал дандчIваяз...»

Дица Аннал гьеб накъит
Цогиялъе бачана,
Цодагьав ясберадзе
Жаниведи валагьун.
ЧIор гIадаб лага кверзукь
Газаргъолъун гьетIана,
Гали нахъе босулей
Гьелда дица гьикъана:
«Бице, Анна, бице дий,
Дуда квеш букIун бугищ,
Дур рахъарал кулалги
Гьаб ккараб хиса-басги?»
Данде жавабалъе гьелъ
Пашманго, гIажаибго
ГIодой риччана тIелхал
Рахчана дагьалъ берал.
……………………..
«Балагьея, рогьалил
Канлъи гIурде щун буго,
ГIаздада цIа кинигин
Гьеб кенчIола, гвангьула...
Гьалъ дида щиб жояли
Щвезабула ракIалде,
Щибан хадув гъоларо,
Щиб жо доб?
ЧIая, чIая?
Агьа...
гьанже кантIана,
Дида ракIалде щола
РикIкIад хутIараб канлъи
Нилъер гьитIинаб заман.
Дур анцIила анлъго сон,
Дир анцIила анлъго сон,
Нилъ цо кавудал кIалтIа
КIиялго гIодор рукIун.
Хадуб хIанкъва гIадаб квер
ХIеренго дихъеги кьун
«Кьижизе мех щун бугин»
КIвар гьечIого абуна...
Бакъ ун, къо лъугIарабго
Гъой киялиго ана,
Кире, щиб гьабизедай?
Дида щибго лъаларо.
СагIтазул гуронани
Сангарал гьечIеб авлахъ,

СанагІатаб нух гьениб
Батизе захІмат гьечІо.
Дир беразукь паркъарал
Гьадал ишал кІочана,
Пронил щиб ккарабали
Хадуб дида лъаларо.
Дица лъураб куцалъ нух
Питералде босана,
Гьелъул сверабалъ чІвазе
Дир чІалгІенги макьуги.

5

Гьал бицун хІалкІолебищ?
ХІинкъарал согІал сонал!
Солдатазул «гьай эбел» –
Гьундузул сверабазда!
Огь, лебаллъи, лъалиниб
Лъун кинго букІунареб,
Лъеца гьумер чуричІеб
ЧамгІаллъи роялазда.
Тамбовалъул панзие
Фокстрот хъвалеб буго,
БугІагин картошка кьун
Патефоналги росун,
Гьай лазат, мужикъаца
Танго бачунеб буго.
Ана гьалдолел сонал, –
Цин гьанир, цин дора чІван.
Хурухъаиасул рикъзи!...
Мукъсанаб, канлъи свараб,
«Керенокал», «Ходеял»,
Хадуб гьаб-доб, цогияб.
КигІан шушби гьекъарал
Гьукъараб чамгІаллъидал,
Гьаб ракьалъул кверщелчи,
Кинабго боцІул бетІер.
Цо-кІиго цІураб кІатІан
КІалдибе тІезе кьуна,
ТІилица мугъ бухизе
Барахщулев вукІинчІо.
Гьа, гьебни гьедин тела,
Гьи-гьи, гьам-гьам гІун буго,
ЛъугІулареб гІузрудахъ
ГІемераб зигардун щай.
Жакъа дир гьабигьанас

Почалъ ругъел бачIана,
Проние ккарабги
Гъесул кагътида буго:
«Дир ракI щварав Сергуха,
Салам дуде урхъараб,
Мун нижехъе щвечIого
Щуго-анлъго сон ана.
Щиб мун, барщунищ вугев,
Гъанже криушалгун,
Кинабго тун, нижехъе,
Их бачIарабго, вачIа.
Хъвазе кагъат гIеларо
Гъанир ккарал ишазул,
Карачелал цодагъалъ
Гъанже-гъанже лъалхъана.
Дуда лъа, къоабилелъ
Прон Оглоблин чIвана,
ЦIакъ дагь гуреб халкъалде
Паракъатаб мех щвечIо.
Расея...
ГIантаб гъобо
Гъаниб-добе тирулеб,
Бокьанани божа мун,
БокьичIони божуге...
Дирго гIинда рагIана,
Дирго берда бихьана,
Цо нухалъ деникиназ
Криуши босана.
Цингиги байбихьана
Балагьазул «махсара»
Казаказул цIалица
ЦIа боркьулеб чIурхбузда.
Гъеб гъелегъараб цIаялъ
Пронги вачун ана,
Гъесул вацин абуни –
Бицинего бицунге...
Гъев чIарал магъилъ вахчун
ЧIаго-гIатIго ворчIана,
Хадуб криуши тун
Казакал тIагIаралго
Гъезул чуял рихьулел
Рохьазде тIерхьаралго
ТIохде вахун Лабутя
Мехтарав гъаркьахуна:
«Огь, жиндир гъунар-гучан,

Гьабураб лебаллъиян,
Жиндир каранда байин
БагІараб орденилан».
Сергуха, абиларо
Гьаниб алжан бугилан,
Амма рукІарал накІкІал
Гьаниса рикІкІалъана.
ВачІая цо вохизе
Мун хирияв гьабигьан,
Гурони хІакъ батила,
Гьаб хІалалда дун тани».

* * *

Июналъул сардил хьухь,
Дун сапаралъ нахъойги,
Сверулел руго нухал
Эхедегун-эхере.
МоцІрол меседил канлъи
ГъутІбузул каразда тІад,
Цин раккун, цинги тІерхьун
ТІох, ах, килиса, ицц, лъар...
Цо лъикІаб бегьулеб нух,
Байдан, зваргъолеб цІумур,
ЦІидасан, некІо гІадин,
Дир каранлъ кІетІолеб ракІ.
Гьалеха добго гьобо,
Гьале довго гьабигьан,
Ханждалъан баккараб кІал
КІалъазе сородулеб.
КІиго бичІчІулеб рагІи
РагІулеб гьечІо гьасул:
«Гьай, Сергуха, Сергуха,
Унго, мунищ, мунищ гьав.
Сваканищ, квачаравищ,
Кий йигей, йорта, херай,
Хех гьабун столалда
Самоварги чедги лъе.
Сергунь, дир меседилав,
Мун цодагьалъ гІенекке...
………………………
Мунги сонал рарав чи,
Цо сайгъат буго дуе,
«Сайигъатищ?» «Йохъ, гуро»,
Гьадин цо кагъат буго,

Почалдаса гьеб босун
Бана кIигониги моцI».
Дун кагътихъ балагьана
Киса-лъил гьаб букIараб,
Цо лъалеб кIвар гьечIеб хатI,
ТIад Лондоналъул печать.
Дица конвертги рагьун
Гьале цIалулеб буго:
«Мун чIаго, сахго вугищ,
Дунги саламат йиго,
Дида сардил макьабалъ
Даим цере тIамула
Доб минаги, азбарги,
Ахги, дур рагIабиги.
Рагьдул кIалтIа кIиялго
ГIодор рукIараб бакIги.
Къисмат данде ккечIей дун
Дудаса рикIкIад йиго,
ГIагараб Россиялда
ГьабсагIат апрель буго.
ХъахIал махигъутIбузда
ХъахIилаб хIухьел хьухьил,
ХъахIаб кагътиде дица
Ургъел бикьулеб мехалъ.
Мун гьабигьангун цадахъ
Гьанже чIарал магьида
ЧIоролабазул гьаркьихъ
ГIенеккун цере чIола.
Дун къо гьоркьоб течIого
Гаванаялде щола,
Гумузухъ балагьизе
Гьанир рачIунел, унел.
ХIинкъунищ йохунищан
Хал гьабула гьезда тIад
БагIараб Совет байрахъ
Парпадилеб бихьигун.
Гьанже доб къуватги щун
Щобде бахунеб буго,
Дирни нух баянлъана
БатIияб – тIокIаб гьечIо.
Амма цевего гIадин
Мун дий гIагарав вуго,
ГIурччинаб их кинигин,
Урхъараб ватIан гIадин».
... Кагъат, гIадатаб кагъат,

ГIилла гьечIого хъвараб,
ГIумруялъ киданиги
Дица гьадинаб хъвачIо.
Цебе букIараб гIадин,
Хъабарчаги гъежда чIван
Дун чIарал гIариялда
ГIодов вегизе ана.
Унев вуго дун ах чIван,
Нуха тIугьдузулъ гьумер,
Сверухъ хьухьараб гъабу,
Гьелъул тIанхал дир тIелхалъ.
Гьадаб цо нуцIил кIалтIа
Дир анцIила анлъго сон,
Дой ясалъ вас «кIваричIин»
КIазид бахчулеб керен.
КигIан рикIкIалъаниги,
РекIелъ свинчIо доб сипат,
Доб нилъер ккараб рокьи,
Доб нилъер ккараб рокьи.

*1925 сон, январь,*
*Батуми.*

*Владимир Маяковский*

## СОВЕТ ПАСПОРТАЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЕЧI

Гъаб бюрократизм
Хъурмица гIадин
Хъарсилаан дица,
Мандатаздехун
ХIурмат билун буго
Бокьараб кагъат
Бокьараб гьвел кIалдиб
Реххулеб буго.
Амма гьаб...
ХIалимав
Чиновник гьале
Гамил купеязул
ва каютазул
Халатаб фронт чIван

Вуго вачIунев
Гьасухъе паспортал
Руго регьулел.
Дицаги бегьана
Дир пархулеб
Чан-чахарал жилдал
Ругеб книжка.
Цо-цо паспортазде
Вихxун гьимула
Цогияхъ гьвел гIадаб
Балагьи буго.
Гьале хIурматалда
Босула кодоб
ГъалбацI тIад бегараб
Ингилис паспорт.
Жиндие гьекъезе
Чай кьураб гIадин
ЧIечIого къулизе
БетIерги гьабун
ГIагаравчиясухъ
ГIадин балагьун
Американасул
Босула паспорт.
Польшаялъулалъух
Балагьула гьав
Жибго игIланалъух
ДегIен кинигин.
Пил гIадин пуншула
Гьав полицияв
Бераца кIвар гьечIеб
Ишанги гьабун
Гьединаб улкаги
Киб букIарабан
Щиб жагърапиялда
Гьеб хъван бугеян.
БетIер гьетIичIого
Бер бусинчIого
Щибниги ракIалъе
Асар гьечIого
Росула датазул
Гьезда релълъарал
Гьегьал шведазул
Паспортал кодор.
Гьале цойидасан
Гьав хIакимасул

ЩIа рекIараб гIадин
КIичIун ана кIал.
Гьав хIакимас кодоб
Босулеб буго
Дир жилдал багIараб
Совет Башбилет,
Босана кодобе
Бомба кинигин.
Босана кодобе
ГIужрукъ кинигин,
Босана кIиябго
Рахъал рекIараб
Хъвалаго къотIулеб
Нус кинигинан,
Босана кодобе
Къого хеч бугеб
КIиго метра бугеб
Борохь кинигин,
Дуй чIобого къайи
Баччананиги
Къайи бичулев чи
Гъоркьан къинкIана
Гьелъулъ кIудаб магIна
Бугеб кинигин
Жинда кинабго иш
БичIчIараб гIадин
Щиб гьабилебан
Гьикъулеб гIадин
Балагьула жандарм
Жасусасдехун
Жасусас тIамула
Гьебго куцалда
Гьев жандармаясде
СихIирго берал,
Кинаб гьираялда
Бегьулебани
Гьаб жандармаялъул
Агьлуялъ гьаниб
КъотIунги,
ВетIунги
Рeххилаан дун,
Дида кодоб
КвартIа
Нилъ
тIад бахъараб

Советазул паспорт
БукIунин абун
Гьаб бюрократизм
Хъурмица гIадин
Хъарсилаан дица...
Мандатаздехун
ХIурмат билун буго.
Амма гьаб...
Дица дир
Халатаб тIаждал
ГIатIидал чунтбуха
Бахъулеб буго
Багьа-къимат гьечIеб
Бищун бечедаб
Къайиялъе бугеб
билет кинигин.
ЦIале гьаб
ва урхъа
Дихъ балагьун,
Дун
Советазул Союзалъул
Гражданин вуго.

**РОКЪОВЕ!**

Рорта дир пикраби гьанже
рокъоре,
А, ралъдал ва рекIел
Гъварилъабазде
Даим пикру гьечIев –
Дир пикруялда,
Гьев
ВукIине ккола
Гьадинго вахьна,
Дун гьаб гамаялъул
Бищунго квешалъ
Квешабин абулеб
Рукъалъув вуго,
ТIубараб сордоялъ
Дир ботIрода тIад
ХIатIазул чвархъи-хъуй
РагIулеб буго

ТIубараб сордоялъ
РахIат хвезабун
РагIула сухIмат-кеп
АхIула сарин:
«Маркита,
Маркита
Ва дир Маркита,
Дун шай вокьуларев
Дуе Маркита»
Вокьун шибизе дун
Гьай Маркитае
Дида кодоб гьечIо
ХIатта цо франк
Маркита абуни
(цохIо жо къваке!)
Нусго франк кьуни
Кабинеталда
Дургун кеп босизе
Йиго хIадурай.
ГIемер боцIи гуро –
– Бечелъиларо
Гуро, хъулухъчияс
Хъублъиги бацIцIун
Гьелъухъе бегьизе
Буго машина
Жиндир рукIкIеналъул
ТIеренал куназ
КучIдузул халатаб
Дарай букъулел,
Пролетариял
Коммунизмалде
РачIуна кидаго
Гъоркьа тIарада
ТIорччол магIданазул
Гъварилъудасан
ГъуцIдулгун, кучIдулгун,
Нилъгун,
КвартIагун.
Дунилан абуни
Коммунизмалде,
КIочIол зобаздасан
Вуго вачIунев
Щай абуни дие
Гьеб гьечIонани
ГьечIого ракьалда

Сундего рокьи,
Бокьухъе кка абе,
БатIалъи гьечIо
Яги дийго бокьун
ВачIарав вукIа
Яги бокьараца
ВитIарав вукIа
КIалзул чарамалда
ТIад кьаву чIвала
КучIдузул пахьалъул
Кьер чIегIерлъула
Щай чияр ракьалда
Чваххун цIадазукь
Виччизе
Чуризе,
Туризе дие?
Гьале вегун вуго
ВатIан тун рикIкIад
ХIалалъ руго
Лугбал
Дир рагъарулел
Дида дунго
Совет
Заводин ккола
ЗахIматал хIалтIабалъ
ТалихI бахъулеб.
Дие бокьун гьечIо
ХIалтIи лъугIигун
Дун хIалтIухъабаца
ТIегьлъун ветIизе.
Дие бокьун буго
Щибаб санае
Госпланалъ хIалтIи
Дида тIад къазе
Дие бокьун буго
Даим замана
Хъатикь амруги ккун
Комиссар гIадин
Гьал дир пикрабазухъ
Халккун вукIине.
Дие бокьун буго
Харжалде тIаде
Халкъалъул рокьиги
Махщалихъ швезе.
Дие бокьун буго

Заман лъугIигун
Завкомас дир кIалдиб
КIулал рахазе,
Дие бокьун буго,
БегIераб къалам
БегIераб хечалда
АскIоб рикIкIине,
Хъазан,
Чараналъул
ХIалтIулго гIадин
КучIдул гьариялъул
ХIалтIул хIакъалъулъ
Политбюроялъул
Рахъалъан вахъун
Докладал гьаризе
СТАЛИНИЦА:
«Гьеб куцалъ
Гьединан
Цере анин нилъ
Дол хIалтIухъабазул
Сверабаздаса:
Совет республикаялъ
КучIдузул бичIчIи
ЦIикIун бугин
Рагъда цебеялдаса»...
*1926*

## ГЬАЛМАГЪ ЛЕНИНИДЕХУН ГЬАБУРАБ КIАЛЪАЙ

ХIалтIабаз,
Ишаз цIун
ана нахъе къо,
Къаси бецIлъи щвейгун,
рокъов хутIана.
КIигоял –
цояв дун
Цогияв Ленин –
ХъахIаб къеда бараб
Ильичил сурат.
Рагьулеб буго кIал
КIалъазе нилъгун,

Михъил расал руго
рорхун эхеде.
КIудияб надалзул
РукIкIалабазда
КIудияб
гIакълудул
буго гIаламат.
Батила гъабсагIат
гъасда цересан
Байрахъазул рохьал...
Кверазул хурдул...
Азар-азаргоял
унел, рачIунел.
Гъале бакIидаса,
рохелалъ гвангъун,
Дун тIаде вахъаиа,
Дий бокьун буго
Гъасий салам кьезе,
Гъавгун кIалъазе.
Гъалмагъ Ленин,
ТIубан рахас буго
гъел ягъзиназул:
Кулакал, гьерсихъай,
гьекъолдухъаби
ХIел – хIелчагIи
цIогьал –
Гъел киналниги,
Значоказ цIезе
курмулги гъарун,
Гъанже чIухIун руго
свера – тирулел.
Нилъеца
гъел тIолго
къакъазе руго,
Киналго къакъазе
цIакъ захIмат буго.
Гъалмагъ Ленин,
КIкIуйдул фабриказдаги
ГIаздал,
харил цIурал
гъал рохьаздаги
Ниж ургъулел руго,
къеркьолел руго.
Нижеца чIаголъи
гъабулеб буго

Гьеб дур цIаралдалъуи,
Дур ракIалдалъун.
ХIалтIабаз, ишаз цIун
ана нахъе къо.
Къаси, бецIлъи щвейгун,
рокъор хутIана
КIигояв: –
Цояв дун,
Цогияв Ленин –
ХъахIаб къеда бараб
Ильичил сурат.

## ГЪАЛМАГЪЗАБИ, БИЧЧАЛАРО!

Гьанже
кIудияб рагьул
хIасил данд босун буго,
История хъиркщулез
Гьелъул рахъалъ хъван буго.
Хъварал тарихазулъан
унтараб
гьаракь буго:
Нилъее
рокьулезул,
нилъее гIагаразул
30 миллион чи
восун вуго гIужие.
Нусго
миллионазул
рокъоб къварилъй, угьди.
Амма гьеб
жужахIгицин
расандийилан тела
Метерисеб
рагъалъул
балагьалде данде ккун.
Пленазда рекарал
киналго мугъаздалъун,
Лъукъараб
черх къакъарал
киналго мугъаздалъун,
Хаслихъе

цIи гьарулел
киналго ругъназдалъун,
Бохдул рекун
ккун ругел
киналго тIилаздалъун,
Рагъалъ кIичIизарурал
киналго кIалаздалъун,
Газаз ракъвазарурал
киналго щекъераца
Жакъа
дуниялалда
бугеб рухIалда ахIе:
– ТIагIа, рагъ!!!
БукIинаро!
КIваричIо!
Биччаларо!
Миллатал
миллатазе
тушбаби гуро, гуро!
Миллатазе
тушманлъи
тушманас ургъун буго.
Дунялалъул хIалтIухъан,
дунялалъул мискинчи,
Мун милатг
ун вагъизе
вахъунге жакъа къватIив!
Пролетариязул аскаралъул мухъилъе
Ахирисеб гьужумалъ
вахъа, борхун хечги
ккун!
«Ракълил хIакъалъул
хабар» –
чIобогояб калам гьеб
Гьал капиталистазул
класс
бугогIан мехалъ –
Буржуязул
гьуинаб
гьеб рикьи къотIизабе.
Къиралазул
бутIрул лъе
бецIхъахIилаб хIохьотIа.
Мунгун хъулухъалъ гуро,
Дирго гьинал ракIалъ

Вуго кIалъалев.
Гьалмагъ Ленин,
Жибго жужахIалъулаб
ХIалтIи гьабун буго,
Гъабулеб буго.
Ракъарал, ратIликъал
КъачIалел руго,
РетIине, квине жо
Гьабулеб буго.
Пахьгун тIурччи бахъун
ЦIикIкIунеб буго.
ЦIи-цIиял магIданал
рагьулел руго.
Гьайгьай,
гьебгун цадахъ
батIи-батIияб
ХутIараб гъалмагъир,
ЧамгIаллъи буго.
Рагъунги къеркьонги
свакала, Ильич,
Мун гьочIого
рорчIун
рого гIемерал.
Нилъер ракьалдаги
гьалда сверухъги
ГьабсагIат
гIемерав
хIалихьат вуго,
РикIкIун хIал кIоларо
гьезул тIокIцIарал.
Миллиоиал векаца
миллионал халкъазе
Рекъел букIине
анцI-анцI
кьарачазул къукъа чIвай!

## КЪОЛЪИКI ГЬАБИ

Авто
ахирияб
франк хисана
– Марселалде
щолел
щиб сагIаталда? –

Париж,
бугеб,
гьечIеб берцинлъиялда
Дунги
нуха регIун,
буго бачIунеб.
Щокърobe бачIана
къулчIулеб магIу,
Къварилъун
лъугьана
дир гьалдолеб ракI.
ГIумру
гьабизеги
хадур хвезеги
Бокьилаан
дие
бищунго Париж.
Гьаб
дуниялалда
Москва абулеб
Дагьабги
лъикIаб бакI букIинчIебани.

## ЧУЯЗДЕХУН ЛЪИКIАБ БАЛАГЬИ

КIетIелел руго щанкIлал
ШигIру ахIулеб гIадин:
чванк,
чинк,
чонк,
чункин
– абун абулеб кинигинан.
Гьород бацIцIун,
ЦIер тIад къан
КъватI буго
ЦIвакун, гвангъун.
КъотIноб хьибиласа чу
Чвархъан гIодоб речIчIана.
Ва цо сагIат гьеб свери
Кисанго кьабун цIуна,
Иш гьечIого гьакIкIалел

РукIарал гIадамаца,
– Чу гIодоб кканин абун
– ГIодоб кканилан чуян,
Релъун, кеп щун лъугьана
Кинабниги кузнейца.
Гьеб ахIиялда гьоркьоб
Цо дир гьаракь жубачIо.
ВачIуна дун аскIове,
рихьула
чодул берал...
КъватI гIаксалда сверана,
Хиса-басун лъугьана...
Рихьула чодул берал
Чвахулеб буго магIу.
Гьеб росулъе лъугьана
Цо гороялда хадуб цояб...
Гьелъул къварилъи бихьун,
Къварилъун гурхIана ракI.
БухIулеб черхалдаса
Чвахун ана дир угьди:
«Чу, кIваричIо,
гIенекке,
Лъилго кколеб гьадинан.
РакIалдейищ кколеб мун
Гьездаса талтихайин?
ГIагараб,
ниж киналго
Дагь чолъе ккарал руго,
Жинди-жиндир къагIидаялъ
Нижер щивав ккола чу»,
Бегьулеб жо, –
хералъе
Харбал хIажат рукIинчIеб,
Ва дир кинабго пикру
Гьелда гьитIин бихьараб.
Амма
гьаб чу
борхана,
бахъун чIана
хIатIазда,
ХIихIидун
рачIги хьвагIун,
Ана тIогьилаб лъимер.
БачIана аваданго,
ЧIана руснихъ эхетун.

Гьалда кколеб букIана
Жиб жеги тIагьи бугин,
Ва бергьараб чIухIигун
БукIана рекIел гьира
ЧIагого хIутIизеги
ХIалтIизеги ракьалда.

**ЦIИЯБ РОКЪОВЕ ВАХЪИНАЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ МЕТАЛЛ БИУНЕВ ЧИ ИВАН КОЗЫРЕВАСУЛ ХАБАР**

Дун пролетар вуго,
бицинего ккеларо.
Эбелалъ дун гьавухъе,
гьабуна дица гIумру.
Ва гьале рукъзабазулаб,
дирго хIалтIухъабазул,
Кооперативалъ дие
чIезе квартира кьуна.
Рукъзабазул гIатIилъи!
Унго, гьезул рорхалъи!
БацIцIадаб гьава буго,
канлъи ва хинлъи буго.
Гьеб кинабго лъикI буго,
амма бищунго дир ракI
Цо жоялда рекъана:
моцIрол канлъигIан хъахIаб
ХIасратаб ракьгIан лъикIаб –
бицун пайда щиб гьелъул –
Гьеб буго, гьале, ванна.
Цояб краналъуб лъим
цIакъго цIорораб,
Цоялъуб абуни –
квер хъвазего кIолареб.
ЦIорораб лъеца ботIрол
кар чуризе бегьула,
БухIаралъ тIомодаса
гIетI бацIцIине бегьула.
Цояб краналда тIад
«ЦIорорабан» буго хъван,
Цогияб краналда
«бухIарабан» буго хъван.
Свакан рокъове щвегун,

Цо чвердезе бокьула.
Я чурпаялъ, я чаялъ
дие рохел кьоларо.
Лъадал хIанчIица гIадинан
лъим чвалхизе гьабуни,
Гьелъул гиди-гидиялъ
хваралги релъанхъила.
Социализмаялде
гъоболлъухъ щварав гIадин,
Черхалъе щвараб кепалъ
вохун хIухьел биччала.
ТIажу гьанцIида бала,
гверде магIида бала,
Кодобе сапун босун,
чвалхан лъелъе лъугьуна!
ГIодов чIола, чвердола
гIемераб заманаялъ.
БитIахъе рокъоб жаниб
риигун Волга буго.
ГIицIго гьенир гьечIел жал
ччугIбигун гумул руго.
АнцIго сонил стажгун
Хъублъи тIад букIаниги,
Хъалагъун бахъулеб
гъотIол макъар гIадинан
КъаргIа тIаса хъущтIула,
хъублъи тIаса рехула.
Мун хIохьлачинавула
ва вагIаризавула!
Гьале, ручка кьурани,
маххул цIалкIуялдасан
душалъги гьогьомараб
цIад чвахизе гьабула.
Унгоха, гьаб душалъул
букIун бугеб недегьлъи!
Сунцаниги дур рекIел
кеп хвезе гьабуларо:
БотIрол расал лъухьула,
кIиябго гIин лъулъала.
Бугьнал лугбузда гьоркьоб
гьодихъан лъим чвахула,
ГIалхул чангIан хучараб
шаршавалъ черх бачщIуна.
ХIатIикь чIабар бакъазе,
мущил турут тIамула.

Рекъезабун матIугун,
цо дихъгоги валагьун,
БацIцIадаб гвердеялде
дун жаниве лъугьуна.
Лъугьана ва ургъула:
цIакъ битIараб буго гьаб
Нилъер Совет хIукумат.

*Аветик Исаакян*

## ДИР ВАТIАНАЛДЕ

ГIурччинаб, беричаб ихдалил тIалъи
Дур тIогьол сундузда руго дир берал.
Гъваридаб, недегьаб эбелалъул ракI
Дур ракьалъе буго кьолеб дир хIухьел.

ПасихIал, хIеренал дур рагIабаца
Дун духъе ахIула, хIайран гьавула.
НекIсияб, хисичIеб берцинлъидал цIва
ЦIилъараб гьормада дида бихьула.

Огь, эбел! Дур гIумру гучаб пирилъун
Дир беразда цебе буго пархелеб.
Армения, даим къисмат бахIараб,
Дур чIухIараб гьаркьил дие гьуинлъи.

## ПИКРУ

МаркIачIул гIужалда хъахIаб ганчIида
ГIодов чIарав дихъе бачIана пикру:
Гьаб дида гъоркь бугеб гIадатаб гамачI
Дида тIад хабалзул зани букIинин.

*Дмитрий Гулиа*

* * *

Макьилъ бихьун буго гIолихъанасда
Йокьулей ясалда убач гьабулев.
Гьев гьелдаса вохун, мехтарав гIадин
МоцIалъ вукIун вуго ракI-ракIалъ чIухIун.
Хадуб йокьулелда убач гьабизе
Гьадинго щун буго гIолохъанасе.
Гьев тIубан лъагIелалъ гьелдаса вохун
Мехтун вукIун вуго ракI-ракIалъ чIухIун.
Цинги бихьун буго макьилъ васасда
Жийго ясалъ гьасда убач гьабулеб.
Гьев цоги лъагIелалъ гьелдаса вохун,
Мехтун вукIун вуго ракI-ракIалъ чIухIун.
Хадуб гьей гьайбатай, урхъарай ясалъ
Убач гьабун буго гьадинго гьасда.
«Гьев тIубан гIумруялъ гьелдаса вохун,
Мехтун вукIун вуго ракI-ракIалъ чIухIун.
Гьасул къасд букIана гIищкъул талихIалъ
Жив гIадин гьай ясги йохизайизе.
Амма гIолиласул гьеб иш гьабизе
Гьунар гIураб, гIечIеб дида лъаларо.

*1956 с.*

*Мустай Карим*

* * *

РакIалде кколаан, квачараб гъури
Сасинин, хисилин, хинлъи бачIинин.
Ракьалда рижарал, ракь гьечIо нилъер,
Нилъедаса ана нилъерго улка.

ГIасияб гIадаллъи гьанже кIалъана,
КIудияб гIакъиллъи гIенеккун чIана.
Гьаб цо гIасруялъул къисмат баччилел
ПарчахIал бихьинал парсахъ рахчана.

ХIалтIи гьечIел кверал ракъвалел руго,
ГIакълуялъ тун, бутIрул бецIлъулел руго,
ГIицIго гьерсаз, мацIаз, цIадаца гIадин,
ЦIогьолаб ахIмакълъи лъалъалеб буго.

Нилъ тIуркIун рорчIила цониги ихдал,

Цинги намуслъила пикрабаз сварал.
... Ракьалда рижарал, ракь гьечIо нилъер,
Нилъедаса ана нилъерго улка.

*Муса Гали*

## ТIАД ВУССА, САЛАВАТ

Ай, гьай, гьай...
НекIсияб бакъанги бачун,
Бакъгун къо инегIан, гIидра тирана.
Гьенир тана дица гIанчIал хиялал,
РечIалел руго дир чIухIарал къасдал.

Ракьалъул каранда квашолеб гьури
Гьардола, гIодула, гIалхул чан гIадин.
Рохь дида данд чIвала хIанчIаца тараб,
ХIинкъадго гъулгъула гъугъдузда дир гIор.

НагIана батараб заманаялъул
Загьру къулчIун, къварид – унтараб улка.
Карандаса гурде тIутIунги рехун,
ТIаде вахъун дица ахIулеб буго;

«ТIад вусса, Салават!» – Дир рекIел гьаракь,
Дандерижи, дуца гъугъазе гьабе!

Гвангъараб гIатIилъи бугеб чиякъго,
Чвахулеб, чвахулеб чвахун балеб цIад.
ЧамгIаллъидал русснал, гьерсил бусаби...
Гьегьал вагIзабаца зурулеб гIакълу.

Багъарун гуро ракь кьватIулеб бугеб, –
КьучI умумуз лъурал къадал гьетIана.
Кьварилъи лахIзаталъ кечIалъ чучила,
Курай* кIутIбузда цун, цо бакъан пуни.

Полпил карачелал, Балтикаги тун,
Дур бахIарчилъи кье нижер рухIалъе.
«ТIад вусса, Салават!» –
Огь, дандерижи,

Дир гьаракь ракьалда гъугъазе гьабе!

Гьалдолсб ракI бахъун, букIараб пири
Гьеб кIочоп таразда бихьизабизе.
Вусса мун, борхараб хвалченгун гуро,
Холареб рухI-жангун Башкириялде.

Билараб лебаллъи, чIвараб гьудуллъи
ЧIаго гьабе дуца, кье наслабазе!
Кьижулеб гьунар-цIар, цIоролеб хиял
Хвасар гьабе дуца, вачIа, вачIа мун!

Гьанже нухги къосун, къориниб кколеб –
Квер кье дуца дурго улкаялъухъе.
Уралалъул ччорбал – дур чорхол жигар,
Гьелъул бидурихьалъ буго дур бухIи.

«ТIад вусса, Салават!» –
                Огь, дандерижи,
Дир гьаракь гъугъдузда гъугъазе гьабе!..

... Ай, гьай, гьай...
                ...НекIсияб бакъанги бачун,
Бакъгин къо инегIан, гIидра тирана.
Гьенир тана дица гIанчIал хиялал,
Огь, чIвалел руго дир чIухIарал къасдал...
                ТIад вусса, Салават!
                                Вусса, Салават!

*ГIабдул ГIазиз Хаджа*

**КИНАБГО ДУНИЯЛ ДУР БАДИБ БУГО**

ЧIУЖУГIАДАН – ДИР ГIАЗАБ

Дир ургъел – чIужугIадан,
Дир унти – чIужугIадан.
Дир гIазабги рокьиги –
Ракьалда чIужугIадан.

Гьелъ букъичIеб цо рукъи

ГьечIо дир гIумруялъул.
Гьелъ гвангъичIеб жеги бакI
БукIинчIо дир къоязул.

Гьелъ, биччай гъуризеян,
Гъугъдулъ чанцIул речIчIараб
Чашка дир божиялъул,
Бокал дир рохелалъул.

Цин хинго аскIой ячIун,
Хадуй ццидахуней куц!
Кинаб гIайиб кканиги,
ГIилла гьелъул бугеб куц!

Нагагь дун ццидахани,
Цо гъой тамахлъулеб куц!
Тамаша, гIазабалъе
Йижарай чIужугIадан!

## ГIАЗАБАБ МУКIУРЛЪИ

Гьаб черхалъ бахчараб рокьул балъголъи
Беразда хIал кIвечIо кинго цIунизе.
Риччарал тIелхалъан тIинкIараб магIу, –
ТIатинабуна гьез балъгояб хIасрат.

Дир рокьул иццазул тархъанлъиялъе
Туснахъ чан борхараб, – риххун щущана.
Щурун абуниги гIищкъул рагIабаз
Дол мугIрул рахана, авлахъал цIуна.

Гьел океаназул карачелабаз
Киналго мацIазда такрар гьаруна.
Дунилан абуни гьарделев вуго,
Гьеб дицаго дида бицунгейилан.

## ЦIИЛЪАРАБ ДАНДЧIВАЙ

Дуда рекIелъ бугищ рикIкIадисеб их,

Доб некIсияб рокьи нилъ кIиязулго?
ЦохIого хIинчIалъул кIиябго кваркьи,
Кире нилъ роржинчIел, кире нилъ щвечIел?

Дица, зодой вахун, цIваби дуй кьуна,
Дур цIар дица гьезул щибалда лъуна;
ШагьримоцI ракIалъул гамадаги лъун,
Гочардана даим дур гIаламалда.

Нахъе кьезе гуро, кьуна думалъ дуй
Дица дир рииял, рогьелал, сардал.
Гьанже салам гьечIо, калам лъугIана, –
Кий арай, дида мун ятулей гьечIо.

Нухалищ къосарал, мехищ хисараб? –
Хвалдаса рикIкIадго ратIалъана нилъ.
Гьанже мун цIидасан дандчIвараб мехалъ
Долго лъалел цIваби цIилъун кенчIана.

Дуда рекIелъ бугищ, кIиязулго их,
Ахазул гIурччинлъи, гIищкъул гьуинлъи?
Гьанже нилъ нахъойги данде чIваладай? –
Дур чIегIерал берал, балъгояб жаваб...

Дицани абила, мун йихьун хадуб,
Дунго хвелеб куцалъ данде къалилан;
Гьеб мехалъ зобалда цIваби кунчIила,
Кинабго ракьалда талихI букIина.

Дун вачIина духъе бакъул канлъигун,
Дуца кечI ахIила дие хIасратаб.

## ГЪОЛЪУЛ ГЬУРМАЛ НУР

ЦIорораб хасалил хинлъи киниги,
Хекко тохлъукьего щвараб их гIадин,
МоцIролги бакъулги канлъи киниги,
КенчIолеб букIана гъолъул гьурмал нур.

Сардил бецIлъиги тун, тIурарал чIваби
ЦIорорал хьухьазукь рахчулел гIадин,

Цинги гьел, зобал тун, рачIарал гIадин,
КенчIолеб букIана гьелъул гьурмал нур.

Гъолъул рокьиялъ ракI биинабула,
РекIараб цIадуца цIер кинигинан.
Гъолъ данде къала дун лъимер кинигин,
Лъадада чIвараб цIер биунеб хIалалъ.

Гъолъул асаразул туснахъ вуго дун,
ГьечIо дир тархъанлъи, къана дир талихI.
Ралъдалъе кIанцIула – тIинде унаро,
ТIараде воржине кваркьаби гьечIо.

Гъолъул гьурмал канлъи – Валлядал гьими,
Арал гIасрабазул гIищкъулъ гвангьараб;
Цебесеб ирсалъул гьанже хIутIараб, –
Кидаго хвел гьечIеб берцинлъи гьелъулъ.

Гьай дир йокьулелъул гьими гIадинаб
ГьечIо гIагараб бакъ, гIумруялъул нур.
Гьелъул къварилъидалъ бугеб балъголъи,
Гьелъул берцинлъидалъ ругел хIикматал!

Гьеб – жибго гIумруги, жибго къисматги,
ТIолго дир къасдазул сурат-рагIадги...

Гъолъул гьурмал канлъи – дир гIолохъанлъи,
ГIор бахун цогияб рахъалда тараб.
Гъолъул гьурмал канлъи – тIолго дир гIумру,
ГIурччинго букIараб, гьанже тIогьилаб.

Гъолъул гьурмал канлъи – черхалда рарал
Божидал къадирай, къасдазул чIумал.
Гъолъул гьурмал канлъи тIагIараб мехалъ
ТIурана дир хIасрат. бесдаллъана дун.

ГьечIо талихIаб их, бачIана хасел –
Балеб буго гIазу къадги къасиги.
ЦIакъ къокъаб батана дандчIвалеб сордо,
Къо тIаде щвелалде щущан ана гьеб.

Гъолъул гьурмал канлъи, щив валагьизе,
Щаялиго ана добе рикIкIаде.
Ничалъгин хIинкъиядъ белъараб гьумер,
БагIарлъулел руго гъолъул гIанаби.

Батизе бегьула, рекIел къасдалъе
Цо букIинчIеб асар тIаде жубараб.
Гъолъул гьурмал канлъи гьечIо, тIагIана, –
ТIурана рукIарал ракIалъул къасдал.

Дица гъой цIехола сардилъ цIвабзазда;
Гъолъул цIар ахIула бакъ баккарабго.
Пири пирхарабго, гьелда гьикъула,
Гьудул йихьичIищан дуда дирилан.

Щибаб тIегь баккигун тIаде къулула,
Дир къисмат бихьун, гьез бутIрул хьвагIула.

Авлахъазда бугеб щибаб гохIалда
Гара-чIварула дун, чIола гьел руцIцIун.
Дун – чаракъосарав, нахъе вуссуна,
Нусго ругъун щвараб лъукъараб ракIгун.

Ццидалаб рекIеца чIобого тараб
ЧIвадан гIадин биго гIицIго дир керен.
Рокьиялъ гIадаллъун, гIищкъуялъ гьаглъун,
Гьебги дунго гIадин буго гIассилъун.

Гьелъул гIазабаца чIвалев вуго дун,
ЧIунтараб лага-черх релълъана гьелда.

ЦIорораб ракьалъул хIакъирав асир,
Жибго гIакълуялъги дун рехун тана.

## РОКЬУЛ АБУРАЙ

Гъой ячIана, кунчIана хъахIил зодихъ моцI гIадин,
Гъолъул канлъи гвангъана, кинабго къиматлъана,
Гъой ячIана, гьикъана хIикмалъараб дир ракIалъ
ХIурулгIин гурищ гъойин, гIадамалъе рещтIарай.

ЯчIана, пардав борхун, жийго пача кинигин,
Гьай дир абурайгIаги гурищан ккана дида.
Дида гьадинаб хIикмат киданиги бихьичIо,
Гьалъул берцинлъиялъ дир бецц гьабула керен – ракI.

Дида гьалда релълъарай гьаб ракьалда йихьичIо, –
Рокьуца дир букIараб рекIел цIодорлъи чIвана.
ЯчIана гьай гIолилай алжанул каву рагьун,
Квер босана цоцазул, цадахъ рогьана сардал.
Цин цере щуршурдана ниж кIиязулго кIутIби,
Хадур кIотана мехтун рачарал гIищкъул бакъназ.
ХъахIилаб ралъдалъ гIадин гъой лъеделей йикIана
Дир рекIел хIисабазулъ, дир хIасратал къасдазулъ.

Гъолъул цIар Лейла буго, дилъ цIа Къайисил буго,
Гьаб гьалдолеб рокьиялъ рукьбал режулел руго.
Гъой цо-цо данде чIвала гIадамалгун харбида,
Хадур кIиялго цадахъ цо гIищкъул расаялда.

**ГЬОЙ ГЬИМАНА**

Вахчун балагьаравго гъой гьимулей йихьана,
БихьунгутIизеян гьелъ гьеб бахчулеб букIана.
Гъолъул бералъ букIана ракI чучулеб недегьлъи,
Чияр бадирчIваязул чIорал щвелилан хIинкъи.

Дун гъолъухъ балагьана, гъойги дихъ балагьана,
Дагьккун цоцазда ричIчIун рукIалиде рачIана.
Дун гъолдехун гьимана, гъой гьелдаса йохана,
Ахирияб бергьенлъи жинца босараб гIадин.

**ЦIИДАСАН МАККАЛ РЕШТIАНА**

Кьелаан нагIана макьудай дица
Макьилъги гьаб кьвагьи рагIарабани.
Амма макьилъ гуро гьаб кьвагьи ккараб,
КагIбаялъул маккал щущан риххараб.

АхIулеб как чIана, кинабго мажгит
РечIчIулел гуллбуца гьалгъазабуна.
Аллагьасул лагъзал – ругъназ рецIцIулел,
Руго хIажизаби бидул хIоринир.

ХIежалде рачIарал, КагIба сверулел,
Кверал зодой рорхун руго гьардолел.
РагIула, хабалъан ИсмагIилица
Эмен жиндихъего ахIулев вуго.

Ибрагьим, вахъа мун, диналъул хIуби,
ХIайранав авараг, хIинкъи лъаларев.
Имамасул гьаракь щай рагIулареб,
Шагьидлъулел ругин какил церехъай.

КагIбадул михIмарахъ какил бакIалда
Кинаб рахIатхвараб – гьаб хвалил бакъан.
ЧIегIераб ганчIиде тIадеги къулун,
ТIокIал къочиларо гIодулел маккал.

ТIолго шагьаразул гIазизай Эбел,
ГIодуге мун, Макка, – как биххиларин.
Гьел цо нахъегIанал хIарамзадаби,
ХIур гьабун дур васаз тIагIинарилин.

Мун къварид гьабурал къисасалдаса
Кидаго рорчIичIо я рорчIиларо.
Къаркъала гурони черх гьечIел гьезий
Гьабила кIудияв Аллагьас диван.

Кире рахчаниги, ничалъ тарал гьел,
ТамихI гьабичIого, рорчIизе гьечIо.
Къиралаcул улка, – диналъул вацаз
Данде къана зарал зулму чIинтIизе.

ГIурччинал гохIазда доб КагIбаялда
Как бала гIаламалъ БетIергьанасе,
КагIбадул байдабахъ, гьелъул тIохазда
ТIад цIидасан маккал пархелел руго.

## БАКЪУЛ РАГIАЛ

Ралъдал рагIал багIарбакъалъ гвангъулеб.
Бакъалдасаги цIакъ ясаз гвангъараб;
Гуро, маргьабалъцин гъадин гIемераб
ГIажаибаб хIикмат дида рагIичIо.

Киналго ракьазул берцинал ясал
Гьанир руссун руго нусабго рахъалъ.
Гьезул берзул тIелхал – хвалчаби гIадал,
Гьезул ххалел карал – кваркьаби гIадал.

Курмул регаризе къачIараб гIадаб,
Регараб салуда жемарал къвалал.

Гьезул хабар рагIун, гьезул черх бихьун,
Дир чорхол бугеб хIал – хIакъ батиладай.
ХIеренго церехун цIутIарал кIутIби,
Гьезул цIа хъванилан дир рухI инадай.

Гъалал чIегIералги гъалал хъахIалги
Гъозда гъорлъ киназда дун квалквадилев?
Жалго чундул гIадин чалухал ясал,
Дун – чанай вахъарав лачен кинигин.

Ибн Зайдуница жал кочIолъ ахIарал,
Валлядал гIадинал гIазизал берал.
Гъоз бицунеб буго цIваби кIочонеб,
ЦIа гIадин кенчIолеб балагьиялъул.

Замана бачIана, кочIохъан ана,
Ва амма Валлядал нур жеги буго.

Гьалъул берцинаб кIал кIалъалеб буго
КIолеб батанани, жинхъе вачIайин.
Гьай гIодой чIун йиго гIолохъабигун,
ГIандалузиялъул багьадуралгун.

Гьаб цIваялъ, гьаб тIегьалъ гIуцIун буго тIутI,
ТIутI сверун – ссиялда руго кьерилал.
Гьаз цоцазе тIола, цадахъ гьекъола
ГIищкъул цIадул цIурал цIорол бокалал.

Жакъа гIумру букIа тIадагьаб лазат,
ТIадеялде букIа жеги гвангъараб.
Биччай умумузул рагIадал рачIун,
БичIчIизе гьабизе нилъеда гIумру.

Вихьулищ Ибн Абдус – гьале, тохлъукье,
Тиризе вачIана нилъер сверуде.
Гьев, мацIихъанасул гьоркьохъанлъиялъ

Поэт Валлядаса ватІа гьавуна.

Ибн Зайдунги хисун, гьолда къвал базе
Гьосул ккараб къасдги кьоринилб ана.
Валляда абуни, тІолго гІасрабаз
Нилъ гІащикъ гьаризе даим хутІана.

Зайдуница гІадин жинде кечІ хъвачІин, –
Кидаго йиго гьой гьосухъ балагьун.

## АХИРИЯБ СВЕРИ

КІикъоялда анцІго саналъул сапар,
Свери нахъаги тун, тІубан бахъана.
Пардавал тІутІураб саназул раса,
Кида мун свакалеб карачелабалъ?
Дица нахъа тарал гІемер ралъадал, –
ГІищкъул чваххияца киве вачинчІев!
Къосарал дир нухал, хварал дир хьулал, –
Хиялазул гамий гьечІеб чІезе бакІ.
БетІергьан, дур берзукь – дир тІолго сонал,
Дуца, тІехь киниги, бегараб гІумру,
ГІайибазул гохІал, хІакъазул мугІрул,
ХІасраталъул ахир гьечІел авлахъал.
БетІергьан, дун дуда цеве вачІана,
Цебесеб квешабгин лъикІаб нахъа тун.
Дир нахъа хутІараб соназул раса
Салул байданалда бухІана дица.
Гьелда тІад рукІарал бакІал хиялал
Доб ралъдал тІиналде рехана дица.
Аллагь, Духъе вачІун вуго дун, гьале,
Гьаве дуца къабул нух къосарав лагъ.
Дир ракІ бекун буго, дир квешлъабазда,
Ккарал мунагьазда тІасалъугьа Мун.
Дур кавудал кІалтІа кІусун вуго дун,
КІудияв БетІергьан, гурхІа дида Мун.

## ТІАГІАНА МОЦІ

МоцІрохъ балагьараб, моцІ балагьараб
Берцинлъи киб араб дир рокьи ккараб?
Керен гьелегьараб гьумералъул нур,
Пашманал къасдазда рогьарал сардал.

Бераз дир рекІеда гьикъула даим:
«ГьечІищ цІияб хабар, халккун ругин ниж?
Дие жаваб кьола рекІел кІутІиялъ,
Гьанже рикІкІалъанин букІараб хІасрат.

Гьегьал бокІназулъан ракІалдещвеяз,
РакІарун дандегун, сверун ккуна дун.
Сардил рокьиялъул гьегьал къисаби
Къаси моцІгин цІваялъ рицана дие.

Гьел цо къисабазулъ къисмат букІинчІо,
Къокъидго свана цІа, рохъоцин течІо.
ТІокІаб бицине жо щибго хутІичІо,
Хабар лъугІана дир кочІолъ ахІараб.

ГІодобеги биччан кьабана цІумур,
Дир цІа сванин абун лъазабуна гьелъ.
Щиб лъугьараб гьанже гьаб дунялалъе? –
Дида багъулареб бачІана цІорой.

Кибе араб дир цІа рекІелъ букІараб, –
Унго, лахІтуялъуб рокьи лъолебищ?
ТІагІана гІищкъул моцІ, тІерхъана дир цІва,
ЦІа каранзул гъасда свана гьаиже дир.

**УЗДЕНАБ РОКЬИ**

Черхалда рахсалги ран,
Дун къоринив рехана, –
ЛъикІаб къо гъозда лъаге,
Гьаб гІазаб дие кьурал!

Гьез рукІинчІел квешлъаби
РакІалде щвезаруна, –

Щаклъиялъул гъуцIдуца
Дир черх цоцахъе цIана.

Гьез дий хIинкъаби кьуна:
Гьеб дир бацIцIадаб хIасрат
ХIилла, рекIкIан цIарги лъун,
Жидеца цIадаб лъелин.

Дида гьел мацIихъабаз
ЦIар лъуиа гьерсихъанин,
Гьез дун чIвана, – абуна
«ЧIвадарухъанин» дида.

Дир рокьи, гъоз дудаса
Дун рикIкIаде вачана;
Рокьул талихI лъарасе –
Гъозул гIасияб тамихI.

Гъозие хIасрат – такъсир,
Тамашаб гьазул дунял,
Ццидай гуреб ракьалда
Рокьиялъе бан гьечIеб.

Дун гьезда велъанхъула,
Дун гьезда гурхIун вуго, –
Гудрал гьаб рокьиялъе
Ракьалда дие гьечIо.

Ратаниги киналго
Дица гьел тIутIун рала, –
Дир тIадегIанаб хIасрат
Даим тархъулеб буго.

## ЛЪИКI ЩВАРАЙ

Огь, гьал беразул чIорал, огь, гьал беразул чIорал,
ЧIаго вугев дун хвана хварав дун чIаголъана,
Къасд букIана мун щванин, макьида кьижилилан,
Мун кьурана, юссана, дун бусенгун кьаллъана.

Мун – дир месед ячIана, борчIана бахчараб шавкъ,

Щурщудана дур кӀутӀби, – кӀкӀалахъе ана сабру.
ЛъикӀ щварай, квер босана, кинабго кӀочон тана,
ГӀищкъул ругъназда катан кинабгӀаги бичана.

Дир гьайбатай, недегьай, дур кверщаликь буго ракӀ,
РекӀкӀ лъалареб гьаб асир босун лъе дун хъатиниб.
ХӀинчӀ гӀадин кваркьахина, кечӀ гӀадин гьаркьахина,
Дуда аскӀоб гӀадаб кеп кидаго гьелъий гьечӀо.

Дир хӀикматай, хӀасратай, дур хӀеренлъи гӀадинаб
ХӀаким, дун мутӀигӀлъулеб, дуниялалда гьечӀо.
Барахщуге рокьуда, гьеб кьунин дагьлъуларо,
Дур гурхӀалил гӀадинаб гучаб амру лъаларо.

Дир йокьулей, хирияй, аскӀоегӀан ячӀа мун,
РикӀкӀада бугеб талихӀ тамихӀ бугин ракӀалъе.
Щиб жо сордо, сордойищ цоцазда къочардичӀеб,
Щиб жо къоял, къоялищ къвал кӀиязго жемичӀел?

Дир канлъи, дун мехтани, мехтанигии кӀваричӀо
КӀатӀахӀ цогиги нухалъ цӀезабе дуца рокьул.
Гьеб дицаги гьеъкола, гьеб дуцаги гьекъола,
Гьаб къеч буссунареб лъим сардилъги къваригӀуна.

## РАТӀАЛЪИ

Дида лъана дир рокьи – букӀун буго гьеб макьу,
БукӀинчӀеб гьеб гьадинго пикрабаца ургъана.
Нилъ кӀияздаго гьоркьоб кӀудияб каву буго,
КигӀан гьеб буханиги рахараб рагьуларо.

ГӀададисеб дагӀба-къец, дие замана щвана,
Гьаб щвараб гӀорги бахун, цоги рахъалде ине.
Гьелъие гӀилла буго щоларей духъ рокьи ккей,
ЩунгутӀизеги гӀилла – гӀищкъу дуда лъангутӀи.

Бичун босе чи гьечӀеб гьаб дир черхалъул бухӀи,
Гьеб даран бокьуларей, жеги рокьи лъачӀей мун.

## ДИР НУХЛУЛ ЦІВА

Дир ракI хвасар гъабе, холеб гьелъие
Гьеб дур рокьиялъул анкьабго кьер кье!
Гьелъие гIолареб гьаб гIищкъул божи
Бекуге, шавкъалъ цIун, цIидасан дий кье!

Вай дир берзул канлъи, дир берзул хIасрат,
Нагагь хIабургъинин хIинкъун вуго дун.
Дир нух малълъулеб цIва, нух билун буго, –
Дуца хвасар гьабе дир гъалагаб ракI.

Дида гьаб гIумруялъ гIазаб гьикъана,
ГIемераб къварилъи къулчIизе ккана.
Дир цо бугеб гIайиб – дуй кьураб гIазаб,
Цоги гIайиб буго – дир гIищкъул шигIру.

Дир ракI хвасар гьабе, гьенибе цIад бай,
ЦIадуца вухIарав гIоларищ дие?
Дир щекъер ккун буго гьаб къварилъиялъ
Щобазде балеб цIад, дир черхалде бай!

Дир ракI хвасар гьабе, гьарула дуда,
Гьелъие гIемераб хIажатаб гьечIо.
ЦохIо дур балагьи, цохIо дур гьими,
Цогияб кинабго битIун ккела гьеб!

Дир ракI хвасар гьабе, гьелчолеб ралъад.
Гьениб расаялда буго дир хIасрат.
Баккула, тIерхьуна, бихьулеб гьечIо
Дун рещтIунеб рагIал, гIазизай гьудул.

Дир ракI хвасар гьабе, халалъи сардил,
Рогьунареб гьалда гьабилеб щиб жо?
ГIищкъул кваркьабазукь – кинабго гIалам,
ГIакълудал кваркъаби гъоркьго хутIана.
ГIакълуялдани мун цIакъ ятилаан, –
Бецаб гIищкъуялда щибжо гьабилеб?

Мун – балъго чIолареб рекIел балъголъи, –
Бахчизе кин кIолеб къо къалъуда бакъ.
Мун – дир рокьул хIикмат, дир чорхол хIасрат
Мун, дий щиб кканиги, ккола ятизе.

Дуца канлъи рехе, мунго – дир канлъи,
Гьелъул цохIо кунчIи – гьаб дир чIаголъи;
Рагьараб балъголъи, мун данде чIвайгун,
Дица бицина дуй дида бугеб хIал.

Бахчараб дир хIасрат, дур квер босигун
Керен хъвалхьун дир ракI бихьила дуда.
Гьеб ракIалъ абила, хвасар гьавеян,
Хвезе виччагеян нух къосарав дун.

## ЧIАГО ХАБАЛЪ ЛЪУРАЛ

Жеги къвал баи бахъинчIо – къо лъикIилан абуна Жеги къеч буссиналде бадиб магIу бетана. Нилъер угьулеб хIухьел, лъикIго рукIайин абун, – Жеги лъимадул ригьда ккараб рокьи букIана.

Гьанже нилъ чиякълъана, гьанже нилъ чиярлъана, Нилъер черхалъул хIасрат чIаго хабалъ букъана. Рогьоялъул хIинкъиялъ, хIасраталъул намусалъ Нилъеда зани чIвана нужер замана анин.

Дуца дида абуна»Огь, нилъер хиялалин, Хех бигьаго кIочараб кIиялзулго рокьийин: «Кинабго лъугIарабищ, кинабго лъутарабищ?» Кини таралдаса нилъ кIудиял гIоларелищ?»

Дица дуда абуна: цIоронин ракI, къо лъикIин, Къаникь, чIаго букIаго, нилъер рокьи лъун бугин.

## ХВАНА НЕДЕГЬЛЪИ

Дир хирияй Суад, дур суал кинаб,
Сородулеб дир черх, щиб дуй бокьараб?
РакIалъул киналго тIугьдул речIана, –
Дуца тIечIеб гьаниб кинаб хутIараб!

Данде чIвалел къоял, гьалдолел къасдал,
Къарал нилъер иццал, гьел цIилъиларо.
Цоцазда къочулел кIутIбузул щурщур,
Щобда нахъ хутIараб нахъ буссинаро!

Дир хирияй Суад, щущарал саназ
Гьел дур суалазе щиб жаваб кьелеб?
Дуй гьабураб инкар карандаги къан,
Къварилъун намусалъ кIвекIулеб дир ракI.

Огь, гьалда ракIалде кковухъе ккечIо
Киназдаго гьоркьоб цониги хиял;
Хинал ратичIо дол росарал кверал,
Кеп гьечIел ратана гIищкъул вагIзаби.

Дир хирияй Суаб, дур суал кинаб,
Гьанже рокьи дица кин дуе кьелеб?
Аллагьасе гIоло гьарулеб буго
Паракъат тейилан дуца дир ракIги.

## АБУГЕ «ГIЕЛИН» АБУН ДУЦА ДИДА, ХИРИЯЙ

ГьатIан къодахъ балагьун,
Роржана рокьул къасдал,
Къварилъи гьалдана дилъ
ДандчIвалеб мех рикIкIунеб.

ГьатIан къойин букIараб
Нилъее къотIун заман,
Къвалал цоцада жемун
РакIал цолъулеб сагIат.

Нилъее рокьул чагъир
Гьекъезе мех щварабго,
«ЧIайин, чIайин», – абуге,
Дир гIищкъу ккарай гьудул.

КIочонге кигIан мехалъ
ГьатIан къодахъ балагьун,
Гьалделел нилъ рукIарал, –
Дур рекIей гьеб гIоларищ?!

## СВАКАНА ХИЯЛ

Дир гIищкъул гьотIода тIегь баккичIого,
Гьелда тIад хIанчIаца кечI ахIичIого,
Арабщинаб заман, дир гIидра гьанже

ГIицIаб гIалах буго гъугъдузул цIураб.

Дир гIанчIал хиялал ана хабалъе
ГIумруялъул хурзал руго накIкIул цIун;
ЦIад баларо кигIан дун гьарданиги,
Гьалдолеб бакъ гIицIго макьилъ бихьула.

Цо нухалъгIаги щай нуж чвахуларел,
Огь, лъадал чвахиял, чорхол магъилъе:
Дир цониги хиял тIубазабизе,
ТIубалареб макьу цIилъизабизе!

Дир къварилъиялъул рахсал тIетIезе,
Рохалие дагьаб гордо къиризе,
Дида кIочонарел ракIалдещвеялъ
БукIараб гIищкъул тIегь дие тIегьазе.

ЛъугIуларищ дагIба, дир берзул канлъи? –
Хиялал свакана, свакачIо рокьи.
Рукьбал рухIулеб гьеб кида кIочонеб,
Мун кIалъаралдаса лъай босанин дир.

Мун лъан хадусала лъачIо щийниги, –
ШигIрабаз къолъикIин къана дир каву.
РачIунаро кучIдул дуде гурони,
Каранда хIухьелги гьечIо дуй гуреб.

Лъил диван букIараб гьаб дир ракIалъе?
БокIниде рехараб буго угьдилеб.

Огь, цIадазул заман, мун бахчун чIоге,
Риччай гIищкъуялъул гоигал чвахизе!
Чвахе мун, чвахе мун, гIор щвезе гьабе,
Щобазда дол ганчIал тIугьдузде русса!

## СУНАРЕБ РОКЬИ

Цебе рохъо букIараб дир цIорораб рекIеда
Дуца цIа гъуна, гьудул, панаяб рокьиялъул.
Цебе канлъи букIинчIеб каранзул гъасда дуца
Кор бакана, дир хIикмат, хIинкъун вуго вухIилин.

Дидани ккун букIана кинабго накIкIилъ бугин,
Дир ракI, гьалдолеб бугеб, дуда бихьичIеб мехалъ.
Дица хиял гьабуна кинабго хванин, анин,
Дуца дир рокьиялде анкьабго нуцIа къайгун.

Дур хIасратал сагIтаца салам кьечIого бакъалъ
Дир макьил хиялазде хасел бачIун батана.
Доб сордоялъ тохлъукье мун дида данде чIвана,
ЧIухIараб дур гIадатлъи, гIадатияб дур чIухIи.

Дур гьурмал берцинлъиялъ бицун божиларедухъ
Доб сагIатги гIумруги дие гвангъизабуна.
Мун гьимараб лахIзаталъ дур беразул руссиналъ
Рас течIого дуниял дида хъатиниб лъуна.

РакIалъ дий суал кьуна, гьаб цIияб рокьийищан, –
РакIалъ жаваб гьабуна, гьеб халат букIинарин.

Дир ракI чаран кинигин цIадуца лъадарараб,
ЦIекIаб, къогIаб, гьуинаб – кинабгIаги къулчIараб.
Свакалареб гьаб рокьи, бокьараб букIа абе,
Дун гьелъий вижун вуго, дун гьелъ вежулев вуго.

## НИЛЪЕДА БИХЬАРАБ НИЛЪЕЙ ГIУН БУГО

Кинабго лъугIана, кинабго ана,
Цо каранзул рекIел кIутIи хутIана.
Недегьлъи щущана, гIищкъу щапана,
ГIелилан абуна бецIал сардаца.

КучIдузулъ хIутIана нилъер хиялал,
Рокьуй кьурал сонал сагIтие гIечIо.
КIудияб гьереси батана гIищкъу,
Гьелъие щвараб мех – ихдалил гьава.

Гьанже лъугIана дир гIакълу чIвараб мех,
ГIищкъул гуреб тIокIаб мацI бичIчIулареб.

Огь, рокьи, сонги мун гьал дир саназул
Кидаго свинареб чирахъ букIана.

Гьанже дир кверазукь мун кунчIиларо,
Кинаб гьури пураб дур канлъиялде!

Дир рокьи, амма мун сунеб кор гуро,
Каранзул гъанситухъ гьалдолеб буго.
Аман къварилъиялъ къакъалеб лага, –
Дир магIил гаралъцин дур гвангъи буго.

Дир рокьи, мун бугеб гIажаибаб жо,
ГIищкъу лъачIо цоги дий гIазаб къечIеб.
Цин гогьлъун, цин гьаглъун, цин нкар гьабун,
Унго берцинлъиялъ гьабулеб тамихI!

Дир рокьи! Кинабго лъугIана гьанже,
Лъугьараб, бихьараб гIун буго гьанже.
Дир гIумру, кигIан цIакъ гIазаб кьуниги,
ГIищкъу гьечIонани, гьечIеб жо буго.

## СОН БУКIАРАБ РОКЬИ

Сон букIараб рокьи сонго боржана, –
Салулъе лъим гIадин ана дир божи!
АхIуге дун гьудул, дир гьинал рекIелъ
ГьечIо цониги цIа дур цIар къальичIеб.

Дида кIочон тана сонисеб рокьи,
Цо-цо сагIтаз дие гIазаб кьуниги.
РекIел гъварилъуда лъукъараб чIухIи,
Цо-цо чIаголъулеб дилъ хутIаниги.

Жакъа щиб балайгун мун тIад юссарай,
ТIасалъугьайилан араб-ккаралда? –
Кинальего гIайиб доб шагьримоцIищ?
Щибалье мунагьищ мехтарал цIваби?

Кинан гIищкъуялъул тIадеросиял,
ТIутIун рарал, дуца цIилъизарулел?
ЩIидасан гьаб гIумру байбихьаниги,
Бихьилареб тIокIаб сонисеб рокьи.

Къо-мех лъикI!

## ГАРГАР

Дида цIа данде чIвана, цIорораб ракI бухIана,
Гьелъул чIухIидал кутак, каламалъул пахрулъи.
«КигIан мун гьарданиги, дун духъе ячIинарин,
Жаваб дур суалалъе дица кинго къеларин».

Дица гьалда гьикъана, дур кьуркьуди кинабин,
Кьижараб дир каранда рокьиги борчIизабун?
Гьалъ дие жаваб кьуна, жий дуде регIун гьечIин, –
Дун, рагIичIеб ххвелгьабун, гьедарана, чIеларин;

Дирго чIухIарал къасдал дица къаникь лъеларин, –
Къеркьелин гьелъий гIоло, хваниги, вахъаниги.

Гьай диде ццидахана, жиндие нух биччайин, –
Дунги кьварун кIалъана, цо кивго кьуриларин;
Дие гьаб гIазаб кьурай, гIищкъуялъ черх дъукъарай
Дуца абулеб рагIухъ дица гIинтIамиларин.

## АНА ГIОЛОХЪАНЛЪИ

Щибизе бечIалеб гъветI, жеги гIурччин букIаго?
Киб араб гIолохъанлъи, жеги гIужда букIаго?
КигIан рекIарал цIаял гьаб дир рекIеда лъачIел,
КигIан хIалкъарал къасдал гьаб дир черхалъ къулчIичIел!

Амма дун къварилъизе гьерсаз гIадин гьавичIо,
Гьез кинигин дир керен киданиги судичIо.
Пири пирханщинахъе цIад балилан кколаан, –
Ана дир гIолохъанлъи, гIищкъу маргъу батана.

## ЧIУХIИ

Дир тIабигIаталда тIад гIайиб чIваге,
Дир чIухIидал аслу гьенисан бугин.
Дир магIил гаразул ургьел гьабуге,

Унтараб ракIалъул тIанчIи ругин гьеб.

Дица дир беразда кигIан гьарараб,
Гьаб каранзул бухIи бахчеян абун.
РакIалъ рагIи кьуна, черх бухIаниги,
Чияда бугеб хIал бицинарилан.

Дун вухIулев вуго, амма хваниги
ХутIила дилъ чIухIи, чIваларо сабру.
Рокьи, мутIигIлъизе, рагьтIател гуро,
ХIасрат кверде ине, гьеб асир гуро.

Дун вохизавула дур гьаваялъул
Пахрулъи, бацIцIалъи бихьараб мехалъ.
Дие рокьи буго кинабго гIумру, –
ГIищкъу, расандизе, ясикIо гуро.

## ГЬАДИН КЪВАРИГIАНА ГЬАБ КЪИСМАТАЛЪЕ

Пашманго свердолел гьал сардал – къоял,
«Къисмат гьадин бугин» тана нилъеца.
Нилъер гIумру гьанже – бакъвараб гIуру,
ГIурччинлъи бижичIеб, тIегь баккулареб.

Ракьалде рештIана халатаб сордо,
Сурмиял накIкIазда кIочана зобал.

Нилъер гIумру гьанже – бакъвараб гIуру,
Гьелегьараб бакъукь къечарал хурдул.
Хвана гъутIбуздаса букIараб рохел,
РекIкI гьабуна нилъей гьаб тIабигIаталъ.

Нилъер гIумру буго хвел кинигинан,
КенчIолел дол цIваби тIерхьана, свана.
Сардида моцI гьечIо, – пашманал зобал,
Гьелго гIадин буго гIодоб гьаб ракьги.

## РАКIАЗУЛ ПАЧА

Дида кIочон тола ракIазул цIорой,
РекIараб рокьул цIа цо дуда хъвани.
Бахьинаб берцинлъи, бицунеб пагьму
Борцунаро кепаб цо гьумералъухъ.

ГIищкъул пикрабазул мутIигIай асир,
БатIияв лъаларей, лъай босула дур.
Гьаб дир рокьиялъул ракIалдещвеялъ
ЙикIуна, сунареб цIа кинигин, мун.

РакIали щай гурин, даим кIетIолеб,
КIаркьаби дир багIар гьарула дуца.
Бахчараб беричлъи, рагьарал берал
РогьинегIан данде рачIунаро дир.

ГIумру берцинлъизе бижараб къутIпу.
РакIазул пачалъун гьединан йикIа.

## ТIАДВУССИН

Дида ккун букIана, рекIелъ цIа сванин,
Сунареб дир рокьи ракьулъе анин...
Гьебмехалъ тохлъукье мун тIаде щвана,
ТIолабго букIараб рекIелъ цIилъана.

Кинабго чIунтараб дилъ чIаголъана,
ЧIинтIараб рокьуда куркьбал рижана.
Дир бераз абуна, жал балагьизе
Цо дур гьумер гIелин, гIалам кIваричIин.

Дица дуй рищана бищун гьуинал
Гьаб ракьалда лъалел-лъаларел цIарал.
ЦIадул вулканазда дир бидурихьал
Цин дора, цин гьанир гьалдезаруна.

БецIал, сам-самарал, бакIал накIкIалъан
Дир рекIелъ гвангъана дур гьурмал канлъи.
Дур бакъул чIоразукь биана дир цIер,
Рокьул цIун букIана дур кIиябго бер.

ТIадбуссана гIищкъу, тIадюссана мун,

ТIокIаб гIумру гьечIо мун гурони дир.

## ЧИЯР БАКІ

Цо гIалхул хIинчI рещтIана дир хIеренаб рекIеда,
ХIалкъараб къварилъиялъ къвал бана дир черхалда.
Дир кIиябго бадисан гирараб кIиго магIу,
Гвангъана цIваби гIадин, – хехго гьел цIаял свана.

Ясберазулъ хутIана пашманлъиялъул лъалкIал,
Дида лъазе кIоларо гьел тIанкIал тарал лъица.
Гьел – рокьуе чиярал, дир чорхое тушманал,
ТалихI ракIалъул чIварал, накIкI дир бадиб бигъарал.

Дица дир бухIулеб рухI ахIана цин дихъего,
ХIайраналасаразул бусахъ балагьана дун.
ХIинкъана дир асарал, сородана дир лугбал,
Цебе лъуна дир мали, молода дир жаназа.

Дица цIехана мусру дир лугбазда жемизе, –
Жагьандаман дуииял, мусруцин гIураб гьечIо.

## ТУСНАХЪ ГЬАБУРАБ ХIУХЬЕЛ

Бегьуларо, йокьулей, нилъее хIакъ батила
Гьаб цо хIасрат, гьаб рокьи тIатиие биччанани;
Тохлъукьего нилъеца нилъер гIищкъу гьурщани,
ГIакълу гьечIеб нилъер къасд къватIазда бикьанани.

ЦIакъго цIакъ рокьуца нилъ гьелегьине лъугьани,
Гьелъ бухIизе биччай черх, чидае гьеб цIалкIуге.
Нилъго тархъан рукIине, рокьи туснахъ гьабилин,
Ракьулъ лъолелъулги гьеб лъидаго бицинарин.

## ХIАНЧIИЛ РУХIЕЛ

Абуге тIадвуссаян, АллагьасхIа гьедула,
Гьанже дун вуссинаро, доб сонисеб къо ана.
Абуге вокьулилан, рокьул къотIи букIана,
Йокьулей, къараб рачел дуца хехго чучана.

Дуда цIунизе кIвечIо кIиязулго гьоркьоблъи,
Дун – кIкIалахъ, мун – магIарда; дун – магIарда, мун – кIкIалахъ.
Йокьулей, халалъана хайир гьечIеб дур гизма,
Дие хирияб щинаб щущан ана, къо-мех лъикI!

БарахщичIеб асарги, рохел гьечIеб дандчIвайги,
ЧIунтанщинал къоялги – киназего къо-мех лъикI!
Дир каранлъ – недегьаб ракI, рекIана цIа, бухIана,
ЦIадулъ пархелеб буго кваркьаби рекараб хIинчI.

Керен гьалдолеб буго, гьениб чIаголъи гьечIо,
ЧIалгIарав дун вукIуна дидаго гаргадилев.
РикIкIадисел сапарал, сонал ратIалъун арал,
Хабада пулел гьурал, гьечIо гIумру, къо-мех лъикI!

Ругьелалгун рагIаби беразул магIу гIадал,
Сас гьечIаго вуцIцIун чIа, – буцIцIун чIолареб рокьи;
Цоялдаса цо квешаб цебетIамулеб сурат,
Сардлилъ щурулеб рагIи, щибаб нухалъ «къо-мех лъикI!»

## РОКЬИ СВАРАБ МЕХАЛЪ

ТIугьдузул берцинлъи, цIаязул канлъи,
Лъиде кечI ахIулев гьанже дун вугев?
Дир бухIулеб хIасрат, дир хIинкъараб шавкъ
Щай дир бераз магIу гIодобе тIолеб?

Рокьигун, ургъелгун, унтараб къасдгун
Къаси дица сордал щайзе рогьунел?
Дица гIумру кьолей гьай гIадан кинай?
Дир каранда ракI щай кIетIелеб бугеб?

## АХИРИЯБ ТІЕГЬ

Я жакъа, я метер цо къо букІина,
Дир къоял лъугІараб дуниялалда.
Дир каранда бугеб хІасраталъул тІегь
Лъица тІелебали дида лъаларо.

букІана беричаб гьайбатаб квацІи
Гьелъул ахирисеб хутІана гьанже.
Дир гІумрудул гІицІаб цо гІаркьел гуреб,
Цоги батІияб гъветІ тІегьалеб гьечІо.

Дида бихьулебги бихьуларебги
Балагьизе щайзе дун гІедегІулев?
ГІищкъуялъул цІайи цІазе кІолареб
Духъе нух, гьукъараб, щайзе бокьулеб?

## СВАКАНА

Свакана гъаб гІумруялъ, свакана гьаб гІищкъуялъ,
Дуде къасд лъун свакана, къасд лъечІого свакана.
Хиялаца свакана, кучІдул гьарун свакана,
Гьегьал харбаз свакана, гьегьал хурдуз свакана.

Свакана дун цІвабзаца, свакана дун цІаяца,
Гьаб дуниял – гІаламалъ, гІасруялъул сонаца.
Свакана дун, йокьулей, дур сихІираб кІалъаялъ,
КІоларо дида чІезе, чІваларо тІокІал данде.

## ЦІАД

Огь, чвахун бараб цІад, дир бакъвараб ракІ
Дур бакъназ цІидасан тІегьазабуна.
ЧІаголъиялъ тараб чІунтараб каранлъ
Камилаб дир гІищкъул иццал берана.

Цо ракІалда цо ракІ кІочараб мехалъ,
КІиялго ратІаго хутІараб мехалъ,
Хвасар гьавуна дун цо дур гьимиялъ,

Цебегоялдаса дида бихьичIеб.

Гьеб букIана дару рекIел ругъназе,
Дур берзул хIориниб – дир тIолго хIасрат.
ХIалхьеялъ, талихIалъ, гьенир дандчIварал
Дир чIалгIен, дир чIунтел чIвана, хъамуна.

Дуниял хисана, дир хасел ана,
ХIасратал хиялаз дида рухI гъуна.

## ГУДРАЛ ГЪЕЧIОГО

Дур берал туснахърукъищ дир хIасраталъе бугеб, –
Гьезул хIориниса ракI къватIибе борчIуларо,
Дун тIурана накIкIилъе, рикIкIадисел бакIазде, –
Гьаб гъаримаб ракьалде рокьиялъул цIад базе.

Дида кIочана сардал сон рукIарал киналго,
РакI кIетIарал ихалги нух гьечIсл хаселалги.
Гьанже дун эркенлъана абураб рагIудаса,
Гьаб рагIал-гIурхъи гьечIеб гIищкъул яшавалдаса.

Огь, рекIей бокьичIого, босараб дир эркенлъи,
Аман гудрал рачIого чIезе кIолареб дир черх!
Мун дир каранлъ хутIана кин щиб жо гьабуниги,
Ургъел гьечIей дудаса гьечIо дие хвасарлъи.

Огь, дие бокьун гьечIо рокьул зулму гьечIого, –
Рокьи гьечIеб чIаголъи, гьеб чIегIерлъулеб буго.
Дие гIоло цо килищ кибниги гьесуларей,
Дир каранлъ тахиде мун яхун гIодой чIун йиго.

Дие цIакъ бокьун гьечIо рокьул сапар цIилъизе,
Гьал сардазда щибилеб бикIула рукIкIбуз дир ракI?
Гьеб рекIеца ахIула, данде чIвазе рачIаян,
Дица жаваб гьабула: «Дун живго те, гIун бугин.»

## ХIИНКЪАРАЛ ДАНДЧIВАЯЛ

Нилъ балагьун чIараб сордо бачIана,
СагIтица абуна замана щванин.
ХIинкъабаца тарав талихIав дица
Тату-кеп гьекъана кинабго рокьул.

Амма букIаниги ракI щакдарана,
БукIанищ-букIинчIищ гьабин гьикъана;
«Унгойищ гьей гIадан дида къочарай,
Гьелъ къвал бараб рохсл дида лъарабищ?»

Цинги гьелъ абуна, жий данде къайин,
Чанги къоял анин ратIалъунилан, –
ХIасрат бергьаразул берцинаб калам,
Бицине кколареб гьелъул ритIухълъи!

ЛахIзат гьоркьоб течIел, цоцалъ хурхун нилъ
ХIутIана бакараб цого кан гIадин.

## ЩАЙ?

Кьижизе бокьунищ, рокьи лъутIунищ,
Щай дун чIалгIун гьечIев мунгун дандчIвазе?
Дунго диегойищ дун чиярлъарав,
Гьаб чорхол бухIиялъ дий хIалхьи тана.

Щай дида кIочарал дол рокьул сардал
Йокьулелда цадахъ дица рогьарал?
Щайзе дица чIвараб чIухIараб хIасрат,
ЧIобогояб ракIгун дунго хутIарав?

Бианищ дир хиял, хванищ дир къасдал,
Къварилъула керен сонисел къояхъ?
Свакарабищ хIасрат, хIинкъунищ рокьи,
Бекарабищ дица ургъалил бокал?

Арал къоял руго дида рекIелъ къан,
Я къоно тIад чIвачIел, я тIад хутIичел,
Гьаб цо гIумруялда гIайиб буго дир,
ГIищкъуялъ тараб лъалкI лъазе кIолареб.

Щай дун махIрумлъарав хIасраталдаса,
Кида дун гьелъухъе гьанже вуссинев?
Рокьул гIазаб дие гьуинаб ккечIо,
Амма рокьи гьечIеб – гьеб жеги кьогIаб.

## КИН ДИЦА БАХЧИЛЕБ?

Рокьуца гьалулеб каранзул бухIи
Кин дица бахчилеб дудаса, бице!
Гьадин къацандилей мун йигеб мехалъ
Дир ккъварилъи кинан бальго гьабилеб?!

## ДУР КIИГО БЕР - КIИГО РАЛЪАД

Чалухаб кIиго бер – гьеб кIиго ралъдалъ,
Дир кIаркьаби гургин, холев вуго дун.
Гьалагаб дир рокьул карачелалъан
Кинго расаялда батуларо нух.

Дида кколеб буго, гъове тIиналде
ТIерхьун унев вугин чарахварав бун.
Черх мутIигIлъун буго гьаб къисматалъе,
Дун – даимав асир хIасратаб рокьул.

## БЕРЦИНЛЪИ БОКЬИЗЕ ВУГО РАКЬАЛДА

Гаргадула чагIи дир гIищкъуялде,
Гьаб гIумруги гьелде данде чIун буго.
Абула, дун мискин асир вугилан
Ахир тIубаларел дирго къасдазул.

МагIу тIурал къоял ва къаси сардал
Сверун, Жамилихъе нахъвуссинин дун;
ЖахIдаялъ рокьуда рагъ лъазабураб
Гьерсилал ругъназул векалда вугин.

Дуца хвезаричIо, риххизаричIо
Нухалги гьундулги панаяб рокьул.
Гьанже дун Жамилги, живго Къайисги,
Къуссайирги вуго гьалагаб гIищкъул.

Берцинлъи бокьизе вуго ракьалда,
Бокьула дие гьеб халкъалъе кьезе.

## ТIОКIАВ МУН ГУРОНИ ДИР ЩИВГО ВУГИЩ?

Духъе вачIана, Бича, дун, тIасалъугьайилан,
ТIолго ккарал дир хIакъал дий хIарам гьаругеян.
Дида цадахъ рукIана мегIер цIурал гIайибал,
ГIазаб гьикъулеб буго гьез дие къадгин къаси.

Духъе вачIана, Бича, дир тIокIав щивго гьечIо,
ЩайтIаби, Дуца гурел, цойги лъица хъамилел?
Лъида, Дуда кинигин, дир мунагьал кIоченел,
КIудиялгин гьитIинал гьел тIасалъугьун телел?

Духъе вачIана, Бича, тIолго дир гьариялгун,
Гьел киналго дуй руго, дир тIокIав щивго гьечIо.
Щущахъ биххулеб дир ракI бакIарун регъе дуца,
Ругънал рецIцIулеб дир черх чуре даруяб лъиналъ.

Дуда гьарула, Бича, ралъад цIурал дир хIакъал,
Гьезие кумек гьабе карачелал рахине, –
Намусалъул такъсираз тоге дир ракI бухIизе,
Дур гурхIел дида лъала, лъикIаб нухде ваче дун.

Нухал гIемерал рукIун цонигияб батичIо, –
ЦохIо Дудаса гуреб хвасарлъи дие гьечIо.
Духъе вачIана, Бича, дун, тIасалъугьайилан,
ТIубан дир божи лъурав Мун гурев щивго гьечIо.

## ДУДАСА ВЕКЕРУЛА ДУХЪЕ ВЕКЕРИЗЕ ДУН

Дир гьалдолеб ракI буго кIиййиде бащад бикьун,
Дидаса векерула духъе векеризе дун.
Беразда бихьулареб дир ракIалда бихьула,
КIигIан рикIкIалъаниги, дида мун аскIой йиго.

Лъала, дир цIохIо алжат цохIого-цо мун йиго,
Киналниги хутIарал хвезе риччай дур квачалъ,
Дун чаран ватаниги чучула дур цIаялъе.
Дур корохъ дун хинлъила хвезегIан тIолго соназ.

ТIадегIанав БетIергьан, бетIер къотIун рехе дир,
Дица гьабураб къотIи гьаб ракьалда кIочани,
Данделъулеб мехалда дица тIаде босараб
ТIубазе гьабичIого, цо гьереси бицани.

Цо-цо дун васвасдула, цо-цо дун щакдарула,
Щиб гьабундай битIухълъи дида батиладаян.
Киндай дир хIасраталъе хIалхьараб мех букIинеб,
Мун цIехолаго ана цIер гIадин тIолго гIумру.

Мун – беразда цееги, мун – рекIеда жанийги.
Киве дун щвананиги, щибаб дир хIухьелалъулъ.
Мун – дир черхалъул бутIа, дидаса батIалъараб,
Яги батIалъичIого даим дунгун хутIараб.

Цо би гьалдолеб буго нилъ кIиязулго гьаналъ,
Гьарула, рахIму гьабе, дуца дун рехун тоге.
Дуца дир ракI бахъана, гIищкъул нухде бачана,
ГIодобе рехуге гьеб, рахас баге рокьуда.

ГIищкъу ккаразул сапар – цIакъ гьетIарал сухъмахъал,
Гьенисан унев вуго ургъелазул раччигун.
Нилъ цадахъ гьечIонани, сапаралъул битI гьечIо,
Цоцахъе кверал кьелин бакъуде данде ине!

**ХЬУЛ**

Дур гIумрудул ахикь дир хиял бекье,
Халкъго хIайранлъулел тIугьдул рижила,
Дур рекIел тIиналде дир къасдал риччай, –
Бакъул къо кинигин къалъила сордо.

Дур бахIарлъиялъе дир жанги босе, –
Жагадул гъутIбузулъ букIина хасел.
Дур кочIол бакъналъе дир хIухьел жубай, –
ХIасраталъ мехтила чагъиралъ гIадин.

## УЧУЗАЙ

Дида ккун букIана бакъин, цIвайилан,
БукIун батана хIур бищун учузаб.
Дица дир гIумрудул тIугьдул мерхьана,
Щибго пайда гьечIеб гьури сабаблъун.

Огь, пулан – берцинлъи, дуца къан цIурал
Дир къоялгун сардал цо хутIичIого!
Дида ккун букIана гIумрудул иццин, –
Бицахъе батичIо, хьуцI букIун буго.

## ЛЪУКЪАРАБ БАЛЪГОЛЪИ

Дир рокьиялъул ругъун кидаго регъолареб,
Огь, дилъ гъеб судулареб сагIат кида букIинеб!
Сордо бачIаралдаса рогьинегIан угьдулеб,
Унтараб рокьул цIураб рекIеда тIад кверги лъун.

Анищазул хурзабахъ, хиялазул мугIрузда,
МагIил цIурал бералгун, дун – балаялъул асир.
Огь, лъукъараб дир гIищкъу бахчулеван вукIуна, –
Риччарал дир тIелхаца тIатинабулеб буго.

Амма кин букIаниги хьулгун къасд тIагIунаро,
Къисматалъ гьеб къварилъи дие хъван батиларин, –
Дир хIисабазул раччи, дир хIасраталъул гьирал
ГьитIинал къояздаса даим дица раччулел.

Гьале хIалхьи босизе расалъиян вукIаго,
Носоца кинигинан сусула бухIулеб ракI.
Гьеб каранлъа къватIибе, къвекIаб цIум гIадин, уна,
Цинги, къункъра кинигин, лъукъараб инагьдула.

Гьелда цере тӀамула цо-цо хӀайранал къоял,
ХӀасрат ккарал, квер босун, цоцада данде чӀварал.
Яги бичӀчӀулеб гьечӀо гьеб макьилъищ букӀараб,
Яги гьаб ракьалда тӀад унго – унгойищ ккараб.

ТалихӀ – рохел, жахӀда – ццин – кинабго жубарабго
Жаваб цохӀого буго, кинабго гьеб рокьийин.
Огь, дир къварилъидул ицц, дир къасдазул гьансито,
Дун хвасарлъулеб дару докторзабазул гьечӀо.

Диего гъураб гудур, дунго вухьарал рахсал,
Дида гьел кӀочон тана дур кӀалъаялъ, дур бераз.
Дир рокьи буго гьанже щущарал нухал гӀадин,
Мун – доя борхалъуда, дун – ахада гъаримго.

## МУН ДИЕ – КИНАБГО ДУНЯЛ

Кинабго дуниялги
Дур бералги лъун руго
Дица цӀадирабазда,
Дир хӀалимай, хӀеренай.

Дур бадиб – моцӀги, цӀваги,
ЦӀалулел дир кучӀдулги;
Гьезул тӀелхалъ рахчарал
Гьелчолел океанал!

Гьезул карачалабалъ
Дида улка кӀочона, –
Дуде бугеб рокьигӀан
Ракьалда хӀикмат гьечӀо.

Гьеб хӀасраталъул дида
ХӀалкӀоларо бицине, –
Дир гӀищкъул щвараб гӀоралъ
Щущалеб буго гӀалам.

Батуларо цӀадиро
Гьеб балай цӀалеб дида, –
ЦӀер гӀадин тӀолго дунял

ТIанкI буго гьелда аскIоб.

## РАГIАЛГИН-ГIУРХЪИ ГЬЕЧIЕБ, ГIАКЪЛУ БОСАРАБ РОКЬИ

Азарго сангар рокьуй,
Гьел раханин вукIаго,
Жеги цIиял рорхула
Дида цере къисматалъ.

Азарго карачелал,
КвачI бан, ралъдал нахъ тарал;
ЦIиял чвахиял дандчIван,
Чара хола дир рекIел.

Азарго рахас тIутIун
Рахараб туснахъ тейгун,
ЦIияб къоринив рехун
Къварилъула дир керен.

ТIурун унел дир сонал,
ТIубаларел хиялалъ
Ахаде реханиги,
Борхалъи балагьулел,

Дун аскIове щванагIан
Дидаса рикIкIалъулей,
Мун йитIарай йикIинчIо,
РекIел гьудул, дидехун.

Дица чанцIул борхараб
Биххун унеб рокьул кьо! –
ГIищкъул цIа баканагIан
ЦIоролеб гьаб дуниял.

Дир рекIелъин абуни,
БукIарабги бугебги,
Черхалда гъаргъарги бан,
ЦIидасан гъугъадула.

Нагагь макьу речIчIигун,
ЯчIун сверула цее, –

Цинги цо лахIзат гьечIо
Дица бер данде къалеб.

Нилъеца хIехьанщинаб,
Гьадал щобазда лъала, –
Щапарал магIил гарал
Гьал нилъер кIаркьабазда.

Цоцадаса пашманго
Нилъ чанги ратIалъана;
Черх бежулеб гьаб гьава –
Гьелдаса ратIалъичIо.

Кинабниги дир гIумру
Дур гIищкъул рагIад буго;
Гьелда дур щаклъи ккоге
Щиб ракьалда кканиги!

Кинан кIоченеб къотIи,
Цоцада къвалал рараб! –
Цоги талихI гIумрудул
ГIаламалда бугебищ?

Рокьи буго дир пача,
Гьеб гуреб щибго гьечIо.
Дур кIутIбуца кинигин
Дие кеп гьабуларо.

НайитIулбузухъ гьоцIо,
Гьегьал чашкабахъ чагъир…
Гьез дир черхалъул гьава
ГьедигIан рекъоларо.

Берцинлъи дий бокьани,
Дир берцинай мун йиго.
Нус-нус берцинлъиялъухъ
Цо дур ишан кьеларо.

Дур пашманлъи кьеларо
Азарго рохелалъухъ, –
Дур цо рохел хвезегIан,
Биххун аги дуниял!

Мун – гIажаибаб бакъан
Гьаб гIищкъул гIаламалъул,

Унаго, къурун юсса –
Кьер хисула ракьалъул!

Рохьазда чундул чIвалел
Чанахъаби тIагIаги! –
Чанилан ккун цощина
Мун лъукъилин хIинкъула.

Дир мичIигъотIол тIамах –
ТIолго саназул дарман;
РекIел килщида ххураб
Кида кIоченеб баргъич!

КинабгIаги дир гIумру,
ГIажаибаб буго мун –
РагIалгин – гIурхъи гьечIеб,
ГIакълу босараб рокьи!

## ПАШМАНАБ ХIУХЬЕЛ

Дун вуссана, вачIана, дида бичIчIулеб гьечIо:
БачIинадай доб заман нилъ цоцазда дандчIвалеб.
Гьанже мунги мун гуро, мурадал хисунилан,
Хасалил квачалъ хъамун, роол хинлъи унилан.

Нух лъаларев дун вуго дове – гьанив вортулев,
Цояб рахъалда – хIинкъи, цояб рахъалда – хIалхьи.
Каранзул рекIел бугеб угьди бахчизе дица
Угьулеб буго хIухьед хIалуцараб, пашманаб.

Киданиги гьанже нилъ гьанир данде чIваладай,
Дунгун гIодулеб буго гIор доб кьодухъ хъудулеб.
Доб кьодухъ данде чIварал дора нилъ ратIалъидал
Дуда къвал бачIеб гьаб квер къотIизе бокьун буго.

Дур берзул гъварилъуда, гъова дунго вихьула:
Гъове тIерхьун унев дун, гъове тIинде унев дун.
Йокьулелдаса рикIкIад накIкIилаб сапаралъ дун,
Цоцада данде чIвазе батулареб кинго рес.

## ХIАЛИМАБ ДАНДЧIВАЙ

ВачIана дун чIалгIараб каранзул ракIгун духъе,
Дур кверазул недегьлъи, каламалъул хIалимлъи!
ВачIана рокьи ккеялъ кваркьахунеб хIинчI гIадин,
ХIеренаб бусада мун сардида еэдизе!

ВачIана дун бицине гьал дирго гIузрабазул,
Мун йихьуларел къояз дирго къварилъабазул.
ВачIана дун тIогьохъе на бачIунеб кинигин,
ЦодагьабгIаги гьоцIо гьел дур беразул цIвизе.

Гьаб дир бухIулеб чорхолъ чан кинигин буго ракI,
Чаран биунеб цIадулъ буго гьанги лагаги.
Мун – салул байданалда бижараб гIумрудул тIегь,
Кинабго дунял кIочон духъе щолев вуго дун.

ЯчIа мун дир къвалакье, къалин дица каранде,
Къечарав дун мехтизе те дур beралги гьекъон.
Гьел берал кин кканиги, дуниял – гIаламалда,
ГIумруялъ дунгун руго, дун киве щвананиги.

Гьез куцулев вуго дун дуе кучIдул ахIизе,
Кинабго черх чапулел бакънал дуе рачине.
ВачIана духъе щвезе, дир рокьиялъул пача,
Гьарула, дир ругъназе цодагьаб дару гьабе!

## РОКЬИ РАГЬАНА

БачIараб рокьуда «гьечIин» абуге, –
Кинго букIунарин рекIелъ бахчун гьеб.
Гьелъул цIадул мацIалъ каранлъ бижараб
Кинабго дуниял гьалгъазабулин.

Гьелъул рахъалъ вачIа дурго жаналда
Жаниб черх гьалараб вагIза рагIизе, –
Радалги къасиги дандчIвазе хIинкъун,
ЧIелищ нилъер рокьи, рукьбал рухIулеб!

Нилъ гьаб ракьудаса рахчунин абун,
Рокьи нилъедаса бахчулеб гьечIо.
Биччай хIинкъиялъул рахсалги тIутIун,
ТIамизе гьелъ бакъан, бакъ хIайранлъулеб!

Нилъей кIиязего рокьи кьуралъухъ,
Кьола къисматалъе дица баркала.
Рагьун балъголъигун рокьи бугезда
Бокьун буго дие гьаб кечI рагIизе.

## ДУН ВАЧIИНА

бералъ бихьана бихьичIеб дунял,
Дун гьелъ сапаралде ахIулев вуго.
Дур гьурмалъ дандчIвана лъалареб гIалам,
ГIищкъул чабхъаде гьелъ вачунев вуго.
Рокьул расаялда дир соналги лъун,
Дун лъедолев вуго духъе, хирияй.
Данде ячIа диде, къабул гьаре дир
Чанги къо бихьарал къасдал, анищал.
Дун вачIина духъе, вачIина духъе,
Дир арал мехалги нухалги щущан.
Гьанже дун вуссунеб гьансито буго
Мун сверулеб мина, цогияб гуро.
Гьенив дун цIилъула, дур цIаялъ гIадин,
Дун жеги хинлъичIо, я хинлъиларо.
Гьениб бецIал сардал дие гвангъула,
Дихъе цо хIикматал кучIдул рачIуна.
Рокьул асар лъайгун гьеб гьукъизеян.
Гьедаравщинав дун, щибго лъугьинчIо.
Ва амма тIелхаца рахчарал бераз,
Балагьеян абун, духъе ахIана.
«Дие мун йокьула», – гьеб лъабго рагIи
ЛъагIелаз букIана балъго щурулеб.
«Дие мун йокьула», – дир лъабго рагIи
РагIизе биччанте гьаб гIаламалда.

## ДИР БЕРИЧАЙ

ТIугьдузул гIумрудай гIазаб кьечIого,

Нилъер гӀурччинаб их, – аб хутӀиладай?
Хвараб гӀищкъуялъухъ магӀу тӀечӀого,
Нилъеца рокьул цӀа, – гьеб цӀуниладай?
Уяб жойищ, дунгун хутӀиладай мун,
ХвезегӀан кидаго духъ балагьизе?
Берцинай, хӀалимай, дун хӀинкъун вуго
ХӀиллаял гьуракьа гьаб чӀаголъидал.
Берцинай, хӀалимай, черх сородула
Цосина тохлъукье нилъ ратӀалъилин.
Огь, цебетӀамула загьруяб борохь,
Дудаса рикӀкӀада дир ракӀ кваналеб.
Дун сардилъ ахӀдола, кумек гьабеян,
Кверал кьола духъе дур щаклъи чӀвазе.
ВорчӀула дур къвалакь къакъалеб ракӀгун
Живго лъимер гӀадин, лъавуда гьечӀев.
Берцинай, хӀалимай, хӀеренай, лъикӀай,
Рахъун берал кьела дур хӀухьелалъухъ:
ЦохӀо мун йихьизе, цохӀо мун лъазе,
Лъабго рагӀи дица дуда абизе.
Дие бокьун буго жакъа ракьалда
Рокьул талихӀалъ дун течӀевлъи лъазе.
Дур беразул гьими, рогьел щварабго,
Щобдасан бакъ гӀадин дие гвангъизе.

## ДУР РОКЬИ

Дур рокьи – гьеб дир рокьи, цого гӀурдада гӀураб,
Росе дир гӀищкъул тӀугьдул гӀолохъанал ихазул!
Дуца дида гьарани гьал дир берал кьейилан,
Гьале росе, дуе гьал – цӀакъ гьитӀинаб сайигъат.
Дица дуй гӀумру гьела, гӀищкъул цӀураб ракӀ кьела.
РекӀел тӀиналда ругел тӀолалго къасдал кьела.

Дур хиял – гьеб дир хиял, цого хуриб бижараб,
Дов Халикъасе гӀоло дуца дун рехун тоге!
Дур талихӀ – гьеб дир талихӀ, тоге дун гӀазабазулъ,
ГӀемерал пикрабаца бугин керен кӀвекӀулеб.
Цо хӀисабал рачӀуна, цогияца хисула,
Хирияй, лъухъе накӀкӀал, дир рекӀелье рештӀунел.

Дур рокьи – гьеб дир намус, гьеб дир босараб гӀакълу,
Дир васвасди, щакдари, щущан араб керен-ракӀ.

Черхалда бараб гьаргъар гъуцIбуз цIацIалел лугбал,
ЦIа гьалулеб чIаголъи, чIвалел макьаби сардил,
РецIцIулел магIил берал, щибниги бихьуларо,
Щивго гьечIо ракьалда гьанже мун гуронани.

Дур рокьи – дир бахIарлъи, махIаби реканиги,
Векерун духъе щвела дун тIугьдузул квацIигун.
Дир рокьи – киданиги гьединаб рохел лъачIо,
Нухде вахъун вуго дун нахъ даим вуссунареб.
БетIергьанасе гIоло битIизе те дир сапар, –
Дун чIухIараб гьаб гIищкъу гIазабалде бачунге!

дур рокьи – гьеб дир макьил лъугIуларел свераби,
Макьу тарал беразул цере чIолел суратал.
Бегьуларищ цодагьалъ нух къосарав дун – асир
Дунялалъул рокъове дуца битIун вачине!
НакIкIикь чияр рохьазда дун чиякъ тунгутIизе,
Чундул дида гурхIарал, – гьезул магIу бацIцIине?!

Дур рокьи – гьеб макъратIис дир бакъназул, къасдазул;
Дур рагьтIател – гьаб дир ракI, гьале, босе дуца гьаб.
Гьадинги унтараб гьаб, абуге гьалда рагIи,
Гьадинги бухIулеб гьаб, цодагьаб рахIму гьабе.
Гьаб дуй мутIигIаб буго, гьабгун мун дагIбадуге,
Цоги бакI, дур лъалкI гьечIеб, гьалда лъачIин, лъаларин.

## ДИР АЛЛАГЬ

Дун рокьул гIелас даим гIищкъул какде ахIула,
Каранда рекIел цIумур дур цIар ахIун зваргъола.
Нуха дир хиялазул даимай къайицадахъ,
Цо мун йиго дир Аллагь, дие хвасарлъи кьолей.

Мун дир гIумрудул аслу, дир гIищкъул беролеб ицц,
Дир гIурччинал ихазул даим бечIалареб гъветI;
Дир ахIулел кучIдузул бищун камилаб бакъан,
Киналго дир нухазде канлъи рехулеб чирахъ.

## НИЛЪЕЕ ГЬАБ КЪИСМАТ КЪАБУЛЛЪИЗЕ ТЕ

КIиго асир вуго, жидер къисматин,
Къваридго балагьун, гьанже нилъ гIадин;
Гьедин бецIаб рокъоб береаз букIуна
Балагьулеб чирахъ канлъи гьабизе.

Гьединан рукIуна гIайибал ккарал,
ГIумруялъ намусалъ керен кIвекIулел.
Гьединан рукIуна рокьуца чIвалел,
Макьилъ гуронани гьелъул кеп лъачIел.

Нилъехъе гьаб рокьи макьилъ бачIинчIо,
БачIана гIумрудул гIасиял соназ.
Огь, рахсал рохьарал нилъер пикраби,
Пашманлъиялъ цIурал нилъер хIисабал.

... Нилъехъе кьолеб квср бухь-бухьун буго,
Кумекалъе гьанже щивниги гьечIо.
Нилъер ралъдада цIа... Щибжо гьабилеб,
Биччай къабуллъизе гьаб гIищкъул къисмат!

* * *

Гьаб гьукъараб рокьи, гьаб къечараб шавкъ,
Къисматалъ гьалдолеб дир рекIей кьуна.
Мехалги нухалги гьал унел руго,
Амма мун щвезе къасд буго къойил дилъ.

Дун хIинкъулев вуго къисматалдаса,
Мунги хIинкъун йиго къисматалдаса.
Гьеб къабуллъичIого кире инел нилъ,
Квер босараб къотIи рачIа тIубазе.

Дир рокьул цIураб черх чапулеб буго.
ГIищкъуялъ дир чода куркьбал гъун руго.
Нилъер балаялде квер хьвагIаразда
Кида-къадги лъала жал къезе рукIин.

Цо-цо пихъил гага кьогьаб букIунин, –
РачIа кьураб къисмат къабул гьабизе.

## ГЪОЛЪУЛ БЕРЗУЛ СВЕРУДА ДИР САПАР

Гъолъул кIутIби – дир кIатIахI,
Гъолъул кIалъай – дир шигIру.
Гъолъ щурулеб – ракьалда
Бищун бокьулеб бакъан.
Гъолъул берзул ишара, –
Иншааллагь, дуниял,
Гъой елъанхъулеб мехалъ,
Чвахулел гIорал чIола.
Гъолъ цебе лъолеб хIетIе,
Цинги босулеб гали,
Гуро, ралъдалъ хIинчI йиго
Я хIайранаб бис йиго.
Гъолъ гъумер чурулелъул,
КIутIбузда лъалхъараб лъим, –
КIоларо дида чIезе,
Виччай дун гьеб гьекъезе.
Мехтила, мехтиго щиб,
Щукру бетIергьанасе!
Гьадин хIикматаб рокьи
Ракьалда дий кьуралъухъ.
Гъолъул кIутIбузул кIичIи,
БетIер сверулеб буго,
БатIияб махI кIваричIо,
Гъолъул хIухьел те дие.

## ЦОГИ ЩИБ БОКЬАРАБ ДУЕ, ЙОКЬУЛЕЙ?

Гьаб дир зигардидул кучIдулги гьарун,
Гьезул бакънал тIаме, гьаб ракI тIун ине.

Гьаб дир гIищкъуялъул гIуруги сверун,
Дир гIанчIал саназул тIсгь дуца мерхье.

Гьаб дир ракIги босун – гьелда жаниса
Гьекъе гIакълу чIвалеб гIищкъуялъул лъим.

Дирни гьелъ кинабго гIакълу басана,
Расги дуе ургъел гьечIеб гьаваялъ.

## ГІАКЪЛУ БОСАРАБ ХІАСРАТ

Дун вачІина духъе, вачІина духъе,
ЧІухІараб чсрхалда хурхун къвал базе.
Дун вачІина бухъе, вачІина духъе,
Дур кІутІбузда къочун, дир къеч чучизе.

Гьелчолеб ралъдаде гъорлъе кІанцІила,
Гъолъул карачелаз чуре кьураби.
Гъолъул чвахияца бицуна дида
Дир берцинлъиялъул, недегьлъиялъул.

## РОКЬУЛ ЭРКЕНЛЪИ

Дун – цин дуда ракІалда, рогьалил макьу гІадин,
Мун йорчІараб мехалда хекко дуда кІочараб.
Дун дуда ракІалде щва, щобда раса кинигин,
Цодагьаб бакъ щварабго бакъва – гвадан тІагІараб.

Дун дуда ракІалде щва, лъимадул магІу гІадин,
Цо ясикІо кьурабго басандулеб, гьимулеб.
Дун дуда ракІалде щва, гІидраялъул тІегь гІадин,
ТІанхал гьороца ингун гьуинаб махІ тІагІунеб.

Дун дуда ракІалде щва, гьятІинаб хІинчІ кинигин,
РещтІарал гохІалги тун, дур гордазухъ пархолеб.
Мун гьелда тІасалъугьа, хІинчІалъул гІайиб гьечІо,
ХІасрат гьелъул эркенаб бокьаралъуй боржине.

Бокьараб рагъи-горду, хиял лъурабщинаб тІох –
ТІогьол цІураб ах буго цІа гьалдолеб рокьуе.
Гьеб хІинчІалъул рухІалъе рахІму гьарулев гуро,
Гьелъул эркенлъи буго дицаго балагьулеб.

Дунги, гьаб дир черхалда рахарал гудралги тІун,
Духъе вачІунев вуго кватІичІого, метерго.

## ОГЬ, АЛЛАГЬ, ГЪОЛЪУЛ БАДИБ БУГО КИНАБГО ДУНЯЛ!

БацIцIадаб зоб, цIваби, гIорал,
ГIищкъу гьалдолеб, ралъад...
Нилъ ахIулел нухалги
Хиялазул ахалги. –
Жиб –жиб тIанкI, тIолго гIалам
ГIакълу босараб рокьул.

Огь, Аллагь, гъолъул бадиб
Буго кинабго дунял!

Гъолъул беразул чIораз
ЧIварав чан нухалда дун,
Чагъиралъ, гьез кинигин,
Кидаго мехтичIо дун.

Гъой балагъун, чIварав дун
ЧанцIуса чIаголъарав,
Бищунго тIадегIанаб
МугIрул тIогьив вахарав.

Огь, Аллагь, гъолъул бадиб
Буго кинабго дунял!

Дица чашка гъурана,
ЧагIаздаса тIурана;
Чорхол къуват бакIарун,
Дун гъолъухъс вортана.

Гьединаб буго гIадат
ГIащикъаб рокьиялъул. –
Огь, аман, гъолъул бадиб
Буго кииабго дунял!

Макьу тарал дир берал
Рогьелго рогьелилан, –
Огь, ралъдал тIиналдайищ
ТIамун бугеб дир бусен?!

ТIаде ххарулев вуго
Халгъабизе гьалъухъ дун.

Гьадинаб буго гIамал
ГIакълу билараб рокьул.

Огь, Аллагь, гъолъул бадиб
Буго кинабго дунял!

## ДИЦА ХIАЛ ЛЪАЗЕ ГЬАБИЧIЕБАНИ

Дур инкаралдаса, рагIабаздаса
РахIму бугев Аллагь тIасалъугьана;
Амма гьеб дур гогьлъи, гIамалкIодолъи –
ГIурхъи чIухIиялъе дуда батичIо.

Гьелъул гIайиб дица дуда чIваларо, –
ЧIвазе ккананиги, дунго чIвазе лъикI.
Гьалдолеб хIасраталъ хIаллъазе тана, –
Огь, тамахаб рагIи абичIебани.

## ГЬАЦЩIАДИЗЕ ГЬАВИ

Цо-цо мацIги бихьун, гъацIцIадилев дун, –
Дир бахIараб чIухIи дуца чIвараб куц!
Гьаниехун кIичIун, доехун сверун,
Дуца дир саназул си биххулеб куц!

Бицараб рагIиги босараб кверги
Ясандизе кьураб ясикIойищ дуй? –
Дир дудехун божи, риччарал тIелхал,
Мун тIад елъанхъулел дир рекIел ругънал.

Унго, хIакъалдаса мун хIинкъуларищ? –
Дир гIакъубаялъул дуй бугеб лазат!
Йокьулей, зобазул борхалъудасан
Ахаде халгъабе, дун холев вуго.

## ГЬАЛАГЛЪАНА ДИР ГIИЩКЪУ

Щиб жаваб гьабилеб дур суалалъе? –
Сабру лъугIараб ракI буго ругъназ цIун.
Кинаб хабар дица дуе бицинеб? –
Хвел лъалареб рокьи букъуге ракьулъ.
Дунгун дагIбаялда буго дир гIищкъу,
Дир гIакълу гьелъ чIвана, рохел чIинтIана.
Духъ чIалгIун гIодулеб дир гIолохъанлъи –
ГIищкъу гьелегьана, ячIа дихъе мун.
ЯчIа, дунго вуго пашманаб нухда,
Гьегьал хиялазул гъаримав асир.
Дун хъантIарав гьечIо, гьарула дуда,
ГьитIинабгIаги бакI дур рекIелъа кье!
БокIнида кIусизе хIадурав вуго, –
Мун дир хIасраталъе дагьай недегьдъе.
Мун гьечIеб мехалда чIобогояб черх,
Дуда берчIварабго, хIинчIлъун пархола;
Дур хIеренлъи – дие, хIалимлъи – дуе,
ХIалкъарал гьал къоял дида кIочене.
Гьалаглъана гIищкъу, гьелегьана ракI,
Гьелъ ахIулев вуго мунгун дандчIвазе.
Дида кIочонтола ратIалъараб мех, –
БатIияб, чIалгIараб букIана гIалам.
КIиязго цIунани хасел ихлъила,
КIиязго къвалбани сордо къалъила.
Цолъизе гьарилин нилъер хиялал,
Хурхине риччанте цоцалъ анищал!

### КЪО-МЕХ ЛЪИКI

ГIемераб рохелищ дуца дий кьураб,
Кьижизе макьуйищ дуца дий тараб?! –
Мун дир талихIалъе тамихI батана,
Мун дир такъсиралъе гIилла батана.

Дир божи рехараб жужахIалъул цIа –
Дун жанив рехараб къваридаб туснахъ.
Къо лъикI дуе, рокьи, къо лъикI, дир хIасрат,
Къо лъикI, рарал къвалал, къанщинал кверал!

Дир бакъги, бакъанги, чорхол къотIиги –
Дир къасидаталъул цIаги хинлъиги.

Рокьи, мун букIана дун рекIараб чу,
Гьанже накIкIаз цIураб кIкIалахъ буго черх.

ГIолохъанли унищ, дунго херлъунищ? –
Хиялазул тIугьдул ракъвалел руго.
Къо лъикI дуе, рокьи, тIубачIеб къотIи,
Доб тIерхьун унеб цIва, унтараб шигIру.

## ГУРО, ГУРО, ОГЬ, РОКЬИ

Дир ракI щущалеб буго, шигIру, гьарула цIуне,
Дир черх чIинтIулеб буго, рокьи, чIвазе тоге гьеб.
ГIодулел кучIдул руго, гьаб дир керен бухIулел,
Цониги лага гьечIо зигардулареб гьанже.

Гьадинищ гьаб букIараб ракI, кочIол бакъназ цIураб,
Бакъулаб гурони къо лъагIелаз цоги лъачIеб?
Гъолъул рукIарал къасдал къваридал сагIталищха,
Къоял щвелин, рокьуца тIолго нуцIби рагьулел?

Гуро, гуро, огь, рокьи, ракьалда дуца талихI
Бикьулеб заманаялъ дун гьоркьов тун ватана.
Гьанже дир къуват гьечIо, къараб чвахидул бицун,
Чагур гIодизабизе, – гIищкъуялъул пашманлъи!

## ДУН ХIИНКЪУЛА

Мунгун цадахъ унелъул цо-цо хIинкъун вукIуна,
Дуе нух битIиларин, нилъ батIайиса ккелин.
ХIинкъула нилъер къотIуй къокъаб заман батилин,
Мун къварилъизе гIилла, цосина, дун вукIинин.

ХIинкъула дун, мутIигIаб лъимер гIадин вукIаго,
Дидаго лъачIого дун, нагагьлъун бацI лъугьинин.
ХIинкъула, бакъ кинигин дур каранда рещтIарав,
Квешал щаклъиял рачIун, дилъ щайтIан тIатинилан.

ХIинкъула дун рекIеда, цо гIакълу гIамал ккечIеб
ГIищкъуялъ цо-цо дида гIадалаб малълъилилан.

## ДИЕ МУН ЙОКЬУЛА

Дие мун йокьула. Нилъер ракьалда
Рокьиялъе чанги берцинлъи буго.
Дие мун йокьула хасго, батIаго
БатIиял камилал киназдасаго.

РакIалда цохIо мун, цогиял кIочон,
КIалдиб мацI кидаго дур цIар щурулеб.
Гьал берал рагьула мун ялагьизе,
Рогьунаро сордо мун аскIой гьечIеб.

Дие мун йокьула гучаб рокьиялъ,
Ракьалда дир гуреб лъилниги гъечIеб.
Дун – нух къосарав чи, мун дие чирахъ,
Дун чан бахунарел нухалъан ана.

Дие мун йокьула, дур хиялалцин
Хадур гIунтIулареб гIищкъуялдалъун.
Дие мун йокьула, рокьул хинлъиялъ
Хасало магIарда гIазу биина.

Дур бугеб берцинлъи, тIокIаб бечелъи
Дие хIажат гьечIо, гьеб гIураб буго.
Дур бугеб гIаданлъи, гIамал-тIабигIат,
ТIолго дуниял кье, дица кьеларо.

Дие муи йокьула, дир рокьул пача,
Дур кверщаликь буго кинабго дир мех.
Дие мун йокьула, мун гьечIонани,
ГьечIо, кечIали щиб, жибго чIаголъи.

## РОКЬУЛ ХIАЛ

Щиб жо ккараб, щиб ккараб, керен судулеб буго,
Кинабго дир чIаголъи цIадулъ гьалдолеб буго.
Вулканалъул корониб буго тIолабго лага,
ТIулада рекIараб цIа бидурихьалъ чвахула.

Щиб ккараб, дир каранда цIияб ракIищ бижараб,
НекIсиябги нахъе ун, цоги рухIищ хIалтIараб.
Кибалиго рикIкIада букIараб хIинчI кинигин,
Гьеб ахIделеб буго дилъ эркенаб шавкъалдалъун.

Огь, дир ракI, дида ккола, рокьул карачелабаз,
Кивелиго ралъдалъе вачун унев вугин дун.
Сверухъ – цоги дуниял, цебе дида бихьичIеб,
Цоги батIияб гIалам, гIумруялъ дида лъачIеб.

## КЬИЖУЛАРЕБ ХIАСРАТ

Дий йокьула!
    Рокьуда гьабилеб щиб лъаларо.
Дий йокьула!
    Гьалдола гьаб чорхол бидурихьал.

ХIанчIазул кваркьабаца кивго дун вачинчIони,
Балагьун буго жужахI дун вухIилин жинцайин.
Гьебги сундуе гIоло? Ккараб рокьуе гIоло! –
Кинаб такъсир гьеб бугеб гьединаб тамихIалъе?!

## РУСАФАЯЛДАСА ЯС

Русафаялдаса яс, Джисралде щвезегIан,
Мунгун цадахъ тараб нух букIараб цо талихIаб!
Дур беразул чIораца дир рекIелъ чIаголъана
ЧIухIал рекIелгъеялги гъаргъар бараб рокьиги.

ГIиракъалъул меседо, дур гIищкъу лъарав дида
Лъавудаса инчIого, вукIаян кин абилеб?
Гьелъий гIайибаб буго дур гIаданлъи, берцинлъи,
БицинчIого рес гьечIеб, бицине хIалкIолареб.

Русафаялдаса яс, киназдаго гьоркьой гьей –
Бищунго камилайги, бищун жахIта ккелейги.
Дица гьалъий гьурщана дирго гьалдолеб рокьи,
Гьерсилал мацIаздаса рахчун нижго хутIигун.

Цодагьалъ берал рахчун, нечадго гьалъ абуна,
Аллагь, дун цIунейила, гьаб цIаялъ жий халила.
Дица хабар бицана, щибниги хIакъ гьабизе
Дунгоги хIинкъулила, Аллагьасда гьеб лъалин.

Дун гьедана, гьардана, гьай дагьккун хIеккун ана,
ХIилла гьечIеб дир рокьуй йокьулей асирлъана.
Гьалъ абуна: яс – гIадан, жий гIурччинго йигила,
Гьаб дир гIищкъул балъголъи кибго рагьугейила...

Ниж цоцада хурхана мехтараб шавкъалдалъун,
Цоцада ралел къвалал, къирщадулеб лаго черх...
Дир кIветIалда гьалъул кIветI, кIочонтана дуниял, –
КигIан берал гьекъарал, гьечIо дир къеч буссунеб.

Дица гъолда щурула, гъолъ дие жаваб кьола:
«Рокьул сардал рогьине, Аллагь, дуца риччаге!».
Гьединан ана сагIтал, цоцазда гьоркь-тIатIал ккун, –
ТIокIаб цоги батIияб ракьалда хIажат гьечIо.

Дида ккана, гьай Лайла дида данде чIвазегIан,
Дунял дунял букIинчIин, дунги гьенив гьавичIин.
Дида ккана, гьабсагIат, гьанже вижанин дунин, –
Огь, гьалдолеб гьаб рокьи, гьоркьоса къотIулареб!

Гьуинаб кьогIлъиладай, мехтарал ригьинадай,
Рогьел бачIараб мехалъ, нилъер нух бикьиладай?!
Каранзул ракI ахIдана: дир недегьай гьайбатай,
Нахъ балагье, дуда дун тезе кин кIолевилан...

Цебе балъго бухIараб рекIел гьава рагьана,
НакIкIикь бахчараб рокьи ракьалде загьирлъана.
Гьеб кучIдулъе бачIана, бакъназулъе рещтIана,
Лайлалги Къайисилги къисабазулъ паркъана.

Гьез диеги тун руго талихIал рокьул сагIтал,
Макьу тарал сардаца цоцазда рарал къвалал.
Русафаялдаса яс – гъолъ дие суал кьуна:
«Унго, боржун унищ хIинчI хIеренаб бусенги тун?

ТалихI чIараб гъотIода гъолъие гIоларебищ,
ГIидраялда цохIо тIегь тIун гъолда чIезе кIолищ?
КIоченищ гIищкъул гъабу, гъобаса цIулеб цIибил,
КIочанищ рокьул ахал, гъоба букIараб рохел?!»

«Кида гьеб кIочон толеб, кинан гьеб кIочон толеб –
Цоцазул каразулъе риччарал кверазул махI?
Кинан гьеб рикIкIалъулеб цадахъ букIараб рахIат,
ХIинкъадго балагьараб беролеб тIокIкIараб иццʔ»

Гьедин дуца гьикъана, гьедин дица абуна,
Амма гIумругин къисмат хисулеб жо батана.
Дуца дида абула, къо-мех лъикI, гъудулилан, –
Къвал, дида бараб дуца, бана гьеб цогиясда.

## БЕРАЗУЛ БАЛЪГОЛЪИ

Дуда лъалеб батани лъай босараб дир бетIер,
Лъараца росун арал унтарал дир хIисабал, –
Цо хIухьел рохелалъул, цо хIухьел къварилъидул, –
Къойил нусцIул хисулел хиялазул маржанал...

Хирияй, кье дий рокьи, барахщуге гьелда мун,
Дун пашман гьавунилан, дуе щолеб щиб бугеб?
Дун талихIав ватани, тоге чидар талихIин,
ТалихI къарав ватани, тоге дун къотIнов живго.

КъобухIарав пулан – дун, гьарула, хвасар гьаве
Хвалил пикрабаздаса, гьалагал къасдаздаса.
Дуда рагIулеб гьечIищ гьаб хIинкъараб дир гьаракь,
Гьоркьов щивниги гьечIо, кье дур гьуинлъи дие?!

Дир гIумруялъул кIулал, кIочонге, гьел духъ руго,
КIиябго дир бёралда гIицIго цо мун йихьула.
Дуда бихьулеб гьечIищ гьаб балъгояб дир балай,
Дуда рагIулеб гьечIищ рекIел кIетIолеб цIумур?

ЦIале дуца рагIаби, хъван кьела дица духъе
Дуда рагIулеб гьечIеб дир гIищкъуялъул къиса.
Дица бицина дуе: дур чIухIиги хIасратIи
Цоцаца чIвалел руго, мун сабаблъун, кIиялго.

ЛъугIулареб дагIба-къец, къотIулареб кьал-питна,
Цояб рахъалда – рогьо, цояб рахъалда гьунар.
Дир рекIелъ данделъарал даим ратIалъуларо

Намусалъул хIинкъиги хIасраталъул бухIиги.

Дир гIумруялъул хIикмат, цIумур кьабулеб буго,
Дир цIар зваргъолеб буго заман щванин инеян.
Унев вуго гьанже дун, абуге щибго рагIи,
МугIрузда нахъа тела дирго тилихIал къасдал.

Къо-мех, лъикI дир хиялал, хирияй, щиб гьеб лъалеб,
Жакъа рикIкIад ругел нилъ ракIаз гIагар гьарилел.

## ДИЦА РАКI РЕХУЛА КАРАЧЕЛАЛЪЕ

Дун щив?
Хиялаца цебе тIамураб
Цониги суратищ, ялъуни чийищ?
РекIеда гудрал ран свердулев дида,
Салам кьун квер боссе инс ватуларо.

Дида сверухъ салул гIицIал авлахъал,
Я нахъе гуро нух, я цебе гуро.
РекIел хиял буго гIицIго хвелалъул,
ХутIун гьечIо пикру чIаголъиялъул.

Дида сверухъ мугIрул, гIидраби, тIугьдул
ГIагарал рукIарал чиярлъун руго.
Бахъун къеда бараб сурат кинигин,
Киназго вихьизе гьавулев вуго.

Дун – нух къосараб чан, чияр ракьалда
Рокьи хабалъ тIутIун, кверкьовулъ вуго.

Дун щив?
Хаслихълъидул пашманаб авлахъ,
Гьениб бечIараб дир чIаголъидул тIегъ.
Пулеб гъури буго дир кочIол бакъан,
Жибго дир кечI буго чIваразухъ магIу.

Дун щив?
Я хун гурев, я чIаго гурев,
ЧIамучIлъи хасалил халатаб сардил.
БачIунареб рогъел, бичIчIулареб мацI,

Я вачIунев гурев, я унев гурев.

Дун щив?
Чвахулеб гIор, гIащикъаб, тIураб,
ТIолго магIил гарал цолъун лъугъараб.
Ццидалал кьурабалъ нух щоларого,
Щущалеб цин добе, цинги гьанибе.

Дун щив?
Рокьул хIухьел, хIасраталъул цIа:
ХIинкъиги, щокълъиги, гьунарги, цIарги.
Дун щив?
Пикрабазул паркъараб кунчIи,
Гьаб дир сабруялдаречIчIулеб пири.

Дун щив?
Чиякъаб тIегь, рикIкIад мугIрузда,
МагIил гараз лъалъан, гIезе гьабулеб. Дун щив?
РекIел чагъир, борхараб чашка, –
Мехтарав вортула карачелалъе.

Дун щив?
РекIараб цIа, бортун унеб цIва,
БадирчIваязулгин щаклъиялъул накIкI.
Дун щив?
Гамаялда бигъараб пардав,
Гьалагаб ралъдада жибго цо бугеб.

Дир гIумрудул раса, свакан вуго дун,
Сверухъ ракьул рагIал бихьулеб гьечIо.
Ватуларо дунго карачелабалъ, –
Кин ругел тIиналде арал хиялал!

Кие мун тIагIарай? Дида тIад ругел
Хвел лъаларел гьурал – гьез бицунаро.
Дида тIад ццидалал хIанчIи ахIдола, –
ХIасраталъул раса гъорлъе тIерхьуна.

... Дица ракI рехула карачелалъе,
Киб нух бугеяли хадув гъоларо.
Салулъе лъар гIадин ана гIумру дир, –
Дун щив?
ВукIаравищ я вукIинчIевищ?!

# НАХЪЮССУН ЯЧIАНА МУН ДИР САНАХЪЕ

Нахъюссун ячIана мун дир саналъе,
Сордо рогьарабго бакъул чIор гIадин.
Рокьул къисматалде къо-лъикI гьабурал,
Къаси, тохлъукьего дандчIварал гIадин.

ГIищкъул гамаялда бигъараб пардав,
Гьороца тIутIураб, цIилъулеб гIадин.
НакIкI лъураб гIумрудул билараб нухда
Тохлъукье лъалеб иц батараб гIадин.

Дуда рекIелъ бугищ хIалуцараб къо,
Къо лъикIилан абун нилъ ратIалъараб?
Доб рокьул гIазабги гIищкъул бакъанги
ГIумрудул соналъа дица хъамураб!

БухIулеб каранда тIад кверални лъун,
Киб бугеб дир хвелан, инагьдана дун.
Унтараб черхалъул чараги тIагIун,
ТIокIаб гIумру гьечIин, зигардана дун.

Гьебмехалъ, тохлъукье, гвангъараб моцIалъ,
Гурин, мекъи вугин дунин, абуна.
ЦIад бан хадусала гохIал кинигин,
ЦIияб рухIги речIчIун, чIаголъана нилъ.

Сверухълъи цIидасан тIугьдуца цIуна.
ТIурарал хиялал чорхолъ хинлъана.
ТIолабго дуниял сверарал берал
Ссанда кIиязулго нилъер дандчIвана.

Нилъер билараб бакъ, рикъарал кучIдул,
КиналгIаги цIваби гвангъун кенчIана.
КочIой къваригIарал рагIаби гIадин,
Къвалакь кверални чIван мун цее чIана

Океан гьелчана, вулкан гьалдана,
Нахъюссун ячIана мун дир саналъе.
Хирияй, хирияй, тIасалъугьа мун, –
Дудаса тIуна дун, цIакъго мун йокьун.

Мун гьечІел соназул сапарал дие
Дур пикрабаз гурел гвангъизаричІо.

Гьанже щакдари чІван, хІалхьи рехун тун,
Вохун вуго, дида мунги данде чІван.
Мун кунчІана берзукь шагъримоцІ гІадин, –
ГІумру, гІищкъу лъараб, батараб лъикІаб!

## ЛЪИМАДУЛ ГЬИМИ

Сардилъ магІарда тІад гІазизаб канлъи,
ГІурччинаб ихдалил рогьел кинигин.
Кинида лъимадул, унго, гьайбатлъи,
Гьасул гьими буго гьаб гвангъараб бакъ.

Гьасул щибаб калам бищун камилаб
КочІол бакъан гІадин буго рагІулеб.
Гьесий жавабалъе, жергъен кинигин,
Керен бухун дица ахІула сарин.

Гъов дихъе кодове вачІунеб сагІат
Киналго соназул багьаяб буго.
Гъосул гъол гьитІинал квераздa жаниб
Кинабго дир гІумру, дуниял, гІалам.

Дунял берцинлъула, гъос кІал рагьигун,
Гъов кІалъалеб мехалъ чІа, тІолго цІурмал.
Гъасул цІар ахІигун, бакъ гвангъулеб куц,
Дир каранда жаниб гьеб гьалдолеб куц!

## МУН ТІАДЕ ЯЧІАНА, ДУН ТІЕРХЬАРАВГО

ГІищкъул чагъир жеги гьекъон бахъинчІо,
ГІакълуялъул канлъи дир каранлъ свинчІо.
Сардил макьугин дун кьалда вукІаго,
Кьуна къисматалъ квер ратІалъилилан.

Дуца кинабниги нилъер гьоркьоблъи
Ракьалда биххулеб рагІи абуна.
Гьеб рагІаралдаса канлъи босана, –

Кин кIвараб гьединан кIалъазе дуда?

Къоялъул рогьалилъ багIарлъи гIадин,
Рагьараб дир рокьи гвангъун букIана.
Дуца накIкIул пардав тIадеги рехун,
Рохел бецI гьабуна, – нилъ ратIалъана.

Дие хутIараб жо – бетIерги далун,
Гьаб дуниял цIелеб пашманлъи буго.
Мун тIаде ячIана, дун тIинде ингун, –
ТIокIаб рещтIине бакI ракьалда гьечIо.

Цо хутIараб раса макьил сардида
Сверулеб букIана жибго жиндаго:
«Дида гIаиб гьечIо, гьаб къварилъудай
Къадар нилъер гьадин хъван букIун буго».

Гьанже нилъ цоцазе чиярал руго,
Черхалъул букIараб доб гьава гьечIо.
Мун кватIана дихъе, цIакъго кватIана,
Мун тIаде ячIана, дун тIинде ингун.

**ТIЕХЬАЛДА РУГО:**

КУЧIДУЛ

МахIачил жаваб
Дагъистан
Цо кафеялда ккараб гаргар
«Дихъе Канадаялда...»
Цо мисал
Индира Ганди
Чингиз Айтматовасухъе Бейруталдаса кагъат
МагIарулазул какал
Карьеристазул как
Гьерсихъабазул кечI
Аршин Мала–лан
Цо ришватал росулев судиясул кечI
Цо «ГIакъил» ракIалде щун
Къварилъи ккараб цо росулъе щведал хъвараб ..
Олимпиадаялда
«Дир бицунге, бицунге
ГIолохъаби щибизе рагъазда холел ругел
«МугIрул данде чIваралго»
Переучет
РакIалде щвеялдаса *(«Каранде бигъараб, гъежде рехараб»)*
Хасияталъул расписание
Ришватчиясул кечI
«Гьал цо дир саназул сапар лъугIигун...»
БахIарал руччабаз машгьурал росазде
Кида дунял гвангъилеб? *(талихI кьоларесул кечI)* .
А мун тохтурасухъе
«Дир цохIо гьари дуде...»
«Дие дурго хIал бице...»
Цо веццарухъанасде
Сберкассаялде
Бокалалде
Переводчикал
РачIа хIелеко кквезе
«Дир гьудул, бицинищ дуй...»
«РорчIами, кIалъалеб буго...»
МахIамил рокьи
Палугьан – поэтасул къиса
КIиго шагIирасул хвел
КIиго мадугьал
ЗахIматаб тамихI
Ццинги рохелги

Къо-мех лъикI, чагъир
Гьекъолдухъабаз къаси ахIулеб кечI
Гьекъолесул рогьалил кечI
Даранчиясун кечI
КIигоявги лъабабилевги
ЯхI гьечIезул кечI...........»
Ццидалай чIужуялъул кечI
Гьура-гьура, гьара-гьарай
Цо гьоболасде
КIалдиб борта, багIаргIеч
Цо драматургасул пьеса бихьараб мехалъ
РакIалдещвеял
Рокьулги талихIалъулги министр, Кувейталъул хъвадарухъан Аль Лейлае кьолеб тIехьалда хъвараб
«Жакъа, Михаил Кузьмич...» *(Михаил Лукониние)*
«ХIасан вачIараб мехалъ...» *(Наби Хазрие)*
«Дуца дида абуна...» *(А. Кулешовасе)*
Мухтар – агъа *(М. Ауэзовасе)*
Мартирос Сарьянихъ гьоболлъухъ
Нодар Думбадзел зонохъ
Тагорил рокъоб Калькутаялда хъварал рагIаби
Давид Кугультиновасде
ГIалим Кешоковасде Нальчикалдаса кагъат
Гьаб ккараб иш буго, ургьараб гуро
«Жакъа къватIив вахъана...» *(ХIажи Шахназаровасе)*
«Бихъунищ кечI рехилеб» *(ГIумар–Хажие)*
Огь, понцIорал чунтби
Гьагъай гIадан ана къаси россасе
Гьагъай гIадан
Авар газеталъул редакциялде
Май баркун
Щуго моцIалъ бахъулеб лъималазул «Лачен» журналалда Май баркун
ЛъикI кечI ахIулев, квешал ишал гьарулев кочIохъан
дихъего ахIун
Дир бетIер
Магъалаби
Щуго малълъи
Бихьинчи
Дагъистаналъул поэтазул цоцалъ рекъолареб, кидаго къецалъулъ бугеб кIиго къукъаялде
НекIсияв коммунистас, херлъун унтаравго, партбилеталда абураб
КечI
Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул правлениялъул председательлъиялдаса гIодов теян дир гIарза
Меседил цIваялъул хIакъалъулъ *(поэма)*

Родопалъул кучIдул

## БАТIИ-БАТIИЯЛ МАЦIАЗДАСА

### ГIурус адабияталдаса

А.С. *Пушкин*

Поэмаби
ЦеберагIиялъул бакIалда .
Вацал–хъачагъал
Цыганал
Полтава
Мазгарул рекIарав
КучIдул
Сибиралде
Чаадаевасде
«Дие мун йокьана...»
Булбул
Чаранги меседги
«Гъеду уна гъадихъе»

*Василий Жуковский*

КечI

*Петр Вяземский*

«Диргун гIел бащадал церего гьечIо...»

*Константин Батюшков*

«Мунгийищ угьдилей арал соназухъ»

*Антон Дельвиг*

«Хвел-рухIалъул рахIат, кида боржинеб»

*Николай Языков*

КечI

*Кондратий Рылеев*

Стансал

*Иван Козлов*

Полкалда къукъаялъ къали бухичIо

*Денис Давыдов*

Херав гусарасул кечI

*Евгений Баратинский*

РекIел хIинкъи
РатIалъи
РакI буссйн

*М. Ю. Лермонтов*

НакIкIал
Кьуру
«РагьтIателазулги, тIадчагIазулги»
Поэтасул хвел
«Дир рагIи, дир калам пашманлъаниги...»

*Николай Некрасов*

«Дун хIелила хекко...»
«Рагъул балагьазул пикраби гьарун...»
«БецIаб къотIноб сардилъ сверулеб мехалъ»
«Дир назму, дун хвалил ургъалилъ вуго...»
«Анлъиде сагIат щведал, араб къоялъ щвана дун...»

*Иван Бунин*

ЦохIо живго хутIи
РагIи

*Вильгельм Кюхельбекер*

ГIурус поэтазул къисмат

*Александр Блок*

«Лебаллъи, гьунар, цIар кIочана дида...»
«Огь, дие гьаб гIумру бокьун бугеб куц»
Гьудулзабазде

*Сергей Есенин*

Анна Снегина *(Поэма)*.............................

*Владимир Маяковский*

Совет паспорталъул хIакъалъулъ кечI
РокъовеГьалмагъ Ленинидехун гьабураб кIалъай
Гьалмагъзаби, биччаларо
КъолъикI гьаби
Чуяздехун лъикIаб балагьи
ЦIияб рокъове вахъиналъул хIакъалъулъ металл биунев
чи Иван Козыревасул хабар

*Аветик Исаакян*

Дир ватIаналде

Пикру

*Димитрий Гулиа*

Макьу

*Мустай Карим*

«РакIалде кколаан, кIочараб гьури...»

*Муса Гали*

ТIад вусса, Салават!

*ГIабдул ГIазиз Хаджа*

**КИНАБГО ДУНИЯЛ ДУР БАДИБ БУГО**

ЧIужугIадан – дир гIазаб
ГIазабаб мукIурлъи
ЦIилъараб дандчIвай
Гъолъул гьурмал нур
Рокьул абурай
Гъой гьимана
ЦIидасан маккал рещтIана
Бакъул рагIал
Ахирияб свери
ТIагIана моцI
Узденаб рокьи
ЛъикI щварай
РатIалъи
Дир нухлул цIва
ЧIаго хабалъ лъурал
Хвана недегьлъи
Абуге «гIелин» абун дуца дида, хирияй .
Сваквана хиял
Сунареб рокьи
Нилъеда бихьараб нилъейги гIун буго .
Сон букIараб рокьи
Гаргар
Ана гIолохъанлъи
ЧIухIи
Гьадин къваригIана гьаб къисматалъе .
РакIазул пача
ТIадвуссин
Чияр бакI
Туснахъ гьабураб хIухьел
ХIанчIил рухIел
Рокьи свараб мехалъ
Ахирияб тIехь

Сваквана
ЦIад
Гудрал гъечIого
ХIинкъарал дандчIваял
Щай
Кин дица бахчилеб?
Дур кIиго бер – кIиго ралъад
Берцинлъи бокьизе вуго ракьалда
ТIокIав, мун гурони, дир щивго вугищ?
Дудаса векерула, духъе векеризе дун
Хьул
Учузай
Лъукъараб балъголъи
Мун дие – кинабго дунял
РагIалгун гIурхъи гьечIеб гIакълу босараб рокьи
Пашманаб хIухьел
ХIалимаб дандчIвай
Рокьи рагьана
Дун вачIина
Дир беричай
Дур рокьи
Дир Аллагь
Нилъее гьаб къисмат къабуллъизе те
Гьаб гьукъараб рокьи, гьаб къечараб шавкъ
Гъолъулъ берзуль сверуда дир сапар
Цоги щиб бокьараб дуе, йокьулей?
ГIакълу босараб хIасрат
Рокьул эркенлъи
Огь, Аллагь, вьолъул бадиб буго кинабго дунял
Дица хIаллъазе гьабичIебани
ГьацIцIадизе гьави
Гьалаглъана дир гьищкъу
Къо –мех лъикI!
Гуро, гуро, огь рокьи!
Дун хIинкъула
Дие мун йокьула
Рокьул хIал
Кьижулареб хIасрат
Русафоялдаса яс
Беразул балъголъи
Дица ракI рехула карачелалъе
Нахъйюссун ячIана мун дир санахъе
Лъимадул гьими
Мун тIаде ячIана, дун тIерхьаравго